# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

МАРТ • 2026 • АПРЕЛЬ

2



2

IУАЩХЬЭМАХУЭ

2026

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**март 2 апрель**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2026

# Псалъащхьэхэр


**2026 гъэр Урысейм щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсщ**

**Блий Даянэ.** Зэкъуэшыныгъэм и джэлэс.................................................. 3

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр илъэси 100 ирокъу**

**Дзэмыхь Къасболэт.** ЩIэныгъэм и лIэщIыгъуэ гъуэгуанэ.................. 9

**ЖьантIэ**

*ЩIэныгъэлI, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Бэрбэч ХьэтIутIэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу*

**Бэрбэч Борис.** ЦIыху дахэт, бэм фIыуэ ялъагъурт................................ 27

Бэрбэч ХьэтIутIэ хужаIахэр........................................................................ 32

*Журналист Бэрбэч Борис илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Гугъуехьхэм япсыхьа насып......................................... 43

**Прозэ**

**Къаныкъуэ Заринэ.** Нартархэр. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*......................................................... 54

**Къанкъул Раисэ.** ГъащIэр гъуджэщ. Ахьмэд. *Рассказхэр*.............. 102

**Усыгъэ**

**Аброкъуэ Беллэ.** *Усэхэр*.................................................................... 112

**Публицистикэ**

**Фырэ Анфисэ.** Лъэпкъыр щIэныгъэм хуэзыунэтIа узэщIакIуэ Цагъуэ Нурий.............................................. 124

**Културэ**

**Багъэтыр Луизэ.** «Кабардинка»-м дунейр зэлъегъэIэс........................ 130

**Багъэтыр Луизэ.** Къафэм и лъахэм.......................................................... 143

**Истэпан Залинэ.** Хьэмырзэ Ахьмэд: «ЩIэныгъэр IэщIагъэ, IэщIагъэр лэжьыгъэ мэхъу»........................................... 148

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр.......................................... 157

**Нэхущ Данэ.** Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз.................................... 158

# ЗЭКЪУЭШЫНЫГЪЭМ И ДЖЭЛЭС

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, гуфIэгъуэ щытыкIэм иту, къыщызэIуахащ Урысейм щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр. Налшык дэт къэрал Музыкэ театрым щекIуэкIа пшыхьыр, шэч хэмылъу, ди къэралым и сыт хуэдэ щIыналъи щыпсэу лъэпкъхэр зэрыIыгъыным, зыр зым щIэгъэкъуэн хуэхъуным, абыхэм я зэхуаку гуапагъэрэ зэрылъытэрэ, пщIэрэ зэныбжьэгъугъэрэ дэлъыным я дамыгъэ лъэщщ.

Театрым и пэIущIэ пэшым деж гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIырт. КъБР-м и районхэм къикIахэм утыку кърахьат зыхуэIэкIуэлъакIуэ цIыхубэ IэпщIэлъапщIагъэхэр. ПлIанэпэхэр къулейт арджэнхэмкIэ, сурэтхэмкIэ, унагъуэм къыщагъэсэбэп, дыщэидэкIэ хэдыкIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ, нэгъуэщI куэдымкIи. Нэхъыщхьэрати, ахэр зи IэдакъэщIэкIхэми, утыку къизыхьахэми, а псор зылъагъу цIыхухэми я нэгу щIэкIым я гур хигъахъуэрт, я гукъыдэжыр къиIэтырт, фIым щигъэгугъыу гуапагъэ ягухэм къыщигъэушырт.

ЦIыхушхуэ щызэхуэсат зэIущIэр щекIуэкI IуэхущIапIэм. Зи лъахэр, щэнхабзэр фIыуэ зылъагъуу, къыдэпсэу лъэпкъхэм пщIэ хуэзыщIу пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэр куэдрэ пэплъэн хуей хъуакъым Iупхъуэр къызэIуахыным – хъуэхъу псалъэ дахэхэмрэ макъамэ гуакIуэмрэ щызэхэуухуэна пщыхьэщхьэр щIидзащ. Ар яублащ макъамэрэ къафэу зэхэлъ «Я, ты, он, она – вместе целая семья» теплъэгъуэмкIэ. Абы къыкIэлъыкIуащ псори щыту зэдэIуа Урысей Федерацэм и гимныр. Утыкум и теплъэр ди къэралым папщIэ гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэт – Урысей Федерацэм и ныпыр наIуэу къызыхэщ щыгъын плъыфищымкIэ хуэпат лъэпкъ щэнхабзэ, щIалэгъуалэ гупхэр.

Утыкум кърагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.



– Февралым и 6-м УФ-м и Президент Путин Владимир къэралым и щIыналъэхэр хуит ищIащ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къызэIуахыну. Нобэ чэзур дэ къытлъысащи, ди гуапэу а къалэныр догъэзащIэ, – жиIащ Iэтащхьэм. – Лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэращ ди къарур зыхэлъри, ди къулеягъэ нэхъыщхьэри. Лъэпкъ куэду зэхэс ди цIыхухэр сытым щыгъуи мэпсэу гуапагъэмрэ захуагъэмрэ ягу илъу, ди Хэкум и къэкIуэну дахэм папщIэ зэкъуэувэнри ялъокI. Ди къэрал иным ис лъэпкъхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм тету псэуныр, урысей къэралыгъуэр, абы къыдекIуэкI лъапIэныгъэхэр хъумэныр яхузэфIэзыгъэкIар зэкъуэтыныгъэращ. Ди къежьапIэхэм, ди къуэпсхэм дыкъыкъуачыфынукъым, дыпагъэкIыфынукъым, пэIэщIэ дащIыфынукъым дэ. ГъэунэхупIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дыщрагъэувэ, ди зэкъуэтыныгъэм и быдагъыр къыщапщытэ нобэрей махуэм щынэхъыщхьэщ дзыхьыр, зэгурыIуэр, зэныбжьэгъугъэр. Ди къэралым и тхыдэр, абы къыпкърыкI дерсхэр тщIэн икIи тлъытэн щыхуей зэманщ, хабзэр, зэныбжьэгъугъэр, зэкъуэшыныгъэр ди тегъэщIапIэрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ дгъэлъапIэу дыщыпсэун хуей пIалъэщ. Дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр, сыт хуэдэу Iуэхур къекIуэкIми, ди адэшхуэхэм ята «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу!» псалъэ быдэм зэрытетым. Абыхэм уэсяту къытхуагъэнащ ди хэкур фIыуэ тлъагъуну. Мызэ-мытIэу хьэкъ тщащIащ Хэкум хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ лъэпкъхэр зэрызэкъуэувамрэ куэд зэрахузэфIигъэкIар. Мис а зэманхэм я зэпыщIапIэр зэи къэтIасхъэркъым, махэ хъункIи Iэмал иIэкъым. 



Ди къэралым и щхьэхуитыныгъэмрэ и мамыр гъащIэмрэ зэман, лIэщIыгъуэ зэхуэмыдэхэм щIэзэуахэм я лIыгъэм папщIэ фIыщIэ яхуэтщIыныр, ди щхьэр яхуэдгъэщхъыныр хьэлыфIу

къыддогъуэгурыкIуэ. Иджыпстуи дахуэарэзыщ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм щыIэ ди щIалэхэм. Абыхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пажэхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ щIалэхэм ябгъурыту ахэр къэралым ирата тхьэлъанэ псалъэм тетщ, зы мэскъалкIи къимыкIуэту зэуапIэм Iутщ, Урысейм и щхьэхуитыныгъэр яхъумэри. Ахэр псори зрешалIэ ди лъахэм и къэкIуэнум зэрытегузэвыхьым, я пщэрылъым зэрыхуэпэжым, Хэкур фIыуэ зэралъагъум. Абыхэм иропагэ ди республикэри ди къэралышхуэри. Абыхэм я лIыгъэм, ди зэкъуэтыныгъэм я фIыгъэкIэщ лъэпкъ щIэинхэр зэрытхъумэфынур, зыми кърimыгъэкIуэтыфын къэралыгъуэ лъэщу дызэрыщытыр хьэкъ зэрытхуэщIынур, дакъыхуэмыгъэланджэу дазэрытекIуэфынур. Гугъуехь псоми дыпэлъэщынурэ къэкIуэну дахэ ди къэралыгъуэшхуэм хузэдгъэпэщынущ. Си гуапэу сынывохъуэхъу пшыхьым кърихьэлIа псоми. Урысейм щыщ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр тхуэфIын, тхуэугъурлын ухъу! ИребжьыфIэ, ирефIакIуэ ди Урысей къэралышхуэр! – жиIащ Iэтащхьэм.





Махуэшхуэм и хьэщIэт Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэр, абы и ветеранхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ къудамэм и лэжьакIуэхэр. Апхуэдэуи абы зыкърагъэхьэлIащ ди щIыналъэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэу районхэм къикIахэм, налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ. ТIысыпIэ нэщI иIэн дэнэ къэна, сатыр зэхуакухэм дэтт гуфIэгъуэ пшыхьыр зэзыгъэлъагъуну хуей цIыхухэр.

– Урысей лъэпкъыбэми ди республикэми щопсэу IэщIагъэ зэхуэмыдэхэр зиIэ, зи бзэрэ зи хабзэкIэ зэмыщхь нэхъыжьхэмрэ абы-

хэм я щIэблэхэмрэ. Ауэ псори дызэрешалIэ Хэкум худиIэ лъагъуныгъэм, абы и къэкIуэнур зэрыдахэр ди фIэщ зэрыхъум, дызэгурыIуэрэ мамыру дызэдэпсэуным дызэрыхущIэкъум. Ди къэралышхуэм исщ лъэпкъ зэхуэмыдэу 190-рэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми езым и хабзэ щхьэхуэ, и бзэ, и тхыдэ иIэжщ, атIэми зы унагъуэм хуэдэу зэдопсэу. Апхуэдэщ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Дызэкъуэтмэщ фIыуэ тлъагъу ди щIыналъэр щытхуегъэфIэкIуэнур, абы и лъэпкъхэр насыпыфIэу щызэдэпсэунур. Ар къыдгурыIуэу, абы дыхуэлажьэу, зым и Iуэху адрейм зэрыдэтIыгъыным дыхущIэкъуу щытын хуейщ – аращ ди къарум, ди зэфIэкIым и къиигъэхъуапIэр. Нобэ, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр къыщызэIутхым, Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрохьэ щIыналъэхэм къикI хъуэхъу гуапэхэр, – жаIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIахэу Аттаев Азнор, Чыхумахуэ ФатIимэ, Мэзыхьэ Анастасие сымэ.

Ди республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр, Урысейм и гуп, IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм къабгъэдэкIхэр, утыкум ит экранышхуэмкIэ къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу хъуэхъухэр къикIащ Москва, Калининград къалэхэм, Бурятие, Башкирие республикэхэм, Забайкал крайм, Ненец автономнэ округым, нэгъуэщI щIыпIэхэми. А щIыналъэхэми къыщызэIуахащ Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсыр, Къэбэрдей-Балъкъэрыр абыхэм пэджэжащ видеозыхуэгъэзэныгъэкIэ.





Махуэшхуэ концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ гуп нэхъыфIхэмрэ гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэмрэ. Псалъэм папщIэ, Батыр Мухьэдин, Жабоевэ Замирэ, Мэкъуауэ Астемыр, ЦокIыл Азэмэт, Габуевэ Зухра, Енин Евгений, Атмурзаевэ Танзиля, Абэнокъуэ Альмирэ, Текуев Амур, Хъыжьрокъуэ СултIын, Иуаз Азэ-

мэт, Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ, Жубоев Жамболэт, Теувэжыкъуэ Софие сымэ, «Кабардинка» къэрал академическэ, «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Терские казаки» ансамблхэр, «Насып», «Нэмыс», «Гордость Кавказа», «Амир», «Арабеск», «Шагъдий», «Гармоника» гупхэр, Музыкэ театрым, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым, абы и колледжым, гъуазджэхэмкIэ сабий школ №1-м я хор зэхэтыр, нэгъуэщIхэри. Утыкур ягъэдэхащ классикэ, цIыхубэ макъамэхэмкIэ, лъэпкъыр, хэкур фIыуэ лъагъуныр, абыхэм пщIэ яхуэщIыныр зи лъабжьэ, зэкъуэтыныгъэр, зэкъуэшыныгъэр зыгъэлъапIэ уэрэдхэмкIэ.





Гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ я куэду цIыхухэр зэбгрыкIыжащ концерт нэужьым. Я гукъэкIхэр зэхуаIуатэурэ Налшык и уэрамхэр ирикIуэхэм дащыщт дэри – университетым къыщызэдеджа, Шэджэм Езанэ къалэм дэт курыт еджапIэ № 3-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ КIуэкIуэ ХьэIишэтрэ сэрэ. «ПщIэрэ, куэд щIауэ срихьэлIэжатэкъым мыпхуэдэ пшыхь. Дауэ ар зэрыбжесIэнур? ЦIыхухэр зэхуэгуапэу, зэхуэIэфIу, щхьэлажьэр къатемыкIуэу щыпсэуа Совет лъэхъэнэм сыкъыщыхута си гугъащ. ЕкIуу зэрызэхэгъэувам и фIыгъэкIэ, республикэм и гуп цIэрыIуэхэр, и артист хъарзынэхэр къызэрыхашэным пылъу къызэрагъэпэща пшыхьыр гукъинэж хъуащ. ИтIанэ, концертыр щыщIидза дакъикъэм къыщыщIэдзауэ иухыху зы гурыщIэ къэIуэтэгъуейм сиIыгъащ. АпхуэдизкIэ гушхуэныгъэ къысхилъхьэрт слъагъуми, си гур къипкIыным хуэдэт, щхъуэкIэплъыкIэу, куэду утыкум ит цIыхухэм жаIэ хэкупсэ уэрэдхэмрэ лъэпкъыбэ макъамэхэмрэ апхуэдизкIэ сызэщIаубыдати, сыкъыщиуду сыгъы-

ным зытIэкIущ иIэжар. Сыгъами гуфIэгъуэ нэпсу арат ар, си лъэпкъыр гушхуэу адрей лъэпкъхэм зэрахэсым къысхилъхьэ къарум къыпкърыкIыу. Концертым езыгъэблагъэ тхылъыр къызэрысIэрыхьам сыщогуфIыкIыж, зэманыр Iуэху дахэкIэ гъэнщIауэ, си гур ин хъуауэ, куэдрэ сыкъэзымыутIыпщын гухэхъуэ згъуэтауэ Музыкэ театрым сыкъыщIэкIыжащи», – ХьэIишэт къызжиIахэм къыхэсха мащIэщ мыр. Мыбдежым къыщыхэзгъэщынщи, шэч хэлъкъым абы зи къару, зи зэфIэкI езыхьэлIа псоми ар я зэхуэдэ ехъулIэныгъэу зэрыщытым. Ауэ а дахагъэ псом и къежьапIэр, и къигъэхъуапIэр пшыхьыр зэрекIуэкIынур зыубзыхуа, абы и сценарийр зэхэзыгъэува Сапрыкинэ Галинэщ.

Лъэпкъхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зэхудачыхрэ зэхуэгуапэу псэуныр зи джэлэс пщыхьэщхьэр дэрэжэгъуэкIэ гъэнщIат. Ар дахэу, екIуу, гукъыдэжыр къиIэту зэрекIуэкIам хуэдэу, дэтхэнэ зы лъэпкъри фIыгъуэ дыщымыщIэну, къэралым и щэнхабзэ, гъуазджэ, псэукIэ зэIузэпэщыныгъэм хуэунэтIа зы Iуэху яужь диту дызэдэпсэуну!

**БЛИЙ Даянэ**

# ЩIЭНЫГЪЭМ И ЛIЭЩIЫГЪУЭ ГЪУЭГУАНЭ

Дызэрыт илъэсым и январь мазэм илъэси 100 ирикъуащ Кавказ Ищхъэрэм нэхъ пасэ дыдэу къыщызэIуаха щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр (КъБГКъИ).



**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр.** *Налшык къалэ.*



Институтыр 1926 гъэм январым и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном куейм щызэхэта Центральнэ гъэзэщIакIуэ комитетым (ЦИК-м) и Президиумым и унафэкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэныгъэм елэжьын цIыхухэр къешэлIауэ абы и хъугъуэфIыгъуэхэр – экономикэр, тхыдэр, археологиер, этнологиер – егъэджыным икIи ди щIыналъэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIын щIэныгъэлIхэр гъэхьэзырыным папщIэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, щыIэкIэ-зыужьыкIэм цIыхубэр ипэжыпIэкIэ щыгъуазэ щIын мурадкIэ». Лэжьэн щыщIидза япэ махуэхэм къыщегъэжьауэ институтым къалэн нэхъыщхьэу тIу къыпэщытащ: япэр – щIыпIэм и тхыдэр, экономикэр, абы щыпсэу лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр, хабзэр, бзэр джыныр, етIуанэр – щIэныгъэ-узэщIыныгъэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIыныр: ди щIыналъэм щыпсэухэр щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэм щыгъэгъуэзэныр, абыхэм къыдэкIуэтей щIэблэр щIэпIыкIыныр.

Илъэс тIощI нэхъ дэмыкIыу, 1976 гъэм, тхыдэ щIэныгъэмрэ филологиемкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр, апхуэдэуи щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным хуищIа хэлъхьэныгъэр къалъытэри институтым «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Ар а щIэныгъэ

IуэхущIапIэм и япэ лэжьакIуэхэр зэрыгуащIафIэм икIи абыхэм пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зыужьыныгъэм и гъуэгуанэ бгъуфIэ зэрыпхашыфам щыхьэт техъуэрт.



**«КъБАССР-м и тхыдэ» тхылъым и етIуанэ Iыхьэр къэзыпщытэну зэхыхьа щIэныгъэ сессием хэтахэр.** *ИжьымкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Гугу Р.Хъу., Берхин И.Б. (Москва), КIуащ Т.Хь., Бэрбэч Хь.М. (КъБКъУ-м и ректор), ХьэкIуащэ Е.ТI., Геттуев М.И. (усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ).** *Налшык, 1962*

1993 гъэм июным и 29-м Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Президиумым къищта 143-нэ унафэмкIэ ТхыдэмкIэ, филологиемкIэ, экономикэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтыр Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым хагъэхьауэ щытащ.

2013 гъэм сентябрым и 27-м къащта 253-нэ Федеральнэ унафэмрэ Урысей Федерацэм и Правительствэм 2013 гъэм декабрым и 30-м къыхилъхьа 2591-нэ унафэмрэ япкъ иткIэ институтыр ЩIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я федеральнэ агентствэм (ФАНО) и нэIэ щIагъэхьауэ щытащ. Дызэрыт зэманым ар Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и зы къудамэу Урысейм ЩIэныгъэмрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту мэлажьэ.

1926–2014 гъэхэм институтым и унафэщIу щытахэщ щIэныгъэлI Iэзэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр: Рюмин Владимир Афанасий и къуэр (1926–1932 гъгъ.), Батыр Къасым Жантемыр и къуэр (1932–1933 гъгъ.), Нало Жансэхъу Мырзэбэч и къуэр (1933–1934 гъгъ.), Пщынокъуэ Абдул Къанщауэ и къуэр (1934–1937 гъгъ.),

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр (1938–1939 гъгъ.), ЦIагъуэ Мухьэмэд Исмэхьил и къуэр (1943 гъэм и июлым – ноябрым), Аппаев Аскер Макар и къуэр (1943 гъэм ноябрым и 26-м –1944 гъэм мартым и 7-м), Сасыкъ Быцэ ТIру и пхъур (1944 гъэм и мартым и 7-м – майм), Дадэ Адэлбий Iэсхьэд и къуэр (1944 гъэм и майм – 1945 гъэм и майм), БищIо Аслъэн ТIырэ и къуэр (1946–1951 гъгъ.), Сэбаншы Хьэжсет Машэ и къуэр (1951–1953 гъгъ.), КIэрэф Къамболэт Наурыз и къуэр (1953–1958 гъгъ.), Берычэт Хьэжумар Хьид и къуэр (1958–1967 гъгъ.), Лъостэн Владимир Чэлимэт и къуэр (1967–1973 гъгъ.), Хутуев Хьэнэфи Исхьэкъ и къуэр (1973–1988 гъгъ.), Гугу Рашад Хъусен и къуэр (1988–1997 гъгъ.), Думэн Хьэсэн Мухътар и къуэр (1997–2007 гъгъ.), Бгъэжьнокъуэ Барэсбий Хьэчим и къуэр (2007–2014 гъгъ.).

2014 гъэм июным и 27-м къыщыщIэдзауэ дызэрыт зэманым къэсыху КъБГКъИ-м и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ дунейпсо адыгэ (шэрджэс) академием и академик Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэрщ.





**Дзэмыхь Къ.ФI. – КъБГКъИ-м и унафэщI.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гуманитар щIэныгъэм и лъабжьэр щыгъэтIылъынымкIэ икIи зыщегъэужьынымкIэ Iуэхушхуэхэр зэфIахащ илъэс зэхуэмыдэхэм КъБГКъИ-м щылэжьа е абы дэлэжьа щIэныгъэлI пажэхэм: *тхыдэджхэу* Кокиев Г.А., Гарданов В.К., Къумыкъу Т.Хь., Iулыдж Iу.А., ХьэкIуащэ Е.ТI., Цораев М.М., Гугу Р.Хъу., МафIэдз С.Хь.; *археологхэу* Крупнов Е.И., Бетрожь Р.Ж., Мизиев И.М., Нэгъуей А.Хь., Чеченов И.М., КIэрэф Б.М.; *бзэщIэныгъэлIхэу* Яковлев Н.Ф., Къумахуэ М.I., Шагъыр I.Къ., Елбэрд Хь.У., Мэмрэш К.Т., Багъы П.М., ПщыукI Хь.Хь., Отаров И.М.; *IуэрыIуатэджхэу, литературэджхэу* ЩэрэлIокъуэ Т.А., Цагъуэ Н.А., Талпэ М.Е., КъардэнгъущI З.ПI., Шортэн А.ТI., Нало З.М., Холаев А.З., Хьэщхъуэжь Р.Хъ., Урусбиевэ Ф.А., Толгуров З.Хь., Алиевэ А.И., нэгъуэщIхэри.



**ТхыдэмкIэ секторым и лэжьакIуэхэр 1980 гъэхэм якухэм.** *ИжъымкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Гугу Р.Хъу. (секторым и унафэщI), къыкIэлъыкIуэр – (?)., Къардэн I.ТI., Аккиевэ С.И., Сокъур В.Н.,** *(щысхэщ),* **Бер Хь.Ж., Бэрэздж Б.Н., Дзэмыхь Къ.ФI., Сабанчиев Хь.-М.А., Къэшэж Г.М.** *(щытхэщ)* **сымэ.**





**ЭтнографиемкIэ секторым и лэжьакIуэхэр.** *ИжъымкIэ къыщыщIэдзауэ:* **МафIэдз С.Хь., Кучмезовэ М.Ч., Асанов Ю.Н., Бгъэжьнокъуэ Б.Хь., Думэн Хь.М., Къэжэр В.Хь., Къущхьэ Хъу. С.** *1986*



**ЛитературэмкIэ секторым и лэжьакIуэхэр.** *СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **КIыщ А.С. (институтым и унафэщIым и къуэдзэ), Хьэщхъуэжь Р.Хъ., Урусбиевэ Ф.А., Тхьэгъэзит Ю.М. (секторым и унафэщI).** *1986*





**Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ секторым и лэжьакIуэхэр.** *СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **ПщыукI Хь.Хь., ЯфIэунэ А.М., КIасэ А.ТI., Багъы П.М., IутIыж Б.Къу.** *70 гъэхэм.*



**Къэрэшей-балъкъэрыбзэмкIэ секторым и лэжьакIуэхэр.** *СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Жаппуев А.А., Жабоев Ю.Хь., Созаев Б.Т., Улаков М.З., Отаров И.М., Гузеев Ж.М.** *80 гъэхэм.*





**IуэрыIуатэмрэ гъуазджэмкIэ секторым и лэжьакIуэхэр.** *СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **Нало З.М. (секторым и унафэщI), ЦIыпIынэ А.I., Тхьэмокъуэ Ж.Хь., Блай Т.I., КъардэнгъущI З.ПI., Залиханов Ж.Ж., Малкондуев Хь.Хь., Рахаев А.И., Гъут I.М., Джуртубаев М.Ч.** *1986*

Япэ лъэбакъуэхэр щича махуэхэм къыщегъэжьауэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтыр мыпхуэдэ унэтIыныгъэхэм тету мэлажьэ:

• Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-экономикэ, политикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэр пасэ зэманым къыщыщIэдзауэ, ар Кавказым, Европэм и Ипщэ-КъуэкIыпIэ лъэныкъуэм, Азие Гупэм я тхыдэм хиубыдэу джыныр;

• Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысейм и Ипщэ Iыхьэмрэ щыпсэу лъэпкъхэм я къежьапIэр, я лъэпкъ нэщэнэхэр, Еврагзием ис лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ тхыдэ-щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр къэхутэныр;

• Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Кавказымрэ щыпсэу лъэпкъхэм я археологие, тхыдэ-щэнхабзэ, дэфтэр щIэиныр зэхуэхьэсыжынымрэ джынымрэ;

• бзэхэм я зэпыщIэныгъэр, къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ къэрэшей-балъкъэрыбзэмрэ я грамматикэ икIи лексикэ зэхэлъыкIэр джыныр; бзэхэр хъумэнымкIэ лэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэр, хэкIыпIэу щыIэхэр убзыхуныр;

• адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэрэшейхэм я IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ джыныр, лъэпкъ литературэхэм я зыужьыныгъэр къэралпсо литературэ процессым зэрыхэзагъэр къэхутэныр.



Дызэрыт зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым щIэныгъэ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ лажьэу секторипщI хеубыдэ:

• *пасэрей тхыдэмрэ археологиемкIэ сектор* (и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент Фоменкэ Владимир Александр и къуэрщ);

• *лIэщIыгъуэ курытхэм я тхыдэмрэ тхыдэщIэмкIэ сектор* (и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Кхъуэжь Заурбэч Анзор и къуэрщ);

• *иджырей тхыдэмкIэ сектор* (и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат КIэш Заремэ Мухьэмэд и пхъурщ);

• *этнологиемрэ этнографиемкIэ сектор* (и унафэщIыр тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, доцент Прасолов Дмитрий Николай и къуэрщ);

• *къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ сектор* (и унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис Чэмал и къуэрщ);

• *къэрэшей-балъкъэрыбзэмкIэ сектор* (и унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Мусуков Борис Абдулкерим и къуэрщ);

• *къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ сектор* (и унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэвжокъуэ Людмилэ Борис и пхъурщ);

• *къэрэшей-балъкъэр литературэмкIэ сектор* (и унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, доцент Гузиевэ (Сарбашевэ) Аленэ Мустэфа и пхъурщ);

• *адыгэ IуэрыIуатэмкIэ сектор* (и унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Быхъурэ Мухьэмэд ФуIэд и къуэрщ);

• *къэрэшей-балъкъэр IуэрыIуатэмкIэ сектор* (унафэщIыр филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Берберов Бурхан Абуюсуф и къуэрщ);



**Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр.** *2023*



Апхуэдэуи институтым щолажьэ дэфтэр хъумапIэр, щIэныгъэ библиотекэр, тхылъ тедзапIэр, профсоюз зэгухьэныгъэр.

КъБГКъИ-м и щIэныгъэ библиотекэр республикэм щынэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Абы и хъумапIэм единицэ мин 80-м щIигъу щIэлъщ. Абыхэм ящыщу мини 3-р къыдэкIыгъуэ нэхъ гъуэтыгъуейхэм икIи нэхъ лъапIэхэм ящыщщ.

Институтым и щIэныгъэ дэфтэр хъумапIэм единицэ мини 5-м щIигъу щIэлъщ. Абы къызэщIеубыдэ дэфтэрхэр, адыгэ IуэрыIуатэмрэ балъкъэр IуэрыIуатэмрэ щыщу зэхуахьэсыжахэр, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я археологиемкIэ, тхыдэмкIэ, этнографиемкIэ, бзэмрэ литературэмкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм илъэс зэхуэмыдэхэм щIыпIэ-щIыпIэкIэ щатхыжахэр. Дэфтэр хъумапIэм и фондым макъ/макъамэ- икIи видеоархивхэми щIыпIэ хэха щаубыд.

1996 гъэм къыщегъэжьауэ институтым «БзэщIэныгъэмрэ литературэдж щIэныгъэмрэ», «Тхыдэмрэ археологиемрэ» унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэлIхэр щагъэхьэзыру аспирантурэмрэ докторантурэмрэ къудамэ щхьэхуэу щылэжьащ. Ахэр къызэщIиубыдэу 2015 гъэм абы бзэщIэныгъэмрэ литературэдж щIэныгъэмкIэ кафедрэмрэ тхыдэ щIэныгъэмрэ этнологиемкIэ кафедрэмрэ къыщызэIуахауэ щытащ. ИужькIэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым къыщызэрагъэпэща ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым хагъэхьэжащ, ноби, абы хэту, ехъулIэныгъэ яIэу мэлажьэ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и аспирантурэмрэ докторантурэмрэ зэрылэжьа илъэс 20-м къриубыдэу щIэныгъэлI ныбжьыщIэу 200-м нэблагъэ щагъэхьэзыращ. Абыхэм ящыщу 30-м щIигъуур Институтым и лэжьакIуэ хъуахэщ. Апхуэдэуи абыхэм ящыщ куэдыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэмыщI, Урысейм и къалэ, и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэми (Москва, Тэн Iуфэ Iус Ростов, Новороссийск, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Къэрэшей-Шэрджэсым, Шэшэн икIи Ингуш Республикэхэм) щыIэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм щолажьэ. 2007–2025 гъэхэм къриубыдэу институтым и лэжьакIуэу 7-м – доктор диссертацэхэр, 32-м – кандидат диссертацэхэр пхагъэкIащ.

2009 гъэм институтым ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэ щызэхашауэ щытащ. Абы и лэжьыгъэр унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ убзыхуат:

- щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ цIыхубэм яхэхьэн;
- щIэныгъэ унэтIыныгъэщIэхэр къэунэхуным телэжьэн;
- ныбжьыщIэхэр щIэныгъэм дегъэхьэхын, щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн щIэблэ гъэсэн;
- нэгъуэщI щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм щеджэ, щылажьэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм запыщIэн, ядэлэжьэн;
- щIэныгъэм гу хуэзыщIа ныбжьыщIэхэр институтым къешэлIэн.

КъБГКъИ-м щIэх-щIэхыурэ щIэныгъэ-методикэ семинархэр къыщызэрагъэпэщ; щIэныгъэлI пажэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр къррагъэблагъэурэ щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм папщIэ лекцэхэр щрагъэкIуэкI; институтым и лэжьакIуэхэр курыт еджапIэхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэсхэм яIуощIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым къикIуа лIэщIыгъуэ гъуэгуанэм къриубыдэу тхылъ 1000-м щIигъу дунейм къытригъэхьащ, абыхэм ящыщу 600-р монографие лэжьыгъэхэщ. КъищынэмыщIауэ, 1940 гъэхэм я кIэуххэм къыщегъэжьауэ, щIэх-щIэхыурэ къыдэкIахэщ «ЩIэныгъэ тхыгъэхэр» («Ученые записки»), Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я тхыдэм теухуа щIэныгъэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса сборникхэр, «КъБЩIКъИ-м и вестник» (иджы «КъБГКъИ-м и вестник») щIэныгъэ журналыр. Нэхъ щхьэтечауэ къэбгъэлъагъуэмэ, институтым и лэжьакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу илъэс къэс тхылъ 15–20 дунейм къытохьэ. Ахэр зыгъэхьэзыр щIэныгъэлIхэм я бжыгъэм тепщIыхьмэ, ар, дауикI, мащIэкъым.

Институтым и лэжьакIуэхэм дунейм къытрагъэхьэ лэжьыгъэхэр я купщIэкIи, я мыхьэнэкIи ди къэралым щыIэ щIэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъ инхэм икIи нэхъ пажэхэм къыщыдагъэкIхэм пэбгъэув хъунущ.



2 Заказ №770


КНИГА ПАМЯТИ


Историческая поэтика и стилевые особенности литературы адыгского зарубежья
Писатели Кабардино-Балкарии
АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И ТХЫДЭ
Кабардинская поэзия XX века: актуализация идеала
ПОСТСОВЕТСКАЯ КАБАРДИНСКАЯ ЛИТЕРАТУРА




АДЫГСКАЯ БЫТОВАЯ СКАЗКА
АДЫГЭ ТАУРЫХЪХЭР
ТОМ 1
АДЫГСКАЯ БОГАТЫРСКАЯ СКАЗКА


АДЫГЭБЗЭ ПСАЛЬАЛЬЭ
УЧЕБНЫЙ РУССКО-КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ СЛОВАРЬ
ВЫРАЖЕНИЕ ОТРИЦАНИЯ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ
КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ
КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЙ




ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ ПЕРЕВОД И КУЛЬТУРНЫЙ КОНТЕКСТ
ОЧЕРКИ ИСТОРИИ БАЛКАРСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ
ЭСТЕТИКА КЁЗ КЪАРАМ
ЖАНР БАЛЛАДЫ В БАЛКАРСКОЙ ПОЭЗИИ
ПОЭТИКА БАЛКАРСКОЙ ДРАМАТУРГИИ


АНТОЛОГИЯ
БАЛКАРЦЕВ
КАРАЧАЕВЦЕВ


ВЕКА СОВМЕСТНОЙ ИСТОРИИ
КАБАРДА ВО ВЗАИМО-ОТНОШЕНИЯХ РОССИИ С КАВКАЗОМ, ПОВОЛЖЬЕМ И КРЫМСКИМ ХАНСТВОМ
АДЫГИ: ВЕХИ ИСТОРИИ
АДЫГИ В ПОЛИТИКЕ РОССИИ НА КАВКАЗЕ

Апхуэдэхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, щIэныгъэлI гупым зэдагъэзэщIа лэжьыгъэхэр: «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и тхыдэ», тхылъитIу зэхэту («История Кабардино-Балкарской АССР» в двух томах. М., 1967), «Къэбэрдей-Балъкъэрым и ухуэныгъэщIэхэм щрагъэкIуэкI археологие къэхутэныгъэхэр», тхылъищу зэхэту («Археологические исследования на новостройках Кабардино-Балкарии» в трех томах. Нальчик, 1984, 1985, 1987), «Къэбэрдей адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я щэнхабзэм, я псэукIэм щIэщыгъуэу къыхыхьахэмрэ ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIахэмрэ» («Новое и традиционное в культуре и быте кабардинцев и балкарцев». Нальчик, 1986), «Адыгэ уэрэдхэмрэ пшыналъэхэмрэ» томиплIрэ тхылъихыу зэхэту («Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» в четырех томах и шести книгах. Москва – Нальчик, Т. I – 1980; Т. II – 1981; Т. III. Ч. 1 – 1986, Ч. 2 – 1990; Т. IV. Ч. 1–2 – 2018), «Нартхэр. Балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ я лIыхъужь эпосыр» («Нарты. Героический эпос балкарцев и карачаевцев». М., 1995), «Иджырей къэрэшей-балъкъэрыбзэм и псалъалъэ», тхылъищу зэхэту («Толковый словарь современного карачаево-балкарского языка» в трех томах. Нальчик, 1996, 2002, 2005), «Адыгэбзэ псалъалъэ» (М., 1999), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэ», тхылъитIу зэхэту (Налшык, 2006), «Балъкъэр литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр» («Очерки истории балкарской литературы». Нальчик, 2010), «Нартхэр. Адыгэ эпос», япэ тхылъ (Налшык, 2012), «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэм и тхыдэ», тхылъиплIу зэхэту (Налшык, 2010, 2013, 2021; урысыбзэкIэ – 2019), «ЛIэщIыгъуэ бжыгъэ зи ныбжь зэпыщIэныгъэм и тхыдэ» («История многовекового содружества». Нальчик, 2007), «Фэеплъ тхылъ», тхылъиплIу зэхэту («Книга Памяти» в четырех томах. Нальчик, 2014, 2015), «Пащтыхь зауэжьым и зэманым къежьа адыгэ уэрэдхэр» («Адыгские песни времен Кавказской войны». Нальчик, 2014), «Балъкъэрхэмрэ къэрэшейхэмрэ я лъэпкъ макъамэм и антологие», тхылъитIу зэхэту («Антология народной музыки балкарцев и карачаевцев» в двух томах. Нальчик, 2015, 2020), «Шэрджэсхэм (адыгэхэм) я лъэпкъ макъамэр: пшыналъэхэр» («Музыкальный фольклор черкесов (адыгов): инструментальная музыка». Нальчик, 2015), «Совет Союзым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр – 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зэриуха текIуэныгъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ (ТекIуэныгъэшхуэр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу)» («Единство народов Советского Союза – важнейший фактор победы в Великой Отечественной войне 1941–1945 гг. (к 70-летию Великой Победы)» (Нальчик, 2015), н.

Иужьрей илъэсипщIым къриубыдэу институтым къыщыдэкIа лэжьыгъэхэри цIыхубэм зэлъащIысащ, абыхэм щIэныгъэлIхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ гулъытэ ин хуащIащ. Апхуэдэхэщ: «Кав-

каз Ищхъэрэм ис адыгэхэм политикэ залымыгъэр къазэрылъэIэсар (1918–1940 гг.). Тхыдэ-архив дэфтэрхэмрэ гукъэкIыжхэмрэ» («Политические репрессии черкесов на Северном Кавказе (1918–1940 гг.). Историко-архивные материалы и воспоминания». Нальчик, 2017), «Иджырей къэрэшей-балъкъэрыбзэр», тхылъитIу зэхэту («Современный карачаево-балкарский язык» в двух частях. Нальчик, 2016, 2018), «ЛIэщIыгъуэкIэ къызэдэгъуэгурыкIуэу: Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр Урысейм и зыужьыныгъэм зэрыхэзагъэр (1557–1917 гг.)» («Века совместной истории: народы Кабардино-Балкарии в российском цивилизационном процессе (1557–1917 гг.)». Нальчик, 2017), «Къэрэшей-балъкъэрыбзэ синонимхэм я псалъалъэ» («Словарь синонимов карачаево-балкарского языка». Нальчик, 2017), «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр европей щэнхабзэмрэ жылагъуэ гупсысэкIэмрэ зэрахэзагъэр (тхыдэмкIэ къэхутэныгъэхэм къызэрыхэщыр)», IыхьиплIу зэхэту («Народы Северного Кавказа в европейской культуре и общественном сознании (историографические и источниковедческие аспекты)» в четырех частях. Нальчик, 2015–2025), «Адыгэ таурыхъхэр», етIуанэ тхылъ (Налшык, 2018), «Урыс-адыгэ псалъалъэ ин» («Большой русско-кабардино-черкесский словарь». Нальчик, 2021), «Тхыдэр зи лъабжьэ адыгэ уэрэдыжьхэмрэ хъыбархэмрэ», тхылъитIу зэхэту (Налшык, 2019, 2023), «Адыгэбзэ синонимхэм я псалъалъэ» (Налшык, 2020), «Нэгумэ Ш.Б. Тхыдэмрэ филологиемкIэ лэжьыгъэхэр», тхылъиплIу зэхэту («Ногмов Ш.Б. Исторические и филологические труды» в четырех томах. Нальчик, 2020), «Хэку зауэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм. 1941–1945 гъгъ. ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ ирокъу» («Великая Отечественная война в истории Кабардино-Балкарии. 1941–1945 гг. 75 лет Победы». Нальчик, 2020), «Къэбэрдей-Балъкъэр – Урысей Федерацэм щыщ республикэ (1922–2022 гъгъ.)» («Кабардино-Балкария – республика в составе Российской Федерации (1922–2022 гг.)». Нальчик, 2022), «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал-политикэ зыужьыныгъэр: тхыдэм и дерсхэмрэ иджырей лъэпощхьэпохэмрэ (1922–2022 гг.)» («Государственно-политическое развитие Кабардино-Балкарии: исторический опыт и современные проблемы (1922–2022 гг.). Нальчик, 2022), «КIыщокъуэ Алим и бзэм и псалъалъэ» (Налшык, 2022), «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэ» (Налшык, 2023), «Адыгэ (адыгей, къэбэрдей, шэрджэс, хэхэс адыгэ) тхакIуэхэр. XIX–XXI лIлI. Биобиблиографие псалъалъэ», тхылъищу зэхэту («Адыгские (адыгейские, кабардинские, черкесские, черкесского зарубежья) писатели XIX–XXI вв. Биобиблиографический словарь» в трех томах (Нальчик, 2021, 2022, 2023); «Нартхэр. Адыгэ (шэрджэс) эпос», тхылъиплIу зэхэту («Нарты. Адыгский (черкесский) эпос» в четырех томах (Нальчик,

2024–2025), «Кавказым ис лъэпкъхэр 1941–1945 гъгъ. екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм: тхыдэ фэеплъыр, дерсхэр, хъыбар нэпцIхэм япэщIэтыныр (ТекIуэныгъэшхуэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу)» («Народы Кавказа в годы Великой Отечественной войны 1941–1945 гг.: историческая память, уроки, противодействие фальсификациям (к 80-летию Великой Победы)». Нальчик, 2025), «Къэрэшей-балъкъэр IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжауэ: Къэрэшейхэмрэ балъкъэрхэмрэ я тхыдэ-лIыхъужь уэрэдхэр», еханэ тхылъ («Свод карачаево-балкарского фольклора: Историко-героические песни карачаевцев и балкарцев», том шестой (Нальчик, 2025), н.ку.

ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа лэжьыгъэхэм языхэзми мыхьэнэ ин иIэщ, ахэр Урысей щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэ нэс хъуахэщ. Абыхэм къыщыIэта икIи кууэ джа щыхъуа Iуэхугъуэхэм, Кавказым и мызакъуэу, ди къэрал псом щекIуэкI тхыдэ-щэнхабзэ, экономикэ, жылагъуэ, политикэ зыужьыныгъэр къыщызэщIэкъуащ.

Институтым къыщыдэкI лэжьыгъэхэм я фIагъымрэ я мыхьэнэмрэ я щыхьэтщ абыхэм щIэх-щIэхыурэ саугъэтхэр, щIыхь дамыгъэхэр, фIыщIэ тхылъхэр къызэрыхуагъэфащэр. Апхуэдэу, 2018 гъэм КъБГКъИ-м и щIэныгъэлI гупым зэдагъэзэщIа монографиеу тIу Жданов Ю.А. и цIэкIэ ирагъэкIуэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я XI Дунейпсо зэпеуэм и лауреат хъуащ, япэ нагъыщэ зиIэ Дипломри къратащ.





**КъЩIКъИ-м (иджы КъБГКъИ-м) и II щIэныгъэ сессием хэтахэу профессор Кокиев Г.А., академик Мещанинов И.И., профессор Яковлев Н.Я., Крупнов Ем., Турчанинов Г.Ф., КIыщокъуэ А.П., НакIэ М.Къ., БищIо А.ТI. сымэ, нэгъуэщIхэри.** *Налшык. 1947*

КъБГКъИ-м и лэжьыгъэм и зы унэтIыныгъэщ абы щIэх-щIэхыурэ щекIуэкI щIэныгъэ конференцэхэр, стIол хъурейхэр, симпозиум-

хэр, семинархэр. Апхуэдэ зэхуэсхэм ди къэралым и хэгъэгу зэхуэмыдэхэми хамэ къэралхэми щыщ щIэныгъэлI пажэхэр кърохьэлIэ, мызыгъуэгукIэ зэIубз мыхъуауэ гуманитар щIэныгъэм хэлъ упщIэхэм, абыхэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэм щытопсэлъыхь.

Иужьрей илъэситхум къриубыдэу институтым щекIуэкIа щIэныгъэ зэIущIэ-зэхуэс нэхъыщхьэхэм ящыщу я цIэ къиIуапхъэщ: Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща «Къэбэрдей-Балъкъэр – Урысей Федерацэм щыщ республикэ: и къежьапIэр, зэрызэтеувар, зыужьыныгъэр (1922–2022 гъгъ.)» («Кабардино-Балкария – республика в составе Российской Федерации (1922–2022): истоки, становление и конституирование») Урысейпсо щIэныгъэ конференцэр (Налшык, 2022 гъ. майм и 17-м); «Сталинград деж щекIуэкIа зауэр – Хэку зауэшхуэм и зэхэгъэкIыпIэ хъуар» («Сталинградская битва – начало коренного перелома в Великой Отечественной войне». (Налшык, 2023 гъ. мартым и 17-м) стIол хъурейр; адыгэ усакIуэ, КъБАССР-м литературэмрэ гъуазджэмкIэ и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэшэж Иннэ Инал и пхъур къызэралъхурэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу екIуэкIа «Къэшэж Иннэ и кавказ тхыгъэхэр урысейпсо лъэпкъыбэ щэнхабзэм зэрыхэзагъэр» («Кавказский текст Инны Кашежевой в общероссийском поликультурном пространстве») щIэныгъэ конференцэр (Налшык, 2024 гъ. майм и 17-м); IэрыIуатэдж, литературэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъут Iэдэм Мухьэмэд и къуэм и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща «Лъэпкъ тхыбзэ гъуазджэр джыным кърикIуахэмрэ адэкIэ къыпэщыт къалэнхэмрэ» («Национальное словесное искусство: итоги и перспективы изучения») щIэныгъэ конференцэр (Налшык, 2024 гъ. июлым и 26-м); ТекIуэныгъэшхуэр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу екIуэкIа «МылIэжыныгъэм и мардэр: Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэм ТекIуэныгъэшхуэр къэзэуным хуащIа хэлъхьэныгъэр» («Предел бессмертия: вклад сотрудников Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований в Великую Победу». (Налшык, 2025 гъ. апрелым и 4-м), «Языхэзри дигу къэдгъэкIыжынщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэхэр Хэку зауэшхуэм и IэнатIэхэм зэрыIутар» («Вспомним всех поименно: сотрудники Кабардино-Балкарского института гуманитарных исследований на фронтах Великой Отечественной войны». (Налшык, 2025 гъ. апрелым и 30-м), «Къэрэшей-балъкъэр тхакIуэхэу Хэку зауэшхуэм хэтахэр: лIыгъэм и гъунапкъэхэр» («Карачаево-балкарские писатели – участники Великой Отечественной войны: «география подвига». (Налшык, 2025 гъ. майм и 6-м) стIол хъурейхэр; «Кавказым

ис лъэпкъхэр 1941–1945 гъгъ. екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм: тхыдэ фэеплъыр, дерсхэр, хъыбар нэпцIхэм япэщIэтыныр» («Народы Кавказа в годы Великой Отечественной войны 1941–1945 гг.: историческая память, уроки, противодействие фальсификациям». (Налшык, 2025 гъ. июным и 30-м) щIэныгъэ конференцэр; литературэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м, КъШР-м, Адыгей Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик БакIуу Хъанджэрий Ильяс и къуэр илъэс 85-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ зэхаша «Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я бзэр, IуэрыIуатэр, литературэр зэгъэуIуауэ джыным иджырей лъэхъэнэм лъэпощхьэпоуэ къыпэувхэр» («Проблемы системного изучения языка, фольклора и литературы народов Северного Кавказа в современных культурно-исторических реалиях») Дунейпсо щIэныгъэ конференцэр; балъкъэр усакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гуртуев Берт Исмэхьил и къуэр къызэралъхурэ илъэси 115-рэ щрикъум ирихьэлIэу екIуэкIа «Зэманым ипсыхьа творчествэ» («Творчество, испытанное временем». (Налшык, 2025 гъ. ноябрым и 7-м) стIол хъурейр; «Адыгэ нарт эпосыр – лъэпкъ щэнхабзэм и фэеплъ мыкIуэдыжщ» («Адыгский нартский эпос – выдающийся памятник духовной культуры народа». (Налшык, 2025 гъ. декабрым и 5-м) Дунейпсо щIэныгъэ конференцэр; «Тхыбзэ гъуазджэм и жанрхэм лъэпкъ зэхэщIыкIыр зэрахэгъэшыпсыхьар» («Традиционные жанры словесного искусства как константа этнической культуры». (Налшык, 2025 гъ. декабрым и 12-м) стIол хъурейр, н.ку.



Дызэрыт зэманым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и лэжьыгъэм куэд къызэщIеубыдэ, ар ди къэралми хамэ къэралхэми щыIэ щIэныгъэ, егъэджэныгъэ IэхущIапIэхэм жыджэру ядолажьэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэн, Ингуш, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм щыIэ щIэныгъэ институтхэр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэу Миклухо-Маклай Н.Н. и цIэр зезыхьэ Этнологиемрэ антропологиемкIэ институтыр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэ Урысейм и ТхыдэмкIэ институтыр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэ БзэщIэныгъэмкIэ институтыр, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием хыхьэу Горький А.М. и цIэр зезыхьэ Дунейпсо литературэмкIэ институтыр, Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр, Д.И. Гулиа и цIэр зезыхьэ, Абхъазым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтыр, н.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, КъБГКъИ-м и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэр, сыт щыгъуи хуэдэу, ноби нэхъыщхьэу зыхуэунэтIар ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр, IуэрыIуатэр,

тхыдэр джынырщ, ижь-ижьыж лъандэрэ абыхэм къадекIуэкI хабзэхэмрэ щэнхабзэ къулеймрэ хъумэнырщ. Институтым къыщыдэкI тхылъхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэми, курыт еджапIэхэми щадж, щIэблэр щагъасэ дэтхэнэ зы IуэхущIапIэми къыщагъэсэбэп. Апхуэдэуи КъБГКъИ-м и лэжьакIуэхэр ди республикэми зэрыкъэралуи щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, щIэныгъэ-узэщIыныгъэ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтщ.

**ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,**
*тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор,*
*Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ*
*и институтым и унафэщI*

*ЩIэныгъэлI, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ*
*Бэрбэч ХьэтIутIэ къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу*





## ЦIЫХУ ДАХЭТ, БЭМ ФIЫУЭ ЯЛЪАГЪУРТ

«Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр и теплъэкIи, и псэкIи цIыху дахэщ. Совет Союзым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм я ректорхэм ар сыт и лъэныкъуэкIи фIыкIэ къахощ. ХьэтIутIэ хуэдэ къуэ гъуэзэджэ зиIэ лъэпкъым и насыпщ». СССР-м и ректорхэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэ, илъэс 45-рэ фIэкIа иримыкъуа Бэрбэчым апхуэдэ псалъэ гуапэхэр хужиIауэ щытащ СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и Президент, академик Келдыш Мстислав Всеволод и къуэм.

Дэфтэрхэм къызэрыхэщымкIэ, ар къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирикъуащ февралым и 25-м. Тхылъхэм зэритым щIытезгъэчыныхьыр сыт? Абы и къуэш нэхъыщIэ Темыркъан МутIэ и къуэм зэрыжиIэжу щытамкIэ, Аушыджэр къуажэм (Дыгъужьыкъуей жылэм) щыпсэу мэкъумэшыщIэ, Iэщыхъуэ Бэрбэч МутIэ Аслъэнджэрий и къуэм и унагъуэм 1918 гъэм февралым и 25-м къахэхъуащ я етIуанэ щIалэр, ХьэтIутIэ зыфIащар. 1931 гъэм пэщIэдзэ еджапIэр къиухри, и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну ар ягъэкIуащ Новочеркасск къалэм дэт «Электросовхозуч» еджапIэм икIи абы илъэситIкIэ щеджащ.

– И еджэным Налшык щыIэ Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум щыпищэну мурад ищIат. Абы илъэс 16 ирикъуахэр щIагъэтIысхьэу арати, илъэс 14 фIэкIа мыхъуа ХьэтIутIэ и адэр къытригъэхьащ къуажэ советым кIуэуэ, ар 1916 гъэм февралым и 25-м къалъхуауэ зэрыт тхылъ къыхудихыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цIыхуибгъу зэрыс ди унагъуэшхуэм и къуэ «нэхъыжь» хъуащ ар, – жиIэжырт Бэрбэч Темыркъан.

ЛУГ-м иужькIэ ар щIэтIысхьащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэр техникумым икIи курсыр фIы дыдэу къызэриухар, комсомол жыджэру зэрыщытыр къалъытэри, еджапIэм и унафэщIхэм ар, и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну, 1936 гъэм ягъэкIуащ Крупская Надеждэ и цIэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

– ХьэтIутIэ Нева и Iуфэм Iус къалэм щыIэу къэхъеящ Хэку зауэшхуэр, ауэ ар фронтым ягъэкIуакъым, – къиIуэтэжащ абы и гъащIэм и къекIуэкIыкIар зытхыжахэм ящыщ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор Кузьминов Пётр. – ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм езым теухуа и дэфтэрхэм хэлъщ ар зауэм ягъэкIуэну щIэлъэIуу военкоматым щэнейрэ зэрызыхуигъэзам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр. Абы къыдэкIуэу, адрей курсантхэми хуэдэу, 1941-1942 гъэхэм я щIымахуэм ар хэтащ Москва къалэр зыхъумахэм: щIытIхэр, танкхэр зыблэмыкIыфыну къуэхэр дитIыкIащ, мафIэсхэр игъэункIыфIащ, къалащхьэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и IуэхущIапIэхэр жэщкIэрэ ихъумащ. Абы щыгъуэ, и ныбжьыр илъэс 24-рэ фIэкIа мыхъуауэ, и япэ дамыгъэ лъапIэр – «Москва зэрахъумам папщIэ» жыхуиIэр – къыхуагъэфэщауэ щытащ Бэрбэчым.



И еджэныр къиуха нэужь ар хагъэхьащ ВКП(б)-м и ЦК-м къулыкъу зыхуэбгъэфащэ хъуну къилъытахэм икIи 1942 гъэм и гъэмахуэм къагъэкIуэжауэ щытащ къыщалъхуа республикэм. А илъэс дыдэм и июлым къыщыщIэдзауэ сентябрь пщIондэ ар лэжьащ партым и обкомым и парт школым и унафэщIу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэр бийм пIалъэкIэ зэриубыдам къыхэкIыу, партым и обкомым хэт адрейхэми ящIыгъуу, ар Куржым лэжьакIуэ ягъэкIуауэ щытащ икIи 1942 гъэм октябрым къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и февраль пщIондэ ар щытащ партым и Ткварчели, Тбилиси къалэ комитетхэм я лектору.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжа нэужь, Бэрбэч ХьэтIутIэ республикэм къигъэзэжащ икIи 1943 гъэм и февралым щегъэжьауэ 1944 гъэм и август хъуху партым и Налшык къалэ комитетым и секретару лэжьащ. 1943 гъэм абы къыхуагъэфэщащ етIуанэ медалыр – «Кавказыр зэрахъумам папщIэ».

1944 гъэм къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм и февраль пщIондэ Бэрбэчыр щытащ ВКП(б)-м и Прималкинскэ райкомым и секретару. ТекIуэныгъэр къыщахьа 1945 гъэм ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «1991-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ» медалыр.

Бэрбэч Хь. партым и обкомым штатым хэмыт и лектору щыщытам, республикэм щыпсэухэм лекцэхэм къахуеджэрт, ди къэралыр фашист Германием мыгувэу зэрытекIуэнумкIэ цIыхубэм фIэщхъуныгъэ яхилъхьэу. 1945 гъэм февралым ар ягъэуващ республикэ радиокомитетым и унафэщIу икIи а IэнатIэм пэрыту ТекIуэныгъэ Иным и махуэм IущIащ ар.

ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр ди къэралышхуэми къыщалъхуа щIыналъэми я хэкупсэ нэсу щытащ. Бэрбэч Темыркъан ТекIуэныгъэм иужькIэ зэхихауэ щытащ ХьэтIутIэрэ ВКП(б)-м и ЦК-м и Секретариатым щылажьэ, Москва къикIа хьэщIэ лъапIэ гуэрымрэ я псалъэмакъыр. Ар абы Ленинград къыщыдеджа и курсэгъухэм икIи и ныбжьэгъу пэжхэм ящыщт.

– Сэ зэхэсхащ хьэщIэм ХьэтIутIэ Москва кIуэуэ абы щылэжьэну къытригъэхьэну яужь зэритар, – къиIуэтэжат Темыркъан МутIэ и къуэм. – Къигъэгугъэрт фэтэр зэпэщ къратыну, улахуэшхуэ хуагъэувыну, и къулыкъукIи псынщIэу драгъэкIуеину. ТIэкIурэ гупсыса нэужь, ХьэтIутIэ абы жэуап иритыжауэ щытащ, къыхуагъэлъэгъуахэр икъукIэ удэзыхьэхыу щытми, абы арэзы зэрытемыхъуэфынур, къыщалъхуа лъахэм сэбэп щыхъумэ нэхъ къызэрищтэм къыхэкIыу.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор КIуэкIуэ Жэмалдин иужькIэ къызэриIуэтэжамкIэ, апхуэдэ къулыкъум зэрымыкIуам ар зэи хущIегъуэжатэкъым, и хэку цIыкIум хуэлэжьэныр къызэрыхихамкIэ лъэбакъуэ тэмэм ичауэ къилъытэжуи щытащ.



Ректор щIалэм нэхъ и ныбжьэгъуахэм ящыщ КIуэкIуэ Ж.Н. икъукIэ и гум щIыхьэу къыхигъэщу щытащ Хэку зауэшхуэм, абы иужь зэман хьэлъэхэм гугъуехь куэдым пхыкIа Бэрбэч Хь.М. илъэс 47-рэ фIэкIа къимыгъащIэу дунейм зэрехыжар, Москва и кремль клиникэм и дзэлым къыщыхаIуа мастэм къызэремылар.

– Зэманыр кIуэху нэхъ кууэ зыхыбощIэ педагогикэ институтыр университету зэхъуэкIыным Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр, – итхыжат профессор КIуэкIуэм. – А зэманым къэралым и унафэр зыIэщIэлъахэм сыт хуэдэ Iулыджрэ пщIэрэ къыпхуаIэн хуейт, Къэбэрдей-Балъкъэр цIыкIум еджапIэ нэхъыщхьэ къыщызэIухыным ехьэлIа жэрдэмыр къыбдаIыгъын, къызэрымыкIуэу гугъу къалэныр зэфIэбгъэкIын папщIэ!

Тыншщ жыпIэну – «совет къэралыгъуэм и унафэщI Хрущёв Никитэ епсэлъэн». Абы папщIэ парт, къэрал лэжьыгъэм ухэтауэ, абы хэпщIыкIыу ущытыныр мащIэт. Мыбдежым мыхьэнэ нэхъыбэ зиIар ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм хэлъа хьэл-щэнхэрщ – ар цIыху дахэу, дипломатие зэфIэкIхэр иIэу, къыдалъхуауэ Iущыгъэ хэлъу зэрыщытарщ.

Бэрбэч ХьэтIутIэ зэрыпсэуа илъэс 50 иримыкъум хузэфIэкIащ цIыхубэм къахуэщхьэпэну къилъытэу и гум щигъафIэ мурад куэд

зригъэхъулӀэну. А лэжьыгъэшхуэхэм абы и ужь итахэм хуэфэщэн пщӀэи хуащӀащ.

МэкъумэшыщӀэ унагъуэ къызэрыгуэкӀым къыхэкӀа, щӀэныгъэ куу зэзыгъэгъуэтыфа, кандидат, доктор диссертацэхэр щытхъуушхуэ пылъу пхызыгъэкӀа щӀалэр Хэкум и лӀыкӀуэу хэтащ Москва къалэм, Индием (Дели), Швецием (Стокгольм), Францием (Париж), Инджылызым (Лондон), апхуэдэуи социалист къэрал зыбжанэм къуэкӀыпӀэр зыдж тхыдэджхэм папщӀэ щрагъэкӀуэкӀа дунейпсо зэхуэсышхуэ куэдым. Езыр илъэс 45-рэ фӀэкӀа мыхъуауэ республикэм къэрал университет къыщызэӀуихыу абы и япэ ректоруи ягъэуващ зэрыщытар – ар лъагапӀэ къызэрыгуэкӀкъым, атӀэ текӀуэныгъэшхуэ дыдэщ.

Сытуи фӀыгъуэшхуэ абы и Ӏэужь дахэр – КъБКъУ-р цӀыхухэм щӀэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымрэ наукэмрэ я купсэ зэрыхъуар, абы дунейм щыщ къэрал 50-м, абыхэм Сириер, Иорданиер, Индиер, Египетыр, Тыркумэныр, апхуэдэуи Африкэм, КъуэкӀыпӀэ Гъунэгъум щыщ хэкухэри яхэту, къикӀа студентхэр зэрыщеджэр. Псори зэхэту щӀалэгъуалэ 2250-м я еджэныр къаухмэ, абыхэм иратыжынущ Бэрбэч ХьэтӀутӀэ МутӀэ и къуэм къызэригъэпэща университетым и дипломхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми пэжыжьэ а къэралхэм щыщ ӀэщӀагъэлӀ ныбжьыщӀэхэр лэжьапӀэ щыувкӀэ ягъэлъэгъуэнущ и япэ ректорым и цӀэр зезыхьэ еджапӀэ нэхъыщхьэм и дипломыр.

**БЭРБЭЧ Борис,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыхь зиӀэ и журналист*


БЕРБЕКОВ
ХАТУТА
МУТОВИЧ
ОСНОВАТЕЛЬ И
ПЕРВЫЙ РЕКТОР
КБГУ

# Бэрбэч ХьэтIутIэ хужаIахэр

## ХЭКУЛI ЩЭДЖАЩЭ

Къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщу нэхъыфIхэм иджыпсту хабжэ ди университетыр къызэIухыныр Iуэху тынштэкъым. Ауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хузэфIэкIащ а зэманым къэрал унафэщIу щытахэу Хрущёв Никитэ, Ворошилов Климент, Микоян Анастас, нэгъуэщIхэми захуигъазэу, зи ужь ихьар ехъулIэнығъэкIэ зэфIихын. Апхуэдэу, Къэбэрдей пединститутыр и лъабжьэу, факультетиплIу зэхэту (тхыдэфилологие, физико-математикэ, инженер-техникэ, мэкъумэш) ди щIыпIэм къэрал университет 1957 гъэм къыщызэIуахри, республикэм и щIэнығъэр гъуэгуанэщIэ теуващ.

Ар хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхут – Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ автономиехэм ящыщу университет япэу къыщызэIуахар ди дежт. ЩIэнығъэлI гъуэзэджэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хиша гъуэгум адрей республикэхэри иужькIэ ирикIуауэ щытащ. КъищынэмыщIауэ, IэщIагъэ зэхуэмыдэ куэдым щыхурагъаджэ университетхэр къэралым къыщызэIухыныр къыщежьари абдежщ. КъБКъУ-р къызэIухыныр ирихьэлIат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум.

КъБКъУ-м и япэ ректору щытари нобэ университетым зи цIэр зэрихьэ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэрщ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм и статусыр зэрахъуэжам къалэну къыхуигъэувыр зыхуэдизыр фIыуэ зыщIэ ректорым а лъэхъэнэм зэфIигъэкIар мащIэкъым. Университетыр къыщызэIуахагъащIэм ХьэтIутIэ илэжьа Iуэхугъуэфlхэм ящыщщ къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъ лъэщхэм кърищурэ IэщIагъэлI лъэрызехьэхэр, щIэнығъэ зэхуэмыдэхэмкIэ профессор цIэрыIуэхэр КъБКъУ-м къызэрыригъэблэгъар. НэгъуэщI гуныкъуэгъуэ ямыIэу гукIи псэкIи я лэжьыгъэм пэрытын папщIэ ректорым абыхэм псоми фэтэр зэгъэпэщахэр къахудихат. Абыхэм зэфIагъэуващ физикэмкIэ, химиемкIэ, биологиемкIэ щIэнығъэ школхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм, щIэнығъэ-къэхутэныгъэм я унэтIыныгъэхэр яубзыхуащ. Бэрбэчым и жэрдэмкIэ къэралым и университетхэм щагъэхьэзыру щIадзащ КъБКъУ-р зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэр.

И лъэпкъым зиужьыным гукIи псэкIи хуэлэжьа цIыхут Бэрбэчыр. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэрщ адыгэхэм ящыщу япэу тхыдэ щIэнығъэхэмкIэ доктор хъуар. Профессор цIэрыIуэм, щIэнығъэлI щыпкъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я тхыдэр джыным, зэфIэгъэувэжыным ехьэлIа къэхутэнығъэ лэжьыгъэ куэд иригъэкIуэкIащ.

УкъэзымыцIыху гупым уахыхьа иужькIэ, абыхэм пщIэ зыхуебгъэщIыфмэ – ар цIыхум и зэфIэкIым и лъагагъыр къэзыгъэлъагъуэщ. ХьэтIутIи и хьэл-щэнымкIэ цIыхухэр къыдихьэхыфырт. Мис абы и зы щапхъэ. «Пушкин Александр» кхъухь иным дису Ев-

ропэм ихъуреягъкIэ къэткIухьырт 1965 гъэм. Абы щыгъуэ дызэгъусащ ХьэтIутIэрэ сэрэ. Кхъухьым цIыху мин ист, итIани зы тхьэмахуи дэкIатэкъым Бэрбэчыр абы цIэрыIуэ щыщыхъуам. Абы и теплъэм, и щытыкIэм, и гушыIэкIэм псори къыдахьэхырт. Кхъухьым и макъамэ салоным щхьэж хузэфIэкI джэгукIэр къыщигъэлъагъуэрт. Бэрбэчыр адыгэ къафэм зэрыхуэIэзэр сщIэрти, псоми зэхахыу жысIащ: «Иджыпсту фи нэгу щIэкIынущ ХьэтIутIэ игъэзащIэу ислъэмей къафэ». Iэгуауэшхуэ хуаIэту утыкум итат икIи къикIыжат ар абы щыгъуэм. Адрей туристхэм абы иужькIэ Налшык икIахэм щIэх-щIэхыурэ зыкъытхуагъазэрт: «Дэнэ щыIэ фи ректор дахэр?» – жаIэурэ.

Бэрбэчым Iуэху зехьэкIэ хьэлэмэт иIэт, и дуней тетыкIэри адрейхэм ещхьтэкъым. Ар щыпсалъэкIэ уемыдэIуэну гугъут, сыту жыпIэмэ и псэлъэкIэ къудейм удихьэхырт, езым тхылъымпIэ гуэри къимыгъэсэбэпу, жиIэр къазэрыщыхъур зригъащIэу цIыхухэм я нэгу иплъэу и Iуэху еплъыкIэр къиIуатэрт. ХьэтIутIэ кIий-гуохэм ящыщтэкъым – хуэму, ауэ пхыкIыу псалъэрт.

Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэ зиIа щIэныгъэлIт Бэрбэч ХьэтIутIэ. Мызэ-мытIэу ар хахащ партым и обкомым и бюром, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщIу щытащ, орденитIрэ медаль зыбжанэри къыхуагъэфэщат.



Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкIышхуэ зиIа Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр хуэфащэу зэрехьэ ди республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэм. А щIэныгъэлI щэджащэм и гъащIэр я щапхъэщ университетым нобэ щылажьэ IэщIагъэлIхэм.

Куэдым ефIэкI, зыми емыщхь Бэрбэч ХьэтIутIэ Iуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм ихьауэ щытащ. Бгым и лъагапIэм зэрынэсам ещхьыркъабзэу, щIэныгъэм, щэнхабзэм я щыгуми ихьэфащ Бэрбэчыр.

**КIУЭКIУЭ Жэмалдин,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*КъБКъУ-м и профессор*
*1986*

## ЛЪАГЪУЭХЭШ

ЦIыхум IуэхуфI куэд зэфIихамэ, дунейм тетыху и цIэр фIыкIэ Iуамэ, абы и фэеплъми пщIэ хуащI зэпыту къокIуэкI. Напэ къабзэр тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэу зэрыщытыр, Iэужьым зэманыр щыхьэт зэрытехъуэр нэсу зыхищIэу и лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэлажьэрщ цIыху Iущыр, насыпыфIэр. Апхуэдэ цIыхухэм ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэ, абы и япэ ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр.

ЩIэныгъэлI щыпкъэр хуабжьу дихьэхырт къызыхэкIа лъэпкъым и блэкIам, и нобэм, абы и къэкIуэнуми псэ хьэлэлу хуэлажьэрт. Ап-

хуэдэ гурыщIэхэм къыхихауэ къыщIэкIынщ ХьэтIутIэ 1958 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетым «КъБР-м ис лъэпкъхэм я тхыдэр» курс хэха къыщызэригъэпэщауэ зэрыщытар, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щIэныгъэ нэхъыщхьэр» жыхуиIэ нэтынитхур къуэкIыпIэ хьэрыпхэм папщIэ 1965 гъэм иригъэкIуэкIын зэрыхузэфIэкIар. Зи гугъу тщIы нэтынхэр Бэрбэчым адыгэбзэкIэ иригъэкIуэкIырт, хьэрыпыбзэкIэ зэрадзэкIыжу арат.

КъБКъУ-м и япэ ректорым и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 40-м нэс. Абыхэм жылагъуэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр, Iуэху пыухыкIахэр щIэныгъэ, философие я лъэныкъуэкIэ нэсу щызэпкърыхащ. Бэрбэчым а лэжьыгъэхэм къыщигъэлъэгъуахэм ящыщщ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьа щIыкIэри. Диалект методым фIыуэ хэзыщIыкI щIэныгъэлIым нэсу зэпкърихащ а зэгухьэныгъэм и лъэныкъуэ псори.

Бэрбэчым фIыуэ ищIэрт лъэпкъ зэхэщIыкIым зегъэужьын, псэукIэр ефIэкIуэн, политикэ, жылагъуэ Iуэхухэр зэфIэхын папщIэ, естественнэ щIэныгъэхэр джын зэрыхуейр. Абы зыми хуэмыдэжу къыгурыIуэрт щIэныгъэ-техникэ революцэм и лъэхъэнэм интеллигенцэ зимыIэ лъэпкъыр зызыужь дунейм зэрыдемыкIуэкIыфынур, апхуэдэ къалэныр зыгъэзэщIэфын университет къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

1964 гъэм ХьэтIутIэ КъБКъУ-м къыщызэIуех химиемкIэ факультет. Абдеж къыщожьэ ди республикэм а щIэныгъэм зыщиужьын.

Нобэрей университетым и факультетхэми, институтхэми, аспирантурэхэми, докторантурэхэми, диссертацэхэр щыпхагъэкI и советхэми хэпщIыкIыу заужьащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм щолажьэ сабий зэчиифIэхэм папщIэ лицей щхьэхуэ, абы щыIэщ Интернет центр лъэщ, компьютер зыщIэт пэшхэр щыкуэдщ. ЩIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я кандидатрэ доктору университетым щылажьэхэр щэ бжыгъэ мэхъу. Зы илъэси къэмынэу КъБКъУ-м къыщIегъэкI IэщIагъэлI минхэр. Апхуэдэу бгъуфIэ хъуащ Бэрбэч ХьэтIутIэ пхиша лъагъуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къалъытэри, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерий и унафэкIэ университетым фIащыжащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. КъБКъУ-м и къызэгъэпэщакIуэ, абы и япэ ректорым и цIэр пагэу зезыхьэ еджапIэ нэхъыщхьэм и зэфIэкIым хэхъуэу, зэрихьэ цIэм хуэфащэу, Бэрбэчым и фэеплъыр ящымыгъупщэу къекIуэкIыну ди гуапэщ.

**ШУРДЫМ Гъэзалий,**
*химие щIэныгъэхэмкIэ доктор,*
*КъБКъУ-м и профессор*
*1986*

# ЛЪЭПКЪ ӀУЭХУР ЯПЭ ИЗЫГЪЭЩ

1957 гъэм университетыр къызэрызэӀуахым теухуауэ Москва кърагъэха унафэм институтым и лэжьакӀуэхэм я зэхуэсым къыщытхуеджар, а хъыбар гуапэр япэу къытлъэзыгъэӀэсар Бэрбэч ХьэтӀутӀэщ. А еджапӀэ нэхъыщхьэ иныр ди республикэм къыщызэӀуахын папщӀэ, ХьэтӀутӀэ зэфӀигъэкӀащ къыпхуэмылъытэным хуэдиз Ӏуэхушхуэ.

Бэрбэчыр а зэманым обкомым и секретару лажьэрт, ауэ къулыкъу лъагэр къигъанэри, университетым и ректору увыну арэзы хъуауэ щытащ.  Абы и Ӏуэху зехьэкӀэм цӀыхухэр кӀэлъыплъырт икӀи я фӀэщ хъурт университетым къыпэщылъ лэжьыгъэшхуэр ХьэтӀутӀэ зэрызэфӀигъэкӀыфынур.

Сэ урысыбзэмрэ литературэмкӀэ кафедрэм сриунафэщӀт абы щыгъуэ. Бэрбэчымрэ сэрэ щӀэх дыдэу дызэрыцӀыхуащ икӀи занщӀэу къызгурыӀуащ ХьэтӀутӀэ лъэпкъ Ӏуэхур япэ изыгъэщ, цӀыхугъэшхуэ зыхэлъ, зэманым декӀу щӀэныгъэлӀ щыпкъэу зэрыщытыр.  А лӀы телъыджэм хэлъа а хьэл-щэнхэр иужькӀи куэдрэ си нэгу щӀэкӀащ.

Бэрбэчым теухуауэ си гум къинэжа Ӏуэхугъуэ гуэрхэмкӀэ сывдэгуэшэнут.

ХьэтӀутӀэ тхыдэ щӀэныгъэхэмкӀэ игъэхьэзыра доктор диссертацэм сыхэплъэну къеӀысхат. Лэжьыгъэм хуабжьу сыдихьэхауэ сыкъеджат икӀи сымыгъэщӀэгъуэн слъэкӀакъым ректор щӀалэм къэухь ин зэриӀэр. Ар ящыщт а зэманым интеллект ин дыдэ зыбгъэдэлъа цӀыху мащӀэхэм.

Урысыбзэмрэ литературэмкӀэ кафедрэм и унафэщӀыр хахынути, партым и обкомым и зэхуэсым ХьэтӀутӀэ си цӀэр къыщриӀуат зэгуэрым. Си закъуэтэкъым а къулыкъум хуагъэлъагъуэр, нэгъуэщӀ зы щӀали а ӀэнатӀэм хуеӀэрт. Си ныкъуэкъуэгъухэр нэхъыбэти, Ӏуэхур езыхэр зэрыхуейм хуэдэу зэфӀагъэкӀын я мураду, «Щэрданым и адэр политикэ репрессием хэхуащ» жиӀэу иту обкомым тхыгъи щӀалъхьат. Ауэ Бэрбэчыр къахуикӀуэтакъым. «Къулыкъу щаткӀэ, къэлъытэн хуейр цӀыхум бгъэдэлъ зэфӀэкӀырщ», – жиӀэри, езым и Ӏуэху еплъыкӀэр щыпхигъэкӀауэ щытащ обкомым.

Зэгуэрым университетым щӀэтӀысхьэхэм яхэтт ректорым и благъэ хъыджэбз цӀыкӀу, арщхьэкӀэ ар Бэрбэчым и благъэуи, тегузэвыхьуи дэ къыщытщӀар экзаменхэр зэфӀэкӀа нэужьщ. Япэ илъадэу зыгуэр жиӀэн и щхьэ хуигъэфэщатэкъым абы.

Бэрбэч ХьэтӀутӀэ ди гум къызэринар Ӏуэху зехьэкӀэ пэрытым хуэӀэижь, зыхэпсэукӀ лъэхъэнэм и цӀыху пажэущ. ГушыӀэкӀэ дахи хэлът. ЖыпӀэнурамэ, къызыхэкӀа и лъэпкъым папщӀэ куэд дыдэ хузэфӀэкӀащ Бэрбэчым, нэхъыбэжми пэлъэщынут, ауэ хунэсакъым.

**ЩЭРДАН Ӏэбу,**
*филологие щӀэныгъэхэмкӀэ доктор,*
*КъБКъУ-м и профессор*
*2011*

# ЦIЫХУБЭМ ФIЫКIЭ ЯГУ КЪИНЭЖА

Бэрбэч ХьэтIутIэ си къуажэгъуу икIи си ныбжьэгъуфIу щытащ. Ди Аушыджэр жылэжьым дэт курыт школым дыщызэдеджащ. ИужькIэ, 30 гъэхэм я пэщIэдзэхэм, ди гъуэгуанэхэр зэхэкIащ икIи куэдрэ дызэримыхьэлIэу екIуэкIащ. ХьэтIутIэ Налшык дэт педтехникумым щIэтIысхьащ. Зэман дэкIри, сэри а еджапIэм сыкIуащ, ауэ абы щыгъуэ Бэрбэчыр Ленинград щеджэрт.

Дэ тIур дыщызэхуэзэжар Хэку зауэшхуэм и зэманырщ. ХьэтIутIэ партым и Налшык къалэ комитетым и секретару лажьэрт, сэ Совет район комитетым и къудамэм сриунафэщIт. Лэжьыгъэ IуэхукIэ щIэх-щIэхыурэ дызэрихьэлIэрти, ХьэтIутIэ си гъащIэр зэрекIуэкIым щIэупщIэрт, зауэм къыхэсха уIэгъэ хьэлъэм тегузэвыхьырт. А илъэсхэм сэ куэдрэ сыщыхьэщIащ Къэбэрдей уэрамым тета абыхэ я унэм. Дэ куэдрэ дыуэршэру дызэбгъэдэст, и дзыхь къызигъэзырт.

Налшык сыкъагъакIуэу республикэм и радиокомитетым и тхьэмадэу сагъэува нэужь, дэ нэхъыбэрэ дызэхуэзэ хъуат. Идеологием теухуауэ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм сыхэткIэрэ, сэ си нэгу щIэкIащ си къуажэгъум, ныбжьэгъум и парт лэжьыгъэр зэрызэфIэувар, коммунистхэм я деж ХьэтIутIэ и пщIэр зэрыщылъагэр.

Бгъэдэлъ щэнхабзэмрэ щIэныгъэ куумрэ зыхэт гупым ар куэдкIэ къыхагъэфIыкIырт. ХьэтIутIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэри къызыхуэтыншэу зэфIигъэкIыфырт. Езым и фейдэ зыхэлъ гуэр абы къыхигъэкIыну игу къэмыкIыххэу, Iуэхум гурэ псэкIэ бгъэдыхьэрт, пэжым, захуагъэм дапщэщи я телъхьэт.

Бэрбэч ХьэтIутIэ хыхьэхэкI зиIэ, дэтхэнэ зыми зэрепсэлъэну бзэр къыхуэзыгъуэтыф, студент щIалэгъуалэр фIыуэ зылъагъу, абыхэм пщIэ яхуэзыщI цIыху гъуэзэджэт. Лекцэ нэужьым къыхуихуэ зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэхэм ар студентхэм къаухъуреихьауэ яхэту куэдрэ плъагъурт. Апхуэдэхэм деж ар тепсэлъыхьыжырт къызэджа лекцэхэм е гъащIэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ студентхэм яжриIэжырт. Студентхэми егъэджакIуэхэми Бэрбэчыр фIы дыдэу къалъагъурт. Абы и щыхьэтщ ХьэтIутIэ дунейм ехыжа нэужьи университетым и студент общежитым абы и сурэт куэд ущрихьэлIэу зэрыщытар.

Хэлъ цIыхугъэ инырт, зыхэпсэукI зэманым декIуу зэрыщытырт, дуней еплъыкIэ къулей зэриIэрт, дауи, ХьэтIутIэ куэдым я гум щIынэсыр. Бэрбэчыр зыцIыхуа, абы хуэзэну, епсэлъылIэну зи насып къикIа дэтхэнэми, шэч хэлъкъым, ар фIыкIэ и гум къызэринам.

**КЪАРДЭН Башир,**

*КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и декану щыта,*

*Хэку зауэшхуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеран*

*1998*

# И ВАГЪУЭР НОБИ МАБЛЭ

Аушыджэрыр – Бэрбэч лъэпкъым я лъахэщ. Бэрбэч МутIэ и бынхэр адрейхэм къахэщырт еджэным, щIэныгъэм хуаIэ ерыщагъымрэ лъагъуныгъэмкIэ. «Си бынхэм къыхахыну IэщIагъэр Тхьэшхуэм ещIэ, ауэ абы нэхърэ нэхъ согъэнэхъапэ цIыхугъэрэ пэжагъыу абыхэм зыхалъхьэнум и куэдагъыр», – жиIэрт нэхъыжьыфIым.

МутIэ и къуэхэу Жылэбий, ХьэтIутIэ, Темыркъан, Нэгъурбий, Токъан сымэ я балигъ хъугъуэм лъэхъэнэщIэ къэунэхуащ, икIи дэтхэнэ зыми езым и псэм фIэкъабыл IэщIагъэр Iэпэгъу ищIащ. ЩIалиплIым ящыщу зыми къигъэукIытакъым адэр, Бэрбэчхэ я лъэпкъ напэми ныбжь жагъуэ трагъэдзакъым. Зэшхэм я нэхъыжь Жылэбий Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм яхэтащ Сталинград деж бийр щызэтезыIыгъахэм, и псэри ТекIуэныгъэм щIитащ. Мэкъумэш хозяйствэр щIыналъэм щызэтегъэувэным и гуащIэшхуэ хилъхьащ экономист Iэзэ, щIэныгъэлI щыпкъэ Темыркъан. ХьэтIутIэрэ Нэгъурбийрэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыхуалъхуа хуэдэт. Нэгъурбий щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, и псэр зыхуеIэ IэнатIэм пэрыуващ. Ар егъэджакIуэу къуажэ школым къащтащ.

ХьэтIутIэ и япэ дерсхэм ирихьэлIащ парт лэжьыгъэшхуэ зэфIихауэ. ЩIэныгъэфI Ленинград щызригъэгъуэта нэужь, ар лэжьащ партым и обкомым и лектору, абы и къудамэм и унафэщIу, секретару. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIым и лекцэхэр егъэлеяуэ купщIафIэт, гъэщIэгъуэну, студентхэр псэкIэ итхьэкъуу зэхалъхьат ахэр.

– ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ къызыщIах егъэджэныгъэ IэнатIэхэм я фIагъымрэ мыхьэнэмрэ псом япэ зэлъытар абы щезыгъаджэ лекторхэм я Iэзагъымрэ я гупсысэм и кууагъымрэщ, я дуней еплъыкIэм и къулеягъымрэ къэухьым и гъунапкъэншагъымрэщ, – жиIэрт ХьэтIутIэ. – Техникэ Iэмэпсымэхэм сыт хуэдизу замыужьми, ахэр егъэджакIуэм и пIэм зэи иувэфынукъым: гупсысэкIэкIэ, гукъыдэжкIэ, студентымрэ езымрэ яку дэлъ псэ хуабагъымкIэ. Егъэджэныгъэм хэт а лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэр нэхъ куу, быдэ хъухукIэ, зым къулеягъыу бгъэдэлъыр адрейм нэхъ щIэх иритыфынущ.

Егъэджэныгъэ IэнатIэм КъБКъУ-м япэу щыпэрыуvауэ арами, а зэманым ирихьэлIэу ХьэтIутIэ и щIыбагъ къыдэлът щIэныгъэкъэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ. Абы щыхьэт техъуэ тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ абы. Бэрбэч ХьэтIутIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет лъэхъэнэм теухуа къэхутэныгъэхэр япэу нэсу езыгъэкIуэкIар. А темэр шэщIауэ къызэпкърызых щIэныгъэ лэжьыгъэ 20-рэ монографиеу 2-рэ зэман кIэщIым кърикубыдэу дунейм къытехьащ.

ЩIэныгъэлIхэм мыхьэнэшхуэ иратауэ щытащ ХьэтIутIэ и «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкIуар» монографием. «СССР-м и тхыдэ» журналым абы теухуауэ 1964

гъэм къытехуащ тхыгъэ щхьэхуэ. «Бэрбэч ХьэтIутIэ и монографием щIыпIэшхуэ щеубыд къэралпсо тхыдэр джынымкIэ екIуэкI къэхутэныгъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щапхъэмкIэ зэпкърыхауэ къэгъэлъэгъуа хъуащ совет лъэхъэнэм къриубыдэу лъэпкъ цIыкIухэм ягъуэта зыужьыныгъэм и инагъыр», – къыхэщырт тхыгъэм.

Бэрбэчыр куэдрэ ирагъэблагъэрт къэралпсо, дунейпсо щIэныгъэ зэхыхьэхэм. Абыхэм я утыку екIуу къыщыпсалъэрт, къедаIуэ псори къыдихьэхыу. КъухьэпIэ лъэпкъхэм я 24-нэ Дунейпсо конгрессыр щекIуэкIым щыгъуэ, ди къэралым и лIыкIуэу а зэIущIэшхуэм къыщыпсэлъэну зыхуагъэфэщар профессор Бэрбэч ХьэтIутIэт. Ар адыгэ щIэныгъэлIым къыхуащI пщIэшхуэр къэзыгъэлъагъуэт. Хамэ къэралхэм къикIа щIэныгъэлI куэдым яфIэтелъыджэ хъуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ цIыкIум апхуэдиз Iэзагъэрэ щIэныгъэрэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлI щыпкъэ зэриIэр. Анкара университетым ислъамымкIэ и кафедрэм и унафэщI Велиди Зеки игъэщIагъуэрт Бэрбэчым и Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэ тхыгъэхэр гупсысэ куурэ къэIуэтэкIэ екIукIэ зэрыгъэнщIар, езыри республикэм и къэрал университетым и къызэгъэпэщакIуэу икIи и унафэщIу зэрыщытыр.

СощIэж, 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкэрым щекIуэкIауэ щытащ цIыху 1500-рэ зыхэта республикэпсо зэхуэсышхуэ. Университетым щыщу цIыхуи 101-рэ Iуащхьэмахуэ и щыгум абы щыгъуэ дэкIат. Бгыщхьэ уардэм къеплъыхыу зи Хэкум къиплъэ гупым яхэтт КъБКъУ-м и япэ ректор, хэкупсэ нэс Бэрбэч ХьэтIутIи.

ЩIэныгъэлI Iэзэ къудей мыхъуу, и гупсысэкIи, и Iуэху зехьэкIэкIи, и дуней еплъыкIэкIи щэджащэт ХьэтIутIэ. И къаруи и зэмани щысхьакъым ар бын пэлъытэу иIа университетыр егъэфIэкIуэнымкIэ. Ректорыр сыт щыгъуи хущIэкъуащ КъБКъУ-р – лъэпкъ IэщIагъэлIхэр щыгъэхьэзыр кIыщыр – езым хуэдэхэм фIыкIэ къахэщыным. Зэманыр и щыхьэтщ ар абы зэрыхузэфIэкIам. Бэрбэч ХьэтIутIэ игъэтIылъа щIэныгъэ лъабжьэм ноби зеужь, зеукъуэдий, мэбагъуэ.

ХэкулI, щIэныгъэлI щэджащэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и вагъуэр ноби маблэ.

**ЛЕСЕВ Виталий,**
*КъБКъУ-м щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и проректор*
*1987*

## КЪЭКIУЭНУМ ХУЭЛЭЖЬАЩ

Адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы еупщIат, жи, «Хэт лIыфIу тлъытэнур?» – жаIэри. «Зэманым декIур лIыфIщ», – жэуап итыжыгъат а лIы Iущым.

Жэуап кIэщIхэм, зэрыхабзэщи, зэпкърыпхыжын хуейуэ къагъэув. Сыту пIэрэ-тIэ Жэбагъы «Зэманым декIур лIыфIщ» жэуапымкIэ жиIэну зыхуеяр? Абы и щапхъэ нэсщ Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и

къуэм и гъащӀэ купщӀафӀэр. ХьэтӀутӀэ нэсу къыгурыӀуащ зыхэпсэукӀ лъэхъэнэм къигъэув къалэнхэр, япэ иригъэщ Ӏуэхугъуэхэр. Ахэр и тегъэщӀапӀэу, абы хузэфӀэкӀащ пщэдейрей махуэм лъэпкъым къыпигъэтӀылъыну Ӏуэхугъуэхэм япежьэу абыхэм ящыщ куэд зэфӀихыну. КъэкӀуэну зэманым хуэлэжьащ а парт, къэрал къулыкъущӀэ ӀэкӀуэлъакӀуэр.

Языныкъуэхэм къазэрыщыхъумкӀэ, «зэманым декӀур» ар цӀыху жыӀэщӀэу, нэӀурыту, жыӀэдаӀуэу щытхэрщ. Апхуэдэ цӀыхухэм жэрдэм гуэри къабгъэдэкӀыркъым, ахэр «псы ежэхым зыдехь», зыми зэран яхуэхъуркъым, езыхэри къизыдзащэ щыӀэкъым. Къохъур ахэр «ищхьэмкӀэ къыщыдридзей», къулыкъушхуэхэр хуэмыфащэу щаӀэрыхьэ. Апхуэдэхэм деж абыхэм пщӀэи щхьэи куэдым хуащӀынукъым, а ягъуэт мащӀэри, дыгъэпсым хэткӀухьыж пшагъуэм хуэдэу, кӀуэдыжынущ, унафэр зэрыӀэщӀахыу.

Бэрбэч ХьэтӀутӀэ зыгуэрым зыхуигъэщхъын дэнэ къэна, езы зэман дыдэр къэзыгъэӀурыщӀэфа цӀыху телъыджэт. Пединститутыр университет ищӀыну мурад щищӀам щыгъуэ, шэч хэлъкъым, куэдым я гугъащ а гупсысэм лъабжьэ имыӀэу икӀи мызыгъуэгукӀэ ар зыми хузэфӀэмыкӀыну. Акъыл шэщӀарэ гупсысэ куурэ зыбгъэдэлъ адыгэлӀыр къыпикӀуэтакъым гъащӀэм, цӀыху гуэрхэм къыхуагъэува лъэпощхьэпохэм. ЩӀыналъэ псом щыяпэ, ӀэщӀагъэ куэдым щыхурагъаджэ университет Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщызэӀуихам и мызакъуэу, зэман кӀэщӀым къриубыдэу ар Бэрбэчым ищӀыфащ есэпымкӀэ, техникэмкӀэ, гуманитар унэтӀыныгъэхэмкӀэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр икӀи купщӀафӀэхэр щызэфӀах щӀэныгъэ центр ин.

Зы пщалъэ гуэрми тыншу пхуимыгъэзагъэ лэжьыгъэшхуэ лъэпкъми къэралми яхуэзылэжьа цӀыхущ Бэрбэч ХьэтӀутӀэ. Абы и цӀэр, и феплъыр зэи мыкӀуэдыжынщ, сыту жыпӀэмэ Бэрбэчым и цӀэр къызыхэщыр ди университетым и фӀэщыгъэм и закъуэкъым, атӀэ а унэцӀэр хэтщ унэтӀыныгъэ зэмылӀэужьыгъуэхэм къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызыгъэщӀа щӀэныгъэлӀхэм я къалэмыпэм къыпыкӀа тхыгъэхэм. Нэхъыщхьэжыращи, ХьэтӀутӀэ и цӀэр я гум илъщ ар зи пашэу щыта еджапӀэ нэхъыщхьэр къэзыуха ӀэщӀагъэлӀ минхэм: егъэджакӀуэхэми, агрономхэми, зоотехникхэми, инженерхэми, дохутырхэми, нэгъуэщӀхэми.

Иджыри илъэсищэ куэдкӀэ псэунщ Бэрбэч ХьэтӀутӀэ и цӀэр.

**ГЪУТ Ӏэдэм,**
*филологие щӀэныгъэхэмкӀэ доктор*



## И МУРАДЫР ЗРИГЪЭХЪУЛӀАЩ

Грековым и цӀэр зэрихьэу Ростов дэт художественнэ училищэр къэзуха нэужь, сэ Налшык сыкъэкӀуэжат. Хэку зауэшхуэм и лъэужьхэр иджыри мыгъущыпауэ, хьэлъэт зэманыр. СурэтыщӀхэм хэхауэ

яIэтэкъым щылэжьэн мастерской гуэри. Апхуэдэ плIанэпэ куэдрэ къэслъыхъуа нэужь, сэ мастерской сщIыну къысхуагъэлъэгъуащ ди еджапIэ нэхъыщхьэм и тхыдэ-филологие факультетым и щIыунэр. Сэ арэзы сыхъуащ икIи сигури си псэри зыхьэхуа гъуазджэм хуэлэжьэн щIэздзащ. Дауи, а унафэр зыщIар Бэрбэч ХьэтIутIэт.

ХьэтIутIэ щIэх-щIэхыурэ къакIуэрт си мастерскойм. Абы фIэгъэщIэгъуэнт гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэзгъэхьэзыр си сурэтхэр. Ар езыр цIыху гуапэт, фIы дыдэу къысхущытт икIи тегузэвыхьырт си хэщIапIэр нэхъри егъэфIэкIуа зэрыхъунум.

Пединститутыр и лъабжьэу ди республикэм университет къыщыщызэIуихынум щыгъуэ, Бэрбэчым лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Ар щIэх-щIэхыурэ Москва кIуэрт, абы щахуэзэрт къэрал унафэщIхэм икIи къагуригъаIуэрт ди щIыналъэм университет къыщызэIухыныр Iэмал зимыIэ Iуэхуу зэрыщытыр. Сыту жыпIэмэ зызыужь, зызыузэщI республикэм езым и лъэпкъ IэщIагъэлIхэр иIэжын хуейт. И мурадым ерыщу пэщIэтащ ХьэтIутIэ, ар зригъэхъулIэхукIи етIысэх иIакъым. Дыщызэхуээзэхэм деж ар тепсэлъыхьыжырт Ворошиловым, Микоян сымэ я деж зэрыщIыхьам икIи зытекIухьа Iуэхур къыдаIыгъыну абыхэм къызэрагъэгугъам.

Ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэр екIуу зэфIигъэкIащ Бэрбэчым. Абы ди деж къыщызэIуихыфащ Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ къэрал университетыр, езыри абы и япэ ректору ягъэувыжащ.

Гъэхэр блэлъэтащ, къру гупым ещхьу. Бэрбэчым зи лъабжьэ игъэтIылъа университетми нобэ хъарзынэу зиужьащ, ехъулIэныгъэхэр зыIэригъэхьэу цIыхубэм яхуолажьэ. Сэри гъуазджэм лъэ быдэкIэ сыхэуващ. БлэкIа илъэсхэм къэзгъэщIа сурэтхэм, фэеплъ пхъэбгъухэм ящыщ куэд яхуэзгъэпсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм, абы хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыхушхуэхэм. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэлI щэджащэ, цIыху къызэрымыкIуэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэман, хэкупсэ нэс Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм и фэеплъу сщIа барельефри. Ар фIадзащ ХьэтIутIэ щыпсэуа унэм и блыным. Си фIэщ мэхъу: Бэрбэчым и гъащIэм, абы зэфIиха лэжьыгъэшхуэхэм зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми щыгъуазэ ди цIыхухэм нобэми фIыщIэ хуащI а адыгэлI телъыджэм. Езыри цIыхухэм къахоплъэ гуапагъэрэ нэхугъэрэ къызыщIих и нэ дахитIымкIэ.

**ТХЬЭКIУМАШЭ Михаил,**
*УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI*

## И НИТIЫМ ГЪАЩIЭРЭ АКЪЫЛРЭ ЩIЭЗТ

Къэбэрдей къэрал пединститутым и студентхэр гъэмахуэ псом Къэзахъстан щIыщIэхэм дыщылэжьауэ, 1957 гъэм и бжьыхьэм дыкъызэхуэсыжат. ДыкъыздекIуэлIэжа еджапIэ нэхъыщхьэр, къызэрыщIэкIамкIэ, иджы ящIат Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал уни-

верситет. Япэ дыдэу Кавказ Ищхъэрэм къыщызэIуаха университетыр дыдейр арат. Дэ фIыщIэшхуэ хуэтщIырт апхуэдэ гулъытэкIэ къытхуэупса ди къэрал правительствэм, ауэ зэкIэ хэтщIыкI щыIэтэкъым а псори къызэрыхъуа щIыкIэм. Ар къыщытщIар еплIанэ курсым дыщеджэу ди университетым и ректору Бэрбэч ХьэтIутIэ щагъэуварщ. Ар дэ лекцэ къытхуеджэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм теухуауэ.

Бэрбэчыр хуабжьу лIы зэкIужт: и нэгур зэлъыIухат, и нитIым гъащIэрэ акъылрэ щIэзт, абыхэм щIэплъагъуэрт ар зэрыхахуэр, зыхуейр, зыхущIэкъур фIыуэ зыщIэж цIыхуу зэрыщытыр, и щхьэри зыгуэрым хуигъэлъэхъшэну игу зэримылъыр. Тхъугъэ мащIэ зыхидза и щхьэц Iувыр хуэлъаджэу щIэщат. Бэрбэчым екIупст сыт хуэдэ щыгъын щIитIагъэми: кIэстум зэфIэтри, бгырыпхыбгъуэ зыщIэкъуза галифери.

Дэ, адыгэ студентхэр, хуабжьу дригуфIэрт апхуэдэлI ди еджапIэм и тет зэрыхъуам, ар и лъэпкъри и щхьэри лъагэу зылъагъуж цIыхуу зэрыщытым дрипагэрт.

ХьэтIутIэ лекцэ къыщытхуеджэкIэ, куэдкIэ деупщIырт. Ди лъэпкъым и тхыдэм хэтщIыкIышхуэ щыIэтэкъым, абы зыщIыпIи щыхурагъаджэртэкъым. Бэрбэчым щыгъуазэ дыхуищIырт а гъэхэм я гугъу пщIыну иджыри дзыхьщIыгъуэджэу щыт, яущэхуурэ къекIуэкIа Iуэхугъуэ куэдым. Псалъэм папщIэ, «тройкэм» и унафэ къудейкIэ, я суд ямыщIэу ди республикэм щыщ цIыху куэд лажьэ ямыIэу зэрагъэкIуэдам, зэраукIам къытхутепсэлъыхьыжырт ХьэтIутIэ. НэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдми щыгъуазэт ар. Абы къыджиIэ псоми дэ, щIалэгъуалэм, ди зэхэщIыкIым зрагъэузэщIырт, ди гупсысэм зрагъэужьырт, ди щIэныгъэм хагъахъуэрт, дунейм, езы гъащIэм нэхъ жану дыпхагъэплъырт.

ЕплIанэ-етхуанэ курсхэм сыщыщIэсам, сэ ди факультетым и студентхэм я профсоюз бюроым сриунафэщIти, си къалэнхэм хыхьэрт студентхэм я псэукIэм, я еджэкIэм зыщызгъэгъуэзэныр. Зы егъэджакIуэ гуэрым студент куэдым оценкэ Iей яхуигъэувырти, стипендие къаригъэхьыртэкъым. А Iуэхум теухуа зэхыхьэшхуэ диIэу сыкъэуври жысIащ: «Неуд» къахьыну аракъым студентхэр щIеджэр, атIэ щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну арами, егъаджэ, ар нэхъ къогугъуэкIыну пэтми». Бэрбэчыр ди зэхуэсым щIэсти, дыхьэшхри Iэгу еуащ. Студентхэри аратэкъэ зыхуеиххэр! Iэгур япхъуатэри яIэтащ. Абы иужькIэ а егъэджакIуэм щигъэтат апхуэдэу «жумарту» оценкэ Iейхэр кърингуэшэкIын, и лекцэхэри нэхъ гъэщIэгъуэн, нэхъ куу хъуат. Дауи, хуищIэу епсэлъат абы Бэрбэчыр.

Сэ сропагэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хуэдэ адыгэлI нэсым, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъам университетыр къыщызухам щыгъуэ, диплом плъыжьыр и IэкIэ къызитауэ зэрыщытам. А лIы щэджащэм хуэфащэ щIэблэ дапщэщи къырырехъуэ ди республикэм.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ*
*2015*

## ЦIЫХУ ЩЫПКЪЭ

ЦIыхубэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтын IуэхущIапIэ ди республикэм къыщызэгъэпэщынымкIэ къыпхуэмылъытэным хуэдиз фIыщIэ зыхуэфащэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ Бэрбэч ХьэтIутIэ.

Политик Iущ, узэщIакIуэ щэджащэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр зэфIэзыгъэува икIи абы и япэ ректор Бэрбэчыр сыт и лъэныкъуэкIи я щапхъэт Кавказым щыпсэу цIыхухъухэм. Абы хуэдэ нэгъуэщI цIыху щыпкъэ сэ зэи срихьэлIакъым.

**КЪАРДЭН Къубатий,**
*Совет Союзым и ЛIыхъужь*
*1991*

## ЛЪЭПКЪЫМ И КЪУЭ ТЕЛЪЫДЖЭ

Адыгэ лъэпкъ уардэм и къуэ телъыджэщ Бэрбэч ХьэтIутIэ. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ лъэпкъ IэщIагъэлIхэр къэралым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хуэгъэхьэзырынымкIэ.

**ЯШВИЛИ Нугзар,**
*Грузие ССР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1965*



## ЖИIАМ ТЕБГЪУЭТЭЖЫРТ

Бэрбэчыр цIыху гъуэзэджэт. Ар сыт щыгъуи зэкIужу хуэпат, езыр нэжэгужэт, жиIам тебгъуэтэжырт, фIэщхъуныгъэ ини хэлът. ХьэтIутIэ и къэпсэлъэныгъэхэм удахьэхырт. Нэрылъагъут зи гугъу ищIым фIыуэ зэрыхищIыкIыр. И гупсысэхэри къиIуэтэфырт бзэ шэрыуэкIэ, купщIафIэкIэ.

**БЕЗРОДЬКЭ Фёдор,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*1996*

*Бэрбэч ХьэтIутIэ хужаIахэр тедзэным хуэзыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

*Журналист Бэрбэч Борис илъэс 70 ирокъу*





# ГУГЪУЕХЬХЭМ ЯПСЫХЬА НАСЫП

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и обозреватель Бэрбэч Борис Iэуес и къуэр ди щIыналъэм фIыуэ къыщацIыху, абы и политикэ, нэхъыбэу мэкъумэш IэнатIэм я Iуэху нэхъыщхьэхэм сытым дежи жыджэру хэт IэщIагъэлI цIэрыIуэщ. Илъэс 50-м нэблэгъащ Борис журналист лэжьыгъэм зэрыпэрытри, зэи къэхъуакъым абы и къалэмыр щыубзэщхъуа, жиIэну зыхуейр, щIэджыджакIуэхэм я деж нэгъэсыпхъэр тыншу, гурыIуэгъуафIэу, абы щыгъуэми «папцIэу» щынимыхьэса. Зы газет номер къыдэкIыркъым Бэрбэчым и тхыгъэ темыту, а IэдакъэщIэкIхэм цIыху къыщыпэмыджэжи, щытхъу, фIыщIэ псалъэ къыщыпэмыкIуи къэхъуркъым. Ди лэжьэгъум къыщалъхуа махуэр зэригъэлъэпIар, цIыхухъум «лIыпIэ иуващ» щыхужаIэ ныбжьым зэрынэсар къэдгъэсэбэпри, абы депсэлъылIащ.

## ГъащIэ гъуэгуанэм и щIэдзапIэхэр

Бэрбэч Борис къыщалъхуар къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэ унагъуэщ, и адэр илъэс 45-кIэ колхозым щылэжьауэ, и анэр илъэс 30-кIэ хьэмфIанэр иIыгъыу губгъуэм итауэ. ЗэрыбыниплIым – зы хъыджэбзымрэ (ди жагъуэ зэрыхъунщи, псэужкъым) щIалищымрэ я нэхъыжьщ

Борис. Сабий кIэщIущти, сытми хуэнабдзэгубдзаплъэт, хуэнэхъуеиншэт. И адэм зэпымыууэ Iэ зыщIидз, зи къыдэкIыгъуэу хъуар зэхуихьэс «Правда» газетымкIэщ щIалэ цIыкIум еджэкIэ зэрызригъэсар. Илъэситху щыхъум хуиту тхыгъэхэм къеджэрт, есэпымкIэ бжыгъэхэр зэрагъэбагъуэ таблицэр гукIэ ищIэрт.

Зэчий убгъэдэлъкIэ, зэфIэкI уиIэкIэ зэфIэкIыркъым, абы укъэзыухъуреихьхэм гу лъатэу уаунэтIын хуейщ. Апхуэдэхэр мымащIэу иIащ Борис икIи нобэр къыздэсым ахэр фIыкIэ игу къегъэкIыж. Хуэарэзыуэ игъащIэкIэ зи фIыщIэ хуэмыпшыныжынухэм ящыщу я цIэ къреIуэ щыцIыкIу дыдэм еджэкIэ езыгъэщIа я урыс нысэ Марие – Жэмтхьэлэ къуажэм дэс и адэ къуэшым и щхьэгъусэм, апхуэдэуи школым щIэныгъэ щезыгъэгъуэтахэм: и япэ егъэджакIуэ Бицу КIулэ, Губэч-Щтым Людмилэ, Бэрбэч Жылэбий, Бэрбэч Рае, Шэрджэс Жануэс, Гъут Хьэжы, школым и унафэщIу щыта Къущхьэ Пётр сымэ. Мыдрейуэ гъащIэм щынэхъыщхьэ, щынэхъ лъапIэ адэанэр.

– Ди адэм куэд дыдэ къысхилъхьащ сэ. Языныкъуэхэм и деж си къуэшхэмрэ си шыпхъумрэ тхьэусыхэрт гулъытэ нэхъыбэ къызэрысхуищIым щхьэкIэ. Москва къэрал университетым сыщIэтIысхьэн мурад щысщIам, сыгузавэрт и мэкъумэшыщIэ улахуэмкIэ къалэшхуэм сыщримыгъэджэфынкIэ. «Абы щхьэкIэ умыгузавэ. Уи анэмрэ сэрэ тлъэкI къэдгъэнэнкъым узыхуей ухуэдмыгъэныкъуэн папщIэ. Ауэ ди напэр тепхауэ къыумыгъэзэж, тэмэму еджэ, узыхэтым яхэзагъэ», – къызжиIат. Си анэр нэхъ IэнатIэ гугъу, улахуэ нэхъыбэ къыщихьын кIуэщ, я бгыр нэхъри щIакъузэри, срагъэджащи, сахуэарэзыщ, къысхуащIар сыпсэухуи сщыгъупщэнукъым, – жеIэ Борис.

«Тху» защIэу зэреджэм къыдэкIуэу, егъэджакIуэхэм къыгурамыгъэIуа, классыр здынэмыса лэжьыгъэхэри ищIыжырт Борис. Арат ар етхуанэ классым иужькIэ занщIэу ебланэм ягъэкIуауэ щIыщытар. Тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, зыхэсахэм къыхагъэтIысхьэжащ ар, и адэм и унафэкIэ. «Си щIалэм сабиигъуэ тэмэм иIэмэ нэхъыфIщ», – жиIат абы. «Пэжыр жысIэнщи, си ныбжьэгъухэм япэIэщIэ сызэрыхъуар сфIэфIтэкъым сэри, арат си адэм и жыIэм сыщIыщыгуфIыкIар, – игу къегъэкIыж Борис. – ИлъэсипщIми сахэсащ нобэми гуапэу си гум илъ, пщIэ зыхуэсщI-къысхуэзыщIыж гупым. Си щхьэ сыщытхъужу щIэджыкIакIуэхэм къащыхъуну сыхуейкъым, ауэ есэпымкIэ къэпщытэныгъэ лэжьыгъэ щыттххэм и деж, дакъикъэ 20-25-м вариантитIри сщIыжырти, классым яхуэзгуэшынуи сыхунэсырт. Апхуэдэу симыгъэщIэн щхьэкIэ, и дерсыр иухыхукIэ хьэуа къабзэкIэ школ пщIантIэм сыщыбэуэну къызжиIэрти сыкъыщIигъэкIырт егъэджакIуэ ткIий икIи гумызагъэ Шэрджэс Жануэс.

Бэрбэчым зэрыжиIэмкIэ, къыIэщIыхьэ тхылъхэм, псалъэм папщIэ есэпымкIэ, ит лэжьыгъэхэр зэрыщыту ищIыжырти, тетрадым иту игъэтIылъырт, «илъэс псом школым щыпщIэнур сыт?» – жиIэу и адэр къызэрешхыдэм щхьэкIи къимыгъанэу.

– Зыми сыхигъэзыхьыртэкъым сэ, гугъу сыдемыхьу сызэрыпэлъэщыр арагъэнт щIысфIэгъэщIэгъуэныр, – жеIэ Борис. – Псалъэм и хьэтыркIэ жысIэнщи, еянэ классым сыщыщIэсым Есениным и «Анна Снегина» поэмэр  гукIэ сщIэрт. Къуажэ библиотекэ бэлыхь диIэти, ебгъуанэ, епщIанэ классхэм сыщыщIэсым урыс классикэ, хамэ къэрал литературэхэм ящыщ тхылъу сызэмыджа къыщIэнагъэнтэкъым, апхуэдизкIэ художественнэ тхыгъэхэм сыдахьэхырти. Абы щIэт Iэпщацэхэ Зое дызэджахэр итхырти, школым иригъэхьырт. ЗэгурыIуэныгъэ гуэр яIэ къыщIэкIынт тхылъ еджэным дыдрагъэхьэхынымкIэ. Школ библиотекэм щIэтт си анэм и нысэгъу Бэрбэч Хьэужан. Абы къеIысха тхылъыр щыхуэсхьыжкIэ, сигъэунэхуу сыкъызэджар жызигъэIэжырти, игъэщIагъуэу: «зэритым къызэрыщхьэщыкI щымыIэу къеIуэтэжыф», – къыжриIэрт ди адэм. А сызэджахэрами, нэгъуэщI зыгуэрми тхьэм ещIэ, ауэ а гурыхуагъэр сиIэщ нобэр къыздэсым. Етхуанэ классым сыщыщIэсам къыщыщIэдзауэ псори гъэхуауэ сощIэж, иджыпсту зэхэсх-слъагъухэр си гум изубыдэнымкIи гугъу сехьыркъым.

Иджыри зы Iуэху гъэщIэгъуэн къызжиIэжащ Борис. Тхыдэмрэ обществоведенэмкIэ ар иригъаджэрт лIэщIыгъуэ ныкъуэкIэ школым щылэжьа, и дерсыр фIы дыдэу ящIэн зэрыхуейм фIэкIа зыри зыхэмызагъэ Гъут Хьэжы. ЕджапIэр къыщаухым щыгъуэ ята экзаменым абы «тIу» щыхуигъэуват Борис и ныбжьэгъуфI щIалэм. И анэр зэришыпхъуми, школым и унафэщIыр яхэту цIыху куэд къызэрелъэIуами къикIаIатэкъым.



– ГъэщIэгъуэныр а экзамен дыдэм, къызэмыупщIыххэу, «тху» зэрыщысхуигъэуварт, – жеIэ Борис. – КъэпщытакIуэ гупым хэтхэми район псоми яфIэтелъыджэ хъуат ар. Егъэджэныгъэ IэнатIэм зэрыпэрыта илъэсхэм кърииубыдэу а зэрат апхуэдэу къызэрыхъуар. Зи гъащIэ псор щIэблэр гъэсэным щхьэузыхь хуэзыщIа а егъэджакIуэ ткIий дыдэм си зэфIэкIыр апхуэдэу лъагэу къызэрилъытар нобэми си напщIэм телъщ, срогушхуэ.

ФIыуэ еджэрт, зэраншут икIи сабий гупцIанэт Борис. Ар къегъэлъагъуэ тхыдэмкIэ я егъэджакIуэ Шэрджэс Мухьэмэд хуащIауэ щыта Iуэхутхьэбзэм. ЗэрыщIалэ закъуэр, и къарукIэ унэ ищIыну къыщIидзауэ абы зэрелIалIэр илъагъурти, Борис абы еупщIащ «зыгуэркIэ дыбдэIэпыкъуэн?» жиIэри. Унэ лъабжьэр игъэтIылъауэ, абы мывэрэ пшахъуэмрэ из щIын хуейуэ арати, щIалэ зытIущ гъусэ ищIщ, гуцIыкIу къагъуэтри, махуитIым и кIуэцIкIэ Iуэхур хузэфIагъэкIауэ щытащ.

## IэщIагъэм и лъабжьэр

ЕгъэджакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнт щIалэщIэм IэщIагъэу къыхихынур. Дерс псоми зэхуэдэу фIыуэ зэрыхэзагъэм къыдэкIуэу, ар футбол Iэзэу джэгурт, бэнэкIэ хуитымкIэ ехъулIэныгъэхэр иIэт, дахэу къафэрт, школым и блын газетыр игъэхьэзырырт, районым къыщыдэкI газетми щIэх-щIэхыурэ яхуэтхэрт.

– Быным сранэхъыжьти, си адэ-анэр лэжьапIэм къимыкIыж щIыкIэ пхъэ скъутэн, хьэкум мафIэ исщIэн, псыхъуэм псы къисхын (бжьамийкIэ Аушыджэр псы щызэбграшар еянэ классым сыщIэсущ), шейнычыр къэзгъэвэн, Iэщхэмрэ джэдкъазхэмрэ зыхуей хуэзгъэзэн хуейт. Ахэр сщIэрт зэпымыууэ щIэгъэна радио цIыкIум сыщIэдэIуурэ. «Международный дневник» зи фIэщыгъэ нэтыныр ирагъэкIуэкIырт къэрал псом къыщацIыху журналист Iэзэхэу Зорин Валентин, Овчинников Всеволод, Беглов Спартак сымэ. Сэ къысщыхъуырт ахэр зыщымыгъуазэ дунейм темыту, политикэ Iуэхуу хъуар зэфIагъэкIыу икIи сыщIэхъуэпсырт ящхь сыхъуну, – жеIэ Борис.



**МГУ-м и журфакым къыщыдеджэ, Молдавием щыщ хъыджэбзхэр и гъусэу.** *1978*

Ломоносов Михаил и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым (МГУ) журналистикэмкIэ и факультетым Борис щыщIэтIысхьэм, зы цIыхум и пIэм 28-рэ итт. БаллыфI уиIэным къищынэмыщIа (Борис зы «плIы» закъуэ фIэкIа хэмыту итат узэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр), журналистикэм илъэситIкIэ ущылэжьауи щытын хуейт.

– Сэ а илъэситIыр сиIэтэкъым – школ нэужьым си нэм сэкъат игъуэтри, илъэскIэ ар згъэхъужын хуей хъуат. Сызыхэхуа Iуэху зэIумыбзым сыкъыхишащ СССР-м и Правительствэм и къулыкъущIэу щыта, а зэманым ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Лъостэн Владимир. Абы квотэ къысхудихщ, «Ленин гъуэгу» (иджыпсту «Адыгэ псалъэщ») газетым и редактор нэхъыщхьэ Мэзыхьэ Борис республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къабгъэдэкI щытхъу тхыгъэ схуитри, сыкъащтауэ щытащ. ЕджапIэ лъэщым сыщIэтIысхьэным и унафэр къэзыщтар академик щIалэ, МГУ-м и ректор, Лъостэным и ныбжьэгъушхуэу щыта Хохлов Ремщ. Бгым дэкIыныр зи лъым хэт а щIалэр 1979 гъэм Памир къуршым щыхури иукIащ. Факультетым и деканыр хамэ къэрал литературэмрэ журналистикэмрэ кууэ щыгъуазэ нэхъыжьыфI Засурский Ясент. Журфакым щIэныгъэшхуэ щызэбгъэгъуэтыфынут, апхуэдизкIэ цIыху телъыджэхэм, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм драгъаджэрти. Псалъэм и хьэтыркIэ, урысыбзэмкIэ ди егъэджакIуэт

къэрал псом къыщацIыху Розенталь Дитмар, – игу къегъэкIыж си псэлъэгъум.

Борис зы курсым къыщыдеджащ «Поле чудес» джэгукIэр къэзыгупсысауэ икIи езыгъэкIуэкIыу щыта Листьев Влад. Дзэ кафедрэмрэ офицер зэхуэсхэмрэ къызэдаухащ абырэ Гайдар Егоррэ. ЦIыхуи 190-рэ хъурт курсри, нэхъыфIу еджа цIыху зыбжанэм яхэту къиухащ Борис университетыр. И студент гъащIэр гуапэу игу къинам и закъуэкъым Бэрбэчым, нобэр къыздэсым и ныбжьэгъухэм абы теухуауэ щIэщыгъуэу яжриIэжын и гъунэжщ. Лэжьыгъэм щыхагъэгъуазэ практикэ ар щыIащ «Комсомольская правда», «Советская Россия», «Труд», «Советский спорт» газетхэм. Журналистикэм ехьэлIа япэ дерсхэр къабгъэдэкIащ Руденкэ Иннэ, Аграновский Анатолэ, Песков Василий, нэгъуэщIхэми. «Совет спорт» газетым и редакцэм щрагъэкIуэкI пресс-конференцэхэм цIыхушхуэхэм (шахматымкIэ дуней псом и чемпион Карпов Анатолэ, боксёр цIэрыIуэ Кассиус Клей – Мухаммед Али, хоккеист Iэзэхэу Харламов, Мальцев, Фетисов, Касатонов сымэ хуэдэхэм) щепсэлъылIэну Iэмал иIащ. Апхуэдэуи илъэгъуащ Брежнев Леонид, Кастрэ Фидель, Ганди Индирэ, зыбжанэрэ яхуэзэурэ епсэлъащ Яшин Лев, Симонян Никитэ, Блохин Олег, Роднинэ Иринэ сымэ.



– Къалэшхуэм ущеджэныр мис абыкIэ фIыщ: Iэмал нэхъыбэ уиIэщ цIыхушхуэхэм уаIущIэнымкIэ, я зэфIэкI укIэлъыплъынымкIэ, IуэхущIапIэ цIэрыIуэхэм я лэжьэкIэм зыщыбгъэгъуэзэнымкIэ. КъыхэпхаIэщIагъэм гудзакъэ тIэкIу хууиIэмэ, а псом яхэлъ фIымрэ гуапагъэмрэ зэи пщымыгъупщэжыну гъащIэ гъусэ пхуохъу, – жеIэ Борис. – Ауэ нобэрей щIалэгъуалэм а жыхуэсIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну си гугъэкъым. Иджыпсту къекIуэкI модэм зыдрагъэхьэхри дохутыр, юрист, экономист IэщIагъэ цIэрыIуэхэр къыхах, я псэм нэхъ къищтэ зы щIэныгъэ гъэщIэгъуэн зрамыгъэгъуэту, къэралым къарит нэгъуэщI Iэмалхэр къагъэсэбэпу, къалэшхуэхэм щемыджэу.

## Лэжьыгъэм теухуауэ

Москва къэрал университетыр къиухыу къигъэзэжа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ радиом урысыбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхьэзыр и редакцэ нэхъыщхьэм уващ Борис. 1979 гъэм августым и 1-м щегъэжьауэ 1989 гъэм и кIэ хъуху ар радиом щылэжьати, корреспонденту къыщIидзэу редактор нэхъыщхьэ нэхъ щIалэ дыдэ республикэм щыхъун хузэфIэкIащ.

– Япэ илъэсиблым машинэтедзэкIэ къэскIухьащ репортёр хьэлъэр си плIэм илъу. «СхуэщIэнукъым», «сыкIуэнукъым» псалъэхэр игъащIэм си жьэм къыжьэдэкIакъым, «умыщхьэх, щIалэ цIыкIу, ухущIегъуэжынкъым, къыпхуэсэбэпыжынущ», – жаIэурэ сытрагъэгушхуэрт нэхъыжьхэми, – игу къегъэкIыж Борис.

Щыгъупщэркъым а IуэхущIапIэм къыщыдэлэжьахэр, и унэтIакIуэу щытахэр. Апхуэдэхэщ КъБАССР-м и Къэрал телерадиом и

унафэщI Дыду Владимир, и япэ редактор нэхъыщхьэ АфIэунэ Раисэ, лъэпкъ редакцэхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Гуртуев Елдар, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Созаев Ахъмэт сымэ.



**Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, академик Залиханов Михаил и лэжьапIэ пэшым. Москва.** *2012*

А илъэсхэм, махуэ къэс ищIам къыдэкIуэу, зэрыгушхуэ журналист лэжьыгъэ инхэри зэфIигъэкIащ Борис. Псалъэм папщIэ, Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 40 щрикъу 1985 гъэм абы игъэхьэзыращ зи лIыгъэм и гугъу ямыщIыща лIыхъужьхэм ятеухуа нэтын 40. А лэжьыгъэшхуэм папщIэ СССР-м и Къэрал телерадиом и ахъшэ саугъэтыр (а зэманым и дежкIэ ахъшэшхуэ зы сом миныр) къыхуагъэфэщауэ щытащ Бэрбэчым. Радиом щыIэу «Кабардино-Балкарская правда» газетым и тхыгъэхэр къытехуэу щIидзащ – МГУ-м и журфакыр газет лэжьыгъэм тегъэщIауэ къызэрыщиухар арагъэнт къытекIуэр.

Зы Iэщагъэрэ щIэныгъэрэ сиIэщ жиIэу игу зэгъауэ тIысыжхэм ящыщтэкъым Борис. Москва къикIыжа иужь, къэрал телерадиом и институтым щеджащ, Ростов дэт парт школ нэхъыщхьэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ, КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ мэкъумэш университетыр диплом плъыжькIэ къиухащ. Абы къегъэлъагъуэ щIэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр Борис и дежкIэ зэрыхьэкъыр.

Илъэс 25-рэ ныбжьым щитым къыщыщIэдзауэ комсомолым и обкомым и бюром хэт, партым и обкомым хагъэхьэн хуейхэм ящыщ, журналист хъарзынэ Бэрбэчыр пщэрылъ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэу щIэх-щIэхыурэ Советхэм я Унэм кIуэрт. Апхуэдэ зы махуэу республикэм и тхьэмадэ Мэлбахъуэ Тиморэ кIэлындорым щыхуэзащ. Сэлам зэраха иужь, и щхьэцым теухуауэ тIэкIу къехъурджэуащ – Борис зэрыстудент лъандэрэ и щхьэцыр и пщэдыкъым къыдэуэу кIыхьт. А пщыхьэщхьэ дыдэм щIригъэащэри, нобэ тцIыху Борис и теплъэр иIэ хъуащ, абы лъандэри зихъуэжакъым, тхъугъэр зэребэкIым фIэкIа.

90 гъэхэм Борис къыхэхутащ ди щIыналъэм и политикэ Iуэхухэм я курыкупсэм. КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщI Чабдаров Борис 1990 гъэм и январым иригъэблагъэри, абы и дэIэпыкъуэгъуу лэжьащ. Абы иужькIэ а къулыкъум теува КIуэкIуэ Валери и дэIэпыкъуэгъуу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республи-

кэм и Совет Нэхъыщхьэм печатымрэ хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэхэмкӀэ и секторым и унафэщӀу щытащ. Куэд дыдэ ещӀэ къэрал къулыкъумрэ абы и лэжьакӀуэхэмрэ ятеухуауэ Борис, а псор зы тхыгъэм къыпхузэщӀегъэубыдэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым икӀи ар нэгъуэщӀ Ӏуэхущ...

ГъащӀэм хуезыгъэджауэ, и дерс къезытауэ къилъытэхэу Чабдаров Борис, Мамхэгъ Михаил, КӀуэкӀуэ Валерэ, Бер Мухьэдин, Лъостэн Владимир, Чепурков Юрэ, Къэрмокъуэ Хьэчим сымэ фӀыкӀэ игу илъщ Борис икӀи икъукӀэ яхуэарэзыщ. «Ахэри, радиом сызыщыдэлэжьа нэхъыжьыфӀхэри сытым хуэдэ цӀыхут, – къыхегъэщ Борис. – НэгъуэщӀт ахэр, зэрылъытэм къыщымынэу, унагъуэкӀэ зэкӀэлъыкӀуэрт, бжэ гъэбыда щыӀэххэтэкъым. Сэ сыкъапщтэмэ, фэтэр къыщызатам ар зыхэт унэм телефон щызиӀэр си закъуэти, хэти къакӀуэурэ псалъэрт. Дыщыгъуэлъыжым и деж фӀэкӀа унэбжэр дгъэбыдэххэртэкъым.

СССР-ру щыта къэралыгъуэшхуэм щыпсэуа цӀыхухэм я нэхъыбэм я гъащӀэм 90 гъэхэм зихъуэжат. Политикэ зэпэщӀэувэныгъэхэмрэ дуней зэӀумыбзымрэ зылъагъу Бэрбэчыр Москва кӀуащ хьэрычэт Ӏуэху абы щызэрихуэну. Илъэсипщӏ дэкӀри къигъэзэжащ, и анэр сымаджэ хъуати. ПечатымкӀэ унэм зэрымыщӀэкӀэ щӀыхьэри къыщӀэнауэ, нобэр къыздэсым щолажьэ.





**Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкӀэ и министр Фёдоров Николай интервью къыӀех. Налшык.** *2015*

2005 гъэм и февраль мазэм щегъэжьауэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и номер щӀагъуэ къыдэкӀыркъым Ӏуэхугъуэ зэмылӀэужьыгъуэхэм ятеухуа, «Бэрбэч Борис» цӀэ-унэцӀэр е фӀыщэу илъагъу и къуажэжьыр къэзыгъэлъагъуэ «Аушыджэр Борис» цӀэ лейр зыщӀэлъ тхыгъэ темыту.

Борис хъыбарыщIэхэмрэ Iуэху къиин къызыхэщ тхыгъэхэмрэ егъэхьэзыр япэрей бгъэдыхьэкIэр иIэу, купщIафIэу, зи гугъу ищIыр фIы дыдэу къызэрыгурыIуэр къыхэщу, жэуаплыныгъэшхуэ пылъу. Языныкъуэхэм щымыIэжу къалъытэ журналистикэм и пщIэр къызэрыдихыж къудейм папщIэ, IэщIагъэм хыхьагъащIэхэм Борис щапхъэ къытрах, абы и деж зыщагъасэ хъунущ. Абы хуэдэу гугъэзэгъауэ бжыгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ, и къалэмыр къызыхуищта Iуэхум псалъэ лей хэмыту тетхыхь, ар гъэщIэгъуэну икIи ткIыбжьу ди пащхьэ къизылъхьэж журналист уигъэлъыхъуэнщ. Афэрым, Борис!

## Журналистикэм ехьэлIауэ

Журналистикэм и нобэрей щыIэкIэм зэрыхущытым сыщыщIэупщIэкIэ, Борис тIэкIу жыжьэу къыщыщIедзэ.

– Ар зэпымыууэ щыIэн хуей IэщIагъэщ. Дунейпсо псыдзэ къэхъуми, ар зытхыжыну журналист къэнэн хуейщ. УвыIэгъуэ имыIэу и щIэныгъэм хигъэхъуапхъэщ а лэжьыгъэр къыхэзыхам. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гугъу зрагъэхьынукъым. Сэ сыкъапщтэмэ, махуэ къэс сызыхэт Iуэху псоми закъыдызогъахуэри, пщэджыжьым зы сыхьэт-сыхьэтрэ никъуэрэ, пщыхьэщхьэми апхуэдиз зэманкIэ си къэухьым зызогъэужь: тхылъ соджэ, къэралым къыщыхъу хъыбарыщIэхэм зыщызогъэгъуазэ, абыхэм ехьэлIа си Iуэху еплъыкIэхэм согупсыс. Лъэныкъуэ псомкIи сыкъыщеплъыну зэрысфIэфIыр ара къыщIэкIынщ жызоIэ зы тхыгъэм куэдрэ селэжь щIэмыхъур – ар Iэмал имыIэу зэхэстхъуэжынущ, щIэгъэщхъуа сфIэхъунущ. Газетым и дежкIэ нэхъыфIыр псоми къагурыIуэ бзэ тыншращ.

Журналистыр адрейхэм къахэщу, и Iуэху зехьэкIэкIэ нэхъ лъагэу щытын зэрыхуейм къыдэкIуэу, ар щIэх-щIэхыурэ цIыхухэм яхыхьапхъэщ, зэIущIэхэм умыкIуэу, Интернет хъыбархэмкIэ птхыжынкIэ Iэмал иIэкъым. Сэ сыкъащти, куэд щIауэ сыжурналистщ, Iэджэми саIущIащ, зыкъоми сощIэ, ауэ нобэр къыздэсым зыгуэрым интервью къеIысхыну сыкIуэнумэ, икъусыкъужкIэ зызогъэхьэзыр, а цIыхум и гъащIэм, и лэжьыгъэм теухуауэ нэхъыбэ сщIэн, си напэр темыкIын щхьэкIэ. Япэм дауэ зэрыщытар? Журналист къэкIуамэ, уэхьийр уафэм къехауэт къазэрыщыхъур, ар псоми щыгъуазэу къалъытэрт, и упщIэхэм жэуап тэмэм ирамытыфынкIэ шынэрт. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт ахэр зыпэплъэ упщIэхэр мыхьэнэншэу, Iуэхум щымыщу, дыхьэшхэну къыщIэкIыну. Апхуэдэ журналистым итхам еджэжа иужь, етIуанэу зыхуамыгъэзэн щхьэкIэ сытри ящIэнущ, уи фIэщ зэрыхъун. Мис абы зыщыпхъуэн хуейщ пщIэ уиIэну, укъалъытэну, уэри уи щхьэр лъагэу плъагъужыну ухуеймэ. Iэджэ щIауэ солажьэри, иджыри сызыхуэарэзыжкъым, си Iэдакъэм къыщIэкIахэр никъусаныгъэншэщ схужыIэнукъым. Си дежкIэ журналистикэр пэи кIэи зимыIэ, зи щыгум унэмысыфын лъагапIэщ, – къыпещэ Борис икIи и жагъуэ хъууэ къыхегъэщ цIыхухэр гъащIэ гугъум зэрыригъэшам, жаIэр я фIэщ зэрымыхъужым къыхэкIыу хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм хуаIэ дзыхьыр зэрыбгъунлъари.

## НасыпкӀэ зэджэр

– Уи гъащӀэм къыщохъулӀауэ убж псори насыпщ икӀи сыцӀыху насыпыфӀэу къызолъытэ. Си адэ-анэм зыри сыхуагъэныкъуакъым, сыт хуэдэ мурад сщӀами, гъащӀэм къыщыздэхъуащ, – жеӀэ Борис. – Ауэ псом я щхьэу къысщыхъури? Зы илъэс бжыгъэ гуэр къэбгъащӀэрэ укъызэплъэкӀыжмэ, фӀеягъэ умыщӀауэ, лей зыми иумыхауэ, къыумыгъэпцӀауэ, пхузэфӀэкӀ гуапагъэ, псапэ пщӀауэ къыщыщӀэкӀым и дежщ. Нэхъыбэм уни, машини, мылъку гуэри яӀэщ, къыпхуэмыщэхур акъылращ. Пщыгъыр зэрыдахэр уи жьэр зэтепхыхущ. Абы иужькӀэ, акъыл уимыӀэмэ, зыри къоплъыжынукъым.



**Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкӀэ и министрым и къуэдзэ Уэдыхь Тимур ЩӀыхь тхылъ кърет.** *2016*



НасыпуиӀэн щхьэкӀэ насыпым ущӀэкъун хуейуэ, «сынасыпыфӀэну сыхуейщ» жыпӀэу ущыскӀэ ар уафэм къемыхуэхыну къелъытэ Борис. Ар зищӀысыр къэпщӀэн, къыбгурыӀуэн щхьэкӀэ гугъу удехьауэ щытыпхъэщ. Апхуэмыдэрэ – мылъкум хуэдэ дыдэу а насыпми пщӀэ хуэпщӀынукъым. Зы щапхъэу къехь я адэм зэкъуэшищри исыну зы машинэ къахуищэхуауэ зэрыщытар. Пэжщ, тыншат ахэр зы лъэныкъуэкӀэ, ауэ а тыншыгъуэр зэпымыуж ящӀын, щхьэж езым и мылъкуу машинэ иӀэн щхьэкӀэ гугъу зрагъэхьри, дэтхэнэми къищэхуат.

– Уи гъащӀэм узыщыхущӀэкъуауэ Ӏэрылъхьэ пщӀа псори насыпщ. Ауэ ар кӀыхь хъунуми, напӀэзыпӀэм къыпӀурыупщӀыӀуэжынуми зэлъытар бынырщ. Ахэр мыхъумыщӀэ хуэзамэ, уи напэр трахамэ, къэбгъэщӀар псыхэкӀуадэ хъуащ. Зыгуэр зэбгъэхъулӀэн, лъагапӀэ гуэр зыӀэрыбгъэхьэн папщӀэ уэ пщӀэр, бгъэвыр, пшэчыр, уи гум дэбгъа-

хуэр илъагъуу, абы дерс къыхихын хуейщ быным. Уи нэхъыжьхэмрэ укъэзылъхуахэмрэ пщIэ яхуумыщIмэ, абыхэм къыпхуагъэна мылъкур зэрыпхъумэнрэ зэрыбгъэбэгъуэнрэ яужь уимытмэ, фIыкIэ ущIэгугъэн щыIэкъым. Псэмрэ Iэпкълъэпкъымрэ зэгъусэу зебгъэужь нэужькIэщ цIыху нэскIэ узэджэж щыхъунур, абы щыгъуэщ насыпым и бжэри къыщыпхузэIуихынур. Мыри къыхэзгъэщынут: сыт хуэдиз мылъку уиIэми, уэ пхуэдэ цIыхум пщIэ хуэпщIын хуейщ. Зыгуэрым укъыхуеплъых хъуамэ, уунэхъуауэ аращ, абы напи щIыхьи къыуигъэхьынукъым, – жеIэ Бэрбэчым.

## Къалэн, хъуэпсапIэ, мурад



**Борис и лэжьапIэ пэшым щIэтщ.** *2014*

– Си пщэрылъу збжхэм я щхьэт бын гъэсэнри, ар къызэхъулIащ. Москва дэт IуэхущIапIэшхуэм и менеджеру щIалэр мэлажьэ, пщIэрэ щхьэрэ иIэу, зыхэтхэр къыхуэарэзыуэ и Iуэху Iыхьэ ещIэ. Хъыджэбзыр и IэщIагъэкIэ экономистщ, ауэ щхьэц щIэщэным хуеджауэ, цIыхубзхэр гъэдэхэным яужь итщ. Си насып кърихьэкIащ сыкъызыгурыIуа бынкIэ, тIури гъащIэм лъэ быдэкIэ хэту къысщохъу, – жеIэ Борис. – КъыкIэлъыкIуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди лъапсэр хэзмыгъэкIуэдэжыну си адэ-анэр къэзгъэгугъауэ зэрыщытар. Адэжь щIапIэри унэри зыхуей сыт и лъэныкъуэкIи хуэзгъэзащ, хадэм жыгыу щищым нэблагъэ щыхэссауэ зызохьэ. Фэтэрыр къалэм дэтми, сфIэфIкъым зы жэщи сыкъэнэну, сокIуэжри псыхъуэм къыщызокIухь, си щхьэм жьы щIызогъэху, тIэкIу солажьэри согъуэлъыж. Удзыпэр къызэрыхъейуэ хадэм сохьэри, бжьыхьэ кIасэ хъуху ситщ, лэжьыгъэ нэужьхэм злэжьын сызэриIэм сыщыгуфIыкIыу. СхуэухъуэнщIыркъым, армыхъуамэ адрей псори си IэкIэ согъэзэщIэф. Мылъкушхуэ хъуркъым ар, ауэ уи зэш трегъэу, уи Iэгум щIэкIыр фIыгъуэщи ущогуфIыкI.

Си фIэщ мэхъу цIыхум, абы щыгъуэми цIыхухъум, хуей къудеймэ, хузэфIэмыкIын дунейм зэрытемытыр, ар мыщхьэхын икIи и щхьэм пщIэ хуищIыжын хуейуэ аркъудейщ. Зэманым къигъэув къалэнхэм дыпэлъэщын, лIыр езым хуэдэ зы лIым ефIэкIын хуейщ. ТIэкIу езгъэлейуэ къызыщыхъуни щыIэнщ, ауэ цIыхухъум унагъуэ хуэгъэпсэун хуейщ, гъущIIунэ хухэукIэн хуейщ, и щхьэгъусэ, и был

зыгуэрхэм яригъэхъуэпсэну, тхьэусыхэну хуиткъым. Апхуэдэращ зэманым япэ ищыфынур. Гугъущ ар, зыми тыншу жиIэркъым. Ауэ узыпэмылъэщын Iуэхукъыми, дэтхэнэми ди къарур хурикъуну си гуапэщ. А псом я щхьэжри, Залинэ? ЦIыхухъум, жэщми махуэми, и анэр игу илъын хуейщ, абы къыпхуимыщIа дунейм теткъыми. АдыгэлIыр зыщышынэн хуейр Iуэхугъуит Iщ: и напэр текIынымрэ и анэр къыхуэмыарэзынымрэ. Абы зэпымыууэ егупсысмэ, зэрызыщихъумэным яужь итмэ, лIыр лIы ирокъу, – жеIэ Бэрбэчым.

Иджыри къэс къигъэщIамкIэ арэзыщ Борис, гъащIэм ефыгъуэжкъым икIи зыми хуехъуэпсэкIыжыркъым. Ауэ, дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, абыи хъуэпсапIэ иIэщ. ТхылъитI ныкъуэтх-ныкъуэгъэхьэзыру щылъщи, ахэр и кIэм нэсауэ илъагъуну хуейт.

– Аушыджэр къуажэм и тхыдэр зэрыщыту къызэщIэзыкъуэ тхылъыфIыр си хъуэпсапIэщ, къызыхэсхынри хьэзыру сиIэри гъунэжщ, махуэ къэс лэжьыгъэм зыкъыдэзгъахуэу и Iуэху ерыщу зезмыхуэфу аращ. ЕтIуанэр – Бэрбэч ХьэтIутIэ и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ теухуащ. Школым сызэрыщIэс лъандэрэ зэхузохьэс абы и хъыбархэр, иджы зэхэгъэувэжауэ къыдэгъэкIын хуейт. Мис ахэр си хъуэпсапIэщ икIи си мурад щэхущ, – жеIэ Борис.

Птхын и лъэныкъуэкIэ уи гукъэкIхэр кIащхъэ мыхъуу, зи гугъу пщIы Iуэхугъуэхэр ефIакIуэу, гукъеуэ ущIиIэн щхьэусыгъуэ уIумыщIэу упсэуну, улэжьэну, Борис!



*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

КЪАНЫКЪУЭ Заринэ

# НАРТАРХЭР

*Романым щыщ пычыгъуэ*
*(Фэнтези)*

**УЭСРЭ НЭСРЭ**

*Пэублэ*



*Нартхэр пасэм и пасэжым псэуащ, я хэку исыжрэ хабзэжьхэм тету. А нарт хэкур дэнэ дежт жыпIэмэ, щIы хъурейм и щIылъэныкъуэу Iуащхьэмахуэ и щыгуитIыр къызытещрат.*

*Нартхэр езыр лъэпкъыжьт, дунеижьыр хъыкIэ щаухуэм, Iуащхьэмахуэ къандзэгу щыхуэдэм къэунэхуауэ, я лIыгъэрэ Iущыгъэрэ хэхъуэ зэпыту къэгъуэгурыкIуауэ.*

*Пэ зиIэм кIэи иIэщ, абыхэми я кIуэдыжыгъуэр къыщысым, я уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ къызэранэкIри, нартыжьхэм я пIэкIэ «нартаркIэ» зэджэ лъэпкъыр я лIэужьу къэунэхуащ.*



*Пасэу къэхъуар, яIуэтэху ягъэбатэурэ, псысэ мэхъуж. Псысэми щымыщу, тхыдэми щымыбэяну, къэпIуэтэну игъуэу, нартархэм я къэхъукIа-щыIэкIар мэпсри, псальэкIэ къоIу, къызэрокI, бзэм къозагъэ, тхыбзэм зыхегъэзагъэ. Ауэрэ мы тхыгъэр, нэхъыжьи нэхъыщIи еджэнкIэ хуэкIуэу, зэхэлъхьа мэхъу. Къэхъуами я щыхьэту, къэмыхъуами щыгъуазэу Iуащхьэжьхэр щыIэщи, къэвгъуэти фахудэплъей, я щыгу фыдэкIи фыкъеплъыхыж, нартархэм я лъэужь фиплъэнри яжь къыфщIихунри хэльщ.*

## Ныуэжьыдзэ




Нартхэм бий я куэдащ. Испыми чынтми езэуащ, нарткIэ зэджэжу нарт нэпцIрэ бий лъэпкъыу хы Iуфэм и адрыщIымкIэ къыщысми пэщIэтащ. Ахэр зэсагъэжьу биижьт, зи Iэужь-лъэужьыр яцIыхут, зи щхьэ бжыпэкIэ къахьырейт. Биижьхэм нэмыщI биищIэ къахукъуэкIри, иращIэнур къахуэмыщIэу, езыхэр къыхагъащIэу екIуэкIащ.

Ныуэжьыдзэрт нартхэм я биищIэр, зрагъэпщэни зрагъэщхьыни щымыIэу, япэкIэ ямыгъэунэхуа бзаджэт. Бийр зи джабэ

къыщIэхъукIар Благъуэрат. Къуалэ къищынэмыщIа, псэ зыIут зыдэмыхьэ, Ныуэжьыдзэ зыфIащыжа къырым и щIыб къыдэст ахэр. Къыр лъагэр нарт жылэхэм пэмыжыжьэу, уплъэмэ плъагъуу, екIуэкIыу щытт.

БиищIэр дэнэ къиукI, дауэрэ къэунэху? Къэхъуам и кIэщIращи, ныуэжьыдзэр нартхэ я лIыгъэншагъэм къахуихьа щIэщхъут. ЩIэщхъум я щхьэр щIригъэхьэрт, я лъэр щIиудырт, я гур хигъэщIырт.

ЩIы хъурейм тегуэша благъуэ зэш-зэбыным ящыщу, нарт хэкум щытепщэрэ псы гъэгъункIэ ерыщу, Благъуэ фIыцIэр щыIащ. Благъуэжьым и щхьэр игъэкIрэ и дамэр ишэщIмэ, дыгъэр щIихъумэрт. Ежьэн хъуамэ, зэм шыфэ-лIыфэт, шууей лIы фIыцIэт, зи цIэр ямыщIэт. Благъуэжьыфэм ихьэжмэ, илэжьыр бзаджэт, и Iур игъаджэмэ, и джийм иридзыхын къыхуахьу есагъэжьт. Къыхуамыхьрэ – псы ежэхыу Iэгъуэблагъэм щыIэр игъэгъурт. И бгъуэнщIагъым щыгъуэлъыжырти, псы хуэлIэ цIыху цIыкIум ящIэнум пэплъэу щылъ-щыст.

Псыр кърагъэутIыпщыжын папщIэ, нартхэм Благъуэм тыхь хуашэрт, щхьэщэ хуащIырт. Тыхьрэ тыгъэу ирату щыташ Iэщышхуи Iэщ цIыкIуи. Iэщыр имыдэжу, зи шэгъуэ пщащэ къапиубыду хуежьащ, нартхэми, псы щхьэкIэ замыгъэлIэну, япхъухэр Благъуэм ирату ирагъэжьащ. Ар хабзэ щахуэхъуар зыщIэж яхэмыту, зипхъу зымыт къахэмыкIыу, нартхэр къекIуэкIащ.

Нартыжьхэм япхъу Благъуэм хуашэмэ, зыдашыр жылэт, нартылI и пщIантIэт. ЗыхъунщIи пэщIэти щымыIэу, япхъу гъэфIэнхэр ятаи, псэущхьэм тыхьыр хуашэурэ хуагъэтIысаи. Езыхэм, псэууэ къызэрынэр я гурыфIыгъуэу, нэрымылъагъу Благъуэм щхьэщэ хуащIурэ кIэбгъу зыкъащIыжырт.

Тыхьыр ята нэужь, уэшх къешхми, гъавэ къахуэхъуми, Благъуэм и фIыгъэу къалъытэрэ, пIалъэр къэсмэ, хуашэну пщащэм нэ иращу, – арат нартыжьхэм хабзэ яхуэхъуар.

Нартыпхъухэр Благъуэм илIрэт, ишхрэт? Ар зыми илъэгъуакъым, иратахэм я щхьи, я къупщхьи теплъэжаи щыIакъым.

Ящыщи ишхагъэнщ, зи псэ игъэну зил хуэмышхаи къахэкIагъэнщ. И псэ имыгъэну, илри имышхыу щэм зы къахэкIри, и кIэныр къикIат. Апхуэдэ етIуанэуи къэхъущ, ещани къыпыувэщ, ауэрэ гупышхуэ зэрыгъэхъури, Благъуэм и пащхьэ щеувэкIащ:

– Дэ дыкъызыхэкIар къыдэпцIыжащ, ди гъащIэ тIэкIур иджы уэ пIэщIэлъщи, къытхуэпщI ди унафэщ. Ди псэ укъеIэми, Iым жыдмыIэну, ауэ дынолъэIу: уи щIыбагъ дыдэгъэт, уи бийр ди бийуэ, уи нейр ди нейуэ. Уи гурыфI къытхуикIмэ, епцIыжакIуэ къытхэмыкIыу дыпкъуэтынущ, уи гурейр къэхъейрэ тщыщ букIыжми, къанэм жагъуи мыгъуи тщыхъункъым.

Нартхэм тыхь ящIахэм, Благъуэм Iус имыщIахэм ар я тхьэрыIуэт. ГъащIэ щIэнэцIхэр щылъаIуэкIэ, тхьэрыIуэм щхьэщищэ тращIэ. ЛъэIулъапсэм благъуэпсэр къимыгъэщIыта, благъуэгур къыхимыгъэщтыкIа, ауэ «хъунщ» жыхуиIэу, и кIэр щэ тригъэуащ.

Зэрежьам тету, Благъуэм псыр иубыду и Iур игъэджэху, пщащэ нэхутхьэху хуашэм, хуашар адрейхэм яхидзэурэ, быдапIэжьым дзэ хуэдиз щызэрыгъэхъуат.

Благъуэм и щIыб къыдэувэу и мафIэм щIэувар фэ Iув-гу бydэ зэтохъуэ, къэзылъхуам гурэ псэкIэ покI, укIыпIэм псэууэ къизынам фIолIыкI. Нартыпхъуу къежьэу благъуэм Iусу хуадзахэм щIэрыщIэу я гъащIэр яублэ, «благъуэ бынкIэ» зэджэжу, Благъуэм адэкIэ еджэу зэроубыд.

«КъыдэпцIыжа хэкур щремыIэж, нартыжьхэр ирекIуэдыж», – жаIэу, губжьыр ягу илът, лъыуэ ящIэтыр къэкъуалъэрт. Ауэрэ я пкъыр жан, я лъэр жэр мэхъу. БжыкIэ далъэу, джатэкIэ пыджэу зэрогъэсэж, загъэунэхуну я нэ къокI, зэуэныгуу къызэщIотаджэ. Я джэ макъым хэкужьыр къигъаджэу, махуэ мыгъуэм благъуэбэр къожьэ. Благъуэжьри къолъатэ, иригъэжьахэм гъуэгу яхухеш, бгъуфIэу къахурегъэжьыкI, жьэражьэр яжьэ щIохъуэжри, Iугъуэмрэ сахуэмрэ дзэщIэр къыхобэкъукI.

Япэу зыхуэза жылэм зэрыдогуэ, дэсыр лъыкIпсыкI зэтращIэ, цIыкIуи ини зэтраукIэ, дыщэ-дыжьынхэкIыу ягъуэтыр зэщIакъуэ, я Iэщыр даху, унэ-лъапсэхэм мафIэ щIадзэжри, къыздикIам ягъэзэж.

Благъуэжьыр нэхъри къызэрокI, гъэ димыхыу, гъэмахуэ шылэм псыр егъэгъу, нарт хэкум уэгъур ирещIылIэ.

– Мы къэхъур тхузэхэгъэкI, мы къытщыщIыр къыдгурыгъаIуэ, – жаIэри, нартхэр Бырымбыху елъэIуащ.

Бырымбыху джэшыдзми, джэш идзакъым, вагъуаплъэми, уафэм дэплъеякъым, къэхъур ищIэгъэххэти, жэуап къаритащ:

– Благъуэдзэр къызэрыунэхуам фи лажьэ хэлъщ, фызытекIуэджэри фи лIыгъэншагъэрщ.

Нартыжьхэм зэхахар щхьэжэ ящыхъуащ. Благъуэм Iурыдзэну хуаша япхъухэр бийуэ къахуэтэджыжыну я пщIыхь къыхэмыхуат.

– Апхуэдэу къэхъуну фэри фщIакъым, сэри сыщыгъуэзакъым. Къэхъуар къэхъуащи, зэрызыфхъумэжынум фегупсыс, – жиIащ Бырымбыху.

– Благъуэжьым и щIыб къыдэувэжахэр ди бынщ, ди IэкIэ дауэ дукIыжын? – жеIэ нартыжьхэм ящыщу зым.

– Благъуэм щыхуэвдзым фи бынтэкъэ? Бийуэ къызэщIэтэджар фэ къывэплъыжыну фыщымыгугъ, – жиIэри къэуващ Уэрсэрыжь, фызыжьыр нартхэм чэнджэщэгъу щащIам.

– Благъуэм димыгъэлыгъуэжыпэ щIыкIэ, ар къызэщIагъэстурэ быдапIэжьым къыдагъэлъэту, мэзрэ губгъуэкIэ, къуршыпсрэ псынэпскIэ цIэрыIуэ Нарт хэкур щIыIэнэщI езыгъэщIхэр езыхэр хэгъэщIэн хуейщ, – жызыIар Сэтэнейщ.

– «ХэгъэщIэн хуейщ» щыжыпIэкIэ, зэрыхэдгъэщIэну щIыкIэри уэ пщIэнщ, – жраIащ нартыжьхэм.

– Ахэр, нэ жанрэ лъэ жэру, псэ быдэ защIэщ, илъэсищэкIэрэ зыгъэпсэун гуащIэ япкърытщ. Я псэ схуэмыгъэнми, я фэр схуэгъэкIуэдынщ. Благъуэжьыр хъущ, дахэкIэ ерыщщ, тхьэIухудхэр Iуплъэгъуей зэтехъуэмэ, зэтриукIэжынри хэлъщ... – ахэр и гум илъу-

рэ, Сэтэней, зыми емычэнджэщыжу, щхъухь зэхещIэ, унэIут пщащэр еущий, еузэдри, быдапIэм егъакIуэ.

– Нартхэм сэри Благъуэм сыкъратащ, сыщхьэхуимытщ, – щыжиIэм, быдапIэжьым дагъэхьэ.

УнэIут пщащэм иIыгъ щхъухьыр жэщым щэхуу къызыкъуихщ, дахэ гупым Iугъуэу ящIигъауэри, езыри яхэтыжу, дзахъэрэ къетхъухыжауэ нэху къекIахэщ.

Дахэу щытахэр лъагъугъуей хъуами, Сэтэней зыщыгугъар къехъулIакъым. Мыдахэжхэр Благъуэм IэщIэкIуэдэжакъым, быдапIэм къыдихужакъым, ар езыри нобэрей щауэтэкъым, жьыкIэфэкIэ и щыпэлъагъутэкъым. Нартыпхъухэр ныуэжьыфэ зэтехъуами, я къару мыкIуэщIыр ящIэкIатэкъым. Благъуэм абыхэм ныуэжьыдзэ къахищIыкIащ, езым и гурейр къыщикIым, ныуэжьхэм я гурымыкъыр кърherигъэкIрэ нартхэм къаригъэзауэу.

Ныуэжьхэр зыхь бампIэм зэгуэудыгъуэр къыхыхьэжарэ, ар Благъуэм къыIурих мафIэмкIэ зэщIэгъэстыжамэ, абы и бзийм зыхуэзэр ирибзеикIынтэкъэ? ИрабзеикIынур нартыжьхэрати, губжь жьэражьэр зыжьэхэуэр жьым ихьыж яжьэ хъужырт.

КIэрэ пэрэ зимыIэ щыIэ? Нарт лъэпкъым и кIуэдыжыгъуэр къэсагъэнти, ныуэжьыдзэм ар ягъэпсынщIэрт.

Гъэмахуэ шылэу Благъуэжьым, зэрихьэлу, псыр щиубыдым, и ныбжь нэсарэ теплъэкIэ къикIыу, ДанэхукIэ зэджэ пщащэр нартхэм яшэри, псыр Iузыщ Iа бзаджэм иратащ.

Тыгъэр Благъуэм ищтэщ, псыр яхуиутIыпщыжри, езым и зэш тригъэуащ. Зэм мафIэкIэ и лъэгур щIигъэжьыкIыу, зэм щхьэцыкIэкIэ иIэтрэ дридзей-кърherидзыхыу, джэдур дзыгъуэм зэрыриджэгум хуэдэу, пщащэм иродджэгу. Благъуэжьым ирегъэлей, щхьибл зыфIегъакIэ, и кIэр еупцI. Благъуэр щхьиблмэ, игурэ и щхьэрэ зэщхьэщокI, зы щхьэм джэгукIэжь къокI, етIуанэр абы хущIогъуэж, ещанэм и щIэщыгъуэ къохьэ, еплIанэм нэмыплъ ещI, етхуанэр мэхъуанэ, еханэр мэдыхьэшх, ебланэм емынэунэ къегупсыс. Апхуэдэурэ пщащэ IэмащIэлъэмащIэр мыщIэ лъапIэу къыIэщIэлъэгъуэху игъэунэхуащ.

Данэху псэлъэкIэ Iэзэт, мо зи щхьиблыр зыужэгъужам и щIэщыгъуэр къыхуригъэблырт, лIыфэм кърригъэхьэжырти, лIы ищIэни иригъащIэрт. Ныуэжьхэм я ней къыщыхуагъэххэти, зыхагъэхьэртэкъым, и дэлъхухэм я деж гъазэ иIэтэкъым. Арати, зэрыхъу ирехъу, сыпсэуху сыпсэунщ, жыхуиIэу, Благъуэр зэрытригъэуным пылът.

Ныуэжьхэр дзэ зэригъэкъужауэ щыпсэу щIыпIэр зэгъуэкIщ – къыр щIыб екIуэкIыр бийр къыщхьэпрымыкIыфу задэщ. КъебгъэрыкIуэнуIами, ныуэжьхэм я бжыгъэмрэ я хьэзырагъымрэ ящIэркъыми, зыри тегушхуэркъым.

БыдапIэм дэсхэм, къуалэ нэмыщI, псэ зыIут дамыгъэхьэу, егъэзыпIэр яхъумэ. Данэху зэрат лъандэрэ, Благъуэр нартхэм япихьэжыртэкъым, тыхьи япиубыдыртэкъым. Ныуэжьхэм плъэмэ ялъагъуу, Благъуэр шууей лIы фIыцIэу уэгум йохьэри йожьэ, тыгъэ къехьри къокIуэж, къихьри дарий-данэщ, налкъутналмэсщ, къызыхуихьри Да-

нэхущ. Ныуэжьхэри, зыхуей щимыгъащIэу, хэщI къаримыту, егъэпсэу, егъэжыIэщIэ, ауэ дэнэ, дэнэ, Данэху и лъэгу къыщIэхуа ятIэм ахэр пимыщI.

А псом фIокIыжри, ныуэжьхэм чэщанэ ярегъэухуэ, мывашхъуэкIэ дрырегъэщIей, мывэ хужькIэ кърырегъэщIыкI. Чэщанэм дарий тебзэжауэ тIысыпIэ-щылъыпIэхэр хущIегъэувэри, Данэху щIегъэтIысхьэж, езыри бгъуротIысхьэж.

Ныуэжьыдзэм адэкIэ я Iуэхум пащэ. Махуэ дамыгъэкIыу, загъасэ, зызыхуагъасэри зауэщ. ХэщI ямыIэ, хэлIыкI къэмыхъу. Я нэхъыжьыр ПсынщIагъуэщи, и гуащIэр щIэмыкI, и псэр хэмыкIыххэ. Ныуэжьхэр тхы захуэщ, нэ жанщ, Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэщ, псынщIэрыIэбэщ, зи гуащIэр бэтарэ хэлъэт зиIэ защIэщ. Джатэри, шабзэри, къамэри, Iэдакъэсэри ягъэIэрыхуэ, жэз мэIухур жьыхуу зэрахьэ. ХьэлкIэ зыIурамылъхьэжщ, щIыкIэкIэ бзаджэщ. ПсэлъэкIэмыщIэу защIми, щIагъыбзэри хъуэрыбзэри ящIэ, мэз щIагъкIи зокIуэф, Iуащхьи докIыф, пшахъуэщIми кIуэцIрыкIыфынущ, псы есыкIэрэ кхъухь зегъэкIуэкIэрэщ ямыщIэр. Блэ уэну зэфIэзыгъэтыр, къаплъэн илъыну зезыгъэшэщIыр нартхэм хуаIэ гужьгъэжьырщи, илъэсищэкIэрэ къэпсэуми, я бампIэ-губжьыр нэхъ кIащхъэ мыхъун.

Ныуэжьыдзэм я пашэ ПсынщIагъуэ и ныбжьыр здынэсар ищIэжыркъым, мыдрейхэми быдапIэжьым щIымахуэу щрахыр ябжыркъым. ПсынщIагъуэ игу имыхуж гъыуэ, бжэуэ я пщIантIэм къызэрыдашар, и адэри и дэлъхухэри къызэрыщхьэщымыжар. БыдапIэм къыдэнэри, езым хуэдабзэу Благъуэм къыхуаша пщащэ цIыкIухэр зришэлIащ, зэтриубыдащ. И гущхьэр иуфIыцIыхьами, ПсынщIагъуэ пкъыфIэт, фIэрафIэт, Благъуэм и нэфIымрэ и мафIэмрэ щыгъуазэт. Къыхуэмыгъэсу зыпэплъар, игъуэ нэсмэ, нартхэм зэратеуэнурат. Езыр дзэзешэти, бампIэгъэтIыс махуэр къыщысым, и шабзэшэр нарт хэкумкIэ иутIыпщщ, и кIэм иту дзэр яхишэри, нартхэм ер яхилъхьат. МызэкIэ игу зэгъат, и бампIэ тIысат. Дахэ защIэми, гущIэгъум хуэхейхэм хэщI ямыIэу, нарт жылэжьыр ягъэхыщIауэ ягъэзэжат. Ауэ абы и ужькIэ фафIэ-фIэрафIэхэр щхъухькIэ ныуэжьыфэрэ фэншэ-лыншэрэ зэтращIат...

Нэхъ пасэу быдапIэм къыдэтIысхьахэм ящыщу ныуэжь пщыкIутIым пашэу загъэувыжащи, къикIуэт ямыщIэу, унафэ зэдащI. Нэхущ къэс зэхохьэри зэхэсщ, щызэбгрыкIыжкIэ, Благъуэр щыжей лъэныкъуэмкIэ загъазэри, щхьэщэ ящI. Нэрымылъагъуми, Благъуэр я благъэщ, быдапIэм дэсхэм я тхьэпэлъытэщ. Ныуэжьхэр зыпэщIэхуэу, я щIалэгъуэ-дахэгъуэр зыдагъэкIуар аращ.

ПсынщIагъуэ и жыIэщIэ ныуэжь пщыкIузыр жэщ хэхакIэ мыжейуэ зэхэсщи, дакъэжь мафIэ ящI, гуIэгъуэу я нэгу щIэкIар ягу къагъэкIыж, я губжьыр къызэщIагъаплъэ. Теплъэгъуэурэ зэплъыжын зэрагъэпэщ: ныуэжьхэм ящыщу зы хахри ягъэщIэращIэ, нарт пщащэ фащэкIэ яхуапэ, напэ зэлъахэм сэхусэплъ щахуэ, щхьэц къетхъухар удзыпс фIыцIэкIэ ираIэ, ягъэгъущыжри яухуэн.

Пщащэ щIыкIэм кърагъэувэжа ныуэжьым зегъэщIыкIафIэ, къетIысэкIауэ абы еплъхэми я нэгу къыщIохьэж я щIалэгъуэ-

дахэгъуэр. НыуэжьитI-щым нарт щауэ щIыкIэу заузэд: афэ джанэри ящыгъщ, таж пыIэри ящхьэрыгъщ, джатэ жанри я бгым ищIащ. Пщащэ щэныфIэм и блитIыр яубыдри иралъэфажьэ, езыми и лъэр фIегъанэ, магъ, мабжэ, и дэлъху нэрымылъагъухэм йолъэIу къыщхьэщыжыну, и псэлъыхъу щауэм къригъэлыну хуотхьэджэ, джэ макъым и джэрпэджэжыр къуэм дэтщ. Хъыджэбз назычэр* чачэу ялъэфри, Благъуэм ират. И дэлъхухэми псалъэ жаIакъым, и адэми зигъэхъеякъым, щауэрати, зэхихыххакъым. Нартыжьхэр псырэ гъаврэ хуэмыныкъуэным япхъухэр и уасэщ, ар куэд лъандэри хабзэщи, я лъэIуми я IункIэми хуэфэжьIужьщ.

Теплъэгъуэм здеплъым, ныуэжьхэм, аргуэрыжьщи, я нэм къыщхьэрепхъуэри, жыжьэрыплъэ мэхъухэр, я гур мэпхъэр, псори мэхъаджэ зэтохъуэ. Мыр дауэ къэухъу, дауэрэ къащыущI? Сытри я псэукIэ? Гъэр къихьамэ, нарт жылэхэр унащхьэ чэзууэ щIащыкIыу, зипхъу къэжэпхъа, пхъэр зыхуагъэкIуэн къалъыхъуэу. Благъуэр къэмыджами, япэ зрагъэщрэ нартыпхъу нэхъ нэутхэхэр** япхъуатэу, щIапхъуэтрэ щалъхуа унэр ирагъэбгынэу, и нэ къызыхуикIыр лъхуэнпIэнырами, лIы ирамыту, Благъуэжьым хуадзу – ар сыт ухыгъэ? Ухыгъэм я икIэт, узижагъуэм иумыпэсыну псэжь Iэужьт.

ПсынщIагъуэ теплъэгъуэм йоплъ, игу иуфIыцIыхьар къощIытэж, къэщIытэжар къызэфIонэ, и нэгу щIэкIар и щхьэм доуейри, емыплъыжыфу, гур хэзыгъэщI джэгур къегъэувыIэ:

– Ирикъунщ мызэкIэ. Ди гущхьэр яжьэщ, ди губжьыр изщ!

– Ди гущхьэр яжьэщ, ди губжьыр изщ! – зыжьэу къыдаIыгъ ныуэжьхэм.

– Нартыжьхэм къыдащIар дымыгъэгъун.

– Нартыжьхэм къыдащIар дымыгъэгъун!

– Ди зэ уэгъуэм нартхэр тIууэ зэтриудыну! Ди теуэгъуэр кIэух яхуэхъуну!..

– ... Ди теуэгъуэр кIэух яхуэхъуну!..

ТхьэрыIуэ ящI, Благъуэм щхьэщэ хуащIри, зэбгрокIыж...

## Данэху



Апхуэдэу жэщ зэхэсыр яухри зэбгрыкIыжащ, зрагъэщIри, я напIэ зэтралъхьащ. Нэху къыщищIым, жеяри мыжеяри къызэщIэтэджащ, тхьэрыIуэр къахьу, щхьэщэ тращIэжу, къэунэхуа махуэм хухаха я Iуэхум пэрыхьэну.

ТхьэрыIуапIэм къетIысэкIауэ ныуэжьхэр зохъуцацэ: «Данэху уэндэгъу хъуащ... къыкIэрощ...». КъаIущэщ псалъэхэр дзэзешэм и тхьэкIумэ жаным йоцырхъэ. «Ар

* Назычэ – дахэ дыдэ.

** Нэутхэ – нэжэгужэ, лъагъугъуафIэ, гуакIуэ, пкъы зыщIэт.

пэжмэ, дыкъэсыжащ...» – йогупсыс ПсынщIагъуэ. Зэхэсхэр егъэтэджыж, щхьэж и Iуэху пэрегъэувэ, зыри зэхимыхауэ фэ зытрегъауэ. ПсынщIагъуэ гупсысэу здэщысым, ныуэжь пщыкIузым яз къыжьэхолъадэ, хъыбар кIэщIи къыхуехь: Благъуэр шууей фIыцIэу зекIуэ ежьащ, щыдэшэсыкIым унафэ ищIащ ныуэжьхэр мыхъеину, езым къигъэзэху, шхыныншэ хъуа папщIэ, быдапIэм дэмыплъыну. Ищхьэжыращи, псори Данэху хуэсакъыну. ПсынщIагъуэ Iэнкун ещI Благъуэм и унафэм. НыбэкIэ гугъуехьым есэжагъэххэт, зэмысэжыр Благъуэм и нэфI-нейрат. Благъуэр гурыфI-гурейт, щIэщыгъуэщIт, IускIи гъусэкIи хэплъыхь зыщIт. Данэху дэджэгуэгъу зэрыхуэхъурэ, нэгъуэщI уэршэрэгъу къимылъыхъуэжт.

Данэху и шэфэл илъыгъуэрэ* и щIалэгъуэу, мыдрейхэр ныуэжьыфэрэ фаджэ зэфэзэщу къызэхэнэжати, Благъуэм и гъэфIэн дахэм пшэрыхь хущинэрт, дзэзешэ ПсынщIагъуэ никъуэшх къыщыхуидзаи къэхъуат. Ар щхьэжэ щыхъурт ПсынщIагъуэ.

Данэху зигу темыхуэр ПсынщIагъуэ и закъуэкъым – псори хузэгуоп. Ар Данэху зыхещIэри, чэщанэм къыщIэкIыу ныуэжьхэм къахыхьэркъым, ягу быдэр къигъэщэбэну пыхьэххэркъым. Йогупсыс ПсынщIагъуэ: «Данэху къытхыхьэну зреусыгъуэджэ, ауэ езыращ пэджэжынур. Благъуэр зекIуэ жыжьэм къэтыху, шхын щIэдгъэлIэнщ, мэжалIэр къытекIуэнщи, лъэIуакIуэ къытхуэкIуэнщ...»

ПсынщIагъуэ зэрыгугъауэ хъуакъым. Данэху кIэщIущт, щэхурыплъэ-щэхурыдаIуэт, зыгуэр и тхьэкIумэ къиIуа хуэдэ, къыщIэкIакъым, къыщIэплъакъым. Уэшхыпс зэхуихьэсым ефэурэ и псыхуэлIэр иригъэкIащ, къуалэм къаIэпыхуа гуэдз хьэдзэ къигъуэтщ, тебжэри, IэштIым хуэдизу хьэдзэр хэхъуащ. Абы егъуми, хэмыщIу, и ныбэри нэщI имыщIу, щIэсщ чэщанэм.

«АпхуэдизкIэ дызэрипэсыркъыми, шхын щхьэкIи зигъэлIэнущ», – жаIэри, ныуэжьхэр нэхъри губжьащ. Ящыщ лъагапIэм дэкIуейри хукъуэплъати, нэкIущхьэплъ хъужауэ, Данэху дарийм хэсщ. Хукъуэплъыр къелъагъури, нащхьэ къыхуещI, сытым укъихьа, жи. Модрейри бзэгузехьэщи, игъэпсэлъэн гурылъкIэ доуэршэр. Ныуэжьыр къохыжри, илъэгъуамрэ зэхихамрэ ПсынщIагъуэ хуеIуэтэж: «Данэху уэндэгъущ. Лъхуэн-пIэным и щэху зыщIэ фхэтмэ, къэзвгъащIэ, – жиIащ», – жи. Ныуэжьхэм лъхуарэ пIарэ яхэттэкъым, анэ къызэрилъхуар зыщыгъупщэжа защIэт.

ПсынщIагъуэ и ныуэжь пажэхэр иригъэувэкIри, пщэрылъхэр яхуищIащ: Данэху уэндэгъу зыщIар зэхэгъэкIын, ар цIыхухъумэ – къэгъуэтауэ, и псэр хэхын, мэгъу лъэужьмэ – къыщигъуэтар къегъэIуэтэн.

БыдапIэжьыр щIащыкI, хъу и лъэужь-Iэужь къалъыхъуэ – ялъагъукъым, ягъуэткъым. Бзэгузехьэр чэщанэм ягъакIуэри, Данэху пкърагъэупщIыхь: лIы къокIуэлIа е мэгъу гуащIэ зиIэ мывэ утеса? Лъхугъэ дауэ хэбдза?

* Шэфэл илъыгъуэ – цIыхум нэхъ и дахэгъуэ зэман. /Пора молодости, пора расцвета.

– ЛІы сытеплъакъым, ауэ чэщанэм сыщІэбэкъукІри, мывэ джэху гуэрым сытесат, – жи Данэху.

Ныуэжьхэр зэрехьэжьэри, мывэ джэху къалъыхъуащ, къагъуэтар фІыцІэт е щхъуэт. Данэху хуалъэфурэ ирагъэплъ:

– Мыра?

– Арауэ пІэрэт? – жи.

ПсынщІагъуэ мэгубжь, мыдрейхэри зэгуоп, – Данэху игу илъыр къэрахыфкъым. Ныуэжьхэм ящыщ зым къелъагъу гуэдз хьэдзэ бэгар, мэгъугъэр Данэху езым зэриІэщІагъэр къещІэ. Чэщанэм щІохьэри, гуэдз хьэдзэр къепхъуатэ, адрейхэр кІэлъыщІохьэри, Данэху и тІысыпІэм къытрадз, чэщанэм къыщІадз.

Ныуэжьыдзэм Данэху къаувыхь, кІуапІи-жапІи ирамыту, ираудри кІуэцІакъухь.

– Мыр Благъуэу ди адэм и гъэфІэнщ, и гугъу дывмыгъэщІ, – жи ныуэжьхэм ящыщ зым.

– Благъуэр къэкІуэжмэ, мы къызэфщІэр фхуигъэгъункъым, – къажреІэ езы Данэху.

Ар зэхахри, мохэр нэхъри мэгубжь.

– Мыр нартыпхъущ, хъу зэкІуэлІащ, девгъауи дывгъэукІ, – жаІэ адрейхэм.



Данэху, данапІэм хэсрэ пшэрыхьыр и Іыхьэу, Благъуэм зэригъафІэм иризэгуэп гупым лъыщІэжыр ягу къокІ. Абыхэм ягу къэкІам Данэху егъэшынэ, шынэм и псэр ІэфІ щещІ, гуащІэ къыщІегъэхьэри, ныуэжьыдзэр зэбгредз, я зым и щІыбым зредзэ, и дзэ жаныр ныуэжьым и псэфылъэм хеукІэ, ныІукІи сыкъегъэл, жыхуиІэу, зи щІыб исым йолъэдэкъауэ, мори щхьэхуимыту щІопхъуэри, быдапІэжьым щхьэдох. Ныуэжьхэри зэрохьэжьэри зэрыдох, хэт бжы иІыгъщ, хэти шабзэр зэфІедзэ, хэти и джатэр къиихащ.

– ДывгъэукІи, дывгъэупІэ, и Іэ-и лъэри и ныбэм илъри дгъэвэнщи тшхынщ, – жызыІари ныуэжьхэм ящыщщ.

Ныуэжьхэр цІыху щІыкІэм зэрикІрэ куэд щІат, я адэ пэлъытэу лъэтауэ къэт Благъуэм пэплъэурэ, гъаблэгу ящтат, цІыхуш хъуным къэнэжари зымащІэт.

ПсынщІагъуэ зыкъещІэж, ищІам щІощтэжри, щІогъуэж, къэгъэзэж жиІэу, Данэху йолъэІу. Данэху дзыхьмыщІу ныуэжьхэм къахоплъэ, зи щІыб исыр къыхыфІедзэжри, лъагапІэм йолъэ. Ныуэжьхэм я шабзэр зэфІащІэ, щІэпхъуэжам трагъапсэ.

– ФыкІэлъымыуэ, къэтыр къэсыжмэ, дыкъелынкъым! – жеІэри, ПсынщІагъуэ ныуэжьхэр зэтреубыдэ.

Зи псэр яхэзыха Данэху лъагапІэм щелъэм пшэ хужь Іэрамэм къауц щхьэнтэу хэхуэри, емыхуэхыу ехащ, иукІакъым, къелащ.

Данэху апхуэдэу щІэпхъуэжри, ныуэжьхэр я пІэм къинэжащ.

Благъуэр къэтауэ къокІуэж, нартхэм къатрихыу ныуэжьыдзэм къахуихуа Іэщ-былымыр къыдэфхуей, жери унафэ ещІри, Данэху игъэфІэжыну чэщанэм щІохьэ. Чэщанэр нэщІщ, тІысыпІэгъуэлъыпІэр ущІащ, ныуэжьхэри умэзэхауэ зэхэтщ.

– Тхуэубыдакъым. Дыпэмылъэщу, тфIыщIэпхъуэжащ, шабзэшэ хузэфIэтщIат, дыпфIэлIыкIри дукIакъым, – жаIэ.

Благъуэжьыр маджэ, мэкIий, и фэм йокI-йохьэ, лIы фIыцIэу зыкъызэщIедз, и благъуафэр зыщедзэжри, уахъуэщIыхъуэр зэрихьэу зеIэт, гъуэгунапщIэр илыгъуэу Iэхэлъахэм щоджэрэз. ЗэхэщIыкIыр къылъыкъуокIыжри, мэувыIэж, и мафIэр жьэдешэж – къилъыхъуэж Данэху зэрымыщIэкIэ къыIэщIисхьэжмэ, щIегъуэжынур езыращ. БыдапIэм егъэзэжри, ПсынщIагъуэ и гупыр егъэдаIуэ, нарт жылэжьхэр щIащыкIыу Данэху къагъуэтыжыну пщэрылъ ящещI.

– Ар дэ тхуэдэу пщащэдэсу къыплъагъэсакъым, абы лIы иIащ, и щэхур нахуэ щыхъум, зыхуэлъхуэм деж кIуэжагъэнщ, – жи ПсынщIагъуэ.

– Ар уи Iуэху зыхэмылъщ, уи Iуэху зыхэлърати, укIэлъыплъыным и пIэкIэ щIэбгъэпхъуэжащ. ГъащIэ уиIэнкъым, къыумыгъуэтыжмэ. И ныбэм илъыр зэрилъу къэгъэтIысыж, лъхуамэ – къилъхуар иIыгъыу къэшэж.

– Сэ сахэкIмэ, ныуэжьыдзэр дауэ хъун?

– Ари уи мыIуэхущ!

Благъуэм ныуэжь пашэ пщыкIузым я зыр дзэзешэ папщIэу къегъанэри, мыдрей пщIыр щIыгъуу, ПсынщIагъуэ быдапIэм дегъэкI, Iэдакъэсэ нэмыщI, Iэщэ ямыIыгъыу. Ныуэжь иригъэжьахэр Iэщбылымыр къызэрыдагъэхьэ лъагъуэ задэмкIэ йохри, нарт лъахэм йохьэ.



ПщIым нэхъ жыIэщIэрэ узэщIауэ яхэтыр ГъущIыпсэ, НэфIыцIэ, ЦIащхьэ сымэти, абыхэм я блыгущIэтрэ я жыIэ тетынхэу мыдрейхэр ятрегуашэри, жылэжьхэм деутIыпщхьэ. Езы ПсынщIагъуэ щалъхуа жылэжьымкIэ еунэтI гъусэншэу. ЗэбгрыкIын ипэ, щызэхуэзэжыну пIалъэмкIэ ягурыIуащ: и щтаучыр икъутэри, къутахуэхэм ящыщ ГъущIыпси, ЦIащхьи, НэфIыцIи яритащ, езыми къыIэщIэнащ. Гупыр зэхуишэсыжын хъумэ, къыIэщIэнар къигъэплъурэ, мыдрейхэм яIыгъри пщтыр къэхъунущ, пщтырыр зыхащIэмэ, ягъэнэхуа щIыпIэм деж щызэхуэсыжынущ, далэ* дамыхыу.

## Гущэкъу ибзэныр хабзэт




ПсынщIагъуэ и жылэжьым дохьэж, зытеплъэри зыIуплъэри фIэщIэщыгъуэу зэпеплъыхь, зэщIодэIукI, мэпамэ, шхынымэри фIэIэфIщи, Iэщымэри и жагъуэкъым. И гупсысэр ешэщIри, и цIыкIущхьэр къещIэж. Iугъуэ зэрыкI уэнжакъхэм йоплъ, къэзылъхуа и анэр жьэгу мафIэм пэрысу пщафIэу, шыуаным ивыкI-ижьыкIыр бэлагъкIэ зэIищIэу и нэгу къыщIохьэж. Хьэзыр щыхъукIэ, ху пIастэр, бахъэр щхьэщыту, зэрыбыным къахуигъэувырт...

* Далэ – зэман.

ПсынщIагъуэ къэзылъхуаи къыдалъхуаи лIэжащи, зыIуплъэжын щыIэжкъым. Благъуэм кIэщIэсурэ, езыр нэжьгъущIыдзэу къыщIидзыжащ. Гузэрыдзэм игъэжэщIри, щхъухьым игъэгъуащ. Лей мыгъэгъуным къызэкIуэцIичми, нартхэм я хабзэр къегубзыгъыж, хьэщIэм пщIэ зэриIэр ещIэж. УракIуэгъужэгъуми, урабий дыдэми, уращыпэлъагъуми, нартхэ я унэ уихьамэ, уагъэхьэщIэнущ. Ауэ, ар пщащэ е гуащэ ирехъу, бзылъхугъэ и закъуэу гъуэгу трагъэхьэ я хабзэкъым. Езыр ныуэжь Iуплъэгъуейщ, благъафи хьэщIафи къызэрырамыплъынур къыгуроIуэри, гъаблэм ихь фызыжь зеиншэу фэ зытрегъауэ. Унащхьэ чэзууэ лъаIуэу доувэри, мэжаджэ тыкъыр къыхуаший мыхъумэ, я бжэщхьэIу ирамыгъэбакъуэу къыIуагъэкIыж. АбыкIэ ПсынщIагъуэ и пщэрылъыр зэщIа хъунукъым – Данэху здэщыIэр къыхуэщIэнукъым. Аращи, Iуэхум бзаджагъэ хелъхьэ, зыгуэрым и лъапсэ Iуохьэри маджэ, «плъэ» жаIэу къыщIагъэкIа сабийм пщIантIэм фIыдохьэри, сымаджэ нэпцIу пщIантIэкум зыщегъэджалэ, унагъуэм зыкъыщринэнкIэ гугъэу. АрщхьэкIэ жылэм уз зэрыцIалэ хуэлъэти, узыншэу къэнахэм гущтэ ящIат. Унэгуащэр къыщIож: «IукI, дэкI, Тхьэм къытхуимыхькIэ емынэ узыр», – жеIэри, унэIутхэм фызыжьыр къыдрегъэдзыж. Арыншами гузэрыдзэ зыхуиIэ и жылэжьым теплъэ мыхъужу, ПсынщIагъуэ нэхъ Iеижу къызокIуэкI. АдэкIэ, и занщIэ и гъуэгуу, макIуэ, здэкIуэм псыIэрышэ ирохьэлIэ, псы Iуфэм IутIысхьауэ зигъэпсэхуу здэщысым, зы шу къакIуэу къелъагъу. КъакIуэр къосри къопсых, гъуэгу сабэм хэс фызыжьым бгъэдохьэри фIэхъус ирех, и гъуэмылэм щыщ къызыкъуехри хуеший.

– Си ныби изщ, къызэузи щымыIэ, гущIэгъу зиIэм уащыщмэ, екIуэлIапIэ къызэт, – жеIэри, ПсынщIагъуэ мэлъаIуэ.

– Мыбдеж щыс-тIэ уIумыкIыу, – къыжреIэри, шум IуегъэзыкIыж.

ПIалъэ кIэщI докIри, щIалэщIэ цIыкIу къыхуокIуэ. Шым къопсыхри, шы IумпIэр иIыгъыу, щIалэр къыбгъэдохьэ:

– Нанэ, ди адэм щхьэегъэзыпIэ къызэт жызыIэу уэра елъэIуар? Уэрамэ, ди унэ усшэну сыкъигъэкIуащ, уешамэ, си шым узгъэшэсынщ, – жи.

– СэракIэ сэращ, щIалэфI, гум сису сыпшамэ, си ныбжьым нэхъ къекIут, – жи ПсынщIагъуэ.

– Iэщышхуэу диIэр Благъуэм иратащ, езым нэмыщI, и ныуэжьыдзэри гъэшхэныр ди пщэ дэлъщ. Жылэм зы выжь закъуэ диIэжти, гум щIащIэри физгъалъхуэр къэрагъэшэну ягъэкIуащ. Ди анэмрэ сабиймрэ нобэ-пщэдей зэIэпыкIынущ.

«Мы щIалэр псэлъэрейщ, и адэри жыIэзыфIэщщ, я деж тIасхъэ щыщIэсхыфынущ», – жиIэу гуфIэу, ныуэжьым шыбгым зредзэри, щIалэ цIыкIур къегъэуIэбжь:

– Мыр сыту ухъыжьэ, нанэ? ЗекIуэлI шэсыкIэу ушэсаи!

– ХэкIыпIэншагъэм уимыгъэщIэн щыIэкъым. Неуэ, фи унэ сынэгъэс!

ПсынщIагъуэ, и щхьэ мыхъейуэ, шыбгым исщ. Ныуэжь мыцIыхур ешэри, щIалэщIэр и унэ мэкIуэж, хьэщIэм гуащэ уэндэгъушхуэр къы-

пожьэ. ХьэщIэщыбжэр Iухагъэххэти, щIегъэтIысхьэ, езыр макIуэри лэгъунэм щогъуэлъыж. Фызымрэ сабиймрэ зэIэпыкIыу, махуэ плIыщI дэкIыжыху къэтыну, я лIыр зекIуэ ежьат. «Си лъхуэгъуэм фызыжь зехьэн къысхуримыгъэшами хъунут», – жиIэу егупсысами, и нэгум ар къримыгъэщу, ГуащэкIэ зэджэ унэгуащэр тэджурэ ныуэжьым щIоупщIэ, унэIутхэм унафэ яхуищIауэ, ягъашхэ, модрейми фалъэр къызэщIибзаеу иратыр ешхри, хъуэхъум хъуэхъу трижыIыхьыжу, фэрыщIу фIыщIэ ещI къыхуащIэр.

Гуащэм и хьэлъэр и лажьэщ, жылэм дэлъ лажьэри и гукъеуэщ. Лъхуэрэ пхъу къилъхумэ, къыщIагъэхъуэнукъыми, егъей, къуэ къилъхурэ и къэшэгъуэ нэсмэ, хэкум пщащэ къыщрамыгъахъуэкIэ, къэшэн лъыхъуэ адрыщI кIуэн хуей хъунущ. И къуэ нэхъыжьыр апхуэдэу ежьэри къэкIуэжакъым, къыкIэлъыкIуэри ежьэныгущ. Хэгупсысыхьауэ Гуащэ здэщысым, вэсэмахуэ зыпэплъа фызгъалъхуэр къахыхьащ. Уэндэгъум къеплъэщ-неплъэщ, «мы слъагъу уи ныбэм илъыр щIалэщ, залэкIэ къемыжьа, къыптелъадэмэ, къызэгъаджэ», жиIэу дэкIыжыну щыщIэкIыжым, ныуэжьым Iуплъэжри, щIигъужащ:

– Фи хьэщIэр фызыжьми, лъэрызехьэщ, лъхуэн-пIэным хищIыкIыу къыщIэкIынщ, унэIутхэри жьажьэ хуэдэкъым, сыкъэсыху къыпкIэлъыплъын уиIэщ.

ПсынщIагъуэ зэрымылъхуар, зэрымыпIар абы дэнэ щищIэнт, и цIэ-и щхьэр ибзыщIырт, езыр плъэIуакIуэ-дэIуакIуэт. ЗыфIимыгъэIуэху хуэдэу, фызгъалъхуэм пкъроупщIыхь:

– Iэгъуэблагъэм зи лъхуэгъуэу физ куэд щыIэ?

– Япэм хуэдэу физхэри мылъхуэжыф, шынэ узыр зэфыкIыр куэд хъуащ, Благъуэм нэхърэ мынэхъ кIащхъэу ныуэжьыдзэм щошынэхэр. Ныуэжьхэм цIыхул яшхыу жаIэ...

– Ар сыткIэ ящIэрэ? Я нэкIэ ялъэгъуа?

– Щыхьэт щыIэщи араи.

– Щыхьэти дэнэ къраух?

– Мэхауэ, зы физ уэндэгъу губгъуэм къыщагъуэтыжри, зейм хуашэжащи, зыкъищIэжу жиIахэр жылэм яIуатэ. Благъуэм иубыдри иIыгъащ, ныуэжьыдзэм яIэщIэшхыхь пэтащ. ХъыжьпIыжьрэ хьэжьэражьэу щысымаджэм ар къыжьэдэкIати, кIэлъыплъахэм зэхахащ, ягъэщIагъуэуи хахьащ.

Ар щызэхихым, ПсынщIагъуэ игу быдэжьыр къилъэту къоуэ, зызэтриIыгъэрэ къызыфIимыгъэIуэхуу жеIэ:

– Ауей, шыпсэщ ар, Благъуэр игъащIэми фызыншэщ, хъыджэбзу хуашар, емыIэбурэ, ныуэжь зэтехъуащ...

– Мы зыр игъэфызауэ арагъэнущ. Арами, пхъур зейхэм Iумпэм ямыщIу къащтэжащ. Къилъхур кърагъэлъхунурэ, благъуащхьэблагъуэкIэу къыщIэкIмэ, шыр щIыкIэ яукIыжынущ, цIыхущхьэцIыхупкъмэ, лъэпкъым хабжэу япIынущ.

Ар щызэхихым, Гуащэ къопсалъэ:

– Благъуэм цIыху хуэлъхуэу зэи къэхъуакъым. ЩIалагъэделагъэкIэ щыуауэ арагъэнщ. И унагъуэм щыдагъэхьэжакIэ, сэри а лъэпкъым сыпихьэнущ. Фызыр лъхуэрэ къилъхуар пщащэу къыщIэкIмэ, сэри сызэфIэкIрэ къысщIэхъуар щIалэмэ, гущэкъу яхуизбзэнущ. Я ныбжь нэсмэ, нысэ схуэхъунщ.

– Хъунщ, яжесIэжынщ, – жиIэри, фызгъалъхуэр дэкIыжащ. Мор зэрыдэкIыжу, Гуащэр жыджэр къохъуж. И къуитIыр зрипIыкIа гущэр и хьэзырыххэт, ещанэу къилъхур абы хипхэнут. Иджы гущэщIэ ирегъэщI, куэнсапIэр илъыжу уэншэкухэр ирегъэд, уд тримыгъэплъэну, къепхъуххэр зэгуедэ, Данэху къилъхуну нанур зыхэлъынур хьэзыр ещI.

ПсынщIагъуэ зэм Данэху зыдэс жылэм кIуэну мэхъу, зэм щIогъуэжри, и пIэм йотIысхьэж. Гуащэм лъхугъэр къытолъадэри, фызгъалъхуэр къэмыс щIыкIэ, ПсынщIагъуэ щыхьэту, унэIутхэр щхьэщыту, анэмрэ сабиймрэ зэIэпагъэкI, тIури узыншэрэ тыншыжауэ. ЛъхуагъащIэр ПсынщIагъуэ къыхуагъанэри, гъунэгъухэр зэбгрокIыж. Къахэхъуар щIалэ цIыкIут, Япэнэс фIащащ, гъэфIэгъыбзэу и анэр НэскIэ еджащ. БлагъагъэкIэ зыпихьэну зыхуаIуэхуа унагъуэм хъыджэбз цIыкIу къихъуати: «Фи щауэр нобэ цIыбзэхеьэми, пщэдей джатэгъабзэщ, ди пхъум и напIэ егъалIэри, гущэм хэлъщ», – жаIэри къаIуэхужащ. Пхъур нэгъуэщIым едмыту, фхуэтхъумэну дыхьэзырщ, жыхуаIэт. «Ар сыту гуфIэгъуэшхуэ, сытуи сыкъикIа», – жиIэри, Гуащэм щыхьэтхэр къриджащ: мо жылэм дэс, мо лъэпкъым япхъу си щIалэм траIуащи, гущэкъур худобзэ. ГущэщIэу гъэщIэрэщIар пщащэм ейти, ирабзэри, зейм хурагъэшэжащ, щIалэ цIыкIур зыхэлъыр ирабзагъэххэт.

Гущэкъу ибзэнри гущэхэпхэри нартыжьхэм я хабзэт. Гуащэр гуфIэщати, хабзи бзыпхъи емыплъыжу, махуэ плIыщIри димыхыу, епэсауэри, гущэхэпхэр ищIащ. «ГуфIакIуэ сынэвгъакIуэ», – жиIэри, Данэхухэ иIуэхуащ. Гуащэм и нысэгъухэм къыжраIэ, и гъунэгъухэм къраIуэкI:

– Гущэкъу зыхуребгъабзэр къэзылъхуар тщIэми, къезыгъэлъхуар моращ, благъагъэкIи упымыхьэ, зыкIи уемылIалIэ.

Абы и жэуапу Гуащэм жиIэращ:

– Си щIалэ нэхъыжьыр хъыджэбзаплъэ кIуэри, къэкIуэжакъым, нысэу хэт къысхуишами здэнут, езыр псэууэ слъагъужамэ. Си курытыр зыпылъ хъуну жылэм дэс пщащэ цIыкIухэр къызэрыжэпхъыу зэщIакъуэнурэ Благъуэм хуашэнущ. ЩIалэр фызыншэу щысынукъым. Ежьэмэ, къыпэщылъыр хэт зыщIэр? Сэ сщIэр сощIэж, си нэхъыщIэм и къэшэныр сэ къызатмэ, IукIэ спIынщ, щIытI къэстIынщи щысхъумэнщ, ней къытезмыгъаплъэу, еплъыр си закъуэу.

– Ар нартхэм ди хабзэкъым, ар уи лIым идэнкъым, – къыжраIэ.

– Нартхэ я лIыгъэр къуалъхьэжри, зи къэшэгъуэхэр адрыщI кIуэныр хабзэу къащтащ. СыхулIэ апхуэдэ хабзэ! Пхъу сиIамэ, нарт-



5 Заказ №770

хэм, а силIри яхэтыжу, Благъуэм иратынут. Си емыкIу щхьэкIэ фэ фымыгузавэ, зэфэну псыр къажэмэ, ди сабийхэм я щхьэ и унафэ езыхэм ящIыжынщ. «Жылэм сыт жаIэн», – жысIэу, си IэмыщIэм къихьар сэ сымыутIыпщыну.

Гуащэм и псалъэр Данэху деж нэсыжри, игу дыхьащ, къилъхуар къыдэзыпIу хуэзыхъумэн нарт гуащэхэм къазэрыхэкIам щыгуфIыкIащ. ЦIыхубзитIым лъагъунлъагъу зэхуэкIуэну зэраухылIащ. Гуащэм игъакIуэри, Данэху сабийр иIыгъыу къригъэшащ.

БжьыхьэкIэ мазэт, уафэр зэхэуфат. ХьэщIэхэр хьэблэм къыщыдыхьэм, зы джэгуакIуэжь япежьати, уэсу уафэм кърипхъыхыр пщампIэншэ-Iэгъуапэншэм и пщэдыкъ пцIанэм дэсащ.

– Япэ уэс къесащ, Япэнэс и къэшэнри къэсащ! – жиIащ абы.

Хьэблэ сабийхэм джэгуакIуэжьым и псалъэр зэрызэхахауэ хьэблэм дахьащ:

– Япэнэс и къэшэн Япэуэс къэсащ!

Данэху хъыджэбзыцIэр игу ирихьащ. Гуащэ и унэм зэрихьэу, пщащэ цIыкIум и цIэмкIэ къыщеупщIым: «Хьэблэ сабийхэм Япэуэс къыфIащащ, си фIэщуи къыфхуэсшащ», – жиIащ.

– Уэ зэ уи фIэщмэ, сэ тIэу си фIэщщ. Сэ УэскIэ седжэнщ. Дзыхь къысхуэпщIрэ къысхуэбгъанэмэ, си щIалэм дэспIынщ, IэфIым хэспIыкIынщ, бзаджэм щысхъумэнщ, – ахэр жриIэу, хьэщIэм бгъэдэсащ Гуащэ.

Пхъур зейм къигъэгугъащ: «Сэ спIыжынщ, и ныбжь нэсмэ, фи щIалэм фIэтхынкъым, лъэпкъыр и псалъэм епцIыжынкъым», – жиIэри. Данэху къыщIэхъуар сабий Iэпсэу-лъэпсэути, лъэпкъым хабжат. Гуащэ игъуэтари щIалэ узыншэт. Нанухэр зэIэпахыу яIыгъащ, зейхэр щэхуу зэпсэлъащ. Ещанэ махуэм, тыгъэ лъапIэхэр иритри, Гуащэ Данэху иригъэжьэжащ. А тIур зэгурыIуэри, бзаджагъэ хуекIуат, зыми кърамыгъащIэу сабий зэблэхъу ящIат: Япэуэс и гущэм Япэнэс яхьри, щIалэм и гущэм хъыджэбз цIыкIур хапхащ.

– ЩIалэр зэрыхъуу упIынщ икIи къэхъунщ, дзыхь зытепщIэ мыхъунур пщащэращи, нартыжьхэм Благъуэм хуашэну птрахмэ, уэри угуIэжынщ, сэри нысэм сыхагъэкIыжынщ... Къэпщтар уи быдзышэ иумыгъафэ, къысхуэбгъэнар си бгъафэ щIэлъми, нэгъуэщIым и быдзышэкIэ спIынщ, – Гуащэ и чэнджэщыр унафэт, а зэманым зы быдзышэ ефахэр зэрышэжу хабзэтэкъым.

Гуащэ и нэр къыщхьэрипхъуат, щIэгузавэми щхьэусыгъуэ иIэт: нарт щауэхэр физ щIэнэцI защIэт, къашэн здамыгъуэтым, испыхэм я деж кIуэрти, цIыкIужьейрэ Iуплъэгъуейуэ, испыпхъу къахьырт, къахьар ягъалъхуэрт, езыхэм ещхьу, хэщIыхьа лъэкъыцэу бын кърагъэлъхурт. Е хы адрыщI щыIэ бийм я хэкум псыщхьэ гъуэгукIэ кIуэхэрти, бзэмыIурэ дыщасэншэу Iушэ гуэрхэр къашэрт. Ауэрэ лъэпкъыр теплъаджэ хъурт, псэлъыхъу ежьахэми я нэхъыбэр бзэхырт. А псом къыхэкIыуи, чэнджэщэгъу хуэмеижу, Гуащэ, ищIэнур ищIэри, Данэху иригъэжьэжащ.

ХьэщIэр къазэрыхыхьэрэ зытемыплъа ныуэжьыр игу къокIыжри щIоупщIэ, хьэщIэщым щагъуэткъым, унэшхуэми щIыхьакъым. ПсынщIагъуэ Данэху хукъуэплъри къицIыхужати, езым зытримыгъаплъэу дурэш дэсащ.

– Еууей, Iуэхум сыкъыдэмыхуэурэ гулъытэншэ хъури, дэкIыжауэ арагъэнущ, – жиIэри, фIыщIэмыщIу къызэрыхущIэкIари фIэмыIуэхуу, Гуащэ ныуэжьыр щыгъупщэжащ. Данэху дауэрэ нэсыжауэ пIэрэ, жиIэу, и хъыбар пэплъэрт.

ПсынщIагъуэ зигъэгусэу дэкIыжауэ армырат, атIэ шыр фIэдзапIэм фIихщ, шыбгым зридзэри, Данэху кIэлъыжауэ арат. Гум кIэлъыщIохьэ, бгъуролъадэ, зедзри, гублащхьэдэсыр иредз, езым Данэху идыгъужыну ирехьэжьэ. Данэху къэхъур щилъагъум, ПсынщIагъуэ пэрыуэну хэтщ, мори къызодзэкъэкI, мыдрейми ныуэжьым и Iэдакъэсэр зыIэрегъэхьэри йоуэ, уIэгъэ ещI. Выгур мэуфэрэнкIри, гущэр къоху, ехуэхар къиштэжыну Данэху гум йолъэ, ныуэжьыр абы щхьэпролъри, лъыпсыр къызэрыпыжу, сабийр епхъуатэ. Шыбгым зредзэж, дзадзур ирехьэжьэри, макIуэ-мэлъей. ПсынщIагъуэ зыхуекIуар бзаджагъэт: анэр быным кIэлъыжэнщи, си гъусэхэм ар зэщIаубыдэнщ, жыхуиIэт. Асыхьэту и щтаучыр зэщIегъаплъэ, и гъусахэм яIыгъ мывэ къутахуэхэр пщтыр къаIэщIохъуэри, щызэхуэзэжыну зэраухылIа щIыпIэмкIэ псоми яунэтI.

И гъусэхэм яхуозэжри, унафэ ещI Данэху къалъыхъуэжыну:

– Гъуэгужьым тету къакIуэмэ, фыпежьи фубыд, – яжреIэ, арщхьэкIэ Гуащэ зыдэс хьэблэм игъэзэжат Данэху, зи лъэ вакъэ изылъхьэу игъуэтыр сабийр зыхьа ныуэжьым пхъэру кIэлъигъэкIуэну гугъэу.

## Благъуэм и губжь




Ныуэжьхэм Данэху щамыгъуэтым, щамылъагъум, ПсынщIагъуэ уIэгъэ телъу ящIыгъуу, сабийр яIыгъыу, Благъуэм деж ягъэзэж.

Ныуэжьыдзэ дзэзешэр шынэрэ кIэзызу Благъуэм и пащхьэ йоувэ, и уIэгъэри фIэIуэхужкъым, – кIыжынущ. Ауэ езыр къэтыху, Благъуэм бзэгу хуахьащ: «Данэху щIэзыгъэпхъуэжар ПсынщIагъуэщ, удын едзыну дигу къэзыгъэкIар аращ», – жраIащ. Благъуэм и сыджыр мэтэдж, и щхьиблыр егъэкI, и кIэр хьэлъэу треупцIэ. ПсынщIагъуэ ищIам щIэщтэжащи, зехуз, зекъуз, къыщIикъузыкIыу псалъэр къыжьэдокI:

– ДыпщIэншэрыкIуакъым, Данэху къилъхуар къыпхуэтхьащ, анэгур иIэмэ, езыри къэкIуэжынщ. Къытхуэгъэгъу дыкъызэрытар, –

ар жеIэри, НэфIыцIи, ГъущIыпси, ЦIащхьи щхьэщэ ирегъэщI. ПсынщIагъуэ псоми япэ итщи, гъэшауэ къонэ – зиузэхужын мэшынэ.

Благъуэм и щхьиблыр ирегъэзых, и губжьыр къыдрешей, и Iу мафIэр кърегъэкIри, ПсынщIагъуэ и пIэм иримыгъэкIыу егъэлыгъуэ, и къупщхьэлъапщхьэр гъэшауэ тэлайкIэ зэфIотри, дэп жьэражьэу зэтощэхэж. Губжьар яжьэм щIопщэжри, жьым ирегъэхьыж.

Ныуэжьхэм апхуэдэ я щыпэлъагъут, ящыщ Благъуэм игъэсыжатэкъым. Я фэр а зэрыщытрэ дзэзешэр я пэрыту, гъэуэ къэунэхур ирахыну фIэкIа я пщIыхьэпIи къэкIатэкъым. ЗыIэщIэукIэжар гъащIэкIэ зыщыгугъыу тхьэрыIуэкIэ зыбгъэдэта Благъуэращ. Абы дзыхь тепщIэ мыхъуну къахущIэкIа? Псори зи лажьэр Данэхущ, къахьа щIалэри абы и щылъхущ...

Благъуэжьым ГъущIыпсэ дзэзешэ ещIри, сабийр япIыну унафэ трещIыхьыж, еIусэнуи игъэсэнуи езым фIэкIа зыри хуимыту.

Ныуэжьхэр пIэцIеижырт дзадзум еплъыну, ауэ Благъуэм фIэлIыкIырти, зэхэтт. АпщIондэху сабий мэжэлIар IурыуфIыцIыкIыу гъащ. Благъуэм лIы фIыцIэ зыкъиищIщ, шыбгым зридзэри, пшэхум хыхьащ, куэд дэмыкIыу жэм зэщIэс къихури къэкIуэжащ. Жэмыр къашри, Япэнэс шэ хуабэр IурагъэткIуащ, и джийм ехар игу нэсри, тIэпIу ефащ, и ныбэ из зэрыхъуу, жейр къытеуащ. ЖеипIэ иримыту, лIы фIыцIэр Iэбэри сабийр къищтащ. ЗэкIуэцIихрэ еплъмэ – щIалэщ, и Iэ-и лъэ зэхуэдэщ, и щIыкIэр цIыхущ. Ныуэжьхэм тхьэ щаIуэж ар къэзылъхуар Данэхуу.



– И анэр къэкIуэжмэ, фыпежьэ, – жеIэри унафэ ещI. Езым и жеигъуэти, лIыфэм зэриту чэщанэм щогъуэлъ.

Данэху жылэм дохьэж, Гуащэ деж йокIуэлIэжри, къыщыщIар щыхуиIуатэм, Гуащэ къэхъуар щхьэжэ щохъу, магъ, мабжэ. Гущэм хэлъыр къыхехри, Данэху хуеший:

– Ууейр узотыж, сысейри къысхуэгъуэтыж.

Ар щызэхихым, Данэху зеумыс:

– Къыр щыгум гъазэ симыIэ. Благъуэм сыхуэлъхуащ. ЦIыхущхьэ зыпыт зэ къызолъху, етIуанэр зейм ещхьрэ щхьибл пыту къыщIэкIмэ, яукIынщи, сэри сытраукIэжынщ.

– Си фIэщ мыхъуами, гущэкъу зыхуизбзар благъуэ щылъхущ, – Гуащэ и гуIэм гуIэ трещIэ, абы хэтуи пщIантIэм дэтхэр зэрызохьэ – лIыр къэсыжащи, ини цIыкIуи хузэблож.

– Къэхъуар ди зэхуэдэ щэхущ, лIым сыкъыумыгъащIэ. Сабий закъуэу къытхуэнар езым ейуэ жызгъэIэ. Къуэ дэзгъуэтарэ си ягъэкIэ кIуэдауэ къищIэмэ, сыкъелынкъым.

Данэху зэхихыр егъэщIагъуэ:

– Уэ къэплъхуар щIалэт, ар жылэм ящIэ!

– Пщащэм сытегужьеикIри, щIалэу тезгъэIуащ, жысIэнщ, и фIэщи сыхъунщ.

Данэху къэхъуар зэпелъытри, арэзы мэхъу:

– Хъунщ, ядыгъуар ууейрами, сысейрауэ тедгъэIуэнщ. Къэнар благъуэ щылъхуми, лIым къыуигъэлъхуауэ фIэкIа зыми иумыгъащIэ. Си Iуэхури дяпэкIэ бзыщIащи, укъыслъимыхьэ, – жеIэри, Данэху докIыж.

... Гуащэ Япэуэс «Уэс» фIищыжауэ, нэ лей тримыгъаплъэу ипIырт, Благъуэми нэгъуэщIми иримытыну, и къуэм хуихъумэну и нэрыгът.

* * *

... ЖэмышэкIэ ягъашхэ Япэнэси къэжэпхъащ, лъэбакъуэ ичащ, хьэвшыр пIыкIэу зыпI ныуэжьхэм я бзэ ныкъуэмкIэ псэлъащ. Фэшхуэ-лышхуэ къимыщтауэ, илъэсищ-плIы щыхъум, и адэ пэлъытэ Благъуэр шууей лIы фIыцIэу щыдэкIым, шыплIэм дегъэтIысхьэри, пшэхум хехьэ, нарт хэкур къаплъыхьыну, хэку жыжьэхэми щигъэплъэну. Я ежьэр кIыхь мэхъу, сабийм къытохьэлъэ, Япэнэс и гуащIэ мащIэр къэрабгъэ щIыкIэм хуехьри, Благъуэм нэмыплъ кърет, Iумпэм ещI, мэгубжьри, быдапIэм ехьыж. И губжьыр игъэтIысыну благъуафэм йохьэ, зеIэтыжри, нарт хэкужьыр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ егъэлыгъуэ, егъэс, псы ежэххэр егъэгъу, гуащэжьхэр гъуэгыу зэхэсу къегъанэ. Япэнэс къэхъукъащIэм йоплъ, гуащIэмащIэми, и зыхэщIэр ирокъу, зыдэплъеину зы псэущхьэ имылъагъуми, цIыху щIыкIэу къохъу.



Нартхэр аргуэрыжьу гужьеяуэ, шыри выри Благъуэм Iусу ират, иратар ныуэжьыдзэм фIагъэжри яшх. ФIамыгъэжу зыв къагъанэ, къызыхуагъанэри Япэнэсщ. ЩIалэр вым кIэрыпщIат, выми, щIалэр зэрилъагъурэ, гъэщIэгъуэну зищIырт: хьэ пщIэукIэу пщIэунт, шы щыщыкIэу щыщынт – щIалэ цIыкIум гу къылъитэху увыIакъым. Япэнэс выр зэштегъэу хуохъу. Выбгым ису пшэхум хоплъэ, тафэр къеплъыхь. ЩыхупIэ задэм и Iуфэм ирокIуэ, кърокIуэж. Зэгуэрым вынэм щIоплъэри, мэзыжь щIелъагъуэ, лъэс лъагъуэ щIэкIыу къехутэ, и адэ пэлъытэми йолъэIу:

– Мэз щIагъ сыгъакIуэ, накIуэ-сыкIуэ сыгъэщI.

– Узыхуейм кIуэ, удэкIмэ, къэгъазэ уиIэнкъым, – Благъуэжьыр ябгэщ, зыбгынэр и бийщ.

Ныуэжьхэр, хэщI ямыIэу, къыкIэщIэсу есащи, щIалэри игъэжыIэщIэнущ, и ни, и пи къимыхьми, къуэуэ илъыташи, зригъэдэIуэнущ.

Япэнэс цIынэIуэщи, мэдаIуэ, и лъэIуэнри щегъэт, щэхуу а гъэр дех.

Ныбжьэгъуу иIэр вырати, вы бжьакъуэ дыкъуакъуэм доплъри щысщ, вагъуэбыным хоплъэ, уэгу зэриплъэ къещIэ, щIэщыгъуэуи зоплъыж. И Iэ-и лъэр хэхъуащ, и зыхэщIэри бэгъуащи, Благъуэжьым йоупщI:

– Вы бжьакъуэм сыдэплъри, нарт хэкужь къэслъэгъуащ, цIыхущхьэ ислъэгъуащ, лъэпкъым сахэплъэну си гур хъуащи, хуит сыкъэщIи, сутIыпщ.

– Уэ къыпхуей абы щымыIэ, уэщхъыфэми, плъэгъуар уи бийщ, уи адэр хэтми къащIэмэ, уаукIынщ.

Япэнэс зеущэхуж, вы джабэм щIотIысхьэж, мыкIуэ-мыжэу а гъэри ирех. Iуэм илъу вы джабэ хуабэм здыкIэщIэлъым, мэжейри, и адэ дыдэм йопщIыхь, упщIэ иIэуи къоуш:

– Сэ нартхэм сащыщщ, зэшищым сранэхъыщIэщ, си адэри лIы хъыжьэщ. Щхьэ мыбы сыщыIэ?

Ар зыжриIэ Благъуэжьыр мэгубжь, щхьиблыр зыфIегъакIэ, и кIэр еупцI, нарт щылъхур иукIыну зещI.

Ныуэжьыдзэр къаплъэу щыту, зигу къыхэщти яхэмыту, Благъуэр цIыху щылъхум тогуплIэ, тогушхуэри еIэт. Выр гъуахъуэу щIопхъуэри, Благъуэм и кIэм тоувэ, Благъуэжьыр къоскIэри, IэщIэлъыр IэщIоху, пшэхум хохуэри, щIылъэм щабэу тоувэ. Выр «Нэ-э-эс» жиIэу маджэ. Благъуэм и Iу мафIэр Нэс кIэлъеутIыпщ, игъэлыгъуэнурэ игъэкIуэдынущ.

Выр щыхупIэм йолъэ, Нэс и пащхьэ йохуэ, и хьэлъэм щIыр игъэзджыздж зэгуеудри зэгуегъэкI, зэгуэкIам Нэс дохуэ, йохуэхри, щIыщхьэр зэгуохьэж.

ЩIалэр щIы щIагъкIэ мэпщ, хуэзэву щIопщ. ЩIэпщыпIэр мывэ шыкъырщ, и Iэгу-и лъэгуажьэр третхъу, дауэ хъуми, Благъуэм къелащи, псэущ.



## ЩIы къатиблым



Нэс пщыурэ йош, йошри мэмэх. ЗдэкIуэри дэнэ? ЩIэкIуэри сыт? И псэ тIэкIур пытщ, и Iэпэ-лъапэхэр лъыпсщ. Лъапси Псатхьи имыщIэ, жэщ-махуэ имыщIэжу мэхауэ здэщылъым, и щхьэ-и щIагъыр фIызэхогъуащэ. И анэ и макъыр и гум кърѣдзэ. Ар щабэрэ гуапэу къопсалъэ, «си нэху, си Нэс», – къыжреIэ.

«Уи цIэ дыдэр Япэнэсти, сэ уэ НэскIэ сыноджат...», – къыжриIэу, и анэм ари и гущхьэм къокI. И гур покIэзызыхь, и цIэ дыдэр къиищIащ.

ЗдэпIэщIэни щымыIэ, жагъуэгъуи имыIэж. Псэ зыIут хуэзэмэ, кърищIэнур имыщIэ, зэрызищIынур имыщIэххэ.

Адэр пщIыхькIэ къищIэжащ, анэри нэгум къыщIыхьащ.

И псэугъуэ-хэхъуэгъуэм щIы щIагъым сытым къихьа? Ар сыт щыIэкIэ? Хэти и къэхъукIэ? Мыхъейуэ здэщылъым, и Iэпэ-лъапэхэр, Iэдакъэ-лъэдакъэхэр мэхъужри, щIалэр аргуэру мэпщ, зыщIыпIэкIэ мэкIуатэ. Зи щIыпIэри къыхуэмыщIэ, и IэмыщIэ къихуэр мывэщ. ЩIыIубнэфым ещхь хъуащи, махуи жэщи и зэхуэдэщ. Нэху кIапэ зэ теплъати – къыфIэщIауэ къыщIэкIащ.

Хуэмщ жыпIэми, мэпщ, мэкIуатэ, псыхуэлIэми ехь. Уэхь-сыхь жиIэу мэпIэтIауэ, хьэмбылум и пщыкIэ ещI. ЩIэпщыпIэр тIэкIу хуэзэIуокIри, хьэлъакъуиплI зещI. ЩIы щIагъым есащ, щIыIэ-псыIэм хэс-хэлъщ.

Мывэхэм йобзей, Iупс ирегъэх, и псыхуэлIэр имыкI. И щхьэр треIэтыкIри, лъэгуажьэмыщхьэу мэув. ПIалъэ докIри, къызэфIоувэ, шкIащIэ увыкIэ ещI. И лъэр щIэщIэми, мэбакъуэ, и плIэр хуэмурэ еIэт. Нэху кIапэр пэж мэхъури, нэху здэщыIэмкIэ пхроплъ. ЩIы щIагъ нэхум хуабэ щIэмылъ.

«Мыр зи кIыхьагъ сыту нэщI, псэ зыIути щIэмыс», – аргуэру егупсысауэ, псэ зыIут хуозэ. КIэ дыкъуакъуэрэ щхьэ дзасэу, зы псэущхьэ къыпожьэ. Хьэндыркъуакъуэ макъкIэ ар Нэс къопсалъэ:

– Укъэсаи ныкъуэлIэр. Жьы пщIэмыту укъокIуэ.

– Жьы зыдэшыпIэ* мы фи щIыпIэм иIэгъатэм, сщIэтынт!

Япэнэс щIы щIагъым щигъэкIуар имыщIэ. Шхын и джийм емыхыу, зыгъэпсэури имыщIэххэ.

– Мы ди щIыпIэр хэщIапIэу цIыху цIыкIум еттакъым. Жьырэ псырэ къэплъыхъуэмэ, укъэкIуэххэн хуеякъым. ЩIы къатиблыр къэпкIуами, уи пкъыр щIэлIэу упсэ махэщ! – хьэндыркъуакъуэ макъым къыжьэдэкIыр мыщIагъуэ. Къепсалъэми, и бзэгъукъым, и щIыкIэри мыщIагъуэ.

Зыхэдэн щымыIэу, зыхуэзар арати, и ужьым йоувэ... ЗдэкIуэм, и щхьэ-и щIагъыр зэхегъэкI, лъапэнэху зыдзми гу лъетэ: дэIэбеймэ, лъэIэсыну, хъурей гуэрхэр къаблэу фIэлъщ.

ЗдыщIэкIыр мывэу къищIыкIащ, мывопцIэри щтаучри хелъагъуэ. Ныуэжьхэм яхэсыху, мывэхэр зэхихуфу есат... И анэбзэр ебзыхьэкIауэ ныуэжьхэм къапиха мащIэмкIэ ещIэ, и цIэр и гущхьэм къридзэри, игу ириубыдэжащ...

КIэ дыкъуакъуэм езым ещхьхэр къыпожьэ, зопсалъэ жыпIэну, зэщIэвэу зэрощIэ, къажьэдэкIми ицIыху псалъэ хэткъым. Я зэрызехьэр кIащхъэ мэхъури, кIэ дыкъуакъуэхэр щIалэм йоплъ. Нэс, дэнэ кIуэн, мыхъейуэ щытщ. ЩIыхьэпIэ-щIэкIыпIэ гуэрым хэлъ бжэм лъоIэсхэри, Iуах, щхьэщэ ящI щIыкIэу, я щхьэ псыгъуэхэр ягъэщхъ, зэлъыIуокIуэтхэри, зы псэущхьэ ин къыщIагъэхьэ.

Нэс зэсар, зыбгъэдэсар Благъуэрэ ныуэжьрэт. Вы нэхъ дахэ псэущхьэ зымылъэгъуам иджы зи пащхьэ ираша Iуплъэгъуейр, шынэ лъэпкъ имыщIэу, зэпеплъыхь. Псэущхьэр щIы къатиблым щытепщэ МыгъуапцIэт.

Нэс и унафэр а здэщытым ирамыхыу ящIащ. КIэ дыкъуакъуэхэм бэджыхъым ещхьу щIалэм зыгуэр трапхъуэри, зихъунщIэну, хъеину хунамыгъэсу, нэхуу хэтыр хаш, хашыр хъурей джафэу ягъэпсри, лъапэнэху идзу, я щIыунэм и зы дурэш гуэрым щыфIадзэ.

Нэс и гуащIэр щIэкIарэ и псэр пыту къонэ. ЦIыху щылъхум нэху хэмытыжмэ, гуащIэ иIэжкъым. Нэс мыхъейуэ здэщылъым, и нэр

* ЗыдэшыпIэ – дэхупIэ.

ерагъыу егъаплъэ. Зи пкъыр щIэлIауэ абдеж щызэхэлъыр зыбжанэ мэхъу.

– Хэт ухъуну уэ щIалэр? – языхэзыр Нэс къоупщI.

Мис мыр и бзэгъущ, и лъэпкъэгъущ. Нэс и цIэр къещIэжри жреIэ.

– Сыт уи лъэпкъ, уи къупщхьэ, дэнэ укъыщыхъуа?

– Сэ къэхъукIэ щIагъуэ симыIа, – жеIэ Нэс. Благъуэм и гугъу имыщIу, выжьым топсэлъыхь, вы бжьакъуэ зэхуакум дэплъэу илъэгъуа хэкум щIоупщIэ.

– Ар дэращ зи хэкур, хъыкIэ дунейр щаухуэм, нарт лъэпкъыу дыкъэхъуат, ди щыIэкIэри дахэт. Ди адэжьхэм ящIэ хабзэр щIэблэм бгъэдалъхьэжу дыкъекIуэкIащ, иджы бзаджэм дегъэкIуэд.

– Бий фи куэду зэхэсхащ.

– Биим къелар шынэ узым ехь, шынэм къелар жей узым ехь.

– Ари мори сыт зищIысыр? – Нэс псоми щIоупщIэ.

– ТIури мы щIы щIагъым къыщожьэ. МыгъуапцIэ деж щызэхагъапцIэри, узыфэхэр щIым драхьей, дэзыхьейхэри дэ тщыщщ...

– Сэ Благъуэм сиукIрэ пэт сыкъыIэщIагъэкIщ, щIы щхьэфэр зэгуэкIри, арыххэу щIы щIагъыр кIуапIэ схуэхъуащ. Фэ мыбы щхьэ фыкъеха?

– ФIырыфIкIэ дыкъеха?! Даубыдри дыкъахьащ. Ди гуащIэр тхаш, тхышэ дыхъужауи, узыфитIым яз тхэту, хэкум дадзыж. Дыкъэзылъхуа лъэпкъыр дагъэукIыж.

– Лъэпкъым фыщысхьмэ, фахэмыхьэу зывгъэлIэжи аракъэ?!

– Уи фIэщу жыпIэрэ? Жьы дэшыгъуэр IэфIщ, щIыщхьэм сытеувэжу зы жьы дэшыгъуэ къысхуихуамэ, сылIэми, «солIэ» жысIэнтэкъым...

Я псалъэр никъуэжыIэу, зыгуэрхэр къащхьэщохьэ, къахоплъэ, къаходэри, Нэс хах. ЩIалэм зыгуэр кърaщIэ, зыкърагъэщIэж, зыкъыщищIэжкIи, и гуащIэр къыхыхьэжауэ къыфIощI. И Iэ-и лъэр егъэхьей, и щхьэр къытреIэтыкI, къызэфIэтIысхьэну хуожьэ, зыкърамыгъэIэту ирагухыж.

– Мыдэ къэдаIуэ, къэзылъхуар зымыщIэж, – макъыр зейр къыщхьэщытщ, цIыху теплъэ зиIэ лIы хэщIыхьащ.

– СынэмыдаIуэу си тхьэкIумэр дэнэ схьын? – Нэси мэпсалъэ.

– Уи тхьэкIуми уи псэ дыди зыIэщIэлъыр сэращ. Си цIэр Гъэрибщ, сэ сыхэтми нартхэ ящIэ. Уэ дэнэ щыпщIэн, улъэпкъкъым, укъупщхьэкъым.

Нэс лIым йоплъ, йодаIуэ, «къызищIэнур сыт?» жиIэу йогупсыс. ЩIы щIагъым къызэрехрэ хуабэ хуэлIамэ – иджы и гур къэплъурэ и лъынтхуэм хуабэр ирижэу зыхищIэрт, фIы щхьэкIэ лIэмэ – и гур фIы къэхъурт. Гу зэрыкIуэцIылъыр къищIарэ зыхищIауэ, Нэс къэсат Гъэриб и хэщIапIэм. ЦIыху ущие здимыщIэм, и гум жиIэм едэIуэжырт, и гур къепсалъэрт, гум ущигъэуэнутэкъым.

ЩIалэ пкъы щIэлIахэм Нэс и закъуэ хахыжри, адрейхэр нэху, жьы хуэлIэу къагъэнащ. Шынэ узрэ жей узрэ жылэхэм ирагъэхьу, ягъэкIуэжынущ. МыкIуэжыфрэ – ягъэлIэжынурэ щIы къатиблым щIэкIуэдэжынущ, апхуэдэ куэд щIэкIуэдэжащ.

Нэс и нэхур иратыжри, и гуащIэри къыщIыхьэжащ. Къуэпсыншэу, адэ-анэ имыщIэу къызэрыхъуар къилъытэри, Гъэриб ар езым ейуэ ищтащ, Iэпыдзлъэпыдзи ищIынут, зеиншэр Iэпэрызеши хуэхъуну гугъэрт.

ДунеймкIэ игъазэмэ, бий нэмыщI, благъэ щиIэтэкъым. Апхуэдэр гъэру пIыгъыну игъуэу, жыIэщIэ пщIынуи тыншу къыфIэщIри, лIым зытрищIыхьар арат. ЗыхищIат Нэс къэухь зэриIэри. Дэнэ кърихами, хэт деж щызыхилъхьами, и псэр мэгъугъэм хуэгъэпсат, къэхъунухэр къызэрищIэ Iущыгъэри хэлът. Гъэриб езыр куэдрэ иужь итащ апхуэдэ зэфIэкI зригъэгъуэтыну. Нартхэ я Хасащхьэм яузэдри, мэгъугъэ-Iэзагъэ зыхрагъэлъхьэну, щIэныгъэ кърагъэщтэну, адрыщIым ягъакIуэхэм хабжат.

Абыхэм ящыщу Гъэриб и закъуэщ хэкум зыгъэзэжар, а зыми къызыхэкIам ифI зы махуи зэрихуакъым. ЩIэныгъэм захуригъэщхьэпэлъагэт и лъэпкъэгъухэм.

ЩIэныгъэлIыр Хасащхьэм чэнджэщэгъуу хагъэхьэнути, арэзы хъуакъым. «Хасащхьэр футIыпщыжи, хэку унафэр сэ сывгъэщI», – яжриIащ. Ар нартхэм ямыдэн псалъэт, ямыщтэн Iуэхут. Гъэрибыр хэкузехьэхэм я пэрыуэгъуу ябжри, хасэ унэбжэр хузэхуащIащ.



«Пашэ сыщывмыщIкIэ, бий сыфхуэхъунщ», – жиIэщ, и щIэныгъэмрэ и мэгъу Iэзагъымрэ зэхилъхьэщ, и зэфIэкIыр здынэсынухэр къихутэри, Гъэрибым МыгъуапцIэ кIуэгъужэгъу ищIащ, щIы къатиблым щIехари аращ.

ЩIы хъурейм и лъынтхуэм ит мафIэм МыгъуапцIэ и тепщэт. ЩIыIубнэф щIыкIэхэмрэ кIэ дыкъуакъуэ щхьэдзасэхэмрэ нэмыщI, зэфIэкI зиIэ мэгъухэр къыIэрыхьауэ щIы щIагъым щиIыгът.

МыгъуапцIэ и щIы щIагъ зэхэщIыкIымкIэ цIыхухэм я къэхъукIэщыIэкIэр къыхуэмыщIэурэ Iэджэрэ екIуэкIащ. ЩIэныгъэри зыбгъэдэлъ, къызыхэкIами теплъэ мыхъу лIы бзаджэр къыщыхукъуэкIым, къищтащ, и хэщIапIэм унафэ щритащ.

МыгъуапцIэ щIы щIагъыр и хэщIапIэу, щIы щхьэфэми тепщэ щыхъуну хъуапсэрт. Гъэриб ар игъэгугъэрт абыкIэ щIэн хуейр хуилэжьыну. Ауэ езыр тепщэныгъэ щIэбэгыуи, тепщэ хъуну игу къэкIыххауи МыгъуапцIэ иригъащIэртэкъым. «Нартхэм салъытакъыми, кIэ естыну си нэ къокI», – жиIэу, леймыгъэгъу Iуэхум кърихухауэ фIэкIа, Гъэриб игу илъ дыдэр кIыфIымрэ мафIэмрэ зыIэщIэлъ МыгъуапцIэ щыгъуазэтэкъым. ЩIы къатиблым щызепщыпщэхэмрэ щIы щхьэфэм тет цIыхухэмрэ я бзэри, я щIыкIэри зэщхьэщокI. ЩIыIубнэф щIыкIэ зиIэхэм Гъэриб ягурыIуэнтэкъым и мэгъугъэр химылъхьатэмэ, МыгъуапцIэ и мэгъухэр хуэмысэбэпатэмэ.

Мэгъуу къэхъуауэ, къызэрыхъури куэд щIауэ, нэхъыбэм цIыху теплъэм иту, куэд къагъэщIыфу, къагъэщIам щыщ хъуфу апхуэдэт ахэр. ЦIыхум я бзэхэри ящIэ, хьэкIэкхъуэкIэбзэри къагуроIуэ, къуалэбзуубзэри аращ, ауэ езыхэм макъ ямыгъэIуу гурыгъуазэкIэ зэрощIэжхэр.

Гъэриб мэгъухэр гъэру иIыгъыу къызыфIигъэщI щхьэкIэ, езыхэм гъэруи пщылIуи залъытэжатэкъым. Пшагъуэр, Iугъуэр гъэр пхуэщIын? Щыхуей дыдэм щIы щIагъ мывэ защIыфынущ, щIы щхьэфэм кIуэуэ пшагъуэ гуэрэну тегъуэлъхьэфынущ. Гъэриб абыхэм мэгъу-пэшэгъу яфIищат, езыр мэгъу-пашэкIэ зэджэжырт. Мэгъухэр тIу хъурт. Абыхэм я цIэм Нэс щыщIэупщIэм, къыжраIащ: зыр Езанэщ, адрейр Ещанэщ. ЩIалэм бжэкIэ ещIэри, зэхихар егъэщIагъуэ: Езанэрэ Ещанэрэ щыIэмэ, ЕтIуанэр дэнэ кIуа? Абы щIэупщIати, мэгъухэм жэуап къратакъым. Гъэрибми щеупщIым: «Сэращ ЕтIуанэр, я щхьэж сыхъуащи, апхуэдэу зэзгъаджэркъым», – жиIэри, пцIы иупсащ. Гъэриб ищIэртэкъым мэгъухэм ЕтIуанэ яхэтами яхэмытами. Нэс ар къыщыфIэIуэхум, Гъэриби къызыщIидзыжри, ЕтIуанэм щIэупщIащ, арщхьэкIэ мэгъухэм зытрагъэхьакъым. Абыхэм я хьэлт псэлъэну щыхуэмейм деж зэIынэу.

## Гъаблэ




Уэс илъэс еянэм ихьат. И ныбжь пщащэ цIыкIу жылэм дэстэкъым, ауэ нэхъыщIэхэр къыщIэуват. Ныуэжьыдзэм хэтхэм бжыгъэкIэ хэщI ямыIэу, хэхъуэ хуэмыныкъуэу, дзэуэ гъэпсауэ зэрыщытт. Нартхэми япхъу Благъуэм ирамыту, IэщкIэ гурыIуэу иужьрей гъэхэр щIахат. Ныуэжьыдзэри Благъуэри гъэшхэныр мытыншми, щIэблэм щыщ зэримыщтэм игъэгушхуэжынут лъэпкъыр, ауэ бэлыхьу ятелъыр куэд хъурт.

Чынтыдзэхэр зы лъэныкъуэу, испыхэр нэгъуэщI лъэныкъуэу, лъыкIпсыкIыр жылэхэм кърагщIылIэу екIуэкIыурэ, нарт лъэпкъыр жэщIырт. ПсэлъэщыгъэкIэ зызэтраIыгъэрт, я быныр IукIэ япIырт. ЛэжьыгъэкIэ къикIуэтыртэкъым нартхэр, Iэщми пылът, мэшри ящIэрт, щэкIуэнми хэзагъэрт. Шынэ узрэ жей узрэ къахэмыхьэжамэ, сыт хъунт! Узыфэхэм я гуащIэгъуэм аргуэру чынтхэр къежьэщ, тафэхэр къызэпаупщIщ, бгы екIуэкIым къыщхьэдэхри, нарт хэкум къиужьгъащ, я къэси, я къауи зыуэ, чэщанэжьхэр зэтракъутащ. А пIалъэ дыдэм испыхэри хым и адрыщI Iуфэм къыщыхъейщ, хьэIуцыдз хабзэу къежьэщ, къэсри, чынтхэм къадэувщ, нартыдзэр я кум ираубыдэри, лъыкIпсыкIыр халъхьащ, нарт жылэжьхэми лъапсэкIуэдыр къыхуагъэкIуащ.

А заулым испымрэ чынтымрэ зэроубыд, зэщIыгъуу нартхэм ятекIуэну зэгуроIуэ. ЗэгурыIуэу зауэр ирагъажьэ, къэувыIэми, пащэжурэ мэзауэ. АрщхьэкIэ «уи хэщI си хэщI», «уи къуентхъ си къуентхъ» жаIэм, зэщыхьэурэ, зэфIонэж. Езыхэм зызэраупсеижат, армыхъумэ нарт хэкур зы псэ кърамынэу яунэщIынт.

Ныуэжьыдзэр мызыгъуэгум къэмыхъеями, ахэри ІыхьэщІэнэцІу щыст. Іэщышхуи Іэщ цІыкІуи, зейхэм щыщ къахуимыгъанэу, Благъуэм ятрихащ. Нартхэм гъавэ жылапхъэу ягъэтІылъа нэгъунэ бийм зэщІакъуэурэ дашащ. Зэрывэни хасэни ямыІэмэ, гъавэ дэнэ къикІынт? Гъави яхуэмыщІэу, гъэши зэрамыхьэжу хъури, гъаблэ къатехащ. Узыр яхэтыххэти, хэт шынэ узым игъэкІэзызу, хэти жей узыр къефыкІыу, лъэпкъыр лъэрыщІыкІ мэхъу. Ар Гъэриб нартхэм къарищІылІа Іэщэншэ зауэт. Езыр щІы щІагъым къыщІэмыкІыу, узыфэр къахиутІыпщхьэрт...

Ныуэжьыдзэм хэт ныуэжьхэм узыфэ яхуэлъэтэкъым, арщхьэкІэ Іусыншэ-Іыхьэншэурэ я пкъыр щІэлІэ хъуат. Зыхуэныкъуэр шынагъэкІэ кърату есарэ иджы лыхэкІи гъавэхэкІи щамыгъуэтыжкІэ, гъаблэгу зыщтауэ, псэущхьэу зытеплъэр зыІурагъэлъэдэну хьэзырхэт. Гупуи зырызуи бгым къохри, жылэхэм доуэ, лъапсэхэр щІащыкІ, ягъуэтыр зэщІакъуэрэ дащыпыкІыурэ, Іэщи джэдкъази къамыгъанэу яунэщІри, абы къыщымыувыІэжу, сабий ядыгъуу ирагъажьэ.

Уэс пхъу ищІауэ зыпІ Гуащэ и къуэ нэхъыжьыр ежьэу къызэримыгъэзэжам хуэдэт, и щІалэ нэхъыщІэри зэрыбзэхат, къыхуэнар ТІалэт, къуэ курытрати, мыри бийм яІэщІэмыкІуадэ щыкІэ щІигъэпхъуэжащ: «ТхьэщІагъ мэзкІэ нартхэр зэджэм кІуэ», – жиІэри. ТхьэщІагъ мэзыр нартхэм я тхьэлъэІупІэурэ, яхуэфІ щІыпІэ хъуати, нарт быныр и жьауэм щІигъапщкІуэу ихъумэну щыгугъхэрт.



Гуащэ и щхьэгъусэр нартыдзэм хэту зэуащ, лІыгъэшхуэ къылъыкъуэкІыу, и хэкужьым и псэр щІитащ. Унэ-лъапсэр нэщІу къимыгъанэу, Гуащэ абы къинащ, Уэс щІыгъуу. И анэм: «ЩІыунэм итІысхьи зыущэху, ныуэжьхэр къакІуэмэ, укъамыгъуэтын хуэдэу», – щыжиІэм, Уэс абы едэІуащ. ЩІыунэм искІэ, Уэс лажьэ игъуэтынутэкъым – щІыІэ хыхьэнутэкъым, ныбэкІэ гугъу ехьынутэкъым. Пщащэ цІыкІур Благъуэм къызэрытехъукІам езыр щыгъуазэтэкъым, щІыІэм зэримысым фІэкІа, нэгъуэщІкІэ цІыхухэм къащхьэщыкІыртэкъым. Я нэхъ уаеми, и лъыр къэплъырт, мылыпскІэ зигъэпскІыни фІэфІт, щхьэ узи ныбэ узи хуэлъэртэкъым.

Гуащэ куэд зэхэзыха-зылъэгъуат, ауэ ари ирихьэлІатэкъым цІыхум къахэкІыу цІыхушх хъужа. Иджы Благъуэм и дзэм цІыхул я мымыхьэмышхыу зэхихати, абы Уэс къакІуэ-накІуэхэм ящигъэпщкІуащ.

Ныуэжь-гъущІыдзэхэм гууз-лыуз ящІэжыххэртэкъым, хэку зэхэфыщІам къыщаджэдыхьу итт, Іэщ фІагъэжми цІыху яукІми я зэхуэдэу. Нартхэм хуаІа бампІэмрэ губжьымрэ ныбэ нэщІым яІэщІигъэхуами, иджы я щытыкІэр нэхъыкІэжт. Гъаблэгу ящтауэ, загъэнщІыжыртэкъым, зауэм хуэузэда дзэм щыщауи пщІэжынукъым, цІыхугъэшынэ Іуплъэгъуей хъуахэт.

* * *

Гуащэ и къуэ ТІалэ хуэдэу, ТхьэщІагъ мэзымкІэ зи псэ зыхьар дапщэ хъуми, зыми ищІэртэкъым, нарт быну зызыгъэпщкІуфар

зыми къипщытатэкъым. Гъэру яубыду, хым зэпрашари мащIэтэкъым, къуршым куэд ихьэжауи хуагъэфащэрт. Нарт хэкур зи инагъым ныуэжьыдзэр здынэмысыфи щыIэт, ахэр зыдэмыхьа жылэхэм чынтхэр хъунщIэу, фыщIэу дэтт. Ахэри гущIэгъум хуэхейт, зи псэ тегужьеикIауэ зызыгъэпщкIухэр къалъыхъуэрт, къагъуэтыр лъэсу здахум мыкIуэфынумэ, и пIэм ираукIыхьырт. Узым илIыкIахэм я хьэдэ зэпкърымыхуауэ ирихьэлIэми, зрамыусыгъуэджэу хэIуат. Нартхэм ящыщ къалъыхъуэжу, къуакIэбгыкIэр щIащыкIырт, бзу лъэтамэ, «нарт ари?» жаIэу зэупщIыжхэу. Абы къытекIри, нартхэм я щIэблэ мащIэ къэнам «нартаркIэ» еджэ хъуащ.

Иджыри къэс Гуащэ къелат зауэми, гъаблэми, узми. Ар зэрыгуащэт – и пщIэ-и щхьэ иIыгъыжт. Ауэрэ и лъапсэм ныуэжьыдзэр къэсащ, я къыдыхьи, я псэуалъэ щIэщыкIи зыуэ, псори зэлъагъэIэсащ. ДжэдитI-щы къагъуэтри, пщIантIэкум щаукI, зэрыцIынэу яшх, нэхъыбэкIэ гугъэу, захущыхь. Гуащэ щIыбагъ пэшым къыщагъуэтри къыщIалъэф.

– ФыувыIэ, цIыхум фыкъилъхуащ! – яжреIэ.

Жэуапи къратыж:

– Дэ уэ цIыху къытфIумыщ, нэгъуэщIкIи укъыдэмыщыж. Дэ дыкъэзылъхуар тщIэжыркъым, тщIэжыр Благъуэм дызэрыхуадзаращ. Уэ уратакъыми, мис, угуащэщ. Дэри дыпщащэт, гуащэу дыкъищIыкIынут. Дэ къытлъамыгъэсар уэ къыбогъащIэри, къытщыщIар уэри уи лажьэщ!

– Си лажьэмэ, си лыжь фшхынщ! – жиIащ Гуащэ.

– Уэ дыпхуейкъым, уи бынып къыдэт! – къыжраIэжащ.

– Бынып щIэпхъуэжащ, лъапсэм къинар си закъуэщ, – Гуащэ яукIа папщIэ, Уэс здигъэпщкIур жиIэнутэкъым.

Ныуэжьхэр абы къеплъщ-къеплъри:

– ТанэщIэ умыгъуэтмэ, жэмыжьри хъунущ, вэху, дгъэвэнщ, – жаIэри, Гуащэ дашыну иралъэфэжьащ.

Псэ гужьеигъуэм игъэтхьэджэри, и кIий макъыр щIыунэм ис Уэс зэхихащ. ЩIыунэбжэм гу лъамытэн папщIэ, пхъэ къутарэ пхъэ дакъэжьрэ Iулът. И анэм лей зэрытехьэр къищIэри, Уэс бжэм езауэу кIэрыуващ. Ныуэжьхэр тхьэкIумэ жант, щIыунэбжэр къагъуэтри Iуахащ. Зыхуеиххэр арати, хъыджэбз цIыкIур къыщIалъэфри, пщIантIэкум кърaлъэфащ. Гуащэ гуIэжырт. Уэс зыIэщIэхуахэр зэпеплъыхь, зэуэ заIэщIеудри, Iэщэ зыIыгъ ныуэжьым зредз – Iэщэр къыхутехыркъым. Мыдрейхэр къежэщ, Уэс IэпсыгъуэлъэпсыгъуэрзэщIаубыдэщ, и анэм кIэрапхэри, лъэхъулъэущу ирахужьащ. ЗдэкIуэм, ялъагъу: ныуэжьхэм цIыхурэ Iэщу къаIэрыхьар зэщIакъуауэ быдапIэжьым яхь, яху. Уэс щIалэ цIыкIу гуэрым гу лъетэ – и закъуэщ, щынэ IэрыпI быдэу иIыгъщ, псэущхьэм Iэ делъэ, и натIэхум ба хуещI. Щынэмрэ сабиймрэ зыIэрыхьа ныуэжьым зегъэщIагъуэ:

– Мы тIур зэдэвэнущ! СыщытхъэжкIэ, фэри лэпс фезгъэфэнщ!

«Дынэсыжмэ, дэ тщIэнур тщIэжынщ», жыхуаIэу, зыми жэуап къритыркъым, гъуэгу сабэр ягъэхъейуэ мэкIуатэхэр.

МэжалIэм зи лъэ щIигъащIэу хъунщIэну зыхулъэмыкIыжа ныуэжь гъущIыдзэхэр гъуэгубгъум Iусщи, «фыкъэувыIи, зыгуэр дэри къытIувгъахуэ», – жаIэу мэлъаIуэхэр.

– Гъуэгущхьэм фытемысу, фыхъунщIэн хуеящ, – зи ныбэ изхэм нэгъуэщI къапыкIыркъым.

Ныуэжьыдзэр зэгурыIуэжыртэкъым, я дзэзешэр кърадзэжыртэкъым, ящыщ хэлIыкIми, зыуи къащыхъужыртэкъым. Зэкъуэтыну тхьэ зэхуаIуами, я тхьэрыIуэм епцIыжат. БыдапIэм нэблэгъэжыху, ныбэнэщIу къэнахэр зэроубыдри, къуентхъ къэзыхьхэр къаухъуреихь. ХъунщIахэм къахъунщIар ятынукъыми, къапэувахэм Iэщэр къыхурах, арыххэуи, зэрыукIыжыр къохъей.

Арыншами ныуэжьыдзэр гуп-гупу гуэша хъуат. Унафэншэ щхьэфIэххэщ, зэрышх-зэрылIыр яку къыдэхъуащи, зэрыукIыжу губгъуэм итщ. Благъуэр къащхьэщыхьэщ, и ныуэжьхэр шынагъэкIэ зэщIикъуэжри, быдапIэмкIэ ирихужьэжащ. УахъуэщIыхъуэр зэрихьэу ящхьэщыту, къэувыIэпIэ яримыту, зэтеджалэр къыщигъэлъэтыжу ихурт. Яубыдауэ яху цIыхухэри зыубыдахэр здэжэмкIэ жэрт. Уэс зэрызехьэм хэгужьеихьами, игу къызэрыгъуэтыжщ, и анэм еджэри, лъэныкъуэкIэ щIитхъуащ. Гуащэ и Iэр пхами, и лъэр хуитт, икIуэтхэми ящыщтэкъыми, и къару къызэрихькIэ щIэпхъуащ. Зэрызехьэм закъыхигъэбзэхыкIащи, щынэ зыIыгъ сабийри щIэпхъуэжа зэанэзэпхъум якIэлъожэ. Гуащэ абы гу лъитакъым, Уэс къызэплъэкIщ, къилъагъури, зылъэщIигъэхьащ. ЩIалэ цIыкIум щынэр IэщIэкIэрэхъукIри бзэхащи, къызэтеувыIэжауэ магъри щытщ. Уэс сабийм йопсалъэ, щIалэ цIыкIур Уэс худоплъейри, дзыхь ещI и гъусэу щIэпхъуэну. А псори зэуэ къохъу: Благъуэр гъуахъуэу ныуэжь фыщIакIуэхэр зэхуехусыжри уафэгум итщ, мохэр зэрыгъэкIийуэ быдапIэмкIэ зэрохь, Гуащэрэ Уэсрэ, сабий хамэр ящIыгъуу, къуэ кIуэцIым зыдадзауэ щылъщ. Сабийрэ пэт, щIэн хуейр къыгуроIуэри, Уэс и Iэ пхар щIалэ цIыкIум хуетIатэ, Гуащэ и IитIыр Уэс хуит ещIыж.

Ныуэжьхэм ящыщу зи лъэ увыр Благъуэм Ныуэжьыдзэ бгы лъагэм дрихуеижри, быдапIэжьым диубыдэжащ. Гъуэгущхьэ сабэр тIысыжами, зэрызехьэм и лъэужьыр щыIэт: я гъусахэм яIэщIэукIэжауэ зи псэ хэкI ныуэжь гъущIыдзэхэм я щэIу макъ къэIурт. Благъуэми ныуэжьхэми къела цIыху закъуэтIакъуэхэм ящыщ гуэрхэр, я щхьэр зэтекIауэ, никъуэлIэхэм еплъу ящхьэщытт...

Гуащэ пшапэ зэхэуэгъуэ хъуху гъуэгущхьэр зэпиупщIынуи губгъуэм ихьэнуи тегушхуакъым. ИужькIэ къуэ кIуэцIкIэ ежьэхэри кIуэцIрыкIащ. Псынэ ирихьэлIахэти, сабийхэр иущиящ:

– Псыр псэ хэлъхьэжщ, хуэмурэ фефэ, шхыным я нэхъ IэфIыпсу, гуIэфIтещIэжу къызыщывгъэхъу, Iубыгъуэ ехыху, фигъэщIытэжу, фигъэхъужу джийм зэрехыр зыхэфщIэ. ЗывгъэнщIми, зывгъэпсэхуурэ фыхэф, дыгъуэмылэншэщ, дыкъарууншэщ...

## Гуащэ Жыг Гуащэ зэрыхъуар




ТхьэщIагъ мэзрат Гуащэ сабийхэр здишэну и гуращэр. Мэзыжьым щIэт жыгхэм я ныбжьыр илъэс миным ноблагъэри, абыи фIокIыж, лъэпкъкIэ зэмылIэужьыгъуэу, я лъабжьэр зэхэлъэдэжрэ зэхэзэрыхьу, я щхьэкIэр уафэм хуеIэрэ нэхум щыуфафэу. Нартхэм, Мэзыжьым хуэсакъыу, жыгыщIэ кIэщIасэрт, жыгдэгъакIэ ящIырт. Дэзыдзхэм щхьэж и лъэпкъ-жэпкъ и цIэкIэ жыгыщIэр игъэтIысырт, мэзыжьым лъэпкъыр къихъумэну псори щыгугъырт.

Мэзыр жыгщ, жыгыр лъабжьэрэ щхьэкIэрэщ. ЩIыгуми уафэми я гуащIэр Мэзыжьым зыщIешэ, езыри гуащIэрэ гуапэкIэ матэ.

Нарт бынри щIыхьэ-щIэкIэщи, мэзым и IэфI-нэфIри гуащIэгущIэгъури ялъос, япкърошасэ.

Гуащэ зэрыщыгъуазэщи, нартхэр ТхьэщIагъ мэзым щыщакIуэркъым, жыг щыпаупщIыркъым. Пхъэщхьэмыщхьэ къыщащып мыхъумэ, хэщI ирамыту, мэзыр ялъытэ.

Махуэ хэхакIэ нартхэм ар я зэхуэсыпIэт, тхьэелъэIупIэт, ящыщ гуэр гъуэщами щыуами, ар щхьэегъэзыпIэ хуэхъурт. ЗекIуэ ежьар ТхьэщIагъ мэзым щIэкIамэ, щIежьар къохъулIэри, и лIыгъэм хэхъуауэ къокIуэж. ЛъыщIэжымрэ ижэгъумрэ зи щхьэ щIезыгъэхьар мэзым нэрымылъагъу щохъу. Мэзыжьым и щэхумрэ и нахуэмрэ хащIыкIыу нарт бынyр щIагъасэри арат. Дэнэ щыкIми, нарт хэкум жыгым пщIэ щиIэт. Я фащэр гуащэхэм щабзым, жыг тхьэмпэм тращIыкIри, Iэщхьэтхьэмпэу палъхьащ, тхыпхъэ щыхалъхьэм, тхьэмпищыр къыхагъэщащ.

Арами, Мэзыжьыр щхьэхуэу ялъытащ, хэщI ирамытуи нартхэр къекIуэкIащ. Ар Гуащэ зыщIапIыкIа хабзэм щыщт, арат и къуэ курытыр мэзымкIэ щIиутIыпщар, иджы Уэс абыкIэ щIишэр. Жэщ къатехъуами, вагъуэхэр и гъуазэщи, и бгыр щIекъузэри, гъуэгум хегъэщI.

Уэс и щыпэежьэт, хъуреягъым щилъагъури и анэм дилъагъухэри игъэщIагъуэу, мэпсалъэ:

– Си анэ, упсэу щIыкIэ, зыхэпщIыкIхэр къэзбгъэщIамэ арат, – жи.

«Мыбы си кIэухыр щхьэ игу къэкIа?» – жыхуиIэу, Гуащэ Уэс хуоплъэкI.

– Си анэ, уэ зыхэпщIыкIхэр къызжепIэурэ дыкIуэмэ, нэхъ дытеунт, – жи модрейми.

Уэс и гурыгъуазэм зыхрегъащIэ Гуащэ и кIэухыр къызэрыблагъэр, ар Гуащи зэхещIыкI. «СыфIэкIуэдми, игу мыузыну мы слъагъум», – жеIэри, пщащэ цIыкIум зэм хузэгуоп, «къэзылъхуам къыIэщIэзыхар сэращ», – жеIэжри, и гур хупех. Псэр IэфIщи, и ухыгъэр и жагъуэщ, и зэфIэкIымрэ зыхэщIэмрэ пщащэ цIыкIум бгъэдилъхьэмэ, езым и

гъащIэр нэхъ кIэщI хъуну къыфIощI. И пхъум жэуап иримыту, щIалэ цIыкIум йопсалъэ, и цIэмкIэ йоупщI. Мобы и цIэр ищIэжыркъым, «щабэ» жиIэурэ мэгъынанэ, щынэ цIыкIур игу къоуэ.

– И цIэр щимыщIэкIэ, ЩабэкIэ деджэнщ, – жи Уэс.

Гуащэ абы пэрыуэркъым, езым и къарур щIэкIыу къыщохъури, жэщ кIыфIым хэмылIыхьу, махуэм и псэр хэкIыну мэхъуапсэ.

– Зэгуэр ди жылэ бгъэзэжрэ ди лъапсэ уихьэжмэ, щIыунэм и лъэгум си дыщэ пхъуантэр щIэтIауэ щIэлъщ, – жи Гуащэ. – Абы си дыщэхэкIхэр дэлъщ, си щIалэгъуэм зесхьа защIэщ. Си Iэлъынхэри хэслъхьэжри, згъэтIылъат. Нысэ сиIэну сыгугъэти, хуэзгъэтIылъащ, пхъу сиIэххакъым.

Гуащэ еплъурэ Уэс мэпсалъэ:

– Уэ сыкъыумылъхуамэ, сыкъэзылъхуар къызжеIэ.

– Уи анэм зэи утеплъакъым, уи адэм дыгъуасэ уIуплъащ, цIыху теплъэ зиIэр уи анэм и закъуэщ.

– Мис ар хъуащ, – жеIэри, Уэс егъэщIагъуэ. – ЦIыху теплъэ зимыIэ хъулъхугъэу дыгъуасэ адакъитI, хьэпарий, зы шы пэху дахуэзащ. Шыри адакъэри ныуэжьыдзэм яшхагъэнщ, мыхьэмыщх щамыIэкIэ, хьэпарийри дагъэкIуауэ бжы. Дэтхэнэрауэ пIэрэт си адэр?



– КъыубжэкIахэр псори щIым тетщ, уэ уи адэр уэгум итщ, – жи Гуащэ.

– Уафэм пшэ телъащ, пшэр си адэ?

– Пшэми щыщщ, ауэ аракъым.

– Уафэм вагъуэ исщ, ара си адэр?

– Вагъуэм и гуащIэ щIэлъщ, ауэ аракъым.

– Вынд уэгум итащ куэду, яхэта си адэр?

– Вындым виндщ кърившыр.

– Благъуэри тлъэгъуащ, ар си адэу си фIэщ мыхъу.

– Уи жагъуэми, си шынагъуэми, аращ. Уи анэр Данэху дахэт, нартхэм япхъут. И ныбэм уилъу къыщигъэзэжам, зейхэм къащтэжащ. Уэри уапIыжынут, ауэ зэрыхъуам хуэдэу хъуащ... – Гуащэ и псалъэр ныкъуэжыIэу мэлъэпэрапэ, йоплъыхри, щIопщ щылъу къелъагъу.

– Мыдэ еплъыт мы къэзгъуэтам! – жи.

Уэс зэпеплъыхь щIопщыр. Гуащэ дзыхьмыщIу жеIэ:

– И щIыкIэр гъэщIэгъуэнщ, хуэдэ зэи сымылъэгъуа.

Щабэ «сэ къызэфт щIопщыр» жиIэу, мэлъаIуэ, щрамытым, «щабэ» жиIэу аргуэру магъ. Уэс щIопщыр сабийм хуеший. ЩIалэ цIыкIум щIопщыкъур еубыдри зешэщI, удзым жыг лъэдакъэжь къыхэщырти, и къару къызэрихькIэ йоуэ. ИIыгъа щынэ цIыкIум хуэдабзэ къыщохутэ жыг лъэдакъэр зэрытым деж. Щабэ щIопщыр хыфIедзэри, гуфIэу щынэр къепхъуатэ. Гуащэрэ Уэсрэ щынэм йоплъ, щIопщыр къащтэжри зэпаплъыхь. Уэс жыг лъэдакъэм еуэну зешэщI, Гуащэ абы пэроуэ:

– Зэ догуэ, си пщащэ, мыр зи щIопщыр тщIэркъым, сабийм Iэрыхьэри щынэ къэхутащ, къыпIэщIэхутэнур Тхьэм ещIэ.

– Сыт ущIэгузэвар, си анэ? – погуфIыкI Уэс. Езыр къызыхэкIам теухуауэ Гуащэ жиIахэр и щхьэм нэсащ, ауэ игу техуэкъыми, зыгуэр ищIэну къытреч.

– Уэ нартхэ ди хабзэ пщIэркъым, нартхэ ди бий пцIыхуркъым, ди хэкур бий кIуапIэщ, къуакIи тафи цIыху укIыпIэщ, губгъуэжьым къыщыдгъуэтам дзыхь хуэтщIынукъым, ар бзаджэ Iэмэпсымэу къыщIэкIынущ, сабийр къигъэпцIами, уэ зыкъыумыгъэгъапцIэ.

– Уэ, си анэ, тIэкIу ужьажьэщ, уэ жыпIэм седаIуэрэ уэщхь сыхъужмэ, сэ хэт къысхэкIын?

– Сыжьажьэми, уесшэжьауэ докIуэ, мэз лъапэми унэсшэсащ.

– ЩIыунэм сыкъибнати, сыкъикIащ, Iэщым дыхэту драхужьати, ущIэзгъэпхъуэжащ, укIыпIэ димыхуамэ, сыкъызыхэкIари къызжепIэнутэкъым.

Уэс и псалъэр Гуащэ и жагъуэщ, модрейри икIуэтыныфэкъым.

– Щабэ и гум илъыр фIэкIуэда щынэ цIыкIурати, абы ещхь къыхуэхутащ. Сэри сеуэнщ, сигу зыгуэр ислъхьэнщи.

Ар и жэуапу, «щIач!» жиIэуи щIопщыр егъаджэ. НапIэзыпIэм а здэщытым деж Iэнэ лъакъуищ къыщохутэ, шхын хьэзыр тезу телъу. Гуащэ ар егъэщIагъуэ, Щабэ гуфIэщауэ мэдыхьэшх, щынэ цIыкIури, къэхъур къыгурыIуэм хуэдэу, долъей, къолъых. Щыри я ныбэ изу машхэ. Мэтэджыжхэри, адэкIэ ящIэнум йогупсыс.

Гуащэ зэуэ тогушхуэри, щIопщыр къещтэ, «хъуну пIэрэ?» жыхуиIэу, Уэс хуоплъэкI, «ахьейми хъун!» жыхуиIэу, Уэс и щхьэр ещI. Гуащэ и нэр еуфIыцI, щIопщыр хьэуам хеупцIэ, и нэр къегъэплъэжри... и дыщэ пхъуантэр я пащхьэм итщ. Пхъуантэр зэтрехри, къогуфIэ:

– Зыри хэщIакъым, дэслъхьахэр дэлъщ!

– А хьэлъэшхуэр дыздэкIуэм тлъэфын хуейуэ, дехъулIащ, – жи Уэс.

Абы хэту, шы лъэ макъ къоIу. Гуащэ мапхъуэри, пхъуантэм зы Iэлъын къыдех, Уэс и Iэпхъуамбэ курытым ирегъапщэ, хуэинщи, и Iэпхъуамбэшхуэм ирелъхьэ.

– Мыр си фэеплъщи, зехьэ. Сабийри къащти, фыщIэпхъуэ. Мэзым фынэсмэ, фыкъелауэ бжы.

– Си анэ, пхъуантэр хыфIэдзэ, щIопщыр къащти, уэри нажэ.

– А делэ мыгъуэ, щIопщырауэ си гугъэщ мо шур къызыкIэлъыкIуар, – жеIэри, Гуащэ пхъуантэм щIопщыр делъхьэ, и щхьэр трепIэжри, пхъуантащхьэм тотIысхьэж.

Уэсрэ Щабэрэ я ныбэм ихуамрэ щынэ цIыкIумрэ я хэхъуэу, я анэ пэлъытэр я хэщIу, адэкIэ мажэ, мэзыжьыр гъунэгъу къахуохъу.

Шур къэсри – чынтыдзэм щыщу емынэ шут. Сабийхэм щакIэлъыжэм, Гуащэ абы кIэлъыджащ:

– Уирэ уитI, къэрабгъэ, нартхэ я гуащэжь ущышынауэ, щынэ IэрыпIым укIэлъыжэрэ?

Шу бзаджэр къызоплъэкIри къоувыIэ, нартхэ я бзэ ещIэри, Гуащэм къоупщI:

– Губгъуэ нэщIым уисщ, уи щысыкIэри зыгуэрщ, узытесри сыт?

– Сызэрысыр си хэкущ, сызытесыр си пхъуантэщ, дэлъри дыщэдыжьынщ.

– Уэ хэку уимыIэж, уи лъэпкъми къуилъхьэжащ, уэри укIэлъыкIуэныфэщ, – ар жеIэри, и джатэмкIэ зыкъытрешащIэ. Гуащэ и псалъэр зэкIэлъегъэпIащIэ:

– Си укI-си ухыр къэсагъэххэми, чынтми хабзэ гуэр фиIэщ, си зы лъэIу къысхуэщIэ.

– Гуащэ щысыкIэ уиIэщи, гуащэ псэлъэкIи бощIэ, ауэ щыхъукIэ, жыIэ узыхуейр.

– Си дыщэ пхъуантэм зэ сыдэгъэIэбэжи, си дыщэхэкIхэр спщIэхэлъу зэ сыкъэгъэувыж.

– Хъунщ, – жи чынтыжьым, – зытIэщIи, узэрыпцIанэу зыпщIэхэлъхьэ уи дыщэхэкIхэр.

Гуащэ щхьэхуимыту зетIэщI, чынтыжьыр шым къепсыхауэ къокIуатэ, здэжэри щыгъупщэжащ, сабийхэри IэщIэхужащ. Гуащэ и щIыфэр дахэщ, и Iэпкълъэпкъыр зэкIужщ, хамэлIыр зытримыгъэплъэну и щхьэцыр егъэлъалъэри, и гупэмкIэ иредзых. Чынтыжьым ар гурыхь щохъу, нэхъри бгъэдокIуатэ. Гуащэ йоIэбых, дыщэхэкI къыщтэн хуэдэу, пхъуантэм доIэбэри, щIопщыр къыдех, зешэщIри, чынтыжьым и шы бгъэгум щIопщыр трегъахуэ. ЛIымрэ шымрэ мэджалэри мэбзэх. Ахэр здехуэхам деж ныбгъуэ закъуэ къэхутэри, губгъуэ удзым хэлъэдэжащ. Ар чынтыжьым и кIуэдыкIэт. Гуащэ маплъэ, Уэсрэ Щабэрэ щимылъагъужкIэ, игукIэ мэгуфIэ, и щIыфэкIэ мэшынэ – шы лъэ макъ аргуэру зэхех, зехуэпэжри, пхъуантэм тотIысхьэж. КъакIуэр къэсмэ – испыхэм ящыщщ, шужьейми, хъыжьэщ, нартхэм я бзэри ещIэ, я бзаджагъэми хещIыкI.

– Гуащэжьым губгъуэ нэщIым сыт щызепхьэр? – жеIэри къоупщI.

– Щауэ лIыхъужь сыпоплъэ, уэр хуэдэ сыхуэзэм согъэунэху, – жеIэ.

Гуащэ адэкIэ ищIэнури имыщIэ.

– Уэ бгъэунэхуфынури къэрабгъэщ, къэбгъэпцIэфынури делэщ. Уи пхъуантэри зэтумыхыу, а зэрыщыту къызэт, къызумытми, къэсщтэнщ, – жеIэри, испыр мэкIуатэ. Гуащэ щIопщыр иIыгъыххэти, зримыгъэшэщIу, лIыр IэщIоуэ, йоIунщI, шы лъабжьэм щIегъэджэразэ, шы лъакъуэм ирегъэутэ, пхъуантэри щIопщри епхъуатэ:

– Уэр нэхърэ нэхъ делэр хьэм ишх. Нарт лъэпкъыр фыщымыIэжу бжы. Хэкури зейр дэращ. КъыптекIуэм урейщи, си япэ иуви накIуэ. Си шыплIэ ущымыгугъ, гугъэ дахи къыумыгъэуш. Уи псэр си IэмыщIэ илъщ: сымыщIэ къызжепIэм, щIэщыгъуэ къэзбгъэщIэм – упсэунщ, усIэщIэужагъуэмэ, устынщ е узукIынщ.

Гуащэ зэрыкIуэдынур къыгуроIуэ, пхъуантэмкIэ и гур щыIэщ. И гукъэкIыр испыжьым къещIэри, пхъуантэр зэтрех.

– Ар, – жи Гуащэм, – си дыщэхэкIхэрщ, зэ закъуэ сыхэгъэплъэж...

Испым Гуащэ и лъэIур и тхьэкIумэ имыхьэ, пхъуантащхьэр трепIэж.



6 Заказ №770

– ЩIопщыр си лIым и фэеплъщ. Зэ закъуэ сыгъэIыгъыж... – Гуащэ аргуэру мэлъаIуэ, щIопщыр къыIэрыхьэжатэмэ, ищIэнур ищIэрт.

Испыжьым, кхъуэ дэгу зищIауэ, езыр зыхуейр ещIэ. ЩIопщыр ешийри, зэпиплъыхь щIыкIэу, хьэуам хоуэ, зыщIэхъуэпсыр нартхэ я кIэухрати, нарт хьэдэм губгъуэр еуфэбгъу. Шужьейр гуфIэгъуэм ещтэ, и шыр хьэдэлъэмыжым щощтэри йолъ. ЛIы цIыкIум щIопщыр IэщIохури, Гуащэ ар епхъуатэ. ПсэзэпылъхьэпIэт, напIэзыпIэ Iуэхут. Гуащэ щIопщымкIэ шы джабэм йоуэ, шыри лIыри мэбзэх, ныбгъуэ шыритIу къоунэхужри, я жьэр яущIу къоув.

– Укъизымыш уегъашхэ, ныбгъуэ анэщIэр къэфлъыхъуэж, – яжреIэри, Гуащэ бзу шырхэр удзым хеутIыпщхьэ.

Хьэдэлъэмыжым ухэплъэну гукъутэт... ЩIопщымкIэ щIым йоуэри, губгъуэр къабзэ мэхъуж.

Испы шужьейми текIуащ, ауэ «уэху» жиIэну къыхудэмыхуэ. Пшэм къыхэкIауэ къакIуэу зы шу фIыцIэ къелъагъу. А къакIуэм щIопщыр зэрейр зыхещIэ, иритыжми, езыр къызэремылынур къыгуроIуэ. Гуащэ губгъуэжьым икIуэдэжыну и гум жиIэрт, и пIэм щIимыкIари арат. Зыгуэр игу ирелъхьэри, щIопщымкIэ и дыщэ пхъуантэм йоуэ – пхъуантэр щIы щIагъым макIуэ. Езыр зоуэжри, мэбзэх, щиху дэкIейуэ къоунэхуж. ЩIопщыр щыIэпыхуам деж щылъщ...

Гуащэ Жыг Гуащэ хъуащи, цIыхущхьэм щыщу къыхэнэжа щымыIэ, и цIыху гъащIэм щыщу къыхуэнэжар и пхъуантэращи, и лъабжьэм щыгъэпщкIужащ.

Шу фIыцIэр къосри – Благъуэщ, щIопщыр зейр арат, щыкIэрыхуар къищIэжри, къытегъазэ ищIат. Жыгыр зэпимыплъыхьу, зыплъыхьыпIи имыIэу, ейр къещтэжри, уэгум йохьэж. Иджы Гуащэ и щIыкIэ-щыIэкIэр жыг щIыкIэщи, и щхьэкIэр уафэм хэту, щIы къатиблкIэ и лъабжьэр хэкIэу щытщ...

## Мэзыжьым



ТхьэщIагъ мэз лъапэм бауэбапщэу нэса сабийхэр мэзым щIыхьащ, жыжьэ хэмыхьэуи зэщIэувыIыкIахэщ.

Щабэ мэз и щыпэлъагъут, илъагъу псори и щIэщыгъуэт. Уэс а махуэм къыщыщIахэмрэ щIэуэ къищIахэмрэ игу-и щхьэкIэ зэригъэзахуэрт. Щабэ щынэ цIыкIур иутIыпщауэ игъэхъуакIуэрт. Уэс щетIысэхым, щIалэ цIыкIур бгъурытIысхьащ.

Пщащэр гупсысэм ехь. И анэу илъытэу зыпIа Гуащэ Iумыплъэжыну къыщохъу, къэзылъхуауэ жыхуиIа Данэху псэуми лIами ищIэркъым. Къезыгъэлъхуар Благъуэр арамэ, езы Уэс хэт хъуну: цIыху, благъуэ? Благъуэ

щылъхуу ябжрэ нартхэм зыхамыбжэмэ, сыт ищIэжынур? Мэзым Iущащэ макъ щIэтщи, пщащэр зэщIодэIукI:

– Нарт ари? Нарт ари?

– Нартыпхъу сыкъилъхуащ, нарт гуащэ сипIащ! – Уэс Мэзыжьым жэуап ирет.

Мэзыр сабийхэм якIэлъызеплъэурэ, я щIыкIэр зэхегъэкI.

– Нарт бын, нарт бын... – мэIущащэ иджы Мэзыр.

Зэрыгъуэтыжарэ зэрымыгъэкIуэду, нарт быну мэзым щIэсыр мащIэтэкъым, ауэ я бжыгъэр зыми ищIэртэкъым.

Щабэ жыгым зригъэщIауэ мэжей, щынэ цIыкIур хъуакIуэм, джэгуурэ IукIуэтащи, Уэс илъагъужыркъым. Щабэ къэушрэ щынэр имыгъуэтыжмэ, гъынущ.

– Щабэ, къэуш, уи щынэр къэдгъэлъыхъуэж. Сэ укъэзгъанэ хъунукъым, къэуш! – Уэс, сабийр и закъуэу къигъанэу, IукIыну дзыхь ищIыркъым.

Щабэ ерагъыу и нэр къызэтрех, щынэ цIыкIур мэзым къыхожыжри къабгъэдолъэдэж. Щынэм и ужьым иту зы щIалэщIэ къожэ, къоsри, Уэсрэ Щабэрэ я пащхьэ къоувэ:

– Мыр фыфей? – жи.

– Дыдейщ, – жаIэ.

– Фэ хэт фрибын? – жи.

– Нартхэ драбынщ, – жаIэ.

– Ар сыткIэ си фIэщ пхуэщIын?

– Сэ лъэпкъ сыкъыхэкIащ, жылэ сыкъыщыхъуащ. НэгъуэщI узыщIэупщIэн щыIэми, щIэупщIэ. Уэ езыр хэт ухъуну? – Уэс и жэуапыр хьэзырщ.

– Си цIэр Мардэщ. Дэ гуп дохъу. ТхьэщIагъ мэзыр нарт бынхэм ди зыгъэпщкIупIэщ, ауэ нарт нэпцIхэм ящыщ къыщыщIыхьэ къохъу, мэзри къагъапцIэу, дэри дыкъагъэпцIэну хэту. Абыхэм ящыщ къытхэпшахъуэмэ, дэ тщыщу къэнэжар ягъэкIуэдынущ. Си ужь фыкъиуви фынакIуэ, унафэ зыщI диIэщи, фи унафэр едгъэщIынщ.

Ар жеIэри, Уэсрэ Щабэрэ ирешажьэ Мардэ.

– Мэзыжьым дыкъехьумэ, ауэ зи закъуэу къэна сабий куэд мэзми щIокIуадэ... КIуэдыпэкъым, ауэ... – Мардэ здэкIуэм мэпсалъэ.

– Сабий щIэкIуадэу, ар дауэ? Ар сыт хъумэкIэ?

– Мэзыр нартхэм къытхуэфIщ, ауэ анэм ищIэфынур мэзым хуэщIэнукъым, IукIэ сабий хуэпIынукъым, цIыху щIыкIэ иIэу къыхуэгъэтэджынукъым...

– АтIэ, Щабэ и закъуэу мыбы нэс къэсамэ, лIэжынут, хьэмэрэ кърагъэлынут?

– Зыри щылIэркъым, зи къару щIэкIахэр псэущхьэ зэтохъуэ.

– Ар дауэ?

– Хэт бланэ шыр мэхъури, щыхьхэм яхохьэ, хэт мыщэ, хэти мэз джэду. ТхьэщIагъ мэзым ар игъащIэми къыщокIуэкI, зыхулъэмыкIыр щылIэркъым, псэущхьэ мэхъури, псэууэ къонэ.

– ЦIыху хъужыну сыт и хэкIыпIэ?

– ЩыIэкъым апхуэдэ хэкIыпIэ, щыIэми, сэ хэсщIыкIыркъым.

– Мис ар хъуам! – Уэс зэхихыр егъэщIагъуэ.

Мардэ адэкIэ къыпещэ:

– Псэ зыIуту мы Мэзым щIэсым щыщ щакIуэхэм щIамыукIыр аращ. Унарт бынуи жыбоIэ, ар сыту умыщIэрэ?

– Ди жылэжьыр зауэхэмыкIщ, бийр щыдэкIыжым, узым лъэрыщIыкI дызэтрищIащ, псэууэ къэнар ныуэжьыдзэм зэтрашхыхьащ. Сэ щIыунэм сыщIэсащ... Си анэм нартхэ я щэху сигъэщIэну, ТхьэщIагъ мэз сигъэлъагъуну апхуэдэ тыншыгъуэ махуэ дихуамэ, а жыхуэпIэми сыщыгъуэзэнт, – Уэс щIалэм жиIам хущIрегъэгъуэж.

– Сэри си нэхъыжьхэр жей узымрэ шынэ узымрэ ихьащ. Си щхьэр мэзым къыщIэсхьари аращ.

– Фи гупыр нэхъыжьыншэ?

– Нэхъыжь диIэщи, араи дыкъыщIызэтенар. ЗекIуэлIщ, лIыгъи хэлъщ, гупыр и унафэ дыщIэтщ.

Мардэ зэрыжиIэмкIэ, зекIуэ жыжьэ щыIауэ, хэкум къихьэжа зылI и жылэжьым дэсахэр зэтраукIауэ, мафIэ щIадзэу ягъэсыжауэ щрихьэлIэжым, МэзыжьымкIэ къигъэзащ. Абдеж сабий закъуэхэри зи анэ кIэщIэсхэри щызэхуишэсыжауэ, и нэIэ тригъэтщ. ПщыIэхэр яхуищIащи, зыщIэсын яIэщ. Мэзым и пIалъэ къащIэху, шхынкIэ гугъу ехьахэщ, иджы пхъэщхьэмыщхьэу щIэлъыр яцIыху, пэрыхьэтуи яIэщ. Ауэ зи хэхъуэгъуэхэми балигъхэми жыгым къыпахымкIэ загъэнщIыфыркъыми, гъаблэгу ящтащ.

Мардэ и ужь Уэс иту, абы и ужьым Щабэ къиту, Щабэ щынэ цIыкIур иIыгъыу здэкIуэм, щIалэм йоупщI Уэс:

– Ди щынэм нэ епщат, аракъэ?

– Щынэр мэз псэущхьэкъым, пшхыми щыуагъэкъым. КъысIэрыхьамэ, си закъуэу сшхынутэкъым, пщыIэм тесхэм яхуэсхьынут.

Щабэ щынэр и IэплIэм ирекъузэ. Ешарэ мыпсэлъэжыфу, щыри пщыIэм нос.

* * *

ПщыIэм тесхэр Уэсрэ Щабэрэ къоплъ-ноплъ, къакIэлъоплъ, щIалэ цIыкIур ящтэ, пщащэ цIыкIум дзы къыфIащ:

– Мы пщащэр нарт щIыкIэкъым, щIыкIафIэкъым, – жи зым.

– Мыр губгъуэжьым итащ, биижьыр и ужь къитащ, щIыкIэри фIэкIуэдауэ къыщIэкIынщ, – жи адрейм.

– Шынэуи фэ теткъым, и Iуэху зыIутри иIуатэркъым, – къопсалъэ ещанэр.

– Мыр иджыри сабийщ, и къэухьыр мащIэщ, и зыхэщIэр цIыкIущ, – зыгуэрми ар игу къыхуокI.

– И цIыкIущхьи пщтырафэщ, и щIыфэри къоплъ. ФылъэIэсу феплъа?

Дзыбэ-дзыусу зэхэсхэм языхэзым мыри щIегъуж:

– Дыгъуэ и хьэлуи къыщIэкIынущ, дыщэ Iэлъын Iэрыгъщи, хуэинщ.

Ар зэхехри, гупым я нэхъыжь лIыр мэпсалъэ:

– Куэд жывоIэ гуащэжьхэм, сабий къытхыхьамэ, фи гурыщхъуэр вгъэмащIи, нэрыщхъуэр вгъэкуэд. Сывгъэлъагъут ахэр мыдэ!

Уэсрэ Щабэрэ хуашэ, лIыри гуапэу къапожьэ:

*– Уэ къеблагъэ, дахэ цIыкIу,*
*щIалэ цIыкIури къытхуэпшэщ,*
*ар уи дэлъхуми дымыщIэ.*
*Нанур къэдгъэцIыхху,*
*уэри уи цIэр къыджеIэ.*
*– Япэуэс къысфIащати,*
*си анэр УэскIэ къызэджэрт.*
*Ныуэжьыдзэм и лажьэу,*
*ди жылэжьым дыдашри,*
*ди лъапсэхэр тфIэкIуэдщ.*
*Даубыдауэ дыщахум,*
*Благъуэр уэгум къыщихьэм,*
*дэри ди лъэр щыхуитым,*
*дыщIэпхъуэжри дыкъелщ.*
*Щабэ дэлъхуу солъытэ,*
*и цIэ дыдэр сымыщIэ,*
*ари гъэру щытати,*
*къедгъэлауэ, си гъусэщ.*
*– Уи анэм и цIэр къыджеIэ.*
*– Си анэм ГуащэкIэ еджэрт.*
*– Уи Iэлъыным дегъэплъыт.*
*– Мы Iэлъыныр фэеплъу*
*си анэм дыгъуасэ къызитри,*
*езым и фэр итащ...*

*   *   *

*ЛIыр Iэлъыным зэреплъу,*
*къецIыхужри мэгуфIэ.*
*Ар зезыхьэу щытари,*
*и анэрауэ къещIэжыр.*
*Гуащэ и цIэр зэхехри,*
*куэдым зэуэ щIоупщIэ...*
*... Нарт бынхэр гъуэлъыжри,*
*Щаби пIэ къылъысакIэт.*

*ЛIыр плъырыну къэнащи,*
*и щхьэ Iуэхур къеIуатэ:*
*– Си анэ дыщэм игу къеуэу,*
*си къэшэгъуэр щыблэкIым,*
*пщащэ лъыхъуэ сигъакIуэщ.*
*Дэнэ сыкIуэми ядэрт.*
*Си адэм жиIэм сытету,*
*шынэ лъэпкъи сымыщIэу,*
*нарт нэпцI хэкум сыкIуати,*
*нэпцIхэм я пцIым сыхэплъэщ,*
*зыкъэсплъыхьщ, сахэсри,*
*си кIуэжыгъуэщ, щыжысIэм,*
*лъэхъуэщым сыщIадзэщ.*
*ТIасхъэщIэхым сыхабжэщ,*
*биижьыфэ къызаплъри,*
*си унафэр ящIакIэт –*
*саукIынут нэпцIыжьхэм.*
*«Къэгъэзэж», – къызжиIэу,*
*къыскIэлъыджэрт си анэр.*
*Си цIэ дыдэр сыбзыщIри,*
*Къэгъэзэж зыфIэсщыжщ...*
*Си анэу Гуащэ урипхъумэ,*
*узишыпхъущи, зэгъащIэ:*
*Си адэр зауэм ихьамэ,*
*си анэр губгъуэм къинамэ,*
*къысхуэнар фэращи,*
*сыкъэхъуащ гумащIэ.*
*ШынэхъыщIэ сиIати,*
*уэ ар пщIэжу согугъэ!*
*Уэс ещIэжыр и дэлъхур:*
*– ТIалэ мэзым къэкIуакIэщ,*
*ди анэм ар щIигъэпхъуэжри,*
*«ТхъэщIагъ мэзымкIэ гъазэ!» –*
*жриIауэ сощIэжыр!*
*– Абы щыгъуэм, мэз щIагъыр*
*щIэсщыкIынкъэ иджыри, –*
*Къэгъэзэж гуфIэщауэ*
*и шыпхъу цIыкIум лъоIусыр,*
*зэIусар и IэгущIырт –*
*ар пщтырыщэу зыхещIэ.*
*– Усымаджэ си шыпхъур?*
*Уз уэ пхэтмэ, шынагъуэщ*
*ди сабийхэр пцIэлэнкIэ.*
*– Ар си щIыкIэщ, си щIыфэщ,*
*ар си анэми ищIэрт.*

*ЩIыIэ уае къэхъуами,*
*си лъыр къэплъу сщIэтынущ.*
*– Псом нэхъапэр упсэуүэ*
*укъэсащи мэзыжьым,*
*нарт быным уащыщу,*
*усхъумэнущ уэ, си псэ.*
*ЩIалэ цIыкIури дэ тщыщу,*
*ари нарту тлъытэнущ.*
*«Нарт ар?» – жаIэм, жытIэнур:*
*«Нартщ ар, шэч къытевмыхъэ».*

* * *

*Къэгъэзэж и псалъэм*
*щIэдэIуащ Уэс цIыкIур.*
*Пэжыр тIу ирищIыкIыу,*
*ныкъуэIуатэ ищIами,*
*пцIыупсыфэ мызэкIэ*
*къытемыуэ и гугъэщ.*
*И жылэжь дэмыхъэжу,*
*и анэм зэ Iумыплъэжу,*
*Къэгъэзэж мэз щIагъым*
*къыщIэкIуар имыщIэ.*
*УпщIэ гуэри и дэлъхум*
*иримыту бгъэдэсри,*
*къыхуащIа и унафэу,*
*мэзым пщащэр къыщIонэ,*
*нарт пщыIэм къытонэ.*



Махуэм махуэ къелъхуж, Уэс псэуным игу теухуат. Нарт быныр ныбэкIэ гугъу ехьырт. Марди гъаблэгу ищтат. Шабзэкъу иIэххэти, «сыщэкIуэнущ» жиIэри, шабзэшэ куэду ищIащ.

– Мэзыжьым щIэс къэдукIыркъым, нартхэм ар ди хабзэкъым, – жиIэри, Къэгъэзэж ар къыхуидакъым.

– ИгъащIэми ди адэжьхэр мэщакIуэ, мэзым кърахыр дагъэшх, – Мардэ ТхьэщIагъ мэзым и Iуэхур зэрыщхьэхуэр ищIэ пэтми, мэдауэ.

– Пэжщ, нартхэр щакIуэфIщ, щэкIуэнри ди хабзэщ, ауэ Мэзыжьым щызетхьэ хабзэр щхьэхуэу дгъэуври, езыр егъэзыпIэ тхуэхъуащ, къытхуэупсэу щIидзащ, щхьэщыжакIуэу диIэщ, – жеIэ нэхъыжьым.

Ар имыдэу, Мардэ мэпсалъэ:

– Лъэпкъыр щыIэжкъым, хабзэри псэунукъым, дэри дащыгъупщэжынущ. Шхын щхьэкIэ дызэтелIэмэ, сыткIэ щхьэпэ а хабзэр?

– Мэзыжьым зыри щылIэнукъым, абы зыри игъалIэркъым!

Ар щызэхихым, Мардэ нэхъри къолъ:

– Уи пкъыр щIэлIэ хъумэ, уимыгъалIэу, мэз псэущхьэ къыпхищIыкIынущ! Сэ хьэкIэкхъуэкIэу мэзым сыщIэсыну сыхуейкъым. Мыбы щIэсхэми цIыхуу щыта яхэтмэ, си Iуэхукъым, къреуви, «укъызэмыуэ» жрыреIэ! «ЦIыху щылъхухэм сащыщщ» жимыIэрэ – ар псэущхьэщи, къэбукI хъунущ.

Нэхъыжьым емыдэIуэжу, щIалэр мэзым хыхьащ, щхьэхуэ зищIу псэуну. Къэгъэзэж щыкIэлъыджэм, Мардэ къызэмыплъэкIыу жэуап къитащ:

– Къэгъэзэжыр уэращ зи цIэр, алейкIи укъызэмыджэ. Схуэмышхын къэзукIыу, сэ лей зесхьэнукъым, си Iэ-си лъэр къыздэбзу, шхын щхьэкIи зызгъэлIэнукъым. Хуит сыкъэпщIмэ, мы сабий зэтелIэхэми яхурикъун къэсхьынщ.

Къэгъэзэж Мэзыжьым и пIалъэ ищIэрти, лъэIуащ:

– ХьэкIэкхъуэкIэу уи шабзэшэ зыхуэпшийр цIыхуу щытамэ, и лIапIэ узэрытехуэу, цIыху хьэдэу джэлэнущ. ЦIыхушх умыхъу, Мардэ, цIыху щIыкIэм уимыкI, Мэзыжьми и ней къытщумыгъахуэ.

Сыт жраIэми, Мардэ щIегъуэжкъым. Ар щакIуэу ежьэжмэ, къэхъункIэ хъунум щышынауэ, фызхэр мэпыхьэ, сабийхэр зэщыджэу магъ. Мыгъыр Уэсрэ Щабэрэщ. Щабэ и щынэ цIыкIум и щхьэр егъэкIри, и макъыр кърегъэкI:

– Мардэ, уемыIусэ мэзым щIэсым. Сэ къыстегъапси, къызэуэ!

Мардэ къызэплъэкIри жиIащ:

– Уэ цIыху макъкIэ уопсалъэ, узищIысыр хэт зыщIэр?

– Сэ сыкъагъэхутащ, мэлым сахэхъукIакъым, хьэкIэкхъуэкIэми сащыщкъым. Си къэунэхукIэр телъыджэщи, си кIуэдыжыкIэр нэхъ телъыджэж хъунущ. СыщIэпхъуэнщи, тегушхуи, къауэ уэ.

Щынэр зэрыпсалъэр игъэщIагъуэу, щIалэщIэр йоплъ, пщыIэм тесхэри умэзэхауэ абы йодаIуэ, Уэс мыхъейуэ щытщ, Щаби абы бгъурытщ.

– Еуэ, къауэ, сыщIопхъуэ, – жи щынэ цIыкIум, – укъэмыуэмэ, мэзым сыхыхьэжынурэ хьэкIэкхъуэкIэм сашхынущ.

Уэс Щабэ зэщIеубыдэ, и нэр щеубыдыкIри, арэзыуэ и щхьэр ещI. Къэгъэзэж «хьэуэ» жимыIэ, Марди и шабзэр зэфIедзэ. Щынэр щIопхъуэри мэлъей, шабзэр тохуэри, мэджалэ. КъиукIар къищтэжыну Мардэ бгъэдохьэри, щынэ цIыкIур щыIэжкъым, зы мэлышхуэ щылъщ. Къэгъэзэжрэ Мардэрэ мэлыр фIагъэж, зэIахри, лыр яупIэ. Щынэр мэлу дауэрэ къыщIидза? Ягу къэкIа упщIэм и жэуапыр Мэзыжьым къарет:

*– Фи адэжьхэм я фIыгъэу,*
*фи анэжьхэм я фIыщIэу,*
*си щIагъыр фи егъэзыпIэщ.*
*«Нартщ ари» жыхуэфIэу*
*сабий дапщэ къэкIуэжми,*
*ирикъунущ мэлылым.*

*Дзажэр кIэрыфщIи вгъэгъу,*
*хэщIыр хэхъуэжу фIэлъынщ...*

Мэлылыр дзасэкIэ ягъажьэ, ягъавэ, лыр яшх, лэпсыр трафыхьыж, цIыкIуи ини мэтхъэж. Ныбэм и Iуэхур зэщIа мэхъури, Къэгъэзэжрэ Мардэрэ зэгуроIуэж.

Илъэгъуар егъэщIагъуэ, щынэ бзэхар игу щIохьэри, Щабэ и бзэр къеутIыпщ, къыIурыщэщу мэпсалъэ. Сыт къэхъуми, сытхэр ялэжьми, Уэс есат Щабэ темыплъэкъукIыу. Сабийм ади ани щимыIэжкIэ, езым къыщригъэлакIэ, хыфIидзэжи игъэщхьэрыуи мыхъуну къилъытауэ, дэлъхум хуэдэу хущытт. Щабэ узыншэт, зэхэщIыкI иIэт, гурыхуэт, нарт щылъхуу фэ тетт. Уэс езыр хэт хъуну? Сытыр къищIыкIыну? Ар зэкIэ имыщIэ...

Мэз щIагъкIэ зекIуэным есагъэжьу, нарт зэрыбыным Мардэ я нэIэ тету къакIухь. Заплъыхьурэ, гуэл къагъуэтащи, махуэ щIагъуэ дэмыкIыу, зыщагъэпскI. Гуэлыпсыр псынэпсщ, щIыIэмылщ. Сабийхэм япэ йощри, Уэс псым хохьэ, цIыкIухэр здыхешэ, напэ фIей гупым зрегъэгъэпскI. Нэхъ щхьэхынэу зы пщащэ яхэтщи, псым хыхьэн имыдэу зехъунщIэ. А зыр фIейуэ къагъанэри, адрейхэм загъэкъабзэ, я щыгъын тIэкIухэр, хуэсакъыу, хъыджэбз цIыкIухэм яжьыщIри ягъэгъущыж. Хъыджэбз цIыкIу щхьэхынэм Уэс Iуэху къещI:



– Уэ щIыIэ зыхэпщIэркъым, уудщ, – жи.

– Сэ сыудмэ, уэ сыту сыптемыкIуэрэт? Сытуи псым ухэзмыгъэхьэрэт? – Уэс абы жриIэн егъуэт.

– Умыудмэ, ухьэндыркъуакъуэ щылъхущ. Аращ псы щIыIэм ущIыхэсыфыр, – модрейри икIуэтыркъым.

Уэс зыуи къыщымыхъуу, сабий гупыр игъэпскIыху, псынэпс щIыIэмылым хэсыфщ. ЩIыIэр зыхимыщIэр пэжми, хьэндыркъуакъуэ щылъхукIэ къыщещым, и щэхур игу къокIыж, зэрыблэ щылъхур кърaIуэкIыу къыфIощI, къыщIагъэщынкIи мэгужьей. И гужьеикIэр зыгуэрти, хъыджэбз цIыкIу цIащхьэр зэщIеубыдэри, и щхьэц зэхэпцIыхьар егъэлыгъуэ. Щхьэфэкъурэ и щхьэфэр телыгъукIауэ, хъыджэбз цIыкIур щIопхъуэжри, гъуэгыу Мардэ деж мажэ. Мардэ къэхъуам щIоупщIэ, Уэс къегъуэтыжри, пкъроупщIыхь. Сабийхэм мафIэдз ямыIэу, мафIэр зэщIэзыгъэстыр Къэгъэзэж и закъуэт.

– Мыбы и щхьэцыр зэрыбгъэлыгъуар дауэ? МафIэ дэнэ къипха?

Уэс зеущэху. Губжьарэ зимыщIэжу щыхъум, мафIэр и Iум къикIат, ауэ зиумысыжкъым. Мардэ Къэгъэзэж йоджэ. ЛIым къэхъуар егъэщIагъуэ, ари Уэс пкъроупщIыхь, ищIа дыдэмкIэ зиумысыну хегъэзыхь. Щыхуэмыпсалъэм, Къэгъэзэж ар и жагъуэ мэхъу, зэдэлъхузэшыпхъур зопсалъэ:

– Уэ, адрейхэм уахэзгъэфIыкIыу, узишыпхъущ. ПщIар жыпIэну уи щхьэ тумылъхьэмэ, дауэ сыноплъын дяпэкIэ?

– Уэ сынызэроплъым хуэдэу.

– Абы сыт къибгъэкIыр?

– Дзыхь пхуэзмыщIми, зыкIи сыноупщIакъым, шыпхъуу сыплъытати, дэлъхуу услъытащ.

– Лажьэ къыздэплъэгъуа дэлъхуу сумылъытэну, си жыIэ утемытыну?

– УздэщыIари тщIэркъым, укъыщыкIуэжами, зыкъэдбгъэщIакъым. ЗекIуэлIыр хэкум укъихьэжри, даукIми, дашхыжми, укъыкъуэмыкIыурэ, сабий ныкъуэпIхэм уахэсу, Мэзыжьым сыщыпхуэзэжащ.

– Уи псалъэр жагъуэщ, дэлъху нэхъыжь хуэмыфащэщ.

Къэгъэзэж ар жеIэри, и щIыбагъ къегъазэ.

Уэс и дэлъхур апхуэдэу пикIуэта хъури, псори къытегушхуащ. Пщащэм и щхьэр щIрагъэхьэ щыхъум, гупым яхэкIыну гурылъ ещI.

Нэху мыщауэ, кIыфIзэхэту, Щабэ гъусэ ещIри, Уэс пщыIэм токI, я закъуэу мэзым щIэсынуми имыщIэу, щIэкIыу псэунуми зэкIэ химыщIыкIыу. ТIэкIурэ кIуауэ, Щабэ къоувыIэ, «сынэкIуэнукъым» къыжреIэ. ХуэмыкIуэр илъэфыну и Iэр быдэу еубыд, ауэ абы Уэс зыIэщIеуд, щIопхъуэжри пщыIэм егъэзэж. Уэс и закъуэу Мэзыжьым кIуэцIрокI, шыни икIуэти имыщIэ.

Щабэ пщыIэм тохьэж, псэлъэф хъуами, псалъэркъым, Уэс здэщыIэр яжриIэркъым.

Мардэ пщыIэм къытренэри, Къэгъэзэж шыпхъум и лъыхъуакIуэ йожьэ. И щхьэм бжьэуэ еуащ псалъэ жагъуэр, ауэ къелъыхъуэ Уэс, ТIали къыигъуэтыжыныр и гугъэщ. Нарт быным ящыщ хуэмызауэ къокIуэж.

Уэс мэзым къыщIэнат, жэщкIэрэ псэущхьэ гуэрым и гъуэ нэщIым щыжейрт. ЩIыIэм исыххэкъыми, ар зы гугъуехьу хэкIащ. Псы щIож мэзым, псым хэс бдзэжьейр IэкIэ къеубыд, къиубыдар цIынэу имышхыу, мафIэ ещIри егъажьэ, и Iум мафIэр илъыххэщ...

Бэлэбанэ мэхъу пщащэр, псэлъэгъу здимыIэм, псэлъэкIэр щогъупщэ, хьэкIэкхъуэкIэм я бзэр зэхещIыкI, ящыщ яхиукIыкIыну игу къэмыкIыххэ, дзэ жан зыIутхэм яшхым Уэс и Iыхьэ хагъэкIыу къаублэ. Дыгъужь зэрыбыным яхэлъуи нэху къокI, аслъэнми доджэгу, мэз джэдухэми къэжыхьынкIэ ядохъу, мыщэми къыдеущыхь. Зэрыхъуу ирехъу, и псэр Iутщи, псэунщ. Мэзыжьым Уэс зищIысыр ещIэ, пщIэ щIигъуэтри аращ. Пщащэр благъуэ щылъхущ, хуеиху и щIагъ щIигъэсынущ. Мэзыжьыр Благъуэм щошынэ, абы и щылъхуми фIолIыкI, зэадэзэпхъум я зым мафIэ къридзмэ, Мэзыжьым и кIуэдыр хэлъщ.

Уэс мафIэси игу къэмыкI, щIыпIэм зыхуейр щегъуэт, нэгъуэщI псэупIэ-теупIи къимылъыхъуэ, къэзылъхуа и анэри игу къримыдзэ, зыпIа и анэри и пщIыхь къыхэмыхуэ. Ауэрэ екIуэкIыу-ежэкIыурэ, зы гурыщхъуэ къыпкърошасэ.

МахуэкIэрэ зыгуэр къеплъакIуэу къыфIощI. КъеплъакIуэр хьэкIэкхъуэкIэм ящымыщ, цIыхунэ зиIэщ, цIыхупсэ зыIутщ. КъегъапцIэ, къыпекIухь, и щIыбагъ къыдохьэри зэпеплъыхь –

щIалэщIэщ, бэлэбанэщ, и пащIэ-жьакIэр къэкIагъащIэу цIырхъщ. Пщащэ цIыкIур нарт быным яхэкIри, нарт щылъхум япыкIащ, къеплъакIуэми хуейкъыми, щабэрыкIуэу кIэбгъу зищIынущ. ЩIалэм Уэс къелъагъу, кIэлъыщIопхъуэри къеубыд.

– СутIыпщ, ущIегъуэжынщ! – Уэс тыншу зитынутэкъым, и Iум мафIэр щиIыгъщ.

– Уэс, уэра мыр? – жи щIалэм.

ЗэрыцIыхуу къыщIокI: щапIар зы унэщ, щIалэщIэр ТIалэщ, Гуащэ и къуищым я курытыр аращ. Курытыгъэр иIыгъыу, шынэхъыщIэ зэриIэр бзыщIауэ ещIэж, и анэр иужьу щылъхуам къэхъуа-къэщIахэм хещIыкI. Гуащэ и щэхур дибзыщIу, Уэс шыпхъум хуэдэу илъытэу щIэхъуам щхьэусыгъуэ иIэт: и шынэхъыщIэр бзэхащ, ныуэжьыдзэм яхьри яшхащ – зэрызэхихамкIэ аращ. И анэм щIигъэпхъуэжу ТхьэщIагъ мэзым щигъакIуэм, мэзым нэсри къелауэ, ТIалэ мэз щIагъым щIэст, Мэзым хэщI иримыту, къритыIамэ, и Iусу.

ЩIалэри, псэлъэгъу здимыIэм, цIыхумыщI хъуари хэлъынут, Уэс цIыху щIыкIэм икIати, псалъэм къикIыр IэщIэхуат.

– Гущэкъу ибзэнри хабзэт... си шынэхъыщIэр щыIэжкъым, ныуэжьыдзэм яхьащ, – жи ТIалэ. ГъумэтIымэу здэщысым, Уэс ар къримыдзэ.

ЩIалэм игу илъыр и жьэкIэ жеIэ:

– Мыр и къэшэну си къуэшым хуихъумэнут ди анэм. Сэри сыкъэзылъхуар езырат, сыщауэщ, къэшэни сыхуейщ! Гущэкъу зыхурабзар щыкIуэдакIэ, мыр сэ къэшэн схуэхъунщ...

Уэс зыхещIэ зыхуэзар зэрыхамэр, дэлъхуу илъытэ мыхъуну и гум къэкIащи, сакъщ. Нартыбзэр къегубзыгъыжри, нарт щылъхум жреIэ:

– Уи къуэш нэхъыжьыр къэлъыхъуэ, и пщыIэр здэщыIэр бжесIэнщ.

ТIалэ згъэжьажьэ, и жьэр Iурыхуу зеплъыхь, къыпэрыуэ щымыIэу, пщащэр зэщIиубыдэнущ – аращ и гум илъыххэр. Уэс хикъузэу мэпсалъэ:

– Уи шынэхъыжьыр тхьэмадэу нарт зэрыбыным яхэту мы мэзым щIэсщ. Уэри узэрыщIэсыр къищIащи, къыпхуэзэжыну мэхъуапсэ.

ТIалэ зэхихыр фIэлейуэ, и щхьэр егъэкIэрахъуэ. Уэс ткIийуэ къыпещэ:

– Сэ бжесIэнур бжесIакIэщ, си кIэм уимыкIыуи здэнукъым, щхьэж и занщIэ и гъуэгущ!

– Мэзым лъагъуэу щIэкIыр зэзгъэщIауэ соцIыху, Уэс гуащэ, сэрыншэу мэз щIагъкIэ кIуапIэ уиIэнкъым.

Ар щызэхихым, пщащэр къоув:

– Абы щыгъуэм сэ мэзым сыщIокI!

Уэс иутIыпщын имыдэу, хуэубыдын фIэщIу, ТIалэ къарукIэ похьэ.

Уэс губжьауэ мэпсалъэ:

– СызыпIам укъилъхуащ, дэлъхукIи сыноджэу сигъэсащ, укъызэрысхущIэкIри сыт? СутIыпщ, армыхъумэ, усIэщIэкIуэдэнщ уэ щIалэр.

ТIалэ зэхихыр и фIэщ мыхъуу, пщащэр зэщIеубыдэ, Iэпхлъэпх хуэщIыну мэгугъэ. Уэс мэгубжь, и кIуэцIым щызэщIэна мафIэр и Iум кърегъэкIри, ТIалэ и жьакIэ цIырхъыр трелыгъукI. Мор и напэм йопхъуэж, и напафэр мэуз, и щхьэм узыр доуей.

Къэхъур къыщыхъур мэз щIагъщи, Мэзыжьыр мафIэсым щощтэ, щтапIэ исхэм яжреIэ:

– Лъы зыщIэтыр кърензэ, мафIэ зыхэтыр щIрекI!

Мэзыжьым ТIалэ фIолIыкIри, Уэс пэмыувыжу йокIуэт. Уэс Мэзым гукъеуэ хуимыщIу, щIокIри губгъуэм йохьэж.

Губгъуэр щызэпиупщIым, шы лъэгу ирикIуащ, выгу зекIуапIэу гъуэгужь теувэри, нарт жылэ дыхьащ. Зыдыхьар ябгынэжа жылэщ, псэ зыIут дэмыс, жей уз къызэфыкIыу лIэуэ щIамылъхьэжахэм я хьэдэ топлъэ. КъыдэкIыжри, гъунэгъу жылэм кIуащ – ари нэщIщ, псэ зыIутым ящыщу хьэрэ джэдурэ елъагъу, цIыхуцIэ зиIэ хуэмызэ.

Ещанэу зыдыхьам унэ-лъапсэ нэщI щотIысэх, жьэгу мафIэ зэщIегъэст, лэгъупыIэмпIэ щызэфIедзэ, ху хьэдзэ къегъуэтри, псы къэкъуалъэм хедзэ. Ху хьэдзэр къызэрокI, хъудырыр Iуву мавэ, шыуаным къыщхьэпрыкIыу йовыкI. Къэзылъхуа и анэм и зэфIэкIыр къылъыкъуэкIауэ, хьэдзэ закъуэр тIэпIу шхэну ирокъу.

Дурэшхэм щощыпэ, гъэтIылъыпIэхэр щIещыкI, щэкIыщхьэ къегъуэт, мастэ-Iуданэ зэфIещIэ. ЗыпIа и анэм и IэщIагъэр къищтауэ ращ. Зоплъыжри – щауэ фащэу зыхуидыжар хуэфIыпсрэ екIупсу щыгъщ, пщащэу къамыщIэну, щауэщIэ теплъэ иIэщ. Нарт хэкужьу биижь зекIуапIэм, пщащэ закъуэм зекIуапIэ ирамытын. И щIыкIэзекIуэкIэ, и губжьыкIэ-зэуэкIэ, зыхуэпэкIэ-псэлъэкIэ щауэ щIыкIэу зыкъищIмэ, хъума нэхъ хъунущи, ар ещIэ. ЦIыху хэтыну емыIэ, мэзымкIэ гъазэ имыIэ, здэкIуэ дыдэр имыщIэу, и нэр здэплъэмкIэ Уэс йожьэ...



## Нэс щIым къытохьэж




Нэс, щIы щIагъ псэукIэм хилъагъукIыр мымащIэу, щIэ гуэр къызэрищIэу, и гум ирибыдэрт, гукIэ зригъащIэрт, къищIахэр зригъэпщэжырт. МыгъуапцIэ къэзыгъапцIэурэ зи щхьэ Iуэху зезыхуэ Гъэриб пщылI жыIэщIэ хуэныкъуэт, зрипэсри мащIэт. ЩIы щIагъ яхьа щауэщIэхэм Нэс къащIыхихар лъэпкъым щымыщу Благъуэм ипIати арат. Нэс зыхуэзэш щымыIэу, зыхуэпэжыр езырауэ, Гъэриб и фIэщ хъуат.

Мэгъу-пэшэгъухэм щIэныгъэу ябгъэдэлъым и инагъыр Гъэриб къэрамыгъащIэуи къыщIокI. Я щIэныгъэ-мэгъугъэр щIы щIагъым къыщожьэ. ЩIы хъурейри зы вагъуэщ, а вагъуэм и куцIыр мафIэщ.

КуцIым мафIэр зэрыщыжьэри щIыщхьэм мывэ зэрыщыхъури зыщIэр езыхэр арауэ, я щIэныгъэр ирикъурт, зэхуримыкъуж я дагъуэти, я зэфIэкIым хущыщIэрт. Япэр и пIэм итщ, Ещанэр абы бгъурытщ, ЕтIуанэр а къызэрытщ.

ЦIыху щылъхум зыхабжатэкъым, ябгъэдэлъ щIэныгъэр Гъэрибым къерагъэщIатэкъым.

Гъэриб гъэру иIыгъыу зэрилъытэр мэгъухэм къащIэ. ЛIым и къэухьыр мэгъухэм яфIэмащIэщ, и хъуэпсапIэхэр яфIэжьгъейщ, зэрыхуэжыIэщIам хущIогъуэжхэр.

МыгъуапцIэ щIы щIагъым щытепщэми, тепщэныгъэ щIэнэцIщи, щIы гущIыIур лъимыгъэсу, езыр тепщэ щыхъуну, Гъэриб Iуэху зэрегъэпцI. МыгъуапцIи трамыгъаплъэу, Гъэриби химыщIыкIыщэу, тIуми яфIэлIыкI защIми, мэгъухэм бзыщIауэ Iуэху ящIэ. Я щIэныгъэм хагъахъуэ, щIы щхьэфэр къахутэ, тафи мэзи къапщытэ, псышхуи, бгыщхьэ-Iуащхьи, хытIыгуи, тIуащIи я IэпхъуамбипщIу ящIэ.

Нарт хэку щIыпIэцIэу, Iуащхьэ щыгухэм фIащахэр хэт игу къридзами, хуэзыдзар а мэгъухэрщ. Тенджыз лъащIэм зиIэту Iуащхьэ щыгу зэрыхъужыр, бгылъэ щIыпIэ къэунэхухэр щIы щIагъ мафIэу зэрежьэр – псори ябзри ядыж, щIэкIыу ятхри яджыж. Я дэным мастэ-Iуданэ хэмыт, я тхэкIэр Iэпэрытхэу щымыт, тхылъымпIи зэрамыхьэ, ятхыр тхылъым емыщхь. Я щхьэм итыр къэрахри, я IэпэджэдыкIэм понэхукI, я щхьэ-я пкъыр зэдолажьэ. Iэпэр ящIмэ, я гупэм тхыпхъэщIыпхъэу хьэуам хэту зыхуейхэр къыщоунэху. Къэунэхур, щIэм щыщу, лъэхъэнэ зэблэкIхэм уахэзышэ щIэныгъэщ. Я зыр гъуэщамэ, я зыр щыуамэ, адрейм гу лъетэ, я щIэныгъэр мэкIуатэ.

Ар щIы щхьэфэ ирехъу, ар щIы щIагъыу щрырет – я куцIым щыгъуазэщ, гурыгъуазэр япкърытщ, я Iэгу-IэщI щызокIуэ. Я IэпэджэдыкIэм тхыпхъэу тетыр IункIыбзэщи, зылъэIэсыр зэIуокIри, щэху-бзыщIа къамыгъанэ. Къагъэхъуфыр гъунэншэщ. Ящыщу къэт закъуэм щыхуэныкъуэр нэхъыбэщ. Ар здэщыIэр ямыщIэ, зэрыхуэныкъуэр зыхащIэ.

Гъэриб а псоми химыщIыкI, итIани, и фIэщу зещI, нарт хэкум къыщымынэу, адрей хэкухэми и Iуэху яхилъхьэнут. Нарт нэпцIхэм я хэкур зэхуэщIащ, чынтхэм я щIыпIэр къегъэбыдэкIащ, испыми узытрагъэхьэнукъым, зытегушхуэфыр нартхэрати, бийм къелар егъалIэ.

Мэгъу-пэшэгъухэм якIэрысщ, «лъэпкъхэр зэвгъэзауэ, зэрыукIыр яхэфлъхьэ» жиIэурэ ящохьэ. Мэгъухэр нэхъри зэроубыд, нэхъри заущэху.

МыгъуапцIэ фIыцIагъэ мыушщ, кIэ дыкъуакъуэхэр пэщащэ псэущхьэщ, къапэщэщыр бзыщIащ, къаIущэщри мыщIагъуэ. Ахэр Гъэриб фIэзэшыгъуэщ.

Нэс щIэныгъэкIэ фIыт, гурыхуагъыр зыхэлът, мэгъухэм яхэт-яхэсурэ, и зыхэщIэм зеужь, и нэгу куэд къыщIоувэ. БалигъыпIэ имыувэу, и зэхэщIыкI зэтоувэ. Ауэ и пкъыр мэжэщI, и лъэр щIэщIэу мэхъу. Мэгъухэр йоплъри къащIэ: хьэуа къабзэ хущощIэ, нэхурэ хуабэрэ хуэныкъуэщ.

Нэс хуэжыIэщIэу къыхуэнауэ мэгугъэ Гъэриб, пщылIу фIэкIаи имылъытэ. Лъэрытет ящIыжыну, яутIыпщыну тогушхуэ.

Дэнэ здагъэкIуэнур? Мэгъу-пэшэгъухэр ходэ-хоплъэ. Я Iэпэджэдыкlэр зэтрагъэжу, щIыгу-щIыщхьэр щIащыкI, Нэс хуэфIыну щIыпIэ къалъыхъуэ. Зытралъхуа щIыналъэм йоплъ, къаплъыхьри, нэхъ хуэфIыну зы тафэ къредзэ, а тафэр губгъуэщ, а губгъуэр узыншэщ, дыгъафIэ удзыпцIэщ, хьэуари щыкъабзэщ. ЩIыщхьэм щыпсэурэ, хъужыххэмэ, къигъэзэжынур и пщэрылъу, щIалэр яутIыпщ.

Нэс щIы щIагъым щIэсащи, дыгъэр и щIэщыгъуэщ, губгъуэ и щыпэлъагъущ. Губгъуэу къызэрыхутам удз Iувым тоувэ, и лъэгур мэгуфIэ, и гур къогуфIыкI... ПкIауэхэр щыкуэдщ, хьэпщхупщи псэущхьи – псори зыхещIэ, и гъащIэ кIэщIым зыхущыщIар къещIэж. Ныбгъуэхэр щыгъуалъхьэу, шырхэр къыщрашу, тхьэкIумэкIыхьхэр щызежэу – апхуэдэ щIыпIэр Нэсу плъагъум игу дохьэ. Губгъуэ хуитым итщ, и щхьэм куэд къохьэри, къихьахэр мэхъэрахъэ. Зыубыдауэ зыIыгъ Гъэриб и щIыкIэр иджы зыхещIэ: ар щхьэхуит хуейкъым, Iуэху къабзэм хуэщIакъым. Тепщэ хъуным хущIоIэ, хэкум щIонэцI. Сытым щхьэкIэ абы лъысын хуей Нэс илъагъу мы дахагъэр? И Iум ит хьэуам и къабзагъэрщ, имыцIыхуа и лъэпкъым и хабзэрщ, мащIэу къищIа бзэм и щэхухэрщ щIалэр дэзыхьэхыр.

Мэгъу-пэшэгъухэр и нэгу щIэтщ икIи зыхещIэ: я зэфIэкIыр уардэщи, я щIэныгъэри лъапIэщ, я фIыр фIы дыдэщ, я Iейр шынагъуэщ...

Нэс губгъуэм лъагъуэ щримыхьэлIэу, удз кIырым кIуэцIрыкIыурэ зы жыг къыщелъагъу. КIуэм-кIуэурэ, жыгым гъунэгъу хуохъу, бгъэдохьэ. Къепсалъэм ещхьу, жыгыр мэIущащэ, и пщIащэр зэщIощхъыщхъэ. Нэс жыгым я бзэр имыщIэ, щихур нартхэм я бзэмкIэ къопсалъэ:

– Си щIалэ нэху, етIысэх, зыгъэпсэху...

Нэс жыг щIагъым щIотIысхьэ:

– Нарт хэкуу сыщалъхуам хэсщIыкIри мащIэщ, жыг псалъи си щыпэлъагъущ.

– Си щыIэкIэр жыгми, си къэхъукIэр цIыхущ. Сынарт гуащэу сыанэт, укъэзылъхуари сэращ. Бынми уракIасэт, зэшищми ураещанэт. Я цIэхэр уигу иубыдэ! – ар жеIэри, Жыг Гуащэм и къуитIым я цIэр къреIуэ. Езым къыфIищари къыжреIэ. АдэкIи къыпещэ: – Укъэслъхуами, успIакъым, сабий зэхъуажэ тщIыри, узыпIынум уестат. Узэстам утрахщ, уадыгъэури убзэхщ. Си анэгу щыуэнкъым, укъэсцIыхужащ. Сытуи уфагъуэ, дэнэ укъиукIыж?

IэплIэех хэмыту, зэхуэзэжахэм я пшыхьт, уэршэрым и пIалъэт.

– Мы си лъабжьэр ептIыхмэ, си дыщэ пхъуантэр щIэлъынущ, а пхъуантэр зэтепхмэ, сытебжауэ лъапIэ дэлъщ: дыщэ-дыжьыну бгъэIулъ, Iузэуи бгъуэуи Iэпщэхъу, IэкIуэцIыр зи бгым хуэщIауэ бгырыпх.

– Ахэр сыту сщIыну? Сызыщыщыр къэсщIамэ, сыхуэмейт нэхъыбэ.

– Узыщыщыр нарт лъэпкъщ, узыхущыщIэр уи бзэгъущ, шынэхъыжьхэри уиIэщ, адэ-анэщ уимыIэр. УиIэххэнумэ къэшэн, мыр абы и техьэпщIэу згъэтIылъащи, къэпщтэжынщ. ТхьэлъэIукIэ сытебжащ, зыкIэрилъхьэ нэужь, уз пкърытми, хъужынущ, щхъухь пкърытами, хэкIыжынущ.

– АфIэкI Iуэхум хэмылътэмэ, къэсщтэжынт уи пхъуантэр.

– Сыт атIэ къыщIыумыщтэр?

– Нарт лъэпкъыжьыр жэщIащ, хъуреягъыр бийщ...

Жыг Гуащэ аргуэру къопсалъэ:

– АфIэкI Iуэхум хэмылъу слъытэу щытамэ, си щIалэ, уи пащхьэ жыгыу ситынтэкъым, си лъабжьэм пхъуантэ щIэлъынтэкъым. Сэ сщIа щыуагъэм симыгъэбакъуэу аращ, сылIэжами, сыкIуэдыжакъым, си гур жыг куцIым къинауэ, сыкъызэрыплъагъуу сыщытщ. Хэту щытми, зыгуэрым си гурыгъухэр зыхищIэщ, си анэгум игу щIэгъури, укъысхуихьыжащи, нобэ си гуфIэгъуэщ. Уи Iуэху зыIутыр къэзгъащIэ.

– Благъуэм срибын си гугъэу, быдапIэм сыдэсащ. Ныуэжьхэм хьэм сыпамыщIу, Благъуэжьым и ней къысщыхуауэ, си цIыкIущхьэр гугъуехьу. СыщIэпхъуэжри сыгъуэщащ, щIы щIагъым сахьащ, си щхьэр си щIагъыу си гъащIэр йокIуэкI, схуэдэ щыIэххэу сымыщIэу, сокIуэд, сылIэ пэтрэ, хуит сыкъащIри, пIалъэ къызатащ, си пIалъэр икIмэ, кIэ дыкъуакъуэхэр здэщыIэм згъэзэжыныр си пщэрылъщ. А псор бжесIащ, иджы уэри къызжеIэ: бын хъуэжыр щхьэ пщIат?



– Си щIалэ нэху, узыпIа ныуэжьхэр къыщежьам пщащэ дэсу дахэ защIэт, нартхэм япхъу гъэфIат. Благъуэм иратурэ, ныуэжь зэтехъуэжащ, нартхэми ар я гуэныхьти, пхъу къащIэмыхъуэж щыхъум, уи шынэхъыжьри щхьэзакъуэти, къэшэн лъыхъуэ ежьащ. КъыкIэлъыкIуэри къэжэпхъати, ныбжькIэ хуэкIуэни щымыIэт. Си къуэ кIасэр си ныбэм уилъу, щауэ узэрыхъунум сегупсысырт, укъэхъури, сыгупсысэхт, сыхэдэ-хэплъэт. Пщащэ цIыкIукIэ укъэсхъуэжащ, ар уэ пхуэспIыну сыщытIысым, узэстар ныуэжьыдзэм яубыдщ, езыр щIэпхъуэжри, уэ Благъуэм ухуахьащ. Ди выжь закъуэр Благъуэм щыхуашэм, «мыр здашэм си щIалэр псэууэ щыIэмэ» жысIэу, сигукIэ сыкIэлъыкIуэтащ. ВынэкIэ сыноплъащ, выфэкIэ сыплъэIусащ, ауэ сэркIэ ар пщIыхьэпIэт, нахуапIэм ухэзгъуэтакъым...

Анэм зэи Iумыплъа щIалэм зэхих псалъэр и гум нос, и псэм дохьэри, и пкъым гуащIэ къыхохьэж. Выжьри ищIэжырт, и пщIыхьхэри нэгум щIэтт. Зы упщIэ и бзэгупэм телъщи, жимыIэу хъуркъым:

– Пщащэ цIыкIуу и анэм къеIыпхар псэу?

– Iэпсолъэпсоуэ МэзыжьымкIэ згъэкIуащ, къыткIэлъыса бзаджэхэм къезгъэлащ. Ауэ, си щIалэ, цIыху теплъэ иIэми, ар цIыху хъуну ущымыгугъ. Благъуэ щылъхуми, сэ ар спIащ, уцIыху щылъхуми, Благъуэм уэ уипIащ.

Зэхихам Нэс егъэгупсысэ, и щхьэ хуопсэлъэж:

– Сыкъызэрыхъурэ сыкърадзэкI, сыкъызыхуэхъури сымыщIэ, сызыIэрыхьэхэри мыцIыху, сыкъэзылъхуар цIыхуу щытами, ари иджы

мыцIыхуж. Пэж здэщыIэри дэнэ? Си лъэм сыздихьым сыкIуэнщи, зэрыхъуIауэ ирехъу...

И анэ Гуащэу Жыг Гуащэм жиIэм йодаIуэри, Нэс мэзымкIэ егъазэ, и лъабжьэм щIэлъ пхъуантэр къыщыхуэщтэж къиштэжыну къегъэгугъэ.

## Зэкъуэшищыр зэрызэхуэзэжар




Нарт бынхэр зауэ-зэрылIымрэ узыфэ бзаджэмрэ ящихъумэныр Мэзыжьым и щIыкIэт. Нэс нартылъ щIэтми, адрей нартхэм ещхьыжкъым, и зыхэщIэр нэхъ куущ, и къэухьыр нэхъ жыжьэщ, арами, и лъэр щIэщIэу, и лъыр пцIэуэ, и узыр, бзыщIами, пкърытщ. А псор Мэзым зыхещIэ, къелъытэри, тыншыпIэу Нэс зыхуегъэпс: и жьауэр мыкIыфIу, и удзыфэм нэр щIимысыкIыу, и щIагъ щIэс псэущхьэр къыхуэсакърэ къыпежэкIыу. Нэс щIэгуащIэмащIэр и адэжьхэр зыхэпсэукIам и щхьэр хуэныкъуэт, и нитIыр лъахэм и дахэм хуэзэшти arащ.

Мэз щIагъыр, адрей щIыпIэхэм ящхьэщыкIыу, езымкIэ зэрыфIыр Нэс зыхещIэ, и гуащIэри къыщIохьэж, и псэри мэпсэхуж. Мэз бзухэм ядоусэ, мэз бжэнхэм къадежыхь, дыгъужьым бгъуроувэри йожьэ, мэзым кууэ хохьэри, хьэкIэкхъуэкIэхэм къадеущыхь, итIанэ гу лъетэ: псэущхьэхэм зэрыш-зэрылI я хьэлкъым. Дзэ жан зыIут яблэкIми, удз зыхъуэкIухэр щтэуэ щIэпхъуэркъым, лъэщымрэ фэ щабэмрэ тыншу зэдохъу, зэдолъ. Нэс Мэзыжьым и щэхур ауэрэ къещIэ, езы Мэзри Нэс кIэлъызоплъэ, и щIагъ щIэсу игъэпсэу цIыхухэмрэ хьэкIэкхъуэкIэ щIыкIэ хъуахэмрэ щIалэр яхелъагъукIри, гукъэкIи хуещI...

Къылъыса тыншыгъуэм къинэмыщI, зыхуейр арати, Нэс и бзэгъу хуэзэжащ, нарт быным ящыщу япэ дыдэу зыIуплъари ТIалэщ. ДзыхьмыщIу къыпежьат, езыми дзыхь ищIакъым и цIэ-и щхьэр иIуэтэну, къызыхэкIамрэ здэщыIамрэ жриIэну. Зэхуэзахэр гъусэ зэрыгъэхъури, мэз щIагъкIэ зэдежьащ. ЩIалэщIэр ТIалэ зэпеплъыхь, и щIыкIэр хузэхэхуркъым. Езы ТIалэ шынэ узым иIыгъати, цIыху щIыкIэм икIауэ, и фэм къимыхьэжауэ, зэрымыщIагъуэр зищIэжырт.

Мэз щIагъкIэ зекIуэхэм я лъэгум лъагъуэ къыщоунэху, къэунэхуам тоувэ, ирокIуэри, нарт быну нартархэр Къэгъэзэж и гупыр зытес пщыIэм тохьэ.

Къэгъэзэж ежьауэ, мэзым щIэкIауэ къэтт. Мардэ гупым якIэлъыплъыну къигъэнати, пщыIэм техьахэм ар къапежьащ. Мэзым дзыхь хуещI Мардэ, дыкъэзыхъумэм ди бий къытхигъэхьэнкъым, жеIэри, щIалитIым ябгъэдохьэ. Нэс сакъщ, езыр къыздикIыжам псэууэ къикI щымыIэу хуегъэфащэри, зибзыщIмэ, нэхъ фIэзахуэщ. ТIалэ

псоми щIоупщIэ, хьэ лъэкIэу малъэ, бажэм хуэдэу мэзеплъэ, илъагъур сабийрэ нанэжьщи, и гур къызэрогъуэтыж:

– Фи нэхъыжьу ежьауэ къэтым сришынэхъыщIэщ! Абы пщIэ хуэфщIмэ, сэри къысхуэфщIынщ! – жи.

– Къэгъэзэж къэкIуэжыху гупыр зэдэIуэнур сэращ, – жеIэ Мардэ.

ИтIанэми, ТIалэ мэдауэ, фIэгъэнапIэ къелъыхъуэ, зыри зэрымылъым зыгуэр кърех. Ар Мардэ пэроуэ:

– Уэ улIыгъэншэщ, уи зэхэщIыкIри мащIэщ, сэращ пщыIэм унафэ щызыщIынур, – жеIэри къоув.

Марди икIуэтыртэкъым. Къэгъэзэж гупыр ихъумэну и пщэ къыдилъхьауэ, сыт щхьэкIэ икIуэту ТIалэ пашэ ищIын?

«Умыныкъуакъуэ, укъытхыхьамэ, ди гупым я пашэм и жыIэм щIэт», – ныуэхэм ТIалэ паубыд. ТIалэ абы ирогубжь. «Нарт щылъху щIэблэщIэу нартархэр дызэдэIуэнур Мардэщ», – жаIэри, къоув. ТIалэ абы иробампIэ. Телъхьэ здимыгъуэтым, къыздэщI жиIэри, Нэсым кIуэри щыхьащ, псалъэр дауэм хуэкIуэжащ:

– Уэ щэхурыкъуэу, уныкъуэкъуэхыу, унатIэщIэплъу, текIуэм зыдэпщIу, куэдрэ ущытыну? Узителъхьэр гъэнахуэ!

– Телъхьэ сыхъун ипэ, пашэр слъагъуну сыпоплъэ. КъэгъэзэжкIэ зэджэр къытхыхьэжмэ, сеплъынкъэ!

– Ар си къуэш нэхъыжьу, дэ ещанэрщ къытхуэтыр! Хамэр блыгущIэт ищIами, сыкъызэрицIыхужу, Мардэ IуигъэкIуэтынщи, сэ дзыхь къысхуищIынщ! Мыдэ къаплъи къэдаIуэ!

– Сэ си жыIэ едаIуэм ар ищIэнкъым.

– Дамэду ухъужауэ, хэт уэ уи псалъэ едаIуэр?! – ТIалэ дзыбэ-дзыусщ. Нэси зыкъызэкъуех:

– Си псалъэ ухуэмейми, зэшищым сэращ нэхъыщIэр. Курытыр уэрауэ жыпIами, уэр хуэдэ къуэш сымылъыхъуэт...

Губжьа хьэзырщи, ТIалэ щIалэ цIыкIум хуолъ, хуолъри щIогубжьэ. Благъуэм къеларэ щIы къатиблым щыIар шынэ зымыщIэжу къэхъуат, пкъыкIэ щIэлIами, псэкIэ псыхьат. ТIалэ и шынэхъыщIэр къыщыхуэмыгъэшым, зынытрешащIэ, йоIэри ирегух, щIым хегуэри, удын иредз. Мардэ Iэжьэгъу мэхъу, губжьар зэщIеубыдэ, ТIалэ и Iэдакъэсэм йопхъуэ. Абы хэту, Iэ лъэщкIэ зыгуэр къопхъуэри, ТIалэ сэр IэщIеуд, езыри иреудыж. Къэгъэзэжщ, Iэжьэгъу хъууэ, Мардэ къезыгъэлар. Мэзыжьым и хабзэр къэзыкъутэу псэ зыIут иукIыну зигу къэкIар ТIалэти, абдеж и пIалъэр къиухат, щIэкIын зэрыхуейр Мэзым кърикIуэкIащ.

Зэшищыр зэхуэзэжами, IэплIэехи ямыIэ, уэршэри ирамыгъажьэ. ТIалэ зиухеижыну хэтми, сыткIэ къехъулIэн? Гупыр щыхьэту къоув, зэрыкъуаншэр жаIэж. Мэзыжьми зыкъыхуегъэткIий, аргуэру и цIэ къреIуэ, «зыIэти щIэкI» къыжреIэ. Мардэ йохъу-йолъ, ТIалэ зэщIиубыдэу пщыIэм тришыну, мэзым щIигъэкIыну хуейщ. Ар имыдэу, Къэгъэзэж къоув, и къуэшыр къуаншэми, IуимыгъэкIуэту, пIалъэ иритынут, игъэсэжынут.



7 Заказ №770

ЦIыху хэтыкIэр зригъащIэу, Нэс къэхъум хоплъэ, ходэIухь, нартархэм я бзэм нэхърэ Мэзыжьым къипсэлъыр нэхъ зэхещIыкI. ТIалэ мэзым щIэмыкIыу зэрымыхъунур Нэс къыгуроIуэ, ар зыгурымыIуэжыр ТIалэ закъуэщ.

– Зэшищ зэхуэзэжа щхьэкIэ, зы анэ къилъхуауэ ар сыткIэ пщIэн, сытуи зэмыщхьрэ я теплъэкIи, я хьэлкIи, – жызыIэр нанэхэращ.

Зэтралъхуа яхэмыту, зэдамыпIати, зэшищыр, пэжу, зэмыщхьт. Нэгум къыщIидзэр я теплъэрати, Къэгъэзэж щхьэпэлъагэт, плIабгъуэу лIы задэт, ТIалэ хэщIыхьа зэIэщIэлът, къамылыфэ щхьэц фIыцIэт, Нэс щIыфэ хужьу щIалэ псыгъуэт, и хэхъуэгъуэ икIатэкъыми, зэрыхъунури къыпхуэщIэртэкъым. Зэхуэзэжахэр зэгурыIуэнуми зэфIэнэжынуми хунэмысу, зыщIэс Мэзыжьым зызэщIеуфIыцIэ. Мэшхыдэ, мэхъущIэ, жыгыу щIэтыр зэщIегъэсысэ, щIэсым я нэхъ бзаджэр къахурегъэлъ. Аслъэнхэр жыгыщхьэрыкIуэщи, я къалъи, я къауи зы ящIыфынущ, дыгъужьхэри къилъын хьэзыру къиувыкIащ. Абы къикIыращ: фщыщу зи цIэ къисIуар зыхэвгъэкI, ар фымыдэрэ – зэрыбину фыщIэкI.

ХьэкIэкхъуэкIэр щилъагъукIэ, ТIалэ дыхьэшхыу къоув:

– Я дзэр тхузэрагъэшхми, дзэкъэкIэ ямыщIэ, мышынэу къысхуэлъэр сукIыну сыхьэзырщ!

Къэгъэзэж ар имыдэ:

– Ящыщ уеIэб хъунукъым, мыхэр нарту щытагъэнущ... Ди Iей зэрахуэркъым, мэзым къахуищI я унафэщ...

– СыхулIэ апхуэдэ гущIэгъу, цIыхуфэр трихрэ дыгъужьыфэ трикъуэу.

– Сыт уэ абы хэпщIыкIыр? УщIегъуэжыным и пIэкIэ, зэрызыпщIыр мыхъун защIэщ...

ЗэшитIыр зодауэ, нэхъыщIэр мэдаIуэ, здэщытым зыхещIэ – и лIыхъугур щIэм хуоуш, зэщIоплъэ.



## Лъэпкъым и къэунэхукIар



Мэзыр цIыхухэм къопсалъэ:

– Фи япэ итахэм мыхъумыщIэ ящIакъым, си хабзэм тетащ, я лъэIури яхуэсщIащ. Фэри фысхъумэнут, мыхъумыщIэ къыфхыхьащ. Езыр фигу пыкIакъым, фи яужьым ивгъэкIакъым. Апхудэу щыхъуакIэ, си лъабжьэ фыщIэкI.

– Дэ лъэпкъкIуэдыр ди натIэу, ди кIуэдыжыгъуэр къыщысым, дыкъэпхъумэну дыгугъати, иджы губгъуэжьым дыбохури! – жызыIар Къэгъэзэжщ.

– ЛъэпкъкIуэдыр фи натIэми, си дзыхьым фикIащ.

– Губгъуэжьым думыхуэ, биижьым думыт, лъэужьыншэ дыхъунущ, ди цІэ кІуэдыжынущ, – мэлъаІуэ лІыр.

– Зыбгъэхъыжьэми, ужьажьэщ, зыбгъэзахуэми, убзаджэщ, си жыІи уэ ухуэмей. Уи напэ еплъыжи псэу. Курытыр зэпытрэ зэкІэсу ирекІуэ. НэхъыщІэр зыми ІэщІэмыукІэмэ, зыгуэр къыдэхъунущи, къехъулІэну согугъэ. КъызэбэкІыр псэущхьэщ, къывэмэщІэкІыр щІэблэщ. Си лейр фи хэхъуэщ, си хэщІыр фи махуэщ.

– Ар дауэ, ар сыту? – нанэхэр зоплъыж, зэшхэр зоупщІыж.

Нэс къыдэхъунур зищІысыр къищІауэ, щІы щІагъым зыпещІэ, мэгъу-пэшэгъухэм йопсалъэ, лъапэ нэхур зыдзу гъэру яІыгъ нартыпсэм ящыщ къаутІыпщыну мэлъаІуэ. Абдежым къызэІуех Нэс и зэфІэкІыр, мэгъу гупым игукІэ гуроІуэ, Гъэриб кърамыгъащІэу, мэгъухэм я ІэщІагъэм зрагъэубгъу.

Мэзым пшагъуэр щІокІри, нэху къыщІопсэ.

АдэкІэ къэхъур теплъэгъуэщ, къащІэр зи игъуэщ. Мэзыжьым ихъумахэр, цІыху щІыкІэм иришу хьэкІэкхъуэкІэ ищІахэр къеувэкІауэ зэхэтщ – цІыху хъужынхэу я пІалъэщ.

Абы здыхэтым, и нэхур мэкІуэщІри, кІыфІ зэщІэтыр Мэзыжьым къыщІохьэ, гуащэжьхэр мэгухэ, сабийхэр мэгуІэ.



*Къэплъэныфэр токІ, мыщафэр тоху.*
*Уэху-сыху, сытхэр мэзым къыщекІуэкІрэ?*
*Сытхэр къыщыухъу?*
*Уэхь-уэху, бажэкІэр поху,*
*цІыху къоунэху.*
*Ари сыт? Ари хэт?*
*Нартарщ, нартхэм я щІэжщ.*
*Нартархэр нартхэ я къуэжщ,*
*нартхэ я къуэпсщ,*
*псэун хьэзырхэщ.*
*Я щІыфэр пцІанэу*
*удзыпцІэм хэсщ,*
*щІэм къыхуигъэщІауэ,*
*я гущІэр къабзэщ.*
*УкІытэр къыдалъхуащ,*
*дзыхьмыщІ яхэмыт.*

КъызэфІоувэхэри зоплъыж: хъурэ бзыуэ зэхэгъэкІащ, щІыфэ хужь щхьэц гъуатІафэхэщ. ІэпсыгъуэлъэпсыгЪуэ защІэхэщ. БалигъыпІэ имыувар нэхъыбэщ. Сабий быдзафэ яхэмыт. Зэрызэхэту, мин бжыгъэ зэрогъэхъу. Мыщафэу, бажафэу ятелъар зрашэкІыжри, ябг щІакъуэзэ. Мэзыжьми чэнджэщ къарет:

– Фызэхыхьэжи, фызэхэзагъэ... Си щІагъыр си щхьэщ, си щхьэр си щІагъщ. Сымыгъужми, сыфлъагъужынукъым...

Ар къажреIэри, лъапцIэ гупыр и щIагъым щIегъэкI, губгъуэ нэщIым иреутIыпщхьэ. Арыххэуи, езыр мэбзэхыж.

... Нэс мэдаIуэри, зэхех псэущхьэ дыдэу щIэсым я макъри, тхьэмпэу зэщIэхъаем я Iущащэри, мэз щIагъ щIэж псынэпсым и уэршэрри. Мэзыжьыр нэрымылъагъуу щыIэщ, щыIэми, зыхущыIэнур нэгъуэщIщ...

Зэшищыр зэрымыIыгъ. Къэхъум имыгъэгужьеяр Нэсщ, къэхъум хэгужьеихьар Къэгъэзэжщ. Я курытыр ялъагъужыххэркъым, цIыхущIэу къэунэхуагъащIэм ящыщ хишри ежьэжащ.

Губгъуэжьым къинахэм къапэщылъыр ямыщIэ, щIэблэщIэр зэщIоблэ, къэблагъэм хуопабгъэ. Къаплъэу щыт Жыг Гуащэ къэхъур зыхещIэри, и нэхъыщIэм къопсалъэ:

*– Си щIалэу си нэху,*
*нэхур зыгъэжабзэ,*
*лъэпкъыщIэм зегъэузэщI,*
*бийм щыхъумэ,*
*гъаблэм къегъэл,*
*IэщIагъэр къегъащIэ,*
*щIэныгъэм хэшэ.*
*Нартым Тхъэ диIащ,*
*нартым Тхъэм и бзэ тIурылъащ,*
*нартархэр ди щIэиным хыумын,*
*ди хабзэр къегъэщIэж,*
*ди тхъэбзэр Iурылъхьэж,*
*тхыбзэр урегъабзэ,*
*нэплъэжыгъуэ ет,*
*жылэ-жылэу гъэтIыс,*
*унагъуэр къегъащIэ,*
*игъуэ-имыгъуэм щIэгъэдэIу,*
*екIу-емыкIур хэпщэ...*

*Нэс зэхихыр егъэщIагъуэ:*
*– Си анэуэ Жыг Гуащэ,*
*сэ нартхэ сахэсакъым,*
*нартхэ сагъэсакъым,*
*я бзи сагъэщIакъым,*
*хабзэри сымыщIэххэ.*
*СымыщIэр хэт бгъэдэслъхьэн?*
*– Уэ си щIалэ кIасэ,*
*Япэнэсыр зыфIаща,*
*НэскIэ сызэджа.*
*Уи адэ и лIыгъэр пхэлъщ,*
*уи анэ и гурыгъуазэр пхэтщ,*
*Благъуэм и мэгъугъэр,*
*мэгъухэм я щIэныгъэр*
*плъэгъуауэ бощIэж.*

*Тхьэр уи щыхьэту,*
*пщIэнур Iуэхущи,*
*уIуэхутхьэбзащIэщ!*
*Уи къуэш нэхъыжьхэр гъэпашэ,*
*уи лъэужьыр гъэдахэ...*

*Нэс мэлъаIуэ:*
*– Пщэрылъыр къысхуэпщIащ,*
*уэ езыр схущыIэ,*
*уи жьауэ сыщIэгъэт,*
*уи нэIэ къыстегъэт!*
*– Сэ Мэзыжь лъапэ сыхэкIэри,*
*Мэзыжьым сыщыщу силъытащи,*
*Си лъабжьэ-си щхьэкIэр*
*Езым дэбзэхыныр унафэщ.*
*Арми, си анэпсэм*
*хуитыжыр сэращи,*
*ар уэ пщхьэщытынущ,*
*си щIагъ щIэлъ пхъуантэр,*
*дэлъыр зэрыдэлъу*
*ууейщи, хыумыгъэгъуащэ...*



Жыг Гуащэ мэбзэхыж, Нэс и гущIэм зегъазэ. И IэпэджэдыкIэр зэщехъуэри, мывэху къоунэху – Жыг Гуащэ зэрытар иджы хэмыгъуэщэн.

* * *

... Уафэ джабэр зэщIоуфIыцIэ. Шу фIыцIэу Благъуэр къолъатэ. И шыплIэм зыгуэри дэсщ. Хэкужьу нэщI хъуар къалъэтыхьурэ къаплъыхь. Губгъуэжьым къыщхьэщохьэри, шум зегъэлъахъшэ, лъэс лъапцIэхэм яхоплъэ. Шынащи, хэт зредзых, хэти и нэр здэплъэм щIэпхъуауэ мажэ. ЩIэпхъуэжахэм Нэс якIэлъоджэ, Къэгъэзэж якIэлъожэ. Нэс и нэгур уэгум хуегъазэ – шу фIыцIэм ар щымышынэ. И шыплIэм дэсми гу лъетэ. Мори къоплъых, мыдрейри доплъей. НыбжьыщIитIыр зэIуоплъэ. Благъуэм и шыплIэм дэсыр Уэсщ. Нэс ар Уэсу имыщIэ. Благъуэм и гъэру щымыту, и дэIуэгъуу фэ ирепл. Щауэ фащэкIэ хуэпащи, щауэщIэу хуегъэфащэ.

Нартар лъэпкъыу къэунэхуагъащIэр зрегъэлъагъури, Благъуэм къыздикIамкIэ егъэзэж. Нэс щIэпхъуэжахэр къызэщIекъуэж, Къэгъэзэж къахохьэжри, жылэжь бгынэжахэмкIэ яунэтI.

*Рассказхэр* КЪАНКЪУЛ Раисэ

# ГЪАЩIЭР ГЪУДЖЭЩ



Нышэдибэ Хьэмид хэжеяти, псынщIэу къэтэджауэ зихуапэрт.

– Щхьэ сыхэбгъэжея, жьыуэ сызэрыдэкIыр пщыгъупщэжауэ арат? Сыхьэтиблым сынэсын хуеящ, – жиIэурэ зигъэхьэзырри дэкIащ.

Фызым зыри пидзыжакъым, къыжриIэнур ищIэрти.

ЛIыр щIэкIа нэужь, и щхьэм хуэтхьэусыхэжащ Зэбидэт: «ХьэблэлI факъырэхэм уадэуэршэрурэ жэщыр бгъэкIуащ. Нэхущым ущыгъуэлъыжкIэ, укъэтэджыфын-тIэ! Сыхуейуэ ухэзгъэжеящ, пхуэфащэпсщ».

Арат а фызым и щхьэр здынэсыр. Лэжьыгъэ зэикI пэрымытамэ, зыхуейр къыхуащIэу есамэ, сытыт зэгупсысынур?

Хьэмид къыхуагъэфэща къулыкъум папщIэ щIалэхэр къехъуэхъуат, къыщыгуфIыкIат, куэбжэпэм деж щищIа тетIысхьэпIэ дэгъуэм щызэхэсахэт. Пэжу, лIыр гуащIафIэт, хьэлэлт, цIыху щабэт, зэпIэзэрытт, ныбжьэгъу куэди иIэт. Арат и фызым хуэмыхьыр. Езыр зыми якIэлъыкIуэртэкъым икIи зыкIэлъигъакIуэртэкъым. Гъунэгъуи, благъи, Iыхьлыи зыуи къридзэртэкъым, и щхьэр лъагэу Iэтауэ, зыри зэрипэсыртэкъым. Iуэху гуэр къэхъуауэ, и лIым и гъусэу зыщIыпIэ хьэщIапIэ кIуамэ, зыми ябгъэдыхьэртэкъым икIи зыбгъэдигъэхьэртэкъым. Абы щхьэкIэ и щхьэгъусэм дапщэрэ псалъэмакъ хидзами, и хьэлым зихъуэжыртэкъым. Нышэдиби лIыр дэкIат, къулыкъукIэ зэрыдрагъэкIуеяр и фызым къримыгъащIэу.

ЩIалитI яIэти, уэрамым дэт сабийхэм ябгъэдыхьэу ядэджэгуну хуиттэкъым. Зэзэмызэ куэбжэм дэкIамэ: «Мы факъырэ быным факъыхэкI!» – жиIэрти, къыдихуэжырт. Хьэмид и зыгъэпсэхугъуэ махуэу щыдэсым и деж, сабиитIым я гурыфIыгъуэт. «Нобэ папэ дэсщи, иджы уэрамым дыдэтынущ дрикъухукIэ», – жаIэрт.

Нобэ тIэкIу нэхъ жьыуэ Хьэмид къыдыхьэжати, я хьэблэм дэс лIыхэр тетIысхьэпIэм деж хуэмурэ къыщызэхуэсу щIадзат. КъэкIуэжар игъэшхэн Iуэху зэримыхуэу, щыст Зэбидэти.

– Сыт къэхъуар, щхьэ укъэгурымыкъауэ ущыс? – еупщIащ Хьэмид и щхьэгъусэм. – ТIэкIу себгъэдзэкъэну пIэрэ?

– Мес, къызэхуос хуэмурэ, уагъэшхэнщ абыхэм! Ухуей уэ унагъуэ?! ХьэблэлI факъырэхэмрэ уи ныбжьэгъу хьэмшомхэмрэ уиIэмэ, ахэращ ущIэпсэур!

– Уэ абы и унафэ уэзгъэщIакъым. Уэ хьэбли, благъи, зыри ухуейкъым! Уэ пхуэдэ сэри сыпщIыну ара? ПхузэфIэкIынукъым! Уи мыгугъэ! Мис апхуэдэу «хьэнэнууэ» укъыщIэнэнущ унэм уэ, зыми уримыщIысыжу. СабиитIым, хьэблэ ныбжьыщIэхэм яхыхьэну хуимыту, я щхьэр ебгъэужэгъуащ, Иджы еджапIэ зэрыкIуэрэ тыншыжахэщ. Сэ ахэр зэрыпхуэзмыдэнур бощIэ, итIанэми, убэяуркъым. УэсщIэнури сынызэропсэлъэнури сымыщIэжу сыкъэбгъэнащ. И ныбжьэгъум хуиту бгъэдэсу, зи унэ щызыгъэхьэщIэм сохъуапсэ. Сыхуейкъым сэ мыпхуэдэ гъащIэ! ЦIыху зыкIэлъымыкIуэжыр щIым щIэлъращ. Узыхуейуэ пхуэмыгъуэту ущIэныкъуакъуэр сщIэркъым. Уэ цIыху ухуэмыныкъуэмэ, сэ си лажьэр сыт?! Мы дуней дыкъэзыухъуреихьым псэ зыIуту хэту хъуар сфIэфIщ сэ, фIыуэ солъагъу. Хъунумэ, зыхэн мы уи хьэл мыхъумыщIэр! – жиIэри, къэгубжьарэ и пIэм имыхуэжу, дэкIащ лIыр, и уэршэрэгъухэм хуэзэну.

... Нобэ, зэи хуэмыдэжу, Зэбидэт нэщхъыфIэт. И щхьэгъусэр игъашхэри, телъэщIыхьыжурэ дигъэкIат, ерыскъыпхъэу къригъэщэхунур зэрыт тхылъымпIэр IэщIилъхьэри.

– Хьэмид, щIалитIыр нобэ къожьэж, пщэдей къэсыжынухэщ. Ахэр лэжьапIэ зэрыуврэ иджы япэу къэкIуэжу аращ. IэфIрэ куэду сахуэпщэфIэнущи, псынщIэу къысIэрыгъэхьэ згъэхьэзырынухэр.



«Зым хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым» жыхуиIэрати, фызыр IэфI дыдэу пщафIэрт икIи къабзэлъабзэт, унэри лъапсэри дахэу зэрихьэрт, ауэ и хьэл мыхъумыщIэм псори игъэкIуэдыжырт. ЦIыху фIэфIтэкъым, и бынхэмрэ и щхьэгъусэмрэ къищынэмыщIа.

Фызым жыхуиIауэ тхылъымпIэм иту хъуар къыхуигъэсащ лIым.

Зэбидэт, щхьэкъэIэт имыIэу, махуэ псом пщэфIащ, нэху къекIмэ, къыщIэIуэнур имыщIэу.

Адэр, и къуэхэр къригъэблэгъэжын папщIэ, лэжьапIэм мыкIуэу къыдэнат. Ауэ хъыбар мыщхьэпэ къыIэрыхьам лIыр игъэджэрэзащ. Унэм къэсыжыным куэд къэмынэжауэ, щIалэщIитIым я гъащIэр машинэ зэжьэхэуэм ихьат.

Сыт ящIэнт гузэвэгъуэшхуэ къызытепсыха зэщхьэгъуситIым?.. Я сабиитIыр щIалъхьэжащ гуIэжхэу. Куэд дэмыкIыу, и щIалитIым я гукъеуэм ихьыжащ лIыри.

Апхуэдэу, унагъуэ мылъкум хэсу къэнащ Зэбидэт. ЦIыхуи къыкIэлъымыкIуэрэ зыкIэлъыкIуи щымыIэу, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу, куэбжэпэр и зэштегъэуууэ.

Махуэ гуэрым, шэджагъуэхуегъэзэкIыу, куэбжэпэм къыдэкIауэ дэплъей-къеплъыхыу здэщытым, ипщэкIэ зигъазэмэ, къелъагъу фыз гъур кIыхь гуэр уэрамым къытехьауэ. Зэми къыфIэщIу къыщыхъуащ, ауэ ар къэсри, нэкIуэпакIуэу къыбгъэдыхьащ.

– Уи махуэ фIыуэ!

– НэхъыфIыжу! Къеблагъэ! – ИгъащIэм жимыIа псалъэ гуапэхэмкIэ къригъэблэгъащ фыз хамэр. – КъакIуэ, къэтIыс, мыр си щхьэгъусэ мыгъуэм ищIа зыгъэпсэхупIэ тетIысхьэпIэщ.

ЗэрыцIыхуахэщ. КъыIухьам и цIэр Фузэт. Я гукъеуэхэр зэхуаIуатэу зэбгъэдэсащ ахэр зыкъомрэ, зэманыр зэрыхъуам гу лъамытэу. Зэуэршэрэгъухэм зыкъыщащIэжам ахъшэм хъуакIэт.

– Хъунщ-тIэ, Зэбидэт, сэ сежьэжынщ, – жери, къэтэджыжащ Фузэ.

– Хьэуэ, хьэуэ! КхъыIэ, Фузэ, уемыжьэжу ныдыхьэ, – мэлъаIуэ Зэбидэт, – лэкъум хуабэ пхуэзгъэжьэнщ, IэфIу узгъэшхэнщ, зыкъом щIауэ си щхьэми сыхуэпщэфIэжакъым. КъызэрыщIэкIымкIэ, уэри сэри ди закъуэщ, уэри уи къуэр уиIэжкъым. Иджыри дыуэршэрынщ, ди гу бампIэ зэхуэтIуэтэнщ.

А фыз хьэщIэри езым хуэдэ гуэру щытат зэгуэрым...

ГъащIэр гъуджэщ, уиплъамэ, уи IуэхущIафэхэр, уи жьэм къыжьэдэкIхэр, цIыхухэм уазэрыхущытыр уи деж къызэригъэзэжынур къищу.

– Хъунщ, – жиIэри, еблэгъащ хьэщIэр.

ЖыпIэнурамэ, езы Зэбидэти зыкъыхуэцIыхужыртэкъым – цIыху зылъагъу мыхъуу щытарауэ пщIэжынтэкъым ар.

ХуэпщэфIащ, хуабэу игъэшхащ. Зэдэуэршэрурэ, зэманри хэкIуэтащ. Гъуэлъыжауэ здыхэлъым, аргуэру псэлъэн щIадзэжащи, мэуэршэр, тIуми я нэм жей къемыкIуэу.

– Иджы сэ сызэрегупсысыращи, Зэбидэт, дэ тIум Алыхьыр къыдэуауэ къысщохъу. Сэри, цIыхухэм зэран сахуэхъуа фIэкIа, игъащIэм си сэбэп зыми езгъэкIакъым, цIыхуи сфIэфIу щытакъым. Арауэ пIэрэ жызоIэ ди мыгъуагъэхэр къытхуэзыхьар. СщIэркъым... Уэ дауэ уеплърэ? – жеIэ Фузэ.

– Тхьэ мыгъуэ, пэжыр жысIэнщи, си щхьэгъусэ тхьэмыщкIэр, жэнэткIэ гуфIауэ Тхьэм къыщIигъэкI, Iэджэрэ къысфIэнэу щытамэ: «ЦIыху уимыIэмэ, цIыху уриуасэкъым, цIыхуращ узыгъэлъапIэр», – жиIэурэ. Сэри сыщытащ  зы цIыху зэзмыпэсу, зыми сыбгъэдэмыхьэу икIи зыбгъэдэзмыгъэхьэу.

– НтIэ, мис аращ, Зэбидэт... Дэ езым ди IэкIэ бэлыхь зыхэддзэжащ.  Алыхьышхуэу псори зи IэрыкIым зыкъыдигъэщIэжын щхьэкIэу къыщIэкIынщ апхуэдиз удын къыщIыдидзар.

Зыкъомрэ щыму щылъа нэужь, Зэбидэт зигъэзащ блынымкIэ, и щхьэр и жагъуэу.

– НэхулъэфI укъикI, – жиIащ абы нэщхъейуэ.

– Уэри укъикI, Зэбидэт!

Гупсысэу куэдрэ хэлъащ Зэбидэт, итIанэ, сытми, ерагъыу Iурихащ. Фыз хьэщIэм хуэпщэфIэну, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджмэ, бгъуэтмэ къащтэ – цIыхубзыр щIэкIыжат, унэгуащэм зыкъримыгъащIэу.

Бысым зыхуэхъуа фызым егупсысу Зэбидэт жэщри махуэри егъакIуэ, и гъуджэм иплъэжарэ ищIэр къыгурымыIуэжу, зыкъищIэжарэ зыми хуэмеижу. Фыз хьэщIэми и Iуэхур зыкIи нэхъыфIтэкъым – жэщ хъуамэ, здетIысэхыр и зыгъэпсэхупIэщ. И унэ нэщIым щIэмыхьэжын, и пщIантIэ псыIэм дэмыхьэжын щхьэкIэ, и лъэр здынэмыс щымыIэу, къеущыхьри дэтщ...

# АХЬМЭД

Махуэ псом гъущIышым ирилажьэ Ахьмэд хуабжьу езэшырт, ауэ зыми зыкъригъащIэртэкъым. И анэ гумащIэм и махуитI зэхуэдэтэкъыми, ар зы дакъикъи и гум ихуртэкъым. Дапхуэдэу гугъу емыхьми, унэм нэсыжрэ, анэм и Iэ щабэр къыдилъамэ, афIэкIа зыри хуэмейуэ къыщыхъурт. Ауэ, къызыхэкIыр къыхуэмыщIэу, абы и псэр нэгъуэщI зыгуэрым игъэпIейтейрт, и гум сыт щыгъуи зыгуэр къилъыхъуэрт. Апхуэдэурэ гъащIэри кIуэрт.

Зы махуэ гуэрым губгъуэм здитым, лэжьыгъэр зэрыкIуатэм еплъыну къэкIуа агрономым Ахьмэд сэлам гуапэу кърех, адэкIэ и анэм и узыншагъэм къыщIоупщIэ, зимыIэжьэуи къыпещэ:

– Уа, Ахьмэд, къэпшэн Iуэху зепхуэркъэ? Уэ махуэ псом уолажьэри, ухущIыхьэркъым, гуэныхькъэ а зи закъуэу къыдэнэ уи анэр? Жьы хъуа цIыхур Iуэхушхуэщ. Уигу ирихь хъыджэбз мы къуажэм дэмысу ара?

Ахьмэд укIытэри, къызэщIэнат. Арат абы и гум щыщIэу къыхуэмыгъуэтыр. «Пэжщ мы СулътIан къызжиIар, – егупсысырт ар. – Си къэшэгъуэ дахэщ, ауэ зэман къысхудэмыгъахуэурэ йокIуэкI. КIэщIу жысIэнщи, сыщхьэемыгугъущ. Си анэм зыри тэмэму хузэфIэкIыжыркъым, сэри сызэрыдэIэпыкъуф щыIэкъым. Щхьэ алъандэрэ сигу къэмыкIарэ ар? Лэжьыгъэмрэ си анэ сымаджэмрэ а гупсысэр IэщIыб сагъэщIат, сызыхуейр зыхэзмыщIэжу. Хэт ищIэрэ, щхьэгъусэ тэмэм згъуэтмэ, си мамэ дахэм и узыншагъэри нэхъыфI хъужынкIэ хъунщ. Мы сызыпэрыт лэжьыгъэр и кIэм нэзгъэсмэ, нынщхьэбэ тIэкIу нэхъ жьыуэ сыкIуэжынщ. Школым дыщыщIэсым щыгъуэ сызыдэгушыIэу щыта Данэ дауэ щыту пIэрэ? Зыкъом щIауэ дызэхуэзакъым. СщIэркъым ари IэщIыб щIэсщIар... Си анэр сымаджэ щыхъум, апхуэдэ гупсысэр сIэщIэхуащ, зыри сыхуэмеиж хъуащ. Си анэ лъапIэр куэдрэ Тхьэм схуигъэпсэу, аращ нэхъыбэу си гур зыгъэфIыр. Данэ сыкъидэжыну пIэрэ? Илъэс зытIущ хъуауэ, зэзэмызэ фIэкIа дызэрихьэлIакъым. СщIэркъым!.. Гугъуу зэхэлъщ мы гъащIэр! Зэрыхъу хъунщ, а хъыджэбзыр ди классэгъуу щыта Аслъэнхэ я гъунэгъущи, абы къезгъэщIэнщ и Iуэху зытетри, кIэщIу иужь сихьэнщ, Тхьэм къысхузэпищэмэ».

Гъатхэпэ дахэм зи гукъэкIхэр дэуша щIалэм, фIыгъуэ гуэр къеуэлIа фIэкIа умыщIэну, и гупсысэм зэуэ зихъуэжащ, гъащIэм гу хуищIыжащ, и гурыгъу-гурыщIэхэр къызэщIэушащи, мэпIейтей. Гъатхэ дыгъэ гуащIэм и бзийхэр щабэу къедэхащIэу къыщохъу, псэщIэ къызыхыхьэжа и пкъым зрегъэукъуэдий, и гупсысэхэм зашэщI. Гъатхэ хуабэм къызэщIигъэуша щхъуантIагъэхэм къапих мэ гуакIуэр хуиту, и гум щызу зыжьэдешэ. ИхъуреягъкIэ щхъуэкIэплъыкIэщи, нэр щоджыл, гукъыдэжыр абы къыхыхьэжащи, и гуфIэгъуэм тIуащIэу зрегъэIэт. Къэзыухъуреихь псори дахащэу къыщохъу. ЩIалэр гупсы-

сэ куум хыхьащи, и щхьэм Iэджэ щызэблокI. Сытми, апхуэдэу ахэр зэригъэзахуэурэ къыздэкIуэжым, шокъу жиIэу и ныбжьэгъу Аслъэн хуозэ.

– Уоу, Аслъэн, сэлам алейкум! Дауэ ущыт? Нобэ си гум укъэкIат Iуэху гуэр щхьэкIи, сызыхуей дыдэу укъэзгъуэтащ.

– Уалейкум сэлам, Ахьмэд, хъунущ, Тхьэм жиIэмэ! ЛэжьапIэм сыкъокIыж. Уэ-щэ?

– Упсэу, сэри аращ. Уэлэхьи, зыгуэркIэ сынолъэIунутэмэ... КъысхуэпщIэфыну пIэрэ ар?

– ЖыIэт уэ, си гуащIэ дэкIынумэ, уэ пхуэзмыщIэн щыIэ, си ныбжьэгъу лъапIэ.

– Уэри ущыгъуазэщ, Аслъэн, Данэ сызэрыдэгушыIэу щытам... Си анэр зэрыгукъыдэмыжым папщIэ зыми сыхуэмеижу сыкъэнат, псори сIэщIэхуат. Сэ лэжьыгъэм сыкъыдэхуэркъым, мами и къарум зыри къихьыжыркъым икIи пщэфIэжыфыркъым. Махуэ псом и закъуэ щIэсщи, гуныкъуэгъуэу ар сиIэщ. КIэщIу жысIэнщи, къэзмышэу хъунукъым. Фи гъунэгъу хъыджэбзым и гугъу уэзгъэщIыну арат, си ныбжьэгъушхуэ.

– Уэлэхьи, ар хъарзынэмэ, Ахьмэд. Данэ ди къуажэ курыт еджапIэм щолажьэ, и адэ шыпхъум и пхъур и гъусэу. Апхуэдэу Iэпэдэгъэлэл дыдэ пщIын хуеякъым. Ауэ умыгузавэ, Ахьмэд, хъунщ ар зыгуэр. «Iуэху мыублэ блэ хэсщ» жыхуиIэращ. ЕужьэрэкIын хуейщ, си къуэш, еужьэрэкIын.

– Сыту фIыуэ сыпхуэзат, Аслъэн, армырами, фи деж сынэкIуэнут, ауэ, си Iуэхур нобэ къикIащ. НтIэ, зызгъэхьэзырынщи, пшапэ зэхэуэгъуэм сынехынщ абыкIэ.

– Хъунщ, Ахьмэд. Укъэсмэ, къаджэ. Зы унафэ гуэр тщIынщ, дызэхуэзэмэ. Узыншэу! ФIыкIэ!

Апхуэдэу Ахьмэдрэ Аслъэнрэ зэбгъэдэкIыжащ. ЩIалэм и гур хэхъуарэ гукъыдэжышхуэ иIэу унэм нэсыжащ.

Анэ гумащIэр къежьэу щыст и щIалэ закъуэм. Ахьмэди и гурыфIыгъуэр арат. Анэм и псалъэ дахэ зэхихамэ, и Iэ щабитIыр къыдилъамэ, мы дунеишхуэр нэхъ IэфIу къыщыхъурт. «Анэр нэм хуэдэщ» жыхуиIэращ!

Анэр зыпэпщI хъун теткъым мы дунеишхуэм. Зы анэ щыIэу къыщIэкIынкъым быным темыубгъуауэ. Анэр нэм щIыхуигъадэри, «уи анэмрэ уи нитIымрэщ къомыфыгъуэжыну щыIэр» щIыжиIэри арагъэнщ адыгэм.

– Мамэ, ныщхьэбэ тIэкIу сыдэмыкIыу хъунукъым. Уи закъуэ укъызэрызгъэнэнури къызохьэлъэкI, ауэ си ныбжьэгъу Аслъэн сэрэ дызэхуэзэну дызэгурыIуащи, аращ. Зызгъэгувэнкъым, си анэ лъапIэ.

– Хъунщ, си тIасэ, умыгузавэ сэр щхьэкIэ, ауэ куэдрэ укъэмыт. НтIэ, щIалэ ущыхъукIэ, тIэкIуи къэпкIухьынщ. Сэ Алыхьым и фIыщIэкIэ сынэхъыфIщ.

«Ауэ, уи къэшэгъуэ зэрыхъуари зыщумыгъэгъупщэ», – жриIэнути, зыщIилъэфыжри, къыхудэмышейуэ дигъэкIащ анэм щIалэр.

Дыгъэ къухьэжыгъуэ хъуат Ахьмэд и ныбжьэгъум деж щынэсам. Аслъэн абы къежьэу я куэбжэпэм Iут тетIысхьэпIэм тест, гъатхэ хуабэм къыдэтIэпIа удз гъэгъа мэ гуакIуэ къызыпиххэм яхэплъэу, и нэр ятеплъызарэ, моуэ-щэ, епэрымэхэм гъэр ящIауэ.

– Уоу, укъэса, Ахьмэд? Къеблагъэ!

– Еблагъэ куэд ухъу, Аслъэн! Уэлэхьи, сыкъэсамэ.

– НтIэ, Ахьмэд, иджыпсту Данэ и къэкIуэжыгъуэщ. Уи псэм ищIэ нэхъей, тэмэму укъэсащ.

Апхуэдэу уэршэру здэщысхэм, плъэмэ, «зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тесщ» жыхуаIэрати, хъыджэбз зэжьэр къыкъуэкIащ. ЩIалэм и гур къилъэтырт, езыр мафIэу къызэщIэнат. Данэ къэсри, сэлам зэрахащ. И гузавэри хуэм-хуэмурэ щхьэщыкIащ Ахьмэд. Куэд лъандэрэ зэхуэмызахэр зэдэуэршэрурэ зыкъомрэ къакIухьащ, зыкъыщащIэжам, зэманыр хэкIуэтат.

– Ахьмэд, узыншэу ущыт! Уэ Данэ бгъэкIуэтэжыну къыщIэкIынщ къэнэжам, – жиIэри, кIэбгъу зищIащ Аслъэн.

Ахьмэд зыхуеиххэр арати, хъыджэбзыр я унэм ишэжу, хуэмурэ зэдежьахэщ. Данэхэ я лъапсэм щынэсым, я куэбжэпэм пэмыжыжьэу щыт дей жыгым деж къыщыувыIэхэри, жэщыбг хъухукIэ кIэщIэтащ. Хъыджэбзым и анэр гузавэри, зэ къыдэплъат куэбжэм, ауэ и пхъур щилъагъум зыри жимыIэу дыхьэжащ. «Ягъэ кIынкъым... И ишэгъуэ дахэщ, нтIэ, зыгуэрми дэгушыIэнщ хъыджэбз щыхъукIэ, жыжьэу IумыкIмэ аращ», – егупсысащ ар.

Ахьмэд къыщыкIуэжам и анэр гъуэлъыжат. Езыри мыIэуэлъауэу щIыхьэжри, и гур псэхужарэ къигуфIыкIыу жеижащ.

А пщыхьэщхьэм щегъэжьауэ, Ахьмэдрэ Данэрэ щIадзэжащ зэхуэзэу. Хъыджэбзми гу къыхуищIат Ахьмэд, школым зэрыщIэс лъандэрэ.

Анэм и узыншагъэр зэми екIакIуэт, зэми нэхъыфI къэхъужыртти, къызэфIэувэжырт, зыри къемыузам хуэдэу. Пщыхьэщхьэ гуэрым анэр нэхъ сымаджэ къэхъури, Ахьмэд Iейуэ игъэгузэват. Ауэ дохутырхэр къыхураджэри, тIэкIу нэхъыфI къэхъужат. «Къэсшэнущ, къэсшэнущ», – жызыIэурэ зэманыр зыгъакIуэ Ахьмэд мис иджыпсту къызэфIэзэрыхьыпат, анэр узым къызэрыхигъэзыхьам щхьэкIэ. «Уэлэхьи, мис иджы къэзмышэу мыхъуну. АдэкIэ згъэгувэмэ, си анэм и закъуэщ махуэ псом, къызэIыхьэмэ-щэ», – игукIэ жиIэри, быдэу мурад ищIащ къишэну.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Ахьмэд хъыджэбзым хуиIуэтащ и мурадыр: «Уэ си унагъуэ укъихьэну уарэзымэ, нэгъуэщI зыри сыхуейкъым, Данэ! Си Iуэху зытетыр бжесIауэ бощIэ. Уи арэзыныгъэращ сызыщIэхъуэпсыр».

Зэрыарэзыр къапщIэу, Данэ и щхьэр мащIэу ищIащ. Арати, зэман димыгъэкIыу, Ахьмэд и анэм нысэ къыхуишащ. Благъи, Iыхьлыи, гъунэгъуи, ныбжьэгъуи зэхуэсри, хьэгъуэлIыгъуэр екIуу дахащ...

Ауэ нысэ щIэхъуэпсу щыта Алжан нэщхъейт, и гукъыдэжри ехуэхат. И къуэ закъуэм къыхуишамкIэ арэзытэкъым ар, ауэ зыми зыкъригъащIэртэкъым. И нэр зэтрихмэ илъагъуну иIэ и щIалэ закъуэм хуигъэфащэртэкъым къишар, арат нэщхъеирилэуи къыщIэнар. ЩIалэр язынықъуэхэм деж жыыуэ къыдыхьэжырт. Анэм нэщхъейуэ и къуэм зыкъригъэлъагъуну хуэмей щхьэкIэ хузэфIэкIыртэкъым. Ахьмэд щыдэкIкIи къыщыдыхьэжкIи, анэр зэрыщытыр зримыгъэщIауэ, зы Iуэхуи и ужь ихьэнутэкъым. Уеблэмэ, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр зримыгъэщIауэ, тIысу шхэнутэкъым. Анэм и нэщхъеикIэр зыхуихынур ищIэртэкъым Ахьмэд. И щхьэгъусэм еупщIынути, абыи тегушхуэртэкъым. Шэми шхуми исy къэнат Ахьмэд. ЛэжьакIуэ щыщыIэми, абы егупсыс зэпытт. Пщыхьэщхьэ гуэрым нэхъ жыыуэ къыдыхьэжауэ, анэм дежкIэ щIыхьащ ар:

– Мамэ, тIэкIу усфIэнэщхъейщ, нысэ зэрыбгъуэтрэ... И IэбэкIэ, и щытыкIэ, и пщэфIэкIэ сытхэр уигу иримыхьу ара?

– Хьэуэ, си щIалэ. Тхьэ а жыхуэпIа псори тэмэму ещIэмэ... ауэ сэ уи адэ тхьэмыщкIэр си гум къызогъэкIыжри, тIэкIу согумэщI: «Иджы и къуэм къызэришар илъэгъуамэ, гуфIэнтэкъэ», – жызоIэри. Аращ сыщIэнэщхъейр, си щIалэ нэху, умыгузавэ.

– Хъунщ-тIэ, си анэ дыщэ, зым щхьэкIи уи гур къыхыумыгъэщтыкI, сэ уэр папщIэ сымыщIэн щыIэкъым.

И къуэ закъуэм къыхуиша нысащIэр зэрыхуимыгъэфащэр жримыIэу щIигъэкIыжащ, и жагъуэ имыщIын папщIэ. Ауэ, дауэ мыхъуми, нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи и гур игъэфIырт: «Си махуитI зэхуэдэкъым, и закъуэ дыдэу пщIантIэм къыдэмынэмэ, ари хъарзынэщ», – жиIэрти. ИтIани, и къуэр нысэм сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIыу къыщыхъурти, гурыгъузым ихьырт.

НысащIэм «тхьэIухудщ» хужыпIэнутэкъым, ауэ Iейтэкъым, гурыхьт, лъагъугъуафIэт, щабэ цIыкIуу псалъэу. И IуэхущIафэкIи, и зыIыгъыкIэкIи зыри дэбгъуэнутэкъым, щIыкIафIэт, гъэсат, хабзэмрэ нэмысымрэ зэрыщIапIыкIар къапщIэу, укIытэр и нэгум къищырт. И IэбэкIэр псэм щыщт. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджырти, бжэIупи куэбжэпи псом япэ зэщIигъэкъабзэрт. ИтIанэ, пщэфIэным пэрыувэрти, шхыныгъуэ зэхэмыхьэу зытIущ ищIырт, и щхьэгъусэр жьыуэ дэкIырти, абы нэхъ пасэу пщэдджыжьышхэ иригъэщIырт. И гуащэр жьыуэ къэтэдж и хабзэтэкъыми, псори хьэзыру къыхутринэрт. Пщэдджыжь Iуэхур зэфIигъэкIа нэужь, езым зигъэхьэзырырти дэкIырт. ЛэжьакIуэ нэужьми, пщыхьэщхьэ псом зы дакъикъэ етIысэхыртэкъым. Iуэху ищIэрт, дахэу гъуэлъыжыгъуэ хъуху.

Апхуэдэу щыт пэтми, Алжаным нысэр и псэм техуэртэкъым – ищIэри, зэрызищIри, ипщэфIри – зыри и гум дыхьэртэкъым. Ауэ зыми закърригъащIэртэкъым. Езы Данэ гу лъитэрт гуащэм и нэщхъыр зэхэлъу фIэкIа къызэремыплъым. Ар дэкIыху, и нэхъыбэм унэм

къыщIэкIыртэкъым, абы Iумыплъэн щхьэкIэ. Ауэ езы нысащIэр къыщIыхьэрти, унагъуэ Iуэхухэр зэрызэфIигъэкIар, лэжьакIуэ зэрыкIуэр Iэдэбу, щабэу къыжриIэрти, дэкIырт. Данэ и щхьэгъусэм къригъащIэртэкъым и нэщхъыр зэхэлъу фIэкIа гуащэр къызэремыплъыр. «Гуащэр сэ къысхудэмыхьэхмэ, си щхьэгъусэм сыт и лажьэр?» – жиIэрти, ибзыщIырт.

Ауэрэ зэманри кIуэрт. Гъатхэри гъэмахуэри блэкIри, бжьыхьэхуегъэзэкI хъуат. ЦIыхухэм гъавэр кърахьэлIэжырт, щIымахуэм зыхуагъэхьэзыру. Дани хадэм хисахэр бэву къыхуэхъуат.

НысащIэр гуащэм бгъэдыхьащ, игъэгуфIэну: «Мамэ, хадэм къисхыжахэм уеплъамэ, си гуапэт», – жиIэри.

Къызэрашэрэ ар нобэ хуэдэу гъэхуауэ зэикI епсэлъатэкъым и гуащэм. Къызэрыдихьэхынур къыхуэмыщIэу, алъандэрэ екIуэкIат. Иджы, е нэхъ есэ хуэдэу хъуат, е зыгуэрым тригъэгушхуат, сытми, гуащэр къыдихьэхын мурад ищIат нысэм.

Алжаныр кIуатэрэ еплъмэ, нысэм хадэхэкIыу крихьэлIэжар гуэщ лъабжьэм щызэтелът, щызэхэхауэ. Бжьынри, бжьыныхури, кIэртIофри, къэбыстэри, пхъыри, жэгундэри, сытми хадэм къыщыбгъэкI хъуну зыри къигъэнатэкъым химысэу.



Абы куэду фIыуэ щыгуфIыкIащ гуащэр. Ауэ, зыкъримыгъэщIащэу тIэкIу къыпыгуфIыкIри, къыIукIыжащ. «Тхьэ, мы нысащIэр сызэрегупсысам щыщымыIэ, зэрезмыгъэлъэгъуауэ, псори тэмэму зэфIегъэкIмэ, и IэбэкIи, и зыIыгъыкIи, и псэлъэкIи гум дохьэмэ, икIи гукъэкIи гулъыти хэлъмэ. ИтIани, ар си къуэм хуэмыфащэу сыт къыщIэслъытэр?» – и щхьэм хужиIэжырт гуащэм.

Апхуэдэурэ, гуащэр къыдэзыхьэхыну мурад зыщIа Данэ къэгушхуэжауэ, Iуэхуу ищIэхэр абы иригъэлъагъуу, имыщIэхэмкIэ ечэнджэщу хуежьащ. Алъандэм, укIытэм къыхэкIкIэ, зыри жриIэфу щытакъым, иджы щабэ дыдэу, и псалъэхэм хуэсакъыпэурэ, гуащэм йопсалъэ. Губгъэн зэрызыхуримыгъэщIыным хущIокъу. Гуащэми ар уэим ищIкъым. Нысэм и IэдакъэщIэкIхэр, и IуэхущIафэхэр фIэдахэ, фIэкъабыл хъууэ щIедзэ...

Ауэрэ, гъэхэри макIуэ. Данэ и щытыкIэ дахэм дихьэхыжа Алжан нысащIэм и жагъуэ хъуну зы псалъи къыжьэдэкIыркъым. Бзылъхугъэхэм гуфIэгъуэр я нэгум къиищу, цIыхухъу закъуэ унэм щIэсыр дагъэкI-къыдагъэхьэж. Ахьмэд япэм нэщхъейуэ щытамэ, иджы, и гур къигуфIыкIыу, лъапсэм къыдохьэж. И щхьэгъусэм хуэпэж Данэ гуащэм и гур къихьэхуфащи, а тIум «я псэр зы чысэм илъщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Я гурыгъу-гурыщIэхэр зэхуаIуатэ, унагъуэ Iуэху ящIэми зэдоIэпыкъу. Зы махуэ зэрымылъэгъуамэ, зэхуозэш. Ауэ, итIани, Алжаным и псэм иджыри зы бэлыхь телъщ – къуэмрэ нысэмрэ щIэблэ зэрамыIэм егъэгумэщI...

Пщыхьэщхьэм Данэ, зыдигъуэнкIэ хъунур къыхуэмыщIэу, тIэкIу гукъыдэмыжу лэжьапIэм къикIыжати, Алжаным и гур хэщIырт.

– Сыту пIэрэ къэхъуар, си псэ тIэкIу? – псалъэ гуапэкIэ йодэхащIэ гуащэр нысэм.

– Тхьэ сымыщIэ, мамэ, Iейуэ сыгукъыдэмыжщ, си щхьэр мэуназэ.

– КIуэ, кIуэ, тIасэ, зыгъэпсэху, махуэ псом уувыIэркъым, уолажьэ, – жиIэри, лэгъунэм щIигъэхьэжащ гуащэм нысэр.

Ахьмэд къыщысыжам жэщыр фIыуэ хэкIуэтати, и анэм хуэзакъым. ЩIалэ къыдыхьэжам щхьэгъусэм и Iэуэлъауэ щызэхимыхым, тIэкIу къэгузэващ, зыхуихьынур имыщIэу. Зэи къэхъуатэкъым Данэ абы къемыжьэу гъуэлъыжуи, ныщхьэбэ къэхъуар къыгурыIуэртэкъым. НэкIуэпакIуэу лэгъунэмкIэ иунэтIыжащ щIалэм. Пэшым щIыхьэжмэ, и щхьэгъусэ цIыкIур хэлът, зигъэсымаджэу.

– Сыт къэхъуар? – щIоупщIэ Ахьмэд, гужьеяуэ.

– Тхьэ сымыщIэ! Iейуэ си гур сIэпихырт, си щхьэр уназэрти, зыкъезгъэутIыпщыжащ лэжьапIэм.

Щхьэгъусэм и сымэджэкIэр зыхуихьынур зымыщIэ Ахьмэд и гупсысэхэр фIызэблож. «Дохутыр къезджэн?» – йоупщI нысащIэм.

– Хьэуэ, хьэуэ, нэху сыкъызэрекIыр тлъагъунщ, Тхьэм жиIэмэ.

– Сыкъыдыхьэжу, уи Iэуэлъауэ щызэхэзмыхым, занщIэу сыкъэгузэват. Уи лажьэр къэщIэн хуейщ, си гур умыгъэныкъуэ. Сэ сиIэр фэращ – си анэ лъапIэмрэ уэрэщ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджа Ахьмэд и анэм деж щIыхьащ. Анэри, нысэм и сымэджэкIэм иригузавэу, къэтэджат.

– Дауэ щыт Данэ? – щIоупщIэ анэр.

– Уэлэхьи, сымыщIэ, ди анэ, зэрыщытщ. Ди гъунэгъу Ленэ къезджэн? – жеIэ Ахьмэд.

– Хьэуэ, хьэуэ, си тIасэ, сэ секIуэкIынщи, къесшэкIынщ, – жиIэри, дэкIащ Алжан. Мыгувэуи къигъэзэжащ, я гъунэгъу дохутыр цIыхубзыр и гъусэу.

Ленэ зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыху гуапэт. Хьэблэм нысэ зэрахуэхъурэ, гуми псэми дыхьэрт. Зимыгъэгувэу, ар Данэ и деж щIыхьащ.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Данэ! Зыбгъэсымаджэу зэхэсхат... – жеIэ гъунэгъу нысащIэм.

– НэхъыфIыжу! Къеблагъэ, Ленэ. Тхьэ къызгурымыIуэ, дыгъуасэ, си гур сIэпихыу, си щхьэр уназэу, лэжьапIэм сыщIэмысыфу, зыкъезгъэутIыпщыжащ. Сызэрыхъур къызгурыIуэркъым, си лъэр щIоху.

Ленэ здыщIыхьа пэшым и бжэр мащIэу дамэдазэу къэнати, Iэбэри къыхуищIащ, я псалъэмакъыр зыми зэхамыхын щхьэкIэ. ТIэкIурэ гупсыса нэужь, дохутыр цIыхубзым и псалъэм къыпищащ:

– Уэ сэ къызжепIахэмкIэ, Данэ, лажьэ уиIэу аращ, мыгувэу анэ ухъуну къыщIэкIынущ. Ар IупщI тщIынщ, Тхьэм жиIэмэ. Иджыпсту зэгъусэу дыкIуэнщи, нэгъуэщI дохутыр къозгъэплъынщ.

Алжан поплъэ сымаджэм деж щIыхьар къыщыщIэкIыжынум, къыжриIэнум йогупсыс, мэгузавэри и пIэм изэгъэжыркъым.

Данэ дэуэршэрурэ Iуэхур зытетыр къызыгурыIуа Ленэ хъыбарыфIыр Алжаным хуиIуэтэну пIащIэу лэгъунэм къыщIэкIыжащ.

Гу къабзэ, псэ къабзэ зиIэ цIыхум, пкъыр щIэлIами, псэ хелъхьэжыф. Апхуэдэт Дани и гуащэм папщIэ. И гум щыщIэр и щхьэгъусэм хуимыIуатэу, «сэ езым къысхудэмыхьэхмэ, си щхьэгъусэм сыт и лажьэ?» – жиIэу, и бгыр щIикъузэу, гуащэм и гурыгъу-гурыщIэхэм пхрыплъу, и узри щигъэгъупщэу, и мэсхьэбым ихьэу, фIыуэ зэрызыкъригъэлъагъуфар хьэлэмэтт.

*ЩытыкIэ дахэм куэдым ухуешэ,*
*Нэмыс здэщыIэм, насып щолъагъур.*
*ПсэлъэкIэ гуапэм бгыщхьэм удешыр,*
*Ерум и псалъэм уи пкъыр щIегъалIэр,*
*ФIыр зи Iэпэгъур пэжым и телъхьэрщ,*
*ФIыгъуэр зыпэплъэр цIыхуу мыщхьэххэрщ.*





*Усэхэр*

АБРОКЪУЭ Беллэ

## ЦIЫХУМ

Уэгур — мыджэмыпцIэщ,
ЩIыгур зэпцIагъащIэщ,
ГъащIэкIэ зэджэжыр
Я кум къыщохъуэпскI.
Жьыбгъэу зызыубгъум
Жылэу щIым хипхъахэм
Я нэхъ хугу дыгъэлу,
ЦIыхур дыкъыхокI, —
Уэгум и псэр тIуту,
ЩIыгум и пкъым диту,
ГъащIэр зэрыдухыу
Ахэр зейм хуокIуэж.
Нэху пытхъахуэ тIэкIум
Гум зыщимыгъэнщIу
УэщIым дыкъыхокIри,
ЩIыуэм дыхохьэж.

Къуалэм дащымыщми,
Уэгум и кум дохьэ,
ЩІым и куцІыр дагъэу
КъыщІыдокъузыкІ,
ФІыгъуэм я нэхъ лъапІэр
КъыдэмэщІэкІауэ
ЦІыху Іэрыщ тІущІыну
Ди гурыгъыр йокІ.

Уэми, хыми, щІыми
Псэуэ щызэблэкІым
ДращІагъуэр пэжми,
ДызэроукІыж…
Ди насыпыншагъэр
Мы дигу къеуэращи,
ЗэрызыдмыгъэнщІым
Дэ докІуэдыкІыж…



Тхьэм дыкъихъумэ!

## АДЫГЭБЗЭМ И ГЪЫБЗЭ

«Рэууей жи, Сыгуащэт,
Сыгуащэ щІасэт,
Си гуащІэр щІэкІыурэ
Щэхуу сокІуасэри-тІэ…

Си щхьэцыгъуэшхуэуэ
Макъ зэщІэпщІыпщІэхэр
Дыгъэм пэлыдуэрэ
Езухуэнэхт…
КъыщызгъэлъалъэкІэ
Налъэу хэлъэлъымэ
Бзэ иращІэкІыурэ
Лъэпкъ къэунэхут.
Сыгуащэт,
Сыгуащэ щІагъуэт…

Бзэуэ къэхъугъэмэ
Сэ срапажэт,

Макъыу къэIугъэмэ
Сратхьэ палъэт.
Налъэр пшыналъэурэ
Жьым щIигъэхъаемэ,
Лыгъэм хуэдгъэшым
Гъыбзэр пежажьэрт,
Тхъугъэу си щхьэцми
НысфIыхэлъалъэрт.
Сыгуащэт,
Сыгуащэ щIагъуэт…

Тхьэ лIыкIуэ Хьэтыурэ
Батэр зыгъэшымэ,
Сигъэшэрашэурэ
Iум сыщигъафIэт,
Сыгуащэт,
Сыгуащэ щIасэт…

Рэууей жи,
Мы дунеижьым
ЗиублэрэкIми,
Псым щIиIубахэр
Къимыхьыжыну мыгъуэ,
КъащIэна бынуэрэ
ЗиIу сыщыбауэми
Я псэм сыщыщуэ
СыкъамыщIэж гущэ…

Сытыр си лажьэуэ
Си дыщэ щхьэцри
Жьыуей мыгъуэжьым
Зэбгрипхъа,
ПхъэнкIий идзыпIэхэм
Къыщаупсэлъми
Си гуащэ щIыхьыр
НыхуигъэкIуа?!
Сыгуащэ мыгъуэурэ
Сыгуащэ щIасэт…

ЩIасэлI жагъуэжьыурэ
Хамэбзэ фащэхэм

Я къупхъэ зэвым
Бзэпкъыр ихузкъэ,
Макъыбэ си псэри
Схуэмыбзэрабзэурэ
СымыщIэ бзэпкъым
ИгъэкIэзызкъэ.
Бзэ Iэзэ нэпцIыурэ
КъызэувэкIхэмэ
Я жыр лэныстэркъэ
Нобэ бзэрабзэр,
Сэ сыуэндэгъуурэ
СыкъамыщIэххэуи
Уз сщамыгъуэтым
Иризэдауэр…

Рэууей гущэ,
МафIэм и жьэрымэ
Сыдэжьэражьэти, —
Сымыхуэбэжыурэ
Яжьэ сохъупэри-тIэ,
Жьым и пэщащэмэ
СыщеIущащэми,
ЗэхэтщыпыкIыр
Макъыу мыIуж мыгъуи-тIэ.

…Сыти си гуащIэ?
СыIурыуткIапщIэурэ
Гущэкъу уэрэдыр
Къызыхуисшыну гущэм
Схуэхамэ хабзэхэр
Я гум ныхэпщIэурэ
ЯIу симылъыжыурэ
ГъащIэм къыхашэ мыгъуи-тIэ.

Щхьэлажьэ лъэпкъыуэ
Сызищхьэжагъуэмэ
Сринэвагъуэу дэнэ щищIэну?
Зызыхуэзгъэшым
СигъэIумпэм гущэми

Дауэрэ макъкIэ
СыхуэпщIыпщIыну?

Сыгуащэщ.
Сыгуащэ щIагъуэщ.
Си гуащIэр щIэкIыурэ
Щэхуу сокIуасэри-тIэ…
2009

## ГЪАТХЭ ПАСЭ

Уэс тхьэмадэм зиухыжу
И псэ вагъуэр йож,
Хьэрш IэмыщIэм и Iэм ижу
Щхьэхьу уэм пхрож…

Жьым мыл къачэр зэгуигъэхуу
Хуабэу жьым зыхеш,
ЖьакIэху хужьым пыткIу щыгъэхум
Уэсэпс нэпс зыкъещI…

ЩIыIэрысу щыта дыгъэм
Пшэхур зэгуегъэз,
И Iэзэгъуэ зыхэлъ щIылъэм
Iыхьэ хупегъэз…

Зэкуэфауэу, сытхъу Iуданэу
Жыгхэм уэс драпхъей,
Пхъэхуей хужьым и къудамэм
Гъатхэр къыщохъей…

Бахъэ хужьу дадэ Iухум
Папщэ къыIуроху,
Мыфииж хъыбийщи, жьыбгъэм
И бжьамийр Iэпоху…

Чэсейфэхуу и уэс хъарыр
Дунейм ирипхъуэкIт,
Иджы щIылъэм и Iу бахъэм
Езыр зэрепхъуэкI!

Пыгъэгъык Iыу гугъэ-щыгъэр
Гъатхэр зэщIэнащ,
Псэм благъэжь хуэхъуж и дыгъэм
Хъугъэ щIым хищIащ!

## АРДЖЭН

*Мэзло Руслан хузоус*

Ди тхыдэ пхъашэм и щэкIыщхьэу
Къытщыхъу арджэным и псэр мыгъуэт.
ГуIэгъуэ нэпсу джанэ Iэщхьэм
ПыткIуар зыщIифу — напэ шыугъэт.

Пщащэ ящэнум игъэIу гъыбзэм
ЩIэдэIуу ар зэм блыным фIэлът,
Гущэкъу уэрэдыр зыгъэIу анэм
И гущэ лъапэм зэм кIэщIэлът.

Зэш щIакIуэ кIапэ зэдытехьэм
Сэр и напэхум кIэрапхъуэтт,
УкIытэм и фэр зэщIигъэкIыу
Арджэн гуIэжым игу къилъэтт.

... Нобэрей гъащIэр нэкIэпсыжэ
ЗыщI плъыфэ жагъуэр Iуегъэкlуэт,
Нарт **Сабий Дыгъэм** и Iэдэжу
Арджэныр тхыдэм къыхокIуэт!

Ди зэман пшагъуэу мыкIуэмытэм
Хуэдыщэ плъыфэу ар — нэбзийщ!
Зи нэплъэжыгъуэ щIэблэ уардэм
Пшыналъэу хуэIур и бжьамийщ!

... Бзииплъхэр уагъэм теджэгукIыу
Къамылыр шылэу зэIуещэж,
И нэкIу **Лъэпкъ Дыгъэр** къилыдыкIыу
Мэзлом арджэныр къытхуешэж.

**Арджэныр джакIуэу къытхохьэж!**

## КХЪУЖЬЕЙР МЭУСЭ

Мэз кхъужьейми срижылэт,
Жылэу жыгым сыIэпыхут.
ЩIым и гущIэм сызыхищIэт,
ЩIыгулъ IэфIым сыкъыщыхъут…

Хъуэпсу сиIэр псэм къыпхыпсу,
Къуэпсыр си пкъыу сыкъыхэкIт,
СызыгъэкIыр щIым и щIыфэу,
СызыщIэфыр уэшх IэфI ткIуэпст…

Мэз жыгыжьхэр щхьэхынафэу,
Фэ гъуркIыу хэт кунэщIт,
Хэт и пщIащэр фэрэкI напэу,
 Хэти гъурцу – пкъыцэ кIэщIт.

Сэ уэгу щIэншэм и гум сиплъэт,
Плъыржьэр дыгъэр си нэхъуейт,
Хэхъуэу си пкъыр – сыхуэгъагъэт,
И бзий гъуэжьхэр си пкIэлъейт.

Лъэсми шуми сратыгъэт,
ТIыгъуа кхъужькIэ сыкъулейт,
Лей зытехьэ си жыг гуэгъухэр
ИраупщIэм – сыдэкIейрт.

БлэкIми, блэжми, IэплIэрысми
ЯIурыткIуэу кхъужь фоупс,
ЩтапIэ исми, бгъуэщIагъыщIэсми,
Уэгъуми, гъейми сраIуст…

 Жыгыу щыIэм срагуащэт,
Гуащэу щыIэм сралейт,
ТхьэлъэIупIэр сэ си жьауэт,
Тхьэпэлъытэу – Сыкхъужьейт!

… Мэз кхъужьейр иджы Iэрысэ
IэпэIэсэм сыдэхъуащ.

Хади пщӀантӀи сыщыхасэу
КхъужьӀэрысэу сыкъэсащ!

## КЪЭДАБЭЩИХУР КЪЫЗОӀУЩАЩЭ

*Къэбэрдейм и жыгыу ялъытэ*
*къэдабэщихум (сострэчым) сыхуоусэ*

Си къэдабэщихур
Щэхуу жьым къегъафэ,
Фащэ фэхуу пихыр
Хурсэу уэм хосыхь,
«Сытхъуу» щиху къэдабэр
Си щхьэм къытощащэ,
Щабэу и «уэс хуабэм»
Бахъэу сыхоткӀухь…

Тхьэмпэ дыжьыныхукӀэ
Щихур къызопсалъэ,
Псалъэу къиӀущэщыр
Псантхуэм къыщоуш:
**«Напэм и пэ уи псэр**
**Уэ игъэщ, си гуащэ!» —**
Щихум и пшыналъэр
Лъахэм щодауш…

## ЗИ ЩӀЫГУЛЪ ӀЭМЫЩӀЭР МЫЩӀЭМ ПЭСЩӀ НАЛШЫК!

ӀуащхьэнэкӀу — гуэл куэщӀу,
ФӀыгъуэ жьэгу мыкӀуэщӀу,
Зи щӀыгулъ ӀэмыщӀэр
МыщӀэм пэсщӀ Налшык!
Уафэ нэз жэщ жэщӀыр
Нэхущ бзийм игъэнщӀу
Уи махуэщӀэ къэщӀым
Мывэ къыщхьэщытщ.
Дыщэ пыӀэ щыгуу,
Дыгъэ плъар и Ӏэгуу
Нарт СосрыкъуапцӀэ

Уи плъыр уэгурытщ!
Ар зи гъуазэ щIэблэм
МафIэ я гум щыблэу,
Бланэхэр хагъащIэу
Хэкум щыпэрытщ!

Пшынэ Iэпэ   лъалъэм
КъакIуэр игъэлъапIэу,
КIуэжым гупымыкIыу
Къызыхуигъэзэж,
Зи хабзэфIыр — фащэу,
ХьэщIэхэр зи напщIэу,
Си гущэкъу уэрэдыр
ЗыгъэщIэрэщIэж!
ЩIылъэм и дахапIэу,
НапIэм щIэлъ IэпапIэу
ХьэтIохъущыкъуей хадэу
Си псэм и курых,
ГуащэIэпэм и мэр
Къызыпих уи гъатхэр
Сызыгъатхъэ гъащIэу —
Сыуищхьэузыхыщ!

## УЭРКЪ ЩАУЭМ

Хабзэ зегъакIуэ,
Хейм и хъумакIуэ,
Ем и лъыхъуакIуэ,
ФIым и IэщакIуэ.

ГуащIэр зи бащэ,
ЕкIур зи фащэ,
МафIэр зи гущIэ
Шынэр зымыщIэ.

Жырыр зыгъабзэ,
Жьыхур зи шабзэ,
Къабзэр зи гущIэ,
Хъуэрыр зымыщIэ!

… Уэркъым уи губжьым
Бийр игъэдзыхэт,
Уэркъым уи ныбжьым
Дзэр игъэгухэт!

## ЗАУЭ ГУБГЪУЭМ

Худэплъейуэ бий кхъухьлъатэ гъуагъуэм
Губгъуэм илъ сэлэтым и псэр хокI…
Нэху ужьыхым къыхуэпIащIэ вагъуэм
ЯхуэкIуэж псэ хейр хьэрш гъуэгу пхрокI…

Лъымэ къаIурихыу удз щэнауэм
ЗэлымпIа я тхьэмпэхэм зауплIэнщI.
Дунеижьыр зыдэгъуэг топгъауэм
Гъуэзыр пэм кърихуу — зеунэщI.



ЩIы IэмыщIэу Iэгум ирикъузэр
ЗауэлI щэIум хьэлъэу бгъэгум хуехь.
Дуней гупымыкIым зэхуикъусыр
Быдзышэмэ щыууэ Iупэм ехь…

## ХЬЭТИТIХЭМ Я ПШЫНАЛЪЭ

ХьэтитIу дядэжьхэр
Лъэпкъыжьу яIуатэ,
ХьэтитIым я пщыгъуэм
ЦIэрыIуэу зеужь.
Хы щIыбыр я щIыгуу
Хьэт лъахэр мэбагъуэ,
Мысырым екIуалIэу
Хьэт хэкум зеубгъу.

Рамзесу пащтыхьым
Щыхъуауэ ар гуажэ*,
ХьэтитIхэм я бийуэ
Къоувыр. Мэгубжь.
Бгъэ дамэ псэIухыу

* Гуажэ – гущIыхьэ.

ХьэтитIхэр мэзауэ,
Къыутанхэм* я шэрхъым
КIэщIэхуэр еужьгъ.

Бийм и гур ирахыу
ЛIыхъугухэр мэдалъэ,
КIэрыхур зытехуэ
ЩIы щхьэфэр мэгыз…
ЗэуапIэм и губгъуэ
ЗэрылIу итахэм
Я лIыгъэ зэрыщIэу
Зэгулъ** зэдащIыж.

Мысыр фирхьэуным
И дзэшхуэм текIуауэ,
ХьэтитIу лIыхъугухэр
Рамзесым йокIуж.

## ТХЬЭЛЪЭIУ

Кхъужьеижь къудамэм
Жьауэ къыттрищIэу,
Бэрэжьейр зи гущэр
Гущэпс быдэ тхуищIу!
ГущIэ зэнзэныпсым
Псы утхъуа хэмыткIуэу,
ТкIуаткIуэу, гур зэрыгъум
Дыгъур иримыкIуэу!
Дамэ къызытекIэм
ДыкIэлъымыбгэжу,
Жыпым и кууагъым
Ди фэр имыхъуэжу!
Тхъугъэм хэлъ Iущыгъэм
Жьыгъэр игъэнэхуу,
Нэхум хуэтхьа Iэгум
ГуIэр къемыIэжу!

* Къыутан – шэрхъышхуэ зыщIэт гу (колесница).
** Зэгулъ – зэгурыIуэ тхылъ (договор).

Жьэпкъыр дэкIэзызу
Узыр къыдэмыджэу,
Лышхым и Iэ гъурым
Пщэр зэщIимыкъузэу!
Гугъэм нур тхуигъаблэр
Блэгъум итлъэгъуэжу,
IитI зэрыубыдмэ,
Фыгъуэр гум щыгъужу!
Дызэрыгъэпэжу,
Дызэрыгъуэтыжу,
Къэралыгъуэ лъэщу
Дызэкъуэувэжу!
Ди тхьэ, уи гущIэгъур
Дэ уэ къытлъыгъэс,
Ди тхьэ, ди хъуэпсапIэм
Уэ дылъэгъэIэс!

# Лъэпкъыр щIэныгъэм хуэзыунэтIа узэщIакIуэ Цагъуэ Нурий



Мы гъэм илъэс 90 ирокъу адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ узэщIакIуэхэм ящыщ Цагъуэ Нурий дунейм зэрехыжрэ. Абы лъэпкъым хуилэжьамрэ тхыдэм теухуауэ къитIэщIа щIэныгъэмрэ зэрыуасэншэр хьэкъ пщызыщIщ Нало Зауррэ ХьэкIуащэ Андрейрэ къахутахэр, Нало Зауррэ Къалмыкъ Аднанрэ зэдатха «Цагъуэ Нурий. Тхыгъэхэр» тхылъыр.

Цагъуэ Нурий и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, къулыкъу, IэнатIэ зэрихьахэм, тхыгъэрэ лэжьыгъэу къыдигъэкIам теухуауэ щэхуу щыIэр мащIэкъым. Мыубзыхуауэ къанэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ар къыщалъхуа илъэсымрэ щIыпIэмрэ зэрызэхэмыгъэкIар. Тхыгъэ щыIэхэм ахэр зым щытеубыдакъым, зэщхьэщыкIыныгъэшхуэхэр яIэщ, архив тхылъымпIэкIэ щIэгъэбыдакъым. Арами, Цагъуэр къыщалъхуауэ щIэныгъэлIхэм нэхъ зытраубыдэр 1888 гъэрщ.

Совет жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэ, узэщIакIуэ гупым ящIыгъуу адыгэ алыфбейр зэхэзылъхьа Цагъуэр Урыс-Кавказ зауэжь лъэхъэнэм хэкур зрагъэбгынахэм я щIэблэм ящыщт, Щамым (Сирием) хиубыдэ Бир-Аджам къуажэ цIыкIум къыщалъхуат. Илъэсих фIэкIа мыхъу Нурийрэ и къуэшищымрэ я адэ-анэр зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжри, цIыкIухэр къыхуэнащ я адэ къуэш, тыркудзэм и генерал Цагъуэ Екъуб.

Екъуб и къуэш бынхэр ипIащ, IэщIагъэ-щIэныгъэ яригъэгъуэтащ. 1897 гъэм Нурий гимназием щIигъэтIысхьэри кърригъэухащ, иужькIэ нэхъыфI дыдэу еджэ ныбжьыщIи 10-м яхэту 1907 гъэм щIагъэтIысхьащ Истамбыл университетым юристхэр щагъэхьэзыр и къудамэм.

А лъэхъэнэм ирихьэлIэу тырку меджлисым къыхилъхьащ IуэхуфI – Кавказым икIа мухьэжырхэр хуит ящIащ, Уэсмэн къэралыгъуэм КъурIэныр зэрыщадж тырку тхыбзэжьыр тегъэщIапIэ ящIу, адыгэ алыфбей зэхагъэувэну. Абдеж щыщIидзащ Цагъуэ Нурий и жылагъуэ-щэнхабзэ лэжьыгъэм. «МэшхуэфI Умар, НэгъущI СуIэд, Мэт Изэт, Чунэтыкъуэ Мухьэмэд-Алий, Хьид Талхьэт, Агъэмыкъуэ Умар сымэ (иджыри зи цIэр сымыщIэж щIалэ зыбжанэ къытхэту) дызэщIыгъуу тырку-хьэрып тхыбзэмрэ латинымрэ къэдгъэсэбэпурэ адыгэбзэ алыфбейм елэжьын щIэддзат. КъищынэмыщIауэ, ди лъэпкъэгъухэр зыдэс къуажэхэм къыщызэрагъэпэщат лъэпкъ щэнхабзэм зыщрагъэужь IуэхущIапIэхэр», – итхыжащ Нурий иужькIэ.

А ІуэхущІапІэхэм къекІуалІэхэм ахъшэ зэхадзэурэ, студент гупым зыщІагъакъуэрт, я лэжьыгъэр зэпымыун папщІэ. 1910 гъэм къыдагъэкІыу щІадзащ Цагъуэ Нурий зи унафэщІ «Гъуазэ» газетыр.

1912 гъэм Нурий университетыр къиухащ. А лъэхъэнэращ абы Хьэцыкъ Мэжидрэ КІурашын Іэдэмрэ къыщицІыхуари. Языныкъуэхэм зэрыжаІэмкІэ, Хэкужьым къикІа щІалитІым Нурий Къэбэрдейм кърагъэблэгъащ, егъэджакІуэу щылэжьэну. Илъэс дэкІри, Нурий хэкум къигъэзэжащ, икІи Цагъуэхэ зыдэса Тамбий къуажэм (Дыгулыбгъуей) дэтІысхьэжащ. НэІуасэ къыхуэхъуа къэбэрдей щІалитІым зэрыжаІауи, Нурий щІыпІэ мыдрисэм лэжьапІэ къыщыхуагъуэтащ адыгэбзэмрэ хьисэпымкІэ егъэджакІуэу.

ИпэжыпІэкІэ, нэхъ пасэІуэу ятха лэжьыгъэ щхьэхуэхэм къыхагъэщат ХьэтІохъущокъуэм и лъэІукІэ Цагъуэм къигъэзэжауэ, иужькІэ абы зыкІи зыщІимыгъэкъуэжауэ. Абы зыкъомкІэ къыщхьэщокІ лъэпкъ узэщІакІуэ Елбэрд Хьэсэн къиІуэтэжахэр. Абы зэрыжиІэжамкІэ, езы Цагъуэр ХьэтІохъущокъуэм елъэІуат хэкум ит муслъымэн еджапІэхэм анэдэлъхубзэр щрагъаджэу щІадзэнымкІэ и мурадхэр къыдиІыгъыну. Ар къыщыхуамыдэм, щахузэфІэмыкІым, лэжьапІэншэрэ мылъкуншэу къэна Цагъуэм выгу зэщІэщІа пщым кърет, унэ цІыкІу гуэри еуцІырхъри, къызэрыгуэкІ мэкъумэшыщІэу Дыгулыбгъуей дотІысхьэ. ИужьыІуэкІэ а зэман дыдэм Бахъсэн къыщызэрагъэпэща муслъымэн еджапІэм Цагъуэр егъэджакІуэу ирагъэблэгъауэ арат.

Нурий хэкужьым къызэригъэзэжрэ илъэсищ дэкІауэ, ар нэІуасэ хуэхъуащ Дым Іэдэм. ЛІы жыджэритІыр щызэрихьэлІэм, илъэс нэхъ дэмыкІыу къызэІуахащ япэ адыгэ тхылъ тедзапІэ. Абы къыщыдагъэкІыу щІадзащ адыгэ тхыбзэм, щэнхабзэм, экономикэм зегъэужьыным теухуа тхыгъэхэр зыгъэнахуэ «Адыгэ макъ» газетыр. Гулъытэ хэха хуащІырт ІуэрыІуатэм: къыдэкІыгъуэ къэс газетым къытехуэрт нарт хъыбарыжьхэр, уэрэдхэр, жыІэгъуэхэр, къуажэхьхэр, псысэхэр. А лъэхъэнэм жылагъуэм зиужьыжын щІидзауэ лъэпкъылІ куэд щызэхуэсырт Дымхэ я ІуэхущІапІэм. Ахэр тепсэлъыхьырт художественнэ литературэм, хьэрып алыфбейр тегъэщІапІэ ящІу ягъэпса адыгэ тхыбзэм зегъэужьын зэрыхуейм.

А гукъыдэжым зэрихьэ узэщІакІуэхэм я къарур зэхалъхьэри, 1917 гъэм Кушмэзыкъуей къыщызэрагъэпэщащ иджыри зы мыдрисэ. Абы щрагъэджырт тхыдэр, хьисэпыр, диныр, нэгъуэщІхэри.

АнэдэлъхубзэмкІэ, лъэпкъ тхыдэмкІэ, географиемкІэ, естествознаниемкІэ езыгъаджэ Цагъуэм и лэжьыгъэм дагъуэ хуащІ хъуащ ауэрэ. Абы щІэс цІыкІухэм къыдалъхуа я бзэкІэ ирагъэджыр нэхъ къазэрыгурыІуэми, фІыуэ зэралъагъуми, нэхъыфІу зэрызыхуагъэхьэзырми шэч хэлътэкъым. Ауэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, дунейм и зэхэлъыкІэ пэжыр зыщІэ егъэджакІуэм а дерсхэр диным и Іуэху еплъыкІэхэм тету иригъэджу щытагъэнукъым. Зэ мыхъуми зэ а псор хэІущІыІу хъущ, муслъымэн диным и лэжьакІуэхэм зыкъаІэтри, Цагъуэр и лэжьапІэм къыІуагъэкІащ, еджакІуэхэр «игъэсэхъуу», ди-

ным къытришу жаIэри. Цагъуэр лэжьапIэм Iуагъэкiа нэужь, и гъэсэнхэм зыкъаIэтат, ауэ ахэри сабийхэр къызэщIэзыгъэстауэ къалъыта ЩоджэнцIыкIу Алии муслъымэн еджапIэм къыщIадзащ.

1919 гъэм, дзэ хужьыр властым къытеува нэужь, Цагъуэр Налшык къалэ ираджэ «Адыгэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу. А къулыкъур мазэ фIэкIа зэримыхьауэ, Нурий редакцэм къыIукIыжащ, лъэпкъыр куэдкIэ зыщыгугъ, зэфIэкI хьэлэмэтхэр къызыкъуэкIа щIалэщIэ ЩоджэнцIыкIу Алий езым и пIэ иригъэувэри. 1924 гъэм ирихьэлIэу Цагъуэм лэжьыгъэ зыкъом зэдихьырт: абы Налшык и курыт еджапIэ зыбжанэм адыгэбзэмкIэ щригъаджэрт, Тамбий къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщIт.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ХьэкIуащэ Андрейрэ тхакIуэ, усакIуэ Къалмыкъ Аднанрэ зэхагъэува «Тхыгъэ къыхэхахэм» уриплъа нэужь, наIуэ пщохъу Цагъуэ Нурий, егъэджакIуэу, тхыдэджу зэрыщытам и мызакъуэу, философ лъэщу, зи гупсысэр кууауэ къыщIэзыгъалъэ узэщIакIуэу дызэриIар. Къищынэмыщ Iауэ, адыгэм и пасэрей тхыдэр къитIэщIыжкIэрэ, мифологиеми хэмыIэбэу зэрымыхъуар. Иужьрейрауэ къысфIощI Нурий еджакIуэхэр «игъэсэхъуу», диным къришу щIыхуагъэфэщауэ щытар.

«Къыхиха IэщIагъэм тепщIыхьмэ, Цагъуэр зыхыхьа Iуэхугъуэхэм – хамэ щIыпIэ къыщыхута ди лъэпкъэгъухэм я бзэр, хабзэр, хьэлщэнхэр хъумэным, я зэхэщIыкIыр, щIэныгъэр къэIэтыным, тхыдэр джыным – хыхьэн хуеякъым. Ар зыхуеджар, къалэну и пщэ къыдэхуар Тырку къэралыгъуэм и хабзэхэр сэкъатыншэу хъумэнырт. И щхьэ закъуэм Iуэхур трищIыхьамэ, абы иIыгъыну къулыкъум, шэч хэмылъу, ар зыхуей хуэмыныкъуэу, тхъэжу ирипсэуфынут. Уэчыл къулыкъум а лъэхъэнэм КъуэкIыпIэмкIэ пщIэ лей щыхуащIу щытащ. Ауэ Цагъуэм и гур зыхуэушар щхьэ закъуэ псэуныгъэратэкъым. И щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ ар хуэхьэзырт и лъэпкъэгъухэм къалэн зэрахуищIэным», – итхауэ щытащ Налом.



Уэчыл IэщIагъэм щыхуеджэм лъэпкъ Iуэхури щыгъупщакъым Цагъуэм. Абы илъагъурт къыдалъхуахэр зыхэт кIыфIыгъэр, къыгурыIуэрт Iуэху еплъыкIэ пхэнжхэр псынщIэу гъэкIуэда зэрымыхъунури. А псом я хэкIыпIэу Цагъуэм къилъытар лъэпкъым щIэныгъэ етынырт, муслъымэн диным зригъэува щытыкIэм къишынырт. Аращ зыхуэгъэпсар 20-нэ гъэхэм Цагъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэу «Дунейр зэрызэхэлъым и хъыбар», «Адыгэм и тхыдэр», «ЩIалэ гъуазэ» жыхуиIэхэр, «Къэрэхьэлъкъ» газетым къытехуа лэжьыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЦIыхур япэу дуней къыщытехьам, адыгэм и тхыдэр къыщежьэжым, ар къыздикIам, езым и фIэщхъуныгъэрэ хабзэрэ сытым дежи зэриIам кууэ тетхыхьащ щIэныгъэлIыр. Мы тхыгъэм кIыхьлIыхь зезгъэщIами, гулъытэ нэхъыбэ зыхуэсщIыну сызыхуеяр – адыгэ лъэпкъым зищIэжынымкIэ Цагъуэм лэжьыгъэу зэфIихамрэ, ар къыхуэ-

зымыдахэм жэуап зэрырагъэхьынур ищIэ пэтми, нобэм къигъэсын папщIэ лъэкI къызэримыгъэнамрэщ.

«Адыгэр мы хэкум къыщихьар илъэс минибл ипэкIэщ. А лъэхъэнэ кIыхьым и кIуэцIкIэ ди лъэпкъым и щхьэм куэд кърикIуащ. Адыгэ хэкур нобэ куэду Iэзэвлъэзэвщ. Пасэм щыгъуэ ди хэкум и гъунэр шэмалымкIэ Индылрэ Донрэ, Къырымрэ къыщежьэрэ, джынубымкIэ Мысыр нэсу, къуэкIыпIэмкIэ Хъэзэр Iуфэм щиублэрэ, къухьэпIэмкIэ Асия ЦIыкIум и кIэм нэсуэ щытащ. ГъуниплIым кърииубыдэу хъуа хэкушхуэм ди лъэпкъыр илъэс мин зыбжанэкIэ «шурэ-лъэс» щыджэгуащ, я губзыгъагъэмрэ я бзэмрэ, я тхылъымрэ я хабзэ дахэмрэ щызекIуащ. Адыгэр зи гугъу къэсщIа хэкум зыщиубгъуным ипэкIэ зэрысар, и цIэмрэ и щхьэмрэ къыщыунэхуар Къэфкъасия жыхуаIэу иджыпсту зи кIапэ дызэрыс хэкуращ. Пасэм щыгъуэ адыгэр Къэфкъасия хэкум зэреджэу щытар «Iуэдыщэщ». «Адыгэ» цIэр къыщежьар IэIэт пщыжьым и дежщ. IэIэт и адэр Таргъумщ, Таргъум и адэр Гомэрщ, Гомэр и адэр Яфэсщ, Яфэс и адэр Нухьщ. ЛIакъуэкIэ адыгэр Нухь бегъымбарым и къуэ Яфэс йокIуалIэ. Адыгэм еусэяуэ цIыху хужьхэм КъокъазинкIэ (кавкасион – **Ф.А.**) йоджэ. СеркъасинкIэ къыдоджэ хамэхэр (черкес – **Ф.А.**). Керкэ гуащэм и тетыгъуэм щыгъуэ хамэхэм къытфIаща цIэщ ар. Керкэр IэIэт и шыпхъут. Дахагъэрэ, къабзагъэрэ, жаныгъэкIэрэ нэхъ зэкIэлъыкIуэ щыIакъым. IэIэт иужькIэ жылэ унафэр зи IэмыщIэ илъар, хэкум и пщыуэ щытар Керкэ гуащэрщ. Дахагъэри, тетыгъуэри, беигъэри зыбгъэдэлъ бзылъхугъэм «ТхьэщIэрыпхъу» фIащауэ, тхьэ къару бгъэдэлъу щытащ. Абы и фащэр иджыри къэскIэ адыгэ цIыхубзым фащэу яIэм хуэдэу къабзэу щытащ. И бгыр дыщэ бгырыпхкIэ щIипхэрт, и щхьэм дыщэ пыIэ щхьэрыгът.



Хьатухэр жаIэу зы адыгэ жылэ щыIащ. Керкэ иужькIэ адыгэ жылагъуэм ящыщу нэхъ зи цIэ къаIэтар Хьатухэм я пщыгъуэращ. Хьатухэм пщыгъуэ щызэрахьауэ щытар Асия ЦIыкIуращ. Хьатухэм я IэщIагъэ, я сын, я сурэт, я тхыгъэр ди хэкум къыщыщIэкIыжу хуежьащ, ауэ я пщыгъуэр Къэфкъасым щызекIуауэ къэнэхуа кIыщIэкъым. Хьатухэм я лъэхъэнэм адрей адыгэ жылагъуэхэми пщы цIыкIу зырыз яIэу, Хьатухэм я пщыр пщым я пщыжу, хамэ къащыхьэмэ, зауэ хъумэ, псори зэдэзауэу, езыхэр зауэкIэ ерыщу, зауэ IэмэпсымэкIэ зэгъэпэщауэ, унафэ зэкIэлъыкIуэкIэ дзэхэр зэрашэу щытащ. Я дзэм и зы никъуэр шууэ, языныкъуэри лъэсу, языныкъуэри зауэгум ярысу щытащ. Iэщэу яIар – къамэ, бжы, мэIу, шабзэ, зауэгу, хьэджэсэ, джыдэ, дзитI иIэу. ТхьэпсэкI, Къаргъэмыщ, Къуэдыщэ хуэдэу къалэ быдэ ящIауэ щытащ. Хьатухэм я пщыгъуэр къыщежьар Асия цIыкIум и кум дежщ, иужькIэ къуэкIыпIэмкIэ бабил, асурхэм я щIым, къухьэпIэмкIэ Дардэнел бугъазым, джынубымкIэ Мысыр нэсу, шэмалымкIэ хэкум къэсу заубгъуащ. Ныкъуэкъуэгъухэу яIар, зауэ зращIылIахэр: Асурхэр, Бабилхэр, Мысырхэращ. Бабилыр, Асур хэкур къыщащтар илъэс 3750-рэ ипэкIэщ. Абы щыгъуэ Хьатухэм я пщу щытар Уэр-Хьэтущ.

Хьатухэм Хьиксусхэр (алыджхэр – **Ф.А.**) ящIыгъуу Мысырыр фирхьэунхэм къытрахри, лIэщIыгъуих хуэдизкIэ яIыгъащ. Мысырым къикIыжа нэужьи Мысыр фирхьэунхэм езэуахэщ, щызэзэуахэр Суриям и шэмал лъэныкъуэхэращ. Мысыр фирхьэунхэм езэуа Хьатуупщхэр Мау япэрэ Мау етIуанэрэщ. Мысырым пщыуэ тетар Рэмсыс етIуанэращ, адыгэм СэIусурэс жыхуаIэу щытар.

Асия ЦIыкIум и жылэм Iэерогъулифыр «щызыубгъуар» Хьатухэращ. Iэерогъулифым и нэмыщIауэ Iунэ тхыбзэкIэ Хьатухэм я тхыгъэ Уан лъэныкъуэм къыщагъуэтащ. Мывэ сурэт IэщIагъэкIэ Хьатухэр Iэзэу щытащ. Сурэту ящIам и нэхъыбэм дин Iуэхущ къаIуатэр. Хьатухэм ящIауэ бгъэ зэгуэт сурэт къагъуэтащ. Хьатухэр гъущIхэкIхэми хуэIэзэт. ДыжьынхэкIыр нэхъ ящIу щытащ, жэзми мэIурэ къинэмыщIрэ къыхащIыкIырт, мывэр фIыцIэу, хужьу, плъыжьу жэзкIэ зэхэгъэлъэдэжауэ ящIырти, уэрамхэр ирапкIырт...», – итхыжащ Цагъуэм.

АдэкIэ щIэныгъэлIыр тотхыхь Хьэт къэралыгъуэр зэрыкIуэдыжамрэ ар зэзыпхъуахэмрэ, лъэIэсащ Дау пщыжьми, Ридади, мамлюкхэми. Уеблэмэ Ленин и гугъу ищIынуи хунэсащ. Зэпкърихащ дунейм и зэхэлъыкIэри, щIыуэпсым и хабзэхэри, сымаджэм зэреIэзэ щIыкIэхэри. ЖыпIэнуракъэ, адыгэм а цIэр зэрихьэу къызэригъэщIрэ езы Цагъуэр кIуэдыжыху я зэхуаку дэлъ зэман пычыгъуэр къигъэнэIуэну хузэфIэкIащ.



1935 гъэм мазаем и 7-м Цагъуэр яубыдауэ щытащ политикэ щIэпхъаджагъэ зэрихьауэ ягъэкъуаншэу. Ауэ ВКП (б)-м и обкомым и япэ секретарь Къалмыкъ БетIал хузэфIэкI къимыгъанэу хэлIыфIыхьащ Нурий и Iуэхум, икIи тралъхьа пцIым щыхьэт техъуэн гуэри щамыгъуэтым, егъэджакIуэр къаутIыпщыжауэ щытащ. А илъэс дыдэм, декабрь мазэу, лэжьыгъэ IуэхукIэ Нурий Налшык къалэм ираджат. Абы кIуэуэ гъуэгу тету, Цагъуэр зэрыс машинэр мылым ирихьэкIщ, гъуэгум тежри, щхьэпридзащ. Шэджэм Къундетей МыдрыщIым деж къыщыхъуа насыпыншагъэм щыхиха фэбжьым къелакъым Нурий, сыхьэтитI дэкIри лIащ, щыщIалъхьэжари щыпсэуа къуажэрщ.

«Си шыпхъу нэхъыжьитIым еджапIэр къаухырти, абыхэми сахэплъэнщ, лэжьыгъэ IуэхукIэ къызэджащи, ари зэфIэзгъэкIынщи сыкъэкIуэжынщ жиIэри, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджат ди адэр. ЩIымахуэм жьыуэ нэху щыкъым, зэрыжысIам хуэдэу, пщэдджыжь нэмэзым дыкъимыгъэушын щхьэкIэ, щэху дыдэу зигъэхьэзырри щIэкIащ. Си анэм иужькIэ жиIэжат мыпхуэдэу: «Нурий Iэуэлъауэншэу зигъэхьэзырами, зыгуэрым сыкъигъаскIэри, сыкъызэщыуащ. Абы ирихьэлIэу гу лъыстащ, ар щIэкIауэ, бжэр къызэрыришэлIэжым. СщIэркъым, щIыIэ-щIыIэу си гум зыгуэр къэкIри, щхьэ сыкIэлъыжжэу къезмыгъэгъэзэжрэ жысIэу, сыкъэгузэващ, си гур пыхуащ, ауэ зыщхьэщызгъэуащ а гукъэкIыр». Ди адэр лъэсу къыдэкIащ къуажэм, Налшык нэс кIуэну машинэ къигъэувыIэу зригъэшэну. Бахъсэн узэрыкIуэ

гъуэгум къыщцысым зы машинэшхуэ къакIуэрт, кабинэм ихуэр исy, имыхуэр кузэм дэпщеяуэ. Ди адэм и узыншагъэр щIагъуэ дыдэтэкъым, жьы къыщIихуу исыфынутэкъыми, нэгъуэщI машинэ сежьэнщ, фыкIуэ фэ, яжриIащ. «ЩIакIуи пыIэ хуаби илъщ мыбыкIэ, удгъэхуэбэнщ, зи цIэр ираIуэ Цагъуэ Нурий дригъусэу Налшык дыкIуащ жытIэу, тIуэтэжыну дрикъунщ, къакIуэ», – щыжаIэм, дэкIуеящ. ЗэрыжаIауи, щIакIуэр къытраубгъуауэ, щIауфауэ здэкIуэм, гъуэгу щтырыгъум машинэр тежщ, жыгым жьэхэуэщ иридзэкIри, тIэурэщэрэ щхьэпридзыжащ. Машинэм исауэ хъуар кърherидзащ, псори зэплъыжри, зыми зыри я лажьэтэкъым, ауэ ди адэр лъэныкъуэкIэ щылът, зимыщIэжу. Машинэ блэж къагъэувыIэри, сымаджэщым нагъэсащ, ауэ зыри яхуещIакъым и щхьэм игъуэта фэбжьым. Сыхьэт бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу и псэр хэкIащ», – къиIуэтэжауэ щытащ Нурий ипхъу Тамарэ.

1936 къыдэкIауэ щыта «Кабардинский фольклор» тхылъым и гуащIэшхуэ хилъхьат Цагъуэм. Ар къыбгуроIуэ нартхэ я Сэтэней гуащэрэ аккад мифологием хэт Иштар тхьэ анэмрэ щызэрагъапщэ псалъэухам ущынэсым деж. АпхуэдизкIэ щIэныгъэ куу бгъэдэлъат Цагъуэми, иджы дыдэ езыр-езыру дыкъыхуэкIуэжу аращ щIэныгъэлIым илъэси 100 ипэкIэ итхауэ щытам.

– Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Цагъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа псоми дыщыгъуазэкъым, «Кабардинский фольклор»-р зэрагъэкIуэдыжам хуэдэу, жьы жагъуэ къащIихуа хъунщ Нурий и IэдакъэщIэкIхэм. СфIэгъэщIэгъуэнщ иджыри зы Iуэхугъуэ... Ар зыхэкIуэдауэ жыхуаIэ аварэм цIыху зыбжанэ хэтами, Цагъуэм и закъуэщ машинэ щхьэпридзам иукIар, – жеIэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм.

Политикэ IуэхукIэ лъэпкъым фIагъэкIуэда щIэныгъэлIхэм уатепсэлъыхьыну, уатетхыхьыну тыншкъым. Пэжым еувэлIэгъуейщи, къыпфIызэкIэлъокIуэ гупсысэ мыухыжхэр: ахэр ямыукIатэмэ, сытым хуэдэу зрагъэужьынут ди щIэныгъэм, тхыдэм, щэнхабзэм; сыту лъабжьэ быдэ дгъуэтыжынут; адыгэм ди щыIэкIэ-псэукIэр нэгъуэщIу щытыну къыщIэкIынт...

**ФЫРЭ Анфисэ,**
*тхакIуэ, журналист,*
*ЩIДАА-м и член-корреспондент*



9 Заказ №770

# «Кабардинка»-м дунейр зэлъегъэІэс



... 1965 гъэм и гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым «Кабардинка» цІэр фІащащ икІи, уэрэджыІакІуэ хэмытыжу, къэфакІуэ гуп ар ящІащ. Унафэр зигу иримыхьа куэд къыкъуэкІами, къэфакІуэ гупым и къэкІуэнур зэлъыта цІыхухэм тегушхуауэ я лэжьыгъэр ящІэрт: щІалэгъуалэ зэчиифІэхэр къалъыхъуэрт, ахэр къуажэхэм къыщыхахырт, къэфэкІэм хуагъасэрт... Жэщ-махуэ яІэтэкъым абыхэм – я япэ концерт программэм телажьэрт, ягъэхьэзырырт утыку зэрихьэну фащэхэри.

А гъэ дыдэм, декабрым и 20-м, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым щекІуэкІащ ансамблым и концертыщІэр. АбыкІэ иригъэжьащ «Кабардинка»-м и гъуэгуанэщІэр. Ерыщу загъасэрт ансамблым хэтхэми. Ди республикэм, Украинэмрэ Уралрэ, Москварэ Сочэрэ, Кавказ псы хущхъуэхэм – дэнэкІи гуапэу къащыІущІэрт абыхэм.

... 1968 гъэм, май махуэшхуэхэм ипэ къихуэу, хъыбар къызагъэщІащ октябрым икухэм къыщыщІэдзауэ Мароккэ, Алжир, Тунис, Ливие къэралхэм «Кабардинка»-м мазитІкІэ зыкъыщигъэлъэгъуэну зэрырагъэблагъэмкІэ. КъэфакІуэ гупым егугъуу а Іуэхум зыхуигъэхьэзыру щІедзэ. ЗыкІи зэхуэмыдэ, ипэкІэ умылъэгъуа къэралиплІым ущылэжьэныр къызэрыгуэкІтэкъым.

Ансамблым и художественнэ унафэщІ Гальперин Григорийрэ балетмейстер нэхъыщхьэ Ульбашев Мутайрэ я гупсысэри къаруури етауэ къэфакІуэхэм ядэлажьэу, зыпэмыплъа Іуэху къалъыкъуэкІат: къэфакІуэфІ зыбжанэ, нэхъыжьхэм ящыщу, гупым хэкІыжащ. ПсынщІэу къэгъуэтын хуейт зэфІэкІ зиІэ къэфакІуэщІэхэр. Абыи

пэлъэщащ ансамблым и унафэщIхэр. Илъэс 16-м ит къэфакIуэ ныбжьыщIэ жыджэрхэр къыхашри, ахэр ахъырзэману ягъэсэн яхузэфIэкIащ.

1968 гъэм октябрым и I6-м КПСС-м и обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэрэ идеологиемкIэ секретарь Шэджыхьэщ Iэ Мухьэмэдрэ цIыху куэдым я пашэу драгъэжьащ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр сэри гупым саригъусэу.

ЦIыхум и гъащIэм щыщ зы Iыхьэф I гъуэгум тету игъакIуэр пэжщ. Гъуэгуанэм, зэрытщIэщи, гукъэкIыж куэд къыпхуегъанэ. Дэри Африкэ Ищхъэрэм дынэсыхукIэ гъэщIэгъуэн куэдым гу лъыттат, дэтхэнэми ди гум гупсысэ телъыджэхэр къыщигъэушу...

Октябрым и 18-м и шэджагъуэм дызэрыс «ИЛ-18» кхъухьлъатэр Рабат щетIысэхащ. Дыкъэсащ мывэ хужь къалэу ищхьэкIэ къыщытщыхъуа щIыпIэм. Аэропортым гуапэу къыщытIущIащ СССР-м и Посольствэу Рабат щыIэм и чэнджэщэгъу Шабров Александр, посольствэм и етIуанэ секретарь Гирев Герман, Мароккэ щыпсэухэр, прессэр. Сурэттеххэми я лэжьыгъэм щIадзащ. Пэжыр жысIэнщи, Мароккэм и щыхьэрыр къызэрыгуэкI дыдэу фэ етплъащ. Тхьэм ещIэ, дызэреша-елIар арагъэнт абы и щхьэусыгъуэр. ХьэщIэхэр «Махуэрэ жэщрэ» шхапIэ хьэлэмэтым драгъэблэгъэри, франджы шхыныгъуэхэм къиищынэмыщIа, Мароккэм и шагъыр цIэрыIуэри къытхуащтащ. ХэщIапIэ тхуащIар Рабат километр 25-кIэ пыIухауэ яухуа спорт къалэ цIыкIурт. Концертхэр щыттыну щIыпIэм дызэрыпэжыжьэнум дыкъигъэуIэбжьами, депIэщIэкIат. Ар щхъуантIагъэм и щIы кIапэ хьэлэмэтыщэу къыщIэкIащ: жыгейм нэмыщI, абы къыщыкIырт гъэщIэгъуэну гъагъэ къуацэ-чыцэ дахащэхэр.

Мароккэм дыкъыщыушыну ди япэ пщэдджыжьыр сыхьэтиблым тедухуат, арщхьэкIэ зыми деджэн хуей хъуакъым. ЩIалэгъуалэр жьы дыдэу къэтэджащ. Сыхьэти 8-р екIуэкIыу арат хьэщIэщым и Iэгъуэблагъэр зрагъэлъагъуу, сурэти трахыу Алэкъей Мухьэмэд, Сэхъу Борис, Ашуров Подацур, Щомахуэ Хьэмидбий, Шэшэн Владимир сымэ сащыхуэзам.

Махуэ 12-кIэ дыщыIащ Мароккэм. «Кабардинка»-м и артистхэм къали 7-м концерти 8 щатащ, 2-р Африкэм и къалэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ Касабланкэ щагъэлъэгъуат. Ансамблым и япэ концертыр къыщызэIуихар октябрым и 21-рщ, Мохаммед V и ЦIыхубэ театру Рабат дэтым. МащIэри сымыгузэварэ абы щыгъуэм! ДзыхьмыщI Къэралбий, Алэкъей Мухьэмэд, Щоджэн Владимир, Щомахуэ Хьэмидбий сымэ си щытыкIэм гу къылъатати, къызжаIащ: «Умыгузавэ, удгъэщIэхъункъым. Ди гур къеуэрэ – Iэгуи тхуеуэнщ!». ЩIалэхэм я псалъэр щызэхэсхым, си гур псэхужат. «Уджхэш», «Кабардинка» лъэпкъ къэфэкIэхэр артистхэм екIуу утыку щагъэлъэгъуащ. Зы цIыху щыдымтэкъым концертыр щекIуэкI пэшым, ди къафэхэм псори итхьэкъуат. «Ислъэмейр» лъэщу ягъэзэщIащ ДзыхьмыщI зэщхьэгъусэхэм, Къэралбийрэ Зарэрэ. Аргуэру гуапэу утыкум ирагъэблэгъащ «Уджпыхур». Мароккэм и цIыхухэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ ди лъэпкъ

макъамэ Іэмэпсымэхэмкӏэ триом – КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ, пшынауэ ДыщэкI ФатIимэ, бжьамияпщэ Ашуров Подацур, бэрэбэнауэ Сэхъу Борис. Пшыхьым и етІуанэ Іыхьэм щІидзэн ипэ, сэ Іэмал сиІащ Болгарие Республикэм и лІыкІуэ Кальчев Апостол, ЧССР-м и лІыкІуэ Антош, Хьэрып Зэгуэт Республикэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа лІыщхьэхэм сепсэлъэну. Дэтхэнэми жиІэрт «Кабардинка»-м и концертым гухэхъуэшхуэ къритауэ. Ансамблым и артистхэм, сыт щыгъуи хуэдэу, дагъуэншэу «Къафэр» ягъэлъэгъуащ, КІэш Федярэ Ало Эммэрэ абы соло щагъэзащIэу. Гукъыдэжыр къаIэтат Тхьэмокъуэ Мартин, Шэшэн Владимир, Шабаев А. сымэ ягъэлъэгъуа «ЛІыжьхэр» гушыIэ къафэми. КонцертымкIэ арэзыт абы еплъа Паламарчук Лукаи (СССР-м и полномочнэ лІыкІуэ), къэралым щыхьэщIэхэри, абы щыпсэухэри. Къыхэгъэщыпхъэщ, Атлантикэ хым и Іуфэми ди артистхэм екIуу зэрызыкъыщагъэлъэгъуар...

Алжир къэралым исхэм ящыщу япэу дыкъэзылъэгъуар Тлемсен къалэм дэсхэрщ. Концертым къэкIуахэм яхэтт Совет Союзым икIауэ Алжирым щылажьэ IэщIагъэлIхэр (дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, геологхэр, н.). Гуапэ тщыхъуат абыхэм осетинитIрэ Орджоникидзе щыщ зы урысрэ зэрахэтыр... ЕтIуанэ пщэдджыжьым езы Тлемсен къалэм зыщытплъыхьащ. Абы и уэрамхэр гъэдэхат пальмэ, платанэ жыгхэмкIи, дэ тцIыху щиху, дзэл лIэужьыгъуэхэмкIи. Зэдгъэлъэгъуащ илъэс мин зи ныбжь мывэ быдапIэм къыхэнахэри (Мансур пасэрей къалэжьым и кремлыр).

... ДыщыIэщ Сиди-Бель-Аббес. Пщыхьэщхьэ концертым зыхуэдгъэхьэзыру, сыхьэт 18-хэм гу лъыдотэ ансамблым и фащэхэр зэрылъ пхъуантэхэр зэрыримыкъужым. Ар вакъэхэр зыдэлъыр арауэ къыщIэкIащ. Ахэр уимыIэу пшыхьым щIыщIэбдзэххэни щыIэкъым, зыкъыумыгъэлъэгъуэнущи – къекIуркъым. Дегупсысащ пхъуантэр Тлемсен къыщыдгъэнагъэнкIэ зэрыхъунум, армырауэ дгъэкIуэдыпар пэжмэ, ди хамэ къэрал концертхэм абдеж кIэ щигъуэтауэ убж хъунут. Ди насып къихьри, пхъуантэр Тлемсен къыщытIэрыхьэжащ, дяпэкIэ апхуэдэу дытеплъэкъукI зэрымыхъунумкIэ ар дерс тхуэхъуауэ...

Тлемсени Сиди-Бель-Аббеси иджыри къэс дащыIумыщIауэ, Оран къалэм журналист зыбжанэм зыкъыщытхуагъэзащ. Абыхэм яхэтт къалэм къыщыдэкI «Республика» газетым къикIа Агха Абделькадеррэ Кхиб Норединрэ. ЩIалэщIэхэр яфIэгъэщIэгъуэну щIэупщIащ «Кабардинка»-м и щыIэкIэм къищынэмыщIа, ди лъахэр зыхуэдэми.

... И инагъкIи цIыху щыпсэум я бжыгъэкIи мыин Тиарет и къабзагъэкIэ адрейхэм йофIэкI. ХьэщIэщ дызыщIагъэтIысхьам мыгувэу къытхуеблэгъащ СССР-м и цIыхуитI – Самхарадзе Вахтангрэ Обаревич Антонрэ. ДохутыритIыр Алжир Республикэм щылажьэрт. Іуэху куэд я пщэ зэрыдэлъми емыплъу, абыхэм гулъытэшхуэ къытхуащIащ. Дэ зыми тщIэртэкъым Алжирым и зы къалэ цIыкIу гуэрым ди цIыху щылажьэу. Ауэ езыхэм ди хъыбар щызэхахым, зыкъытхуагъэзащ. Дохутыр дыхуэныкъуэт, ди артист зыбжанэ сымаджэ хъуауэ хэлъти, ахэр сэбэпышхуэ къытхуэхъуащ.

... Алжирым щытта концертыр зригъэлъэгъуа нэужь, Совет Союзым и лIыкIуэу абы щыIа Шевлягин Дмитрий Совет къэралыгъуэм и 51-нэ махуэшхуэм и щIыхькIэ игъэхьэзыр пшыхьым «Кабардинка» ансамблым хэту хъуар иригъэблэгъащ. А пщыхьэщхьэм дыщыхьэщIа къудей мыхъун папщIэ, ансамблым абы хуигъэхьэзыращ дакъикъэ 40-кIэ екIуэкIыну и концертыр.

... Ноябрым и 8-м, сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м дыхуеблэгъэну къыдэжьэрт Алжир къэралым хъыбарегъащIэхэмкIэ и министр Бен-Яхья. Гуапэу къытIущIащ ар. «Профессиональнэ гъуазджэр дэ иджы къэдгъэIэрыхуэу щIэддза къудейщ, – зыкъытхуигъэзащ абы. – Лъэпкъ IуэрыIуатэр къэдгъэщIэрэщIэжурэ, абы нэхъ тедгъащIэурэ лэжьакIуэщIэхэр жыджэру догъэхьэзыр. А IуэхумкIэ Совет Союзыр щапхъэфI тхуэхъуу къызолъытэ». А пщыхьэщхьэм къызэрыдбжыжамкIэ, «Кабардинка»-м Африкэ Ищхъэрэм концерт 21-рэ щигъэлъэгъуакIэт.

Тунис Республикэм дынэсын ипэ, къэфакIуэ гупым Алжирым и къалэ нэхъ инхэм ящыщ Аннабэ зыкъыщигъэлъэгъуэн хуейт. Къалэр зыхуэдгъэдэн дгъуэтакъым. ЩIыуэпс къулей зиIэ щIыналъэм уи нэр занщIэу зытехуэр жьауапIэ хъарзынэ хъууэ уэрамхэр зыуфэбгъуа къэкIыгъэ абрагъуэ зэмылIэужьыгъуэхэрт... Шэджагъуашхэм и ужькIэ, ансамблым и унафэщIхэмрэ абы хэт щIалэ зыбжанэрэ театрымкIэ яунэтIащ, пщыхьэщхьэм концерт щатыну пэшым и утыкур зрагъэлъагъуну. ЦIыху I600-м ятещIыхьа а пэшыр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщат. Совет Союзым и генеральнэ консулу Аннабэ щыIэ Лихачев Александр хьэщIэщ дызыщIэсым къэкIуат къытIущIэну. Абы къыджиIащ къалэм дэт театрыр егъэлеяуэ зэрыиным щхьэкIэ, зэи цIыхур щIэз зэрымыхъур. А хъыбарым дэ мащIэу дигъэпIейтеящ, ауэ тщIэрт 1967 гъэм «Лезгинка» дагъыстэн ансамблым аннабэдэсхэр гуапэу зэрыIущIауэ щытар, абы къыхэкIкIи фIым дыщыгугъырт... Дыгузэвами, театр псом зы тIысыпIи имыIэжу, цIыхухэр къекIуэлIащ. «Гуп телъыджэщ. Абы и гъуазджэм димыхьэхын щыIэкъым», – жиIэрт Аннабэ къалэм и департаментым и перфект Шайбут Брахим концерт нэужьым.

... КIуэтэху автобусым Средиземнэ тенджызым нэхъ пэжыжьэ дищIырт. Тунис Республикэм и Джандубэ къалэрт ансамблым япэу концерт щитынур. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу Сэхъу Бориси Ашуров Подацури сымаджэ хъуащ. Бэрэбэнауэм и Iэ ижьыр узырт, бжьамияпщэм – и тэмакъыр. Дыгузэващ, ахэр хэмытмэ, концертыр фагъуэ хъунут. Ауэ пшыхьым щыщIидзэну дыдэм абыхэм къаруууэ яIэр зыхалъхьэжри театрым къекIуэлIащ, хьэлэмэтуи утыкум итащ. Концертым кърихьэлIахэм яхэтт щIыналъэм и губернатор Лутайеф Абдель-Азизи абы и унагъуэри.

АдэкIэ ди гъуэгуанэм щыпытщэн хуейт Тунисым и ипщэIуэкIэ щыIэ къалэ дахэ Кассерин. ЗыплъыхьакIуэ дыщыIащ зэгуэр фIыуэ зызыужьауэ щыIа пасэрей рим къалэ Силиум. VII лIэщIыгъуэм Римрэ Карфагенрэ яку къыдэхъуа зауэм и Iэужьу къалэр хэкIуэдэжащ.

Силиум къыхэнэжахэм зыщызыплъыхьхэм нэхъыбэрэ я нэр зытедиер Триумфальнэ аркэрщ –ТекIуэныгъэм и щIэкIыпIэрщ.

Джербэ хытIыгур туристхэм фIыуэ ялъагъу щIы кIапэщ. Мыбы мэжджыт куэд дэтщ, хьэщIэщхэмрэ шхапIэхэмри щымащIэкъым. А псом къыдэкIуэу, абы IэпщIэлъапщIагъэм фIыуэ зыщиужьащ: алэрыбгъухэр щащI, дыщэми ятIагъуэми хьэпшып зэхуэмыдэхэр къыщыхащIыкI. ДэркIэ хытIыгур телъыджэт. Абыи концерт гукъинэж щигъэлъэгъуащ «Кабардинка»-м. Псори зэхэту Тунис Республикэм тхьэмахуэкIэ щыIащ ансамблыр, Габес, Сфакс, Сусс, нэгъуэщI къалэхэми концерт щитащ. «Рус!», «Совьет!», «Кавказ!», «Кабардино-Балкария!» жаIэу, дэнэкIи дыщаIэтырт, ди пшыхьхэм цIыхухэр пэплъэрт, газетхэм тхыгъэшхуэхэр «Кабардинка»-м траухуэрт. ДыщэкI ФатIимэ, Уэрэзей Лидэ, Ашуров Подацур, Къуэдз Михаил, Сэхъу Борис, Новиков Геннадий сымэ я макъамэм игъэдымырт концерт пэшхэм къекIуалIэхэр, апхуэдиз Iэзагъ ябгъэдэлът къэфакIуэхэми.

... Ансамблыр щыхьэщIащ Сусс къалэм и губернатор Шешиа Аморэ и деж. Ар хьэлэмэту къытхутепсэлъыхьащ езым и лъахэм, апхуэдэ дыдэуи фIэгъэщIэгъуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и псэукIэм щIэупщIащ, ди щэнхабзэ, экономикэ Iуэхухэр зыхуэдэр зригъэщIащ...

Ливием и къалащхьэм ноябрым и 30-м дынэсащ. Триполи и кинотеатр нэхъыфI дыдэ «Ваддане»-м ансамблым концерт щитащ декабрым и 1-м. ЦIыху 500-м я Iэгуауэмрэ щытхъумрэ къалъысащ къэфакIуэхэм а пщыхьэщхьэм. Къыхэзгъэщынщи, гъуазджэм дихьэхыу ди пшыхьым къекIуэлIам я нэхъыбэр американхэмрэ европейхэмрэт. «Кабардинка»-м зыкъигъэлъэгъуащ Триполи километр 60-кIэ пэжыжьэу, губгъуэ нэщI хуабэвэхым къалэ щызыухуэ болгархэмрэ хьэрыпхэмрэ папщIэ. Гупым и иужьрей концертыр Триполи щигъэлъэгъуэжащ.

ЛъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, гупым къикIуа гъуэгуанэм иджыри зэ къытригъэзэжыфыну къыпщыхъурт, къэфакIуэхэри музыкантхэри жанти. ИтIанэми, махуэ 55-кIэ къалэ 29-м концерт 52-рэ щыптыныр лэжьыгъэшхуэтэкъэ?!

## Континент етхуанэм

1968 гъэм октябрым и 18-м «Кабардинка»-м и къэфакIуэхэр Шереметьево-2 аэропортым телъэтыкIри, мазитIкIэ Африкэ Ищхъэрэм щыIащ, зыкъыщигъэлъагъуэу. ИлъэсиплI дэкIри, а махуэ дыдэм техуэу, артистхэр Австралием лъэтащ.

1972 гъэм октябрым и 20-м япэ лъэбакъуэхэр Австралием щытчащ. И япэ концертыр «Кабардинка»-м щитынур къалэ нэхъ инхэм ящыщ Тасманиерт (Лончестон). Уафэгум уиту укъыщеплъыхкIэ, а хытIыгур псысэм ещхьу дахащэщ: щхъуантIагъэр куэду, псыежэххэр, бгыхэр, мэзхэр щIэращIэу. А псор зэгъусэжу – жэнэтщ. ЦIыху дызыIущIахэри зэпIэзэрыт защIэу, гудзакъэ яIэу къыщIэкIащ,

гъуазджэми къызэрымыкIуэу фIыуэ хащIыкIырт. Ар ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэт. Лончестоныр Австралием фIыуэ зызыужьа и къалэхэм ящыщщ, псом хуэмыдэу хьэрычэт Iуэхумрэ сатумкIэ.

... Октябрым и 26-м сыхьэт 20-м Лончестон и «Принцесс» театрым цIыхур щIэзу къекIуэлIащ. Концертым щIидзэн ипэ, утыкум къихьащ къалэм и мэрыр, Австралием и премьер-министру щыта Гортон Джон, нэгъуэщIхэри. Иужьрейр кIыхьу къэпсэлъащ, пшыхьым къекIуэлIахэм артист телъыджэхэр зэралъагъунур къыхигъэщу, къэфакIуэхэми ехъулIэныгъэ яIэну ехъуэхъуу. «Фэ нобэ флъагъунущ къафэ куэд, дахагъэм и щапхъэу. Сэ си дежкIэ пщIэшхуэщ Австралием къытхуеблэгъа «Кабардинка» ансамбль цIэрыIуэм и пшыхьыр къызэIусхыну», – жиIащ абы... ЦIыхухэр щымщ. Ансамблым и оркестрым макъамэр ирешажьэ. Фащэ гъэщIэгъуэнхэр зыщыгъ хъыджэбзхэр, псым есу фIэкIа умыщIэну, утыкум къихьащ. КъыкъуэкIащ щIалэ къуданхэри. Теплъэгъуэм пэшым щIэсхэр зэщIиIэтащ, Iэгуауэшхуэхэр артистхэм хуаIэту. «Ислъэмейри», «Iэхъуэ къафэ», «Гандаган», «ЛIыжьхэр», «Кабардинка» къафэхэри цIыхухэм ягу зэрыдыхьар нэрылъагъут, дэтхэнэми зыбжанэрэ къытрырагъэзэжырт. Концерт нэужьым, къалэ музейм и лэжьакIуэхэм «Lion» клубым драгъэблэгъащ. Артистхэр ешами, бысымхэр ягъэщIэхъуакъым. Абдеж къыщытIущIэжащ Австралием и экс-премьер Гортони. Абы жиIат Совет Союзыр зригъэлъагъуныр зэрихъуэпсапIэр...



Лончестон концерти 10 ансамблым щигъэлъэгъуэнут, абыхэм я билетхэр куэд щIауэ зэбграхат. КъыкIэлъыкIуэу къытпэплъэрт Хобарт, иужькIэ Сингапур, Филиппинхэр. Гъатхэми ди гукъыдэжыр нэхъри къиIэтырт... Гукъинэ тщыхъуахэм ящыщщ «Пщы Соломон и бгъуэнщIагъым» дызэрыщыIар. Езы щIыуэпсым и «музейр» «уардэунэ» зэмыщхьурэ зыбжанэ мэхъу. БгъуэнщIагъ кIуэцIым и щхьэм зыщIагъэкъуауэ щытщ тхыпхъэ хьэлэмэтхэр къызыхэIущIыкIа колоннэхэм (языхэзым и ныбжьыр илъэс мин 42-м хуагъэкIуащ щIэныгъэлIхэм). Ди гъуэгугъэлъагъуэм къыджиIэж хъыбархэм дедаIуэу, набдзэгубдзаплъэу зыщытплъыхьу куэдрэ дыщIэтащ щIы щIагъым...

... Концерт нэужьым, Тасманием ГъуазджэхэмкIэ и цIыхубэ зэгухьэныгъэм зэхуэс хьэлэмэт тхузэхишащ. IуэхущIапIэм и секретарь Керслейк Мойджер гуапэу къытIущIащ. «Кабардинка»-м и Iэзагъыр хуэмыухыу тепсэлъыхьырт ар. ЦIыхушхуэ куэдым (30-40 хъун зы гупыфIым) дыIуигъэщIащ абы а пщыхьэщхьэм. Яхэтт абыхэм драмэмрэ балетымкIэ артистхэри, гъуазджэм и нэгъуэщI лэжьакIуэхэри. АрщхьэкIэ, бзэхэр фIыуэ зэрыдмыщIэм лъэпощхьэпо мымащIэ дыIуигъэуащ. Бзаджагъэм хуекIуат хьэмэ нэгъуэщIт, зыгуэр къызэупщIащ: «Сыт инджылызыбзэ щIумыщIэр?», – жиIэри. Сэри зызгъэмахэнт: «Уэ щхьэ умыщIэрэ урысыбзэр?» – естыжащ упщIэм упщIэкIэ жэуап. Си псэлъэгъур къикIуэтыну цIыхутэкъым. «Ар пэжщ, – жиIащ абы. – Ауэ инджылызыбзэр – ар Шекспир и

бзэщ!». Уэ упагэмэ, сэ сыерыщкъэ, жыхуиIэращи, си псалъэм пызощэ: «Шекспир и IэдакъэщIэкIхэр уахътыншэщ. АрщхьэкIэ урысыбзэри къулейсызкъым, ар Пушкин, Толстой сымэ я бзэщ!». Ауэрэ зызоплъыхьри, Аронов Евгений нэмыцэбзэ зыщIэ къилъыхъуэу къысIэщIолъагъуэ. Хамэ къэрал хъыджэбз гупым къаухъуреихьа Сотгаев Къанщауэрэ КIэш Федяри зэдзэкIакIуэхэм дакъикъэ къэс зыхуагъэзэн хуей мэхъу. Зыми и дэIэпыкъуэгъу мылъыхъуэу, Шэбэзджэрий Рае, Токъу Тося, Жабоевэ Ленэ сымэ IэкIуэлъакIуэу бысымхэм епсэлъылIащ. Зэхуэс хьэлэмэт хъуат...

Хобарт и «Сити Холл» зыкъыщыщыдгъэлъэгъуар концерт программэхэм тещIыхьауэ ямыухуами (утыкур цIыкIут, зыщыбгъэхьэзырын иIэтэкъым), ди артистхэм яхузэфIэкI къагъэнакъым. Концертым и япэ Iыхьэр иухауэ, штатым и губернатор Бастиан Эрик зыкъысхуигъэзащ: «Фи фIэщ фщIы, сэ мащIэкъым мы гъащIэм гъэщIэгъуэну щыслъэгъуар, ауэ а псоми йофIэкI нобэ «Кабардинка»-м ди нэгу щIигъэкIа гъуазджэр», – жиIэри. «Iэхъуэ къафэр» плIэ, «Къафэр» – тхуэ щрагъэгъэзэщIэжащ а пшыхьым ди артистхэм. Iэгуауэм лъэгуауэри щIыгъужу хобартдэсхэм егъэлеяуэ пщIэшхуэ ансамблым къыхуащIащ. Гулъытэншэ дищIакъым щIыпIэм къыщыдэкI «Меркурий» газетми. Абы тхыгъэ кIэщIхэри ансамблым и артистхэм я сурэтхэри щIэх-щIэхыурэ къытридзащ.

... Сингапур щыIэ ди посольствэм и лIыкIуэ Безрукавников Борис зытегузэвыхьыр а къэралым «Кабардинка»-м и концертхэр зэрыщитыну щIыкIэм и закъуэтэкъым, атIэ артистхэм зэрызагъэпсэхунми гулъытэшхуэ къыхуищIырт. Сингапур журналистхэм я лъэIукIэ япэ махуэм пресс-конференцышхуэ зэхэтащ. Газетхэмрэ телевиденэмрэ я лэжьакIуэхэр зыщIэупщIэхэм хуэфэщэн жэуап ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ иратыфынтэкъэ?!

Езы Сингапурым хуэдэу, и Лъэпкъ театрри зыми ещхьтэкъым. ЦIыху мини 3-м тещIыхьа пэшым и ныкъуэм нэст щхьэ зытелъыр, адрейр уафэгум уиплъэу зэIухат. Концертым щIидзэным иджыри сыхьэт ныкъуэ иIэжу цIыхур уэру къекIуалIэу хуежьащ, щIэх дыдэуи театрым щIэз хъуащ. Пшыхьым къеблэгъат Безрукавниковыр, хьэрычэтыщIэ Мандыркин Ю.Г., Сингапурым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Сви Го Кенг, коммуникацэмрэ связымкIэ министр Лин Ёнг Ньюк, щэнхабзэмкIэ министерствэм и парламент секретарь Таддин Шарафудин Бин, нэгъуэщIхэри. «Телъыджэщ!», – жаIэрт абыхэм. Плъыфэбэу зэщIэлыдэ Сингапур къалэри и IэзагъэкIэ къыдихьэхат «Кабардинка»-м.

1972 гъэм ноябрым и 17-м дынэсащ Филиппинхэм я къалэ нэхъыщхьэ дыдэ Манилэ. Сыт щыгъуи хуэдэу дахэу «Кабардинка»-м абы концертищ щитащ. Сыт хуэдиз къару халъхьат Филиппин Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и центрым артистхэм зыкъыщыщагъэлъэгъуа пщыхьэщхьищым. ИтIани ахэр жыджэрт, жант, нэжэгужэт...

# Адрей щIы кIапэмкIэ

1974 гъэм Москва телеграммэ къикIащ «Кабардинка»-р Латин Америкэм мазищкIэ зыкъыщигъэлъэгъуэну зэрырагъэблагъэр иту. Дызыпэплъа хъыбарти, еш зымыщIэ къэфакIуэ гупыр, сэри сахэту, гъуэгу дытехьащ.

Буэнос-Айрес деж къыщытпежьащ Совет Союзым и Посольствэм и лэжьакIуитI, ди импресарио Тайзлинэ Тамарэ, Италием щыщ щIалэхэу Кассио Клаудиорэ Джанини Рудольфорэ, «Колисео» итальян театрым и администрацэм и лIыкIуэ Родино Патричио Хорхе. Къалэм и Корриентес уэрамым тет «Колумбио Паласио» хьэщIэщым дыщIагъэтIысхьащ. Мыгувэу, Аронов Евгенийрэ Ахмедов Михаилрэ си гъусэу, СССР-м и Посольствэм дыкIуащ, ди лIыкIуэу абы щыIэ Дюкарев Семен дыIущIэну. Ар дэ ди хэкуэгъуу къыщIэкIащ. И анэмрэ и къуэшымрэ Налшык щыпсэуат, и Iыхьлыхэр – Май къалэм. Езы дипломатыр зэман хъарзынэкIэ СССР-м и МИД-м щылэжьат, иджы абы ди къэралым и Iуэхухэр Аргентинэ къэрал жыжьэм щыпхигъэкIыу щыIэт... Къапщтэмэ, Аргентинэм щыпсэум и нэхъыбэр зэман зэхуэмыдэхэм Европэм икIа цIыхухэрщ. Испан, франджы, урыс, нэмыцэ, инджылыз, итальян, украин – сыт хуэдэ лъэпкъым щыщи мы къэралым ущыхуэзэнущ.



... Хъыбар мыщIагъуэ къытIэрыхьащ: кхъухьлъатэ щхьэхуэкIэ ансамблым и фащэхэр къалэм къагъэсын хуеями, ямыгъуэтыжу бзэхащ. Тайзлинэ Тамарэ апхуэдэ ныкъусаныгъэ Iуэхум къызэрыхэкIамкIэ псори игъэкъуаншэрт, нэхъыбэу СССР-м и «Къэрал концертыр». Къэхъуар гурыIуэгъуэтэкъым, Аргентинэм япэу щыттыну концертхэр гувэнкIэ шынагъуэ щыIэт. АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу зэхагъэкIащ къэхъуар: Канадэм и кхъухьлъатэ компанием ди багажыр Майями ишат. Тайзлинэ Тамарэ икIэщIыпIэкIэ Майями лъатэри, фащэхэр къытIэрыхьэжащ, гупым Латин Америкэм щитыну и япэ пшыхьми зыхуигъэхьэзыру хуежьащ... Концертыр сыхьэт 23:30-м щIидзэнут. Апхуэдэу гуваи?! – жыфIэнкIэ хъунщ. КIасэIуэми, ар пэжт... Артистхэм я жагъуэ хъуащ япэ концертыр ягъэIэпхъуэн хуей зэрыхъуар къыщыджаIэм. Къэралым и Iэтащхьэм къыщхьэщыжу, цIыхубэм политикэ зэщIэхъееныгъэ къалащхьэм щригъэкIуэкIырт, пэкIум ипкъ иткIэ машинэ гъуэгухэри зэхуащIат, уэздыгъи блэртэкъым. Ди жагъуэ хъуащ аргуэру зы махуэ Iуэхуншэу зэрытфIэкIуэдыр.

... Къэсащ куэдрэ дызыпэплъа дакъикъэхэр. «Кабардинка»-ри къызэрыкIат, цIыху щих зыщIэс пэшышхуэми Iэгуауэшхуэр щаIэтырт. Шэч хэлътэкъым ансамблым мы къэралми ехъулIэныгъэ инхэр зэрыщиIэнум. «Колисео» театрым ноябрым и I3-м щекIуэкIа пшыхьыр куэдым ягу къинэн хуэдэ хъуат. Театрым и унафэщIым зыкъытхуигъазэри жиIащ лъэпкъ хабзэр зи лъабжьэ гъуазджэм ар зэ-

ритхьэкъуар. Ар ди дежкӀэ щытхъушхуэт. АбыкӀэ арэзы хъуат Тайзлинэ Тамари. «Шэч къытесхьэртэкъым сэ къэфакӀуэхэм я зэфӀэкӀыр зэрыиным», – жиӀэрт абы.

Буэнос-Айрес ансамблым щита адрей и концертхэри купщӀафӀэ хъуащ, жэщыкум щӀадзэу мызэ-мытӀэу абыхэм зыкъагъэлъэгъуами. Фи фӀэщ хъурэ, а зэманым дежи театрхэм цӀыхухэр щӀэз хъурт...

Япэу гулъытэ къытхуэзыщӀар щӀыпӀэм къыщыдэкӀ «Кларин» газетырщ. Наполеон Карбер ансамблым щытхъурт: «Удихьэхыу уоплъ ансамблым хэт щӀалэхэм я къафэм. Ахэр я Ӏэпкълъэпкъ псомкӀи, уеблэмэ нэкӀи къофэ. Жану, псынщӀэу ягъэлъагъуэ къэфэкӀэхэм еплъыр зрегъэгуакӀуэ... ЦӀыхубзхэми я зыӀыгъыкӀэм хэхауэ утепсэлъыхь хъунущ. Нэхъ щэныфӀэу щытыхункӀэ, нэхъри удахьэх абыхэм... ЩӀалэхэми хъыджэбзхэми къащыпс фащэхэр нэхъ дахэж зыщӀыр, къызэрысщыхъумкӀэ, я лъэпкъым папщӀэ пагэу ар абыхэм зэрызэрахьэрщ».

Зи чэзу концертыр иухауэ, зи ныбжь хэкӀуэта цӀыхубз гуэр ансамблым хэт щӀалэгъуалэм закъыхуигъазэри къехъуэхъуащ, и гуи, и пси хыхьэу концерт дахэ ар зэрырагъэплъамкӀэ къэфакӀуэхэм фӀыщӀэ къахуищӀащ. ИужькӀи дыхуэзэжащ абы. КъызэрыщӀэкӀамкӀэ, ар «Колон» театр цӀэрыӀуэм и уэрэджыӀакӀуэ икӀи къэфакӀуэ, хамэ къэрал щыӀэ ермэлыхэм я гъуазджэр зыӀэта Мехиа Эме де Рамост. Буэнос-Айрес ар иджыри къыщацӀыхурт сурэтыщӀ хьэлэмэту, журналист ӀэкӀуэу. «Гуп телъыджэщ. Концертым и кӀыхьагъкӀэ Хэкум сыщыӀэу къысщыхъуащ. Си гур зэрыхагъэхъуар фӀыщӀэу яӀэщ мы щӀалэгъуалэм», – жиӀат а цӀыхубзым. Дэри ди гуапэт апхуэдэ псалъэхэр.

Ла-Платэ. Дызэрыщыгугъауэ, къалэ инрэ дэгъуэу къыщӀэкӀащ ар. Фэеплъ мывэхэр, утыкухэр зи куэд мы щӀыпӀэм и тхыдэм зыхэдгъэгъуэзэну зэман димыӀами, ар дигу ирихьащ. Утыку нэхъыщхьэм «Театро Архентино» унэшхуэр итщ. А театрырт «Кабардинка»-м и концерт щигъэлъэгъуэну къыщыпэщылъыр. Дэ абы дыщеплъащ «Лебединое озеро» (Чайковский и ӀэдакъэщӀэкӀым), «Ромео и Джульетта» (Прокофьевым итхам) оперэ спектаклхэм. Сыхьэт 21:00-м, зэрыжаӀэщи, мыӀэрысэр щехуэхын щӀыпӀэ имыӀэжу, пэшым цӀыхур щӀэз хъуат. «Кабардинка»-р утыку къихьэри, Ӏэгуауэшхуэр цӀыхухэм яӀэтащ. «Къамэ зауэ къафэм», «Голлум», «Абзэхым» «Бэрэбэнауэхэм я къафэм», «Къурш къафэхэм» а пщыхьэщхьэм зыбжанэрэ къытрырагъэгъэзэжат, иужьрейр артистхэм плӀэ ягъэлъэгъуащ. ДгъэщӀагъуэрт Щомахуэ Хьэмидбий, ДзыхьмыщӀ Къэралбий, Щоджэн Владимир, Мэрыш Заур, Нэгъуд Борис, Молей Алихъан, Мамбэт Хьэсэн сымэ апхуэдиз къару къызэрызыкъуахыфыр. Концертым и етӀуанэ Ӏыхьэми гупым я къэфэкӀэр мынэхъ лъэщмэ, нэхъ махэтэкъым...

... «Кабардинка»-р Эквадор Республикэм и щӀыналъэм щыӀэщ. ЩӀыпӀэр ин дыдэщ, Галапагос архипелагри хы Щэхум и нэгъуэщӀ хытӀыгухэри къызэщӀиубыдэу. Кхъухьлъатэ етӀысэхыпӀэм къыщытӀущӀащ совет посольствэм и атташе Губаренкэ Александррэ щӀыналъэм щылажьэ импресарио Анхел Тусетрэ. Абыхэм щыгъуазэ

дызэращIамкIэ, Гуаякиле цIыху мин 800 щопсэу. Гу зэрылъыттащи, ар икIи дахэщ икIи къабзэщ. Гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуахэм щIэх дыдэу дынагъэсащ «Гумбольдт Интернационал» хьэщIэщым. Къэтплъыхьащ «Кабардинка»-м и концертыр щитыну «Театр 9 октября» гъуазджэ IуэхущIапIэри. Езы пэшыр Iэхуитлъэхуит, цIыху 1800-рэ щIэхуэ щхьэкIэ, абы и утыкур хуэщIатэкъым «Кабардинка»-м хуэдэ ансамблхэм (гупышхуэхэм). Абыи емылъытауэ, гупыр лъэщу, я гъуазджэм хуэфащэу къэфащ. Концертым щIэсат щIыпIэм и губернатор Гонсалес Гуаяс, Эквадорым и президенту щыта Монрой Хулио Арoселинэ сымэ. ЕтIуанэ пщэдджыжьым къэфакIуэхэр хы Iуфэм Iутащ, сурэт гукъинэжхэр къалэм щызытрагъэхащ.

... Медельин и къалэ театрым щIэщхъу къыщытщыщI пэтащ. Утыкур эвкалипт пхъэбгъу быдэмкIэ къищIыкIат. Концертым «джатэ зауэ къафэр» Щоджэн Володя щигъэзэщIэн хуейт, ауэ сэр лъэгум къигъэлъеижу къыщIэкIащ. КъэфакIуэр Iэнкун мыхъуу, хэкIыпIэ къигъуэтащ: утыкум и зы кIапэр арыххэ пхъэбгъути, Владимир зым адрейр кIэлъигъэпIащIэу и сэхэм абдеж зыщыхригъэтIащ. КъекIуэлIахэм абы и къафэр гъэщIэгъуэн дыдэ ящыхъуат.

Панамэм зы концерт закъуэт ансамблым щигъэлъэгъуэнур. А зыри, абы сыт щыгъуи хуэдэу, Iэтауэ иригъэкIуэкIащ. «Новая Панама» спорт унэм гупым щита и концертыр зрагъэлъэгъуат Панамэ Республикэм и президент Лакас Деметриос Басилиорэ и щхьэгъусэмрэ, къэрал лэжьакIуэхэм, профессор Вольский В. В., Сычев Станислав, нэгъуэщI лIыщхьэ куэдми. Пшыхьым и япэ Iыхьэр иухауэ Лакас Деметриос сыщрагъэцIыхум, абы жиIащ спектаклыр гъуэзэджэ зэрыщыхъуар икIи ансамблыр зэрыщыту и резиденцэм зэрыригъэблагъэр. АрщхьэкIэ Коста-Рикэ Республикэм и Сан-Хосе къалэр къытпэплъэрт...



Манагуа. 1970 гъэм цIыху мин 400 зыдэса къалэ ефIакIуэм илъэситI дэкIауэ дыщыкIуам дызыIуплъар шынагъуэт: щIы хъеям унэ мин 70-м щыщу 60-р зэтригъэщэщат. ЗакъуэтIакъуэт зэфIагъэувэжыфар. Къалэ зэтекъутар зыбгына цIыху минипщI бжыгъэхэр щIыунэхэм, шатырхэм щыпсэууэ арат. Куэд дыдэ къулейсыз ищIат а гузэвгъуэм. Манагуэдэсхэм папщIэ «Кабардинка»-м зы пщыхьэщхьэм тIэу концерт итащ. Пшыхь нэужьхэм цIыхухэм нэжэгужагъэ ядэтлъэгъуам и уасэт абы артистхэм трагъэкIуэда я къарур. «Дыкъэвгъэпсэужащ, дуней зэрыщыIэр дывгъэлъагъужащ», – жаIэрт цIыхухэм...

ПщыхьэщхьитIкIэ «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым адыгэ лъэпкъ гъуазджэм нэIуасэ ищIащ Сальвадорым щыпсэухэр. Абы и концертхэр щигъэлъэгъуащ къалэм дэт Президент театрымрэ СпортымкIэ цIыхубэ унэмрэ.

... Ульбашев Мутай, Шабаев Виктор, Сэхъу Борис, Щомахуэ Хьэмидбий, Iэсей Светланэ, Гридневэ Наталье, Къуэдз Iэбубэчыр, Молей Алихъан, Балъкъэр СэфрэIил сымэ Перум и зы шхапIэ гуэрым щетIысэхащ. Шхын къэзыхьхэр емыпIэщIэкIми, Шабаев Виктор къэмэжалIэIуа къыщIэкIынти, Iэнэм телъ шыбжий сыр гъурыр къип-

хъуатэщ, зэхигъэнысщкIуэри, ишхащ. АрщхьэкIэ лей зыщIам зэрыхуэмыгъум ещхьу, Виктор шыбжий ишхам уасэфI щIитыжын хуей хъуащ – ар джэрэзу къытехуащ. И гъусэхэри шхапIэм щIэсхэри щтэIэщтаблэ хъуауэ къажыхь, зыкъэзыщIэжа гуэрхэм дохутыр къраджэри, ар сымаджэщым яшэ. Хъыджэбзхэм хъыбар къыдагъащIэ: «Авик хьэлъэщ», – жаIэри... АрщхьэкIэ Виктор мыгувэу зыкъищIэжащ, дохутырхэм дымыгузавэми хъуну къыджаIащ. Псори и пIэм изэгъэжа иужькIэ, а Iуэхур артистхэм гушыIэм хуахьыжащ, перу шыбжийм и къарур къыхагъэщу. Ар 1974 гъэм августым и 14-рт.

Ди Iуэхухэм хэмытыххауэ, «Кабардинка»-р Доминикан Республикэми щыхьэщIащ. «Кабардинка» къэфакIуэ гупым жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ дэлът. Совет Союзым и цIыху здэщымыIа Доминиканэм щыпсэухэр къыдэхьэхын хуейт, ди къэралым лъэпкъ гъуазджэ хьэлэмэтхэр зэриIэр абыхэм захегъэщIэнри Iуэху цIыкIутэкъым.

Сантэ-Домингэ и ЦIыхубэ театрыр хуитт (цIыху 1600-м ятещIыхьат), зыхуей псомкIэ къызэгъэпэщат артистхэр къызэрыхьэ утыкури. Ульбашев Мутай щыгуфIыкIащ абы. Театрыр къэтплъыхьу, абы и унафэщI Диас Боннели Ахмедовыр еупщIащ цIыху къахуекIуалIэм и бжыгъэр сыт хуэдэми. «Театрыр зэрыин дыдэм гу лъыфтагъэнщ, закъуэтIакъуэрэщ абы щIэз щыхъур», – укIытапэу къитащ Боннели и жэуапыр.

КъэфакIуэ гупым и щыIэкIэм, ехъулIэныгъэм, Совет Союзым и цIыхухэм я шыфэлIыфэ, гъуазджэ, щэнхабзэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ди гъащIэм теухуауэ сыкъыщагъэпсэлъащ пресс-конференц къызэрагъэпэщам. Доминикан Республикэм щыпсэухэми журналистхэми куэд яфIэгъэщIэгъуэнт... Псалъэ тафэтелэ хэмыту жысIэнщи, «Кабардинка»-м а щIыпIэми цIыхухэм ягу ирихьу зыкъыщигъэлъэгъуащ. «Es un espectaculo magnifico» («Это прекрасный спектакль»), – жаIэрт къыдэхъуэхъухэм. Я IэгуауэкIэ артистхэр тIэу-щэ утыку кърашэжырт, ягу дыхьа къэфэкIэхэм къытрырагъэзэжырт. Апхуэдэу гуапэу къазэрыIущIэм къэфакIуэхэми къаруущIэ къахилъхьэрт.

... Доминикан Республикэм дыщыIэху (концертипщI щитат ансамблым) Сантэ-Домингэ и Автоном университетым и ректор Толентинэ Марио и еджапIэм деблэгъэну дыхунэсащ. Профессорыр сэлам гуапэкIэ къытпежьэри, щылажьэ пэшым дыщIишащ. Илъэс куэд щIауэ ар зи унафэщI университетым и тхыдэм абы щыгъуазэ дищIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, университетым и къалэныр унагъуэ къулейсызхэм щыщ щIалэгъуалэр иригъэджэнырщ. Курыт школыр къэзыух ныбжьыщIэр абы экзаменыншэу къещтэ, еджакIуэ мин 20-м нэблагъэ иIэщ. Университетым езым и уставрэ бюджет мыинрэ иIэжщ. IэщIагъэ зэхуэмыдэхэм щыхурагъаджэ еджапIэм къытхутепсэлъыхьа нэужь, Марио къызэлъэIуащ ди щIыпIэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я гугъу хуэсщIыну. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьэкIэр къыхэзгъэщащ. Ди университетым тыгъэ хуищIу ректорым къызитащ Сантэ-Домингэ Автоном университетым и тхыдэм теухуа

тхылъыр, апхуэдэуи я студент ансамблым игъэзащIэ уэрэдхэр зытетха пластинкэри саугъэтыфI тщыхъуащ.

Сантэ-Домингэ щытлъэгъуащ: япэ дыдэу абы щаухуа мывэ унэр, Колумб Христофор и кхъащхьэр, XVI лIэщIыгъуэм яухуа «Санта Клара» члисэр. ЗэдгъэцIыхуащ щIыпIэм и радио IуэхущIапIэри – «Радио Миль» зи фIэщыгъэр. Ауэ ахэракъым нэхъапэр. Къэдгъэзэжынщ «Кабардинка»-м мы республикэм щита и концертхэмкIэ. Адрейхэм хуэмыдэу, иджы «Къафэм» арэзы дыдэ сыкъиищIат. Хъарзынэу Мамбэт Хьэсэн абы солор щигъэзэщIащ. МацIэ Русланрэ Щомахуэ Хьэмидбийрэ я «ЗэныбжьэгъуитI» къафэр куэдым ягу ирихьащ, Щоджэныр и сапэхэтIэхэмкIэ, Ало Жаннэ, БжэныкIэ Надеждэ, Iэсей Светланэ, Шэбэзджэрий Рае сымэ «Хъыджэбз къафэмкIэ», ДзыхьмыщIхэ Къэралбийрэ Зарэрэ «Ислъэмеймкiэ», Мысачэ Валентинэ «Гандо-ГанымкIэ», Нэгъуд Борисрэ Джатэжь Хьэмидбийрэ «ПсэлъыхъуэхэмкIэ», Балъкъэр СэфрэIил, Соттаев Къанщауэ, КIэрэф Анатолэ, Молей Алихъан сымэ «Мэлыхъуэ къафэмкIэ», Жабоевэ Еленэрэ Нэгъуд Любэрэ «Акушин къафэмкIэ», Къарэжь Людмилэрэ Мэрыш Заурр «КартулимкIэ» цIэрыIуэ щыхъуат Доминикан щIыналъэм. А зэманым ирихьэлIэу, къэфакIуэ гупым къызэпичат Аргентинэ, Эквадор, Колумбие, Панамэ, Коста-Рикэ, Никарагуэ, Сальвадор, Перу, иужьрейуэ – Доминикан Республикэр.



Къыхэзмыгъэщу хъункъым Доминиканэм и Президент Балагер Хоакин дызэригъэхьэщIари. Дельгадо ЦIыхубэ унэм и пэш удзыфэм драгъэблэгъащ. Балагерым зырызыххэу артистхэми сэри сэлам къыдихащ, Совет Союзым япэу икIа дэ лIыгъэшхуэ къызэрыддилъэгъуар псом япэу абы къыхигъэщащ. «Кабардинка»-м и гъуазджэр иджы япэу ялъагъуу аращ ди цIыхухэм, ар абыхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ, уеблэмэ фIыуэ ялъэгъуауэ къысщохъу. Мы Iуэху къефхьэжьар хабзэ дахэ тхуэхъуу, ди щIыналъэхэр нэхъ гъунэгъу зэхуэтщIамэ, ди гуапэ хъунут», – жиIащ Iэтащхьэм. Сэ абы жесIащ Союзым нэгъуэщI IуэрыIуатэ гуп хьэлэмэтхэри, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ хъарзынэ Iэджи зэриIэр. Балагер Хоакин куэдым щIэупщIащ: абы фIэхьэлэмэтт СССР-м щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зытетри, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ дедгъэкIуэкIхэр сыт хуэдэми, нэгъуэщIхэри. Я къэралыр къызэрыт-щыхъуам, цIыхубэр къызэрытIущIам теухуауэ къыщыдэупщIым, и цIыхухэм – гуапагъэ, щIыналъэм – дахагъэ зэрыдэтлъэгъуар къыхэзгъэщащ.

«Триумф «Кабардинки». Арат фIищар Мехикэм къыщыдэкI «Эль Диа» газетым и тхыгъэм, ди япэ концертыр а щIыпIэм щыщалъэгъуам щыгъуэ къытридзам. «Дызэрыщыгугъэауэ, «Кабардинка» ансамблым фIыуэ зыкъыщигъэлъэгъуащ «Аудиторио Насиональ» театрым. КъэфакIуэ хъыджэбзхэм я дахагъэр къыхегъэщ я фащэхэм: дыщэ IуданэкIэ къэдыхьа шылэ щэкIым пыIэ лъагэр щIыгъужу – зы телъыджэщ. Ар йокIупс цIыхухъухэм я фащэ зэкIужми... «Кабардинка»-м игъэзэщIащ ар IуэрыIуатэ ансамбль нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыщI и къэфэкIэхэр. Гупыр ткIийуэ тетщ

лIэщIыгъуэкIэрэ и лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуа къафэжьхэм, ахэр абы къегъэщIэрэщIэж. Усыгъэр, къабзагъэр я лъабжьэу Кавказым нэс къытхураха гъуазджэм хэплъэгъуэнущ я лъахэм теухуа хъыбархэр. «ИслъэмейкIэ» зи концертыр къыщIэзыдзэу «Къамэ зауэ къафэ», «Хъыджэбз къафэ», «ФIыуэ зэрылъагъухэм я къафэ», «Мэлыхъуэ къафэ», нэгъуэщI телъыджэ куэдми дыхэзыгъэплъа «Кабардинка»-р Мехикэм щыпсэухэм я гум дыхьащ».

Мынэхъ мащIэу лэжьыгъэ хъарзынэхэр ансамблым щригъэкIуэкIащ Кубэ Республикэми.

МазиплI гъуэгуанэ... Латин Америкэм и къэрал II. Абы куэд къыбжеIэ...

ФIыщIэ яхузощI а зэманым «Кабардинка»-м хэта артистхэм, я нэхъ зэман гугъум, я унафэщIхэм, нэхъыжьхэм я жыIэмрэ чэнджэщымрэ тету ахэр гъуазджэм зэрыхуэлэжьам папщIэ. 1977 гъэм майм и 2-м «Кабардинка» къэфакIуэ гупыр Чехословакием и къалащхьэм хуоблагъэри, махуэ 20-кIэ щолажьэ, ТекIуэныгъэм и махуэр абы къыщрагъэхьэ, ягъэлъапIэри, я гъуэгуанэм пащэ. Майм и 22-м ансамблым и артистхэр Польшэм макIуэ икIи июным и 30 пщIондэ Варшавэрэ нэгъуэщI къалэхэмрэ зыкъыщагъэлъагъуэ. Польшэм икIри, гупым и концертхэр щитащ Германием. Къэрал зэгъунэгъуищым пщIэрэ щIыхьрэ пылъу и лэжьыгъэр щригъэкIуэкIауэ «Кабардинка»-р Хэкум къекIуэлIэжащ июлым и 6-м. КъэфакIуэхэр иджыри щыгъуазэтэкъым щIэх дыдэу аргуэру гъуэгуанэ зэрытехьэнум...



*Зыгъэхьэзырар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**
*Ефэнды Джылахъстэн и «Браво, Кабардинка!»*
*тхылъым къыхихащ*

# Къафэм и лъахэм



«Дэ адыгэ унагъуэ дыкъыщалъхуащ, къуажэкIэ Урыху (Къугъуэлъкъуей) дыщыщщ. ДызэрыцIыкIурэ дощIэж ди анэшхуэ Битокъу Зулихъан пшынэ тхуеуэу, и макъамэхэмкIэ дыкъигъафэу зэрыщытар. Зы щхьэусыгъуэ гуэри къэтлъыхъуэртэкъым, ауэ сытми дыувти – нэхущрами дыщыгъуэлъыжрами – дыкъафэрт. Налшык дыдэса щхьэкIэ, гъэмахуэ мазищыр, щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр къуажэм щыдгъэкIуащ, пшынэ макъым дыщIапIыкIауэ жыпIэ хъунущ. А зэманхэм адыгэ джэгухэр къуажэхэм нэхъ щащIу щытащ. Удж зэхашэу сэ срихьэлIакъым, ауэ нэхъыжьхэр зэхуэсрэ дахэу утыку къихьэу, къафэу, нэхъыщIэхэм щапхъэ дагъэлъагъуу зэрыщытар сощIэж. Ди гъунэгъу Битокъу Жантемыр тхьэмыщкIэм жиIэжу щытащ: «Жэщыр хэкIуэтауэ хьэблэм сыщыдыхьэжкIэ, Зулихъан и щхьэгъубжэр нэхут, пшынэ макъ къыщIэIукIырт. ЦIыхубзым пшынэр игъэбзэрабзэу, Беслъэн цIыкIур а макъамэм къыдэфэу утыку итт». Дауи, сэ ахэр сщIэжкъым, зэрыжаIэжымкIэ, зекIуэн щIэздза къудейуэ арат абы щыгъуэм, – жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, гъэсакIуэ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэта Битокъу Беслъэн.



1974 гъэм Налшык къалэм къэIэпхъуащ Битокъухэ я унагъуэр. Сабий садым, иужькIэ курыт школым кIуэуэ щIадзащ щIэблэм. Зэкъуэшищыр – Аслъэнбэч, Беслъэн, Анзор – зэгъусэу фIэкIа адэм зыщIыпIи иутIыпщыртэкъым. Нэхъыжьым, Аслъэнбэч, къэфэкIэм зыхуигъэсэну мурад щищIым, абы гуэгъу хуащIащ и къуэшхэри. Пионерхэм я унэм екIуалIэурэ абыхэм япэ щIыкIэ накъырэ епщэным зыхуагъэсащ. ЩIалэхэм къэфэнымкIэ яIэ зэфIэкIым гу къылъитащ а зэманым гъэсакIуэу а IуэхущIапIэм щылэжьа Ныр Азидэ. «Сэ занщIэу сыхыхьакъым. Аслъэнбэчрэ Анзоррэ зэгъусэу кIуэрт, сэ спортым нэхъ сыдихьэхат. Си къуэшхэр къэкIуэжамэ, гъуджэм деж кIэрыувэрти, кърагъэщIахэр зым адрейм ирагъэлъагъужу зыкъомрэ щытхэт. КъысфIэмыIуэхущэми, сэ абыхэм хуэму сакIэлъыплъырт. НэхъыщIэр школым шэджагъуакIуэ щыхъум, сэ си пщэ къыдалъхьащ къафэ дерсхэм Аслъэнбэч и гъусэу сыкIуэну. Абы щыгъуэми занщIэу къэфакIуэхэм сахыхьакъым. Зы махуэ гуэрым гупым щIалэ мащIэт къекIуэлIари, пэшым щIэс сэ утыку срагъэхьащ. Зызмыгъэхуэмыхуу ягъэлъагъуэр ядэсщIащ», – жеIэ Беслъэн.

ЦIыкIухэм къадэлажьэ цIыхубзым Беслъэн псори щIэх къызэрипхъуатэр щилъагъум, унафэ къыхуищIащ къэфакIуэхэм къахы-

хьэну... Осетие Ищхъэрэ-Аланием къафэмкIэ Кавказпсо фестиваль щекIуэкIырти, Беслъэнрэ Аслъэнбэчрэ зыхэт гупыр абы кIуащ, я зэфIэкI щагъэлъэгъуэну. «Уджхэшыр», «Уэркъ къафэр» зыгъэлъэгъуахэм япэ увыпIэр къыхуагъэфэщауэ щытащ, а ехъулIэныгъэм дамэ къатригъакIэри, щIалэхэр къэфэным нэхъ ерыщу егугъу хъуащ.

Аслъэнбэчрэ Беслъэнрэ «Нальчанка» къэфакIуэ гупым хэту, япэщIыкIэ балетмейстер цIэрыIуэ Дашу Хьэшыр деж, иужькIэ Алэкъей Мухьэмэд деж зыщагъэсащ. Аслъэнбэч 8-нэ классым щIэсу арат къэфакIуэ гупым яхэту япэу хамэ къэрал щыздашам. Ар етIуанэ дамэт ныбжьыщIэхэм я дежкIэ.

– «Кабардинка»-р Латинэ Америкэм къыщикIыжам щыгъуэ Налшык щита концертыр сигу къокIыж. Музыкэ театрым щекIуэкIыну концертым и билетыр зыпэубыдат. Ди анэм гъэщIэгъуэну билетищ къыIэрыхьэри, и ныбжьэгъу цIыхубзрэ Аслъэнбэчрэ здишауэ щытащ. Сэ сщIэжкъым сащIыхуэмыкIуар. Аслъэнбэч абы щилъэгъуа дахагъэм нэхъри и гур иIэтагъэнт, иужьым дэри а ансамбль гъуэзэджэм дыхыхьащ. Мэзло Едыдж, Аслъэнбэч, Iэщын Руслан, сэ Пионерхэм я унэм къыщыщIэддзэри, «Нальчанка»-м, иужьым «Кабардинка»-м дыщызэдэлэжьащ, – игу къегъэкIыж Беслъэн.

1986 гъэм ансамбль цIэрыIуэм хыхьа щIалэщIэхэм къэфакIуэ нэхъыжьыфIхэр къакъуэувэри, екIуу утыку зэритыным, Iэзэу къызэрыфэным я къару емыблэжу хуагъэсащ. «Ди анэр псэуху щIэхъуэпсат къэфакIуэ нэс къытхэкIыным. «Кабардинка»-м фыхыхьауэ слъагъуныр си дежкIэ насыпщ», – жиIат абы. Гуп цIэрыIуэм дыхыхьэну дыщыкIуам щыгъуэ, ди анэр дунейм ехыжат, ауэ уэсяту къэтлъыта а псалъэхэр зэкъуэшхэм зыщыдгъэгъупщакъым», – жеIэ Битокъум.

Зы илъэс къыщыфауэ, Аслъэнбэч армэм дашащ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым дзэм къулыкъу щищIэну Беслъэн кIуащ. ЩIалэхэм къагъэзэжа иужь, «Кабардинка»-м хыхьэжащ. 1992 – 1993 гъэхэм концерт программэщIэ зэхагъэуват БжьыхьэлI Замир, Битокъу Аслъэнбэчрэ и щхьэгъусэ Заремэрэ, Битокъу Оксанэ, Щэбэтыкъуэ Тимур, Битокъу Беслъэн сымэ. «Мэздэгу адыгэхэм я къэфэкIэм къыщыщIэдзауэ абхъазхэм я деж щыщIэкIыжу, адыгэ лъэпкъыу хъуам я утыку итыкIэм щхьэхуэу зыгуэр хэлъщ. Думэныщ Iэулэдин хущIэкъуащ ахэр утыку кърихьэну. «Уэркъ къафэр», «Мэздэгу адыгэхэм я къафэр» игъэуващ, «Къамэрыфэ» (сэпэхэтIэ) къафэри игъэхьэзыращ. Иужьрейр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм и джэгукIэу, къэфэкIэу тхыдэм къыхощ, абы нэхъ лъапIэж Iуэхур ещIыр», – къыхегъэщ Беслъэн.

1991 гъэм «Кабардинка»-р, Битокъу зэкъуэшхэр хэту, Абхъаз Республикэм щыIащ, концерт гукъинэжхэр щиту. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ а щIыналъэмрэ я зэхущытыкIэхэр нэхъ зэгъунэгъу щыхъуар а илъэсымрэ (Дунейпсо адыгэ-абхъаз фестиваль Налшык щыщекIуэкIам щыгъуэ) абы къыкIэлъыкIуахэмрэт.

# Адыгэ къафэмрэ «Кабардинка»-мрэ

– «Кабардинка»-р зэ зылъэгъуам зэи щыгъупщэркъым. Ар апхуэдэу лъэщ зыщIыр ди адыгэ къафэхэращ. Лъэпкъ къафэм, адыгагъэр щIыгъужу, сыт хуэдэ утыкуи щыгъэлъагъуэ, пщIэ къыпэмыкIуэнкIэ Iэмал иIэкъым, – жеIэ Беслъэн. – Адыгэр дуней псом тегуэша щыхъум, хэт сулътIан хъуат, хэти пащтыхьыгъуэр къылъысат. А псор къызэрахьэхуар адыгагъэкIэрэ IущыгъэкIэрэщ. Апхуэдэ дыдэу ди къафэхэм хэлъщ хабзэ, лIыгъэ, напэ, укIытэ, шыIэ. А къарур сэ сыщысабийми зыхэсщIэрт, арщхьэкIэ къафэм и мыхьэнэр иджыщ нэхъ кууэ къыщызгурыIуар. Ар инщ, лъагэщ, зыхэпщIэ закъуэмэ, абы хуэдэу уэри лъэщ ухъунущ. Хэт къарууфIэ хъуну хуэмейр?! Дамэ къытекIэу хэт лъэтэну щIэмыхъуэпсыр?! Адыгэ къафэм ущеплъкIэ уеIэтыр, «Кабардинка»-ращи, езым пщIэ зыхууегъэщIыр.

Куэдым къагурыIуэркъым къафэхэм я мыхьэнэр. Абыхэм щхьэкIэ зы щапхъэ къэсхьынщ: Петр I Голландием щыкIуам здиша гъэщIэгъуэнхэм ящыщт Бекович-Черкасскэ Александр и унафэ щIэт адыгэ шуудзэр. Сытыт ар щIыздишар?! ЗэрыжысIащи, гъэщIэгъуэнти. Амстердам и утыку нэхъыщхьэ дыдэм адыгэ шуудзэм джэгу щищIат... Адыгэ джэгум пщIэ-нэмысу хэлъыр зыгъэIэрыхуэфым езыми пщIэ егъуэт.

Джэгум и щытыкIэущ «Кабардинка»-р утыку къызэрихьэу щытар. Лъэныкъуэ зырызкIэ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къыщытрэ зырызыххэу къихьэурэ къызэдэфэу, абыхэм яку хорыр дэтт, пшынауэ-бэрэбэнауэхэр плIанэпэмкIэ къыщыст. ИужькIэ къэфэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэри къыхыхьащ, гуп-гупури къызэдэфэ хъуащ, зэманым елъытауэ зиужьащ. Лъэпкъым и гупсысэрщ, IуэрыIуатэрщ, зэхэтыкIэрщ нобэ тлъагъу «Кабардинка»-ми нэхъапэIуэкIэ щыIами лъабжьэ яхуэхъуар. Ар адыгагъэмрэ дахагъэмрэ я щапхъэу утыку къохьэ.

«Кабардинка»-м академическэ цIэ лъапIэр къыщратам, Нартсанэ (Кисловодск) концерт гукъинэж ансамблым щигъэлъэгъуауэ щытащ. Абы кърихьэлIат Урысейм, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ я министрхэри, нэгъуэщI лIыщхьэхэри. Гупыр «КъафэмкIэ» утыку къыщихьэм, Осетие Ищхъэрэ – Аланием щэнхабзэмкIэ и министр, актер цIэрыIуэ Ватаев Бимболэт къэтэджри, Iэгу яхуеуэу къэфакIуэхэр икIыжыхункIэ щытат. Ар зылъэгъуа адрейхэри къэтэджащ, пщIэ езыми зыхуащIыжу, къэфакIуэ гупри ягъэлъапIэу.

ЖыпIэ хъунущ ансамблыр дунейм и кIапэ псоми лъэIэсауэ, абы и къафэхэмрэ макъамэхэмрэ щIыпIэ пхыдза куэдым щацIыху. И щхьэкIэ къызэрыщыхэзгъэщащи, апхуэдэ лъытэныгъэ ансамблым къыщIихьар зи фIыгъэр ансамблым хэта къэфакIуэхэм я закъуэкъым, атIэ ахэр апхуэдэу Iэзэу, лъэпкъ щэнхабзэр фIыуэ ялъагъуу зыгъэса я адэ-анэхэрщ, дадэ-нанэхэрщ, егъэджакIуэхэрщ. «Кабардинка»-м



10 Заказ №770

утыку кърихьэращ ди щIалэгъуалэр зыдэплъеинури, фIы и лъэныкъуэкIэ дыщогугъ абы.

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм иIащ джэгуакIуэхэр, абыхэм яхэтт къэфакIуэхэр, кIапсэрыкIуэхэр, шыкIэпшынауэхэр, гушыIэ къэзыIуатэхэр. Агънокъуэ Лашэ и гупыр сыт и уасэт?! Абы хуэдэу ШэрджэсымкIэ щыпсэуащ Мыжей Сэхьид. «Кабардинка»-р зыухуахэм ящыщу зи цIэ ящыгъупщар ГъукIасэ Жантыгъуэнщ. Апхуэдэ пашэхэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым.

«Кабардинка»-м къикIуар ди тхыдэм и зы Iыхьэ дахэщи, хъунут абы Лъэпкъ музейми плIанэпэ щиIэ.

## ГъэсакIуэхэм папщIэ псалъэ

– Ныр Азидэ къэфэным и щэхухэм дыхигъэгъуэзат Пионерхэм я унэм дыщекIуэлIам. КъэфакIуэ, гъэсакIуэ цIэрыIуэ Дашу Хьэшыр, «Нальчанка»-м дыхэту, илъэсищкIэ дызэригъэсами куэд къыхэтхащ. Гупым узэрыхэтыну щIыкIэр Хьэшыр къыдгуригъэIуащ. Гъуни нэзи иIэтэкъым абы бгъэдэлъ щIэныгъэм. 1957 гъэм Дашум хузэфIэкIащ адыгэ къафэхэм триухуа тхылъ къыдигъэкIыну. А зэманым Кавказым зы лъэпкъ истэкъым апхуэдэ IэдакъэщIэкIкIэ зигъэщIэгъуэфыну, – игу къегъэкIыж Беслъэн.

«Нальчанка»-м Алэкъей Мухьэмэд щыщылэжьами, ди зэфIэкIым абы хигъэхъуащ. И ныбжьыр илъэс 30 хъуауэ арат а цIыху телъыджэм «УФ-м щIыхь зиIэ и артист» цIэр къыщыхуагъэфэщам. 1986 гъэм Мухьэмэд дыхуигъэхьэзырауэ щыташ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я дунейпсо фестивалым. Алэкъейм ди къэфэкIэу щытын хуейр къыдгуригъаIуэ къудей мыхъуу, езым ар зэребгъэлъагъужыным хуэдэу къыббгъэдилъхьэрт. Езым и къэфэкIэу щытам лъэщIыхьэн нобэр къыздэсым ямылъэгъуауэ жаIэ. ТехникэкIи, зыIыгъыкIэкIи, хьэлкIи ар псоми къахэщырт.

Щыми – Азиди, Хьэшыри, Мухьэмэди – я гъэсэкIэкIэ, къэфэкIэкIэ Кавказым къащытекIуэн щыIа хъункъым, щхьэж и ныбжьым теухуауэ. Ахэр фIыуэ егугъуащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я гъэсэныгъэм.

«Кабардинка»-м Битокъу зэкъуэшхэр дыхыхьэн щхьэкIэ, зи гугъу сщIа цIыхухэр сэбэпышхуэ къытхуэхъуащ, сызэригугъэмкIэ, я гуащIэ емыблэжу абыхэм яхузэфIэкI къытхалъхьащ.

## Хамэ къэрал лэжьыгъэр

– Хэхэс адыгэхэм я дунейр зыхуэдэр щыслъэгъуар 1995 гъэм Иорданием лэжьыгъэ IуэхукIэ сыщрагъэблэгъаращ, – пещэ Битокъум и псалъэм. – Иорданиер езыр къэрал зызыужьахэм ящыщщ, къулейщ, адыгэми абы зэфIэкI щаIэщ. Яхэтщ, дауи, абыхэм нэхъ къулейсызхэри, зи анэдэлъхубзэр зыщIи, ар зыIэщIэхуаи. СфIэфIу,

сфIэгъэщIэгъуэну си лъэпкъэгъухэм сахэтащ а лъэхъэнэм. Нэхъыбэу гулъытэ зыхуэсщIыр яхъума къафэхэрт, пшыналъэхэрт, хъыбархэрт. Сыхуэнэхъуеиншэу ахэр зэхуэсхьэсырт. Пасэрейм адыгэр зэрызэхэтам хуэдэу абыхэм я къафэхэр, джэгухэр къызэтрагъэнэфащ. Джэгум и мызакъуэу, щIалэгъуалэр хъуэрыбзэкIэ зэпсалъэу, зэдэгушыIэу... узэрыгушхуэн куэд ядэслъэгъуащ. АдыгэбзэкIэ мыпсэлъэф яхэтми, абыхэми адыгэ джэгу ящI, я щэнхабзэм ирипагэу.

1998 гъэм Битокъу Беслъэн къэралитхум – Америкэм, Голландием, Иорданием, Сирием, Тыркум щылэжьэну ирагъэблэгъащ. Тыркум адыгэр куэду зэрыщыпсэум, нэхъыбэм зэралъэIэсынум трищIыхьри, а къэралым кIуауэ щытащ. Абы зэрыщыIа илъэсибгъум къриубыдэу, Беслъэн лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ: къэфэкIэм, бзэм ныбжьыщIэхэр зэрыхуигъэсам къыдэкIуэу, Тырку къэрал телевиденэм адыгэм къарита дакъикъэ 30-р ягъэхьэзырын щыщIадзам ядэIэпыкъуащ.

Битокъум хэхэс адэ-анэхэр егъэлеяуэ къыхуэарэзыт, я щIэблэм ар зэрахуэсакъым папщIэ. «Адыгэу къэнэну сыхуейщ си быныр» – арат и гуращэр дэтхэнэ зыми. Ауэ зэгуэр анэдэлъхубзэр пIэщIэхуамэ, Iуэхур зэгъэзэхуэжыгъуей мэхъу. Бжэгъу хъуар къэбгъэшыну ущыхуежьэкIэ зэрызэфIэщIыкIым ещхьу, балигъ хъуа цIыхури къутэнкIэ шынагъуэ щыIэщ. Апхуэдэ къэмыхъуным сыхуэсакъащ. ЩIалэфI куэдым сахуэзащ, дызэдэлэжьащ, дызэдэIэпыкъуащ. Ди уджхэри къафэхэри узыдежьу хъу защIэщ, ар хэхэсхэм я деж нэхъыбэу щынэрылъагъущ. Нобэр къыздэсым хабзэфIу абыхэм зэрахьэ, джэгу зэхашамэ, щIалэ гуп лъэныкъуэкIэ иувыкIрэ уэрэд жаIэу», – жеIэ Беслъэн.

Абы игъэса ныбжьыщIэхэм концертхэр иригъэту къалэ-къалэкIэрэ Тыркур къызэхакIухьащ. Беслъэн къыхегъэщ абазэхэм я пасэрей къафэхэр нэхъ зэрахъумар. Шапсыгъхэм мащIэу къафIыхыхьащ я гъунэгъуу псэу лъэпкъым и къэфэкIэхэм щыщ. Арами, «Уэркъ къафэр» яIэщ, уджыр, лъапэрисэр ягъэзащIэ. КъыжыIапхъэщ «Уэркъ къафэм» лIэужыгъуэ зыкъом иIэу къызэрыщIэкIар (уэркъ къафэ, къафэ кIыхь, къафэ къуаншэ, н.).

– НэхъапэIуэкIэ, «Кабардинка»-м дыхэту Тыркум дыщрагъэблэгъами дгъэщIэгъуат ди лъэпкъэгъухэм я зэхэтыкIэр, я джэгукIэхэр. 1993 гъэм абы къафитI къыздитшауэ щытащ: убых къафэмрэ (лъапэрышэ), къафэ къуаншэмрэ. «Убых лъапэрышэ», «Беслъэней къамэрыфэ», «Шапсыгъ удж», «Бжьэдыгъу ислъэмей», «Уэркъ къафэ» – мыпхуэдэ фIэщыгъэхэр къафэхэм иритри, щэнхабзэ, гъуазджэ къулей дызэриIэр къыхигъэщу, Думэныщ Iэулэдин концерт программэ купщIафIэ игъэхьэзырауэ щытащ. Зи гугъу сщIа псори зэхьэлIар ди «Кабардинка»-ращи, дунейм фIыгъуэу тетыр абы хуэфащэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**

# ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд: «ЩIэныгъэр IэщIагъэ, IэщIагъэр лэжьыгъэ мэхъу»



*Ди IэщIагъэм и фIыгъуэ нэрымылъагъухэм ящыщщ махуэ къэс цIыху гъэщIэгъуэнхэм, зи IуэхущIафэрэ гуп хэтыкIэкIэ щапхъэхэм дазэрыхуэзэр, абыхэм депсэлъылIэну Iэмал зэрыдиIэр. Псэлъэгъу схуэхъумэ си гуапэу, зи деж си лъэр нэзмыхусахэм, зи утыку итыкIэр, зи лэжьыгъэр сфIэгъэщIэгъуэну, зи псалъэ зэхэсхым сфIэфIу къэзмыгъэпсэлъахэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр пажэ Хъэмырзэ Ахъмэд. Абы и ныбжьыр илъэс 55-рэ зэрырикъуар къэзгъэсэбэпри, ди редакцэм къезгъэблэгъащи, къызжиIахэм си гуапэу фыщызогъэгъуазэ.*



**– Уи лэжьыгъэри, дуней тетыкIэри, гупсысэкIэри и щыхьэтщ адыгэгу зэрыпкIуэцIылъым, адыгэпсэ зэрыпIутым, Ахьмэд. Сыт е хэт абы и къежьапIэр?**

– КъежьапIэр сабиигъуэращи, абы сытепсэлъыхьыну Iэмал къызэрызэптар хуабжьу лъапIэщ си дежкIэ. АпхуэдизкIэ гуапэу, IэфIу си цIыкIущхьэр сигу къокIыжри, мы дунейм цIыху тету си фIэщ хъуркъым сэр нэхърэ нэхъ сабиигъуэфI зиIа. Апхуэдэу щIыжысIэм и щхьэусыгъуэхэри куэд мэхъу. Ди адэ-анэм дадэIэпыкъуу щытащ, губгъуэми дитащ, Iэщхэри зыхуей хуэдгъэзащ, мэкъуи деуащ, жэми къэтшащ. Мис а лэжьыгъэ тщIэрат насыпыфIэ дызыщIыр. Лъагъуныгъэу зыхыдагъэщIам нэмыщIкIэ, лэжьыгъэр зищIысыр тщIэуэ, цIыхум IуэхукIэ дахыхьэу дагъэсащ. Адэ-анэм быным къытхуаIа лъагъуныгъэмрэ унагъуэ Iуэхур зэкъуэшищымрэ зэшыпхъуитIымрэ къыттегуэшауэ дызэрапIамрэ хэлъа Iущыгъэр, илъэсищэкIэ сыпсэуами, схузэгъэзэхуэну си фIэщ хъуркъым.

Языныкъуэхэм деж ди гугъэщ зы фIыгъуэ гуэр цIыхум къыддалъагъумэ, дэ тхуэдэ дунейм темыту, псори зэгъэзэхуауэ къыдгурыIуэу, уеблэмэ дуней щIылъэныкъуэр ди дамэм телъу къетхьэкIыу. Хьэуэ, апхуэдэукъым зэрыщытыр. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сыщыщIалэм щытхъу зэхэсхмэ сыукIытэрт икIи сегупсысырт: IэщIагъэ къыхэсхамкIэ сыутыкуакIуэщ, куэдрэ сыкъалъагъунущ, зы фIы гуэр лъэпкъым хуэсщIэну сыхущIэкъунущи, ар къызэхъулIэмэ

къысщытхъунIари хэлъщ. Ар зэрысфIэмыфIым си гупсысэр зыхуигъэкIуари, Залинэ? Щытхъу къысхуэгъэзам си фIыгъэу хэлъым и нэхъыбэр зейр си адэрщ, си анэрщ, си лъэпкъырщ.

ГъащIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм нэщыпхъуэу къытфIигъэщI си гугъэщ псори дытыншын хуейуэ. Дунейр апхуэдэу зэхэлъкъым. Си щхьэкIэ сабий сад сыкIуакъым, пионер лагерь сыщыIакъым, школ кIуэгъуэ хъуху си унэ сисыжащ, сыкъэжэпхъа нэужь, си адэм и гъусэу губгъуэм ситащ. Ди адэм и ныбжьу колхоз бригадэм хэтхэм, абыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыжь лIыжьыфIхэм я уэршэр зэхэтхыу, я Iуэху ядэдгъэпсынщIэу, абыхэм ящIэ гуэр драгъасэмэ дыщыгуфIыкIыу дазэрыщIыгъуар насыпышхуэщ.

БалигъыпIэ диувэху, ди щхьэ зыхуей хуэдгъазэ хъуху лъагъуныгъэкIэ, лэжьыгъэкIэ, гъэсэныгъэкIэ дыкъахъумащ дыкъэзылъхуахэм. ПIэ щабэ дыкъыхэкIыу, щыгъын хуабэ щыттIагъэу, ерыскъы IэфI тшхыуэ школым дыкIуэн нэхъ лажьэ тлъэгъуакъым ди сабиигъуэм. Ар псы къэхьакIэ щыпщафIэ, щыжьыщIэ, хьэкум мафIэ щращIэ зэмант. ЩIымахуэ жэщым диижа унэр хуэбэжауэ нэху дыкъекIын щхьэкIэ кIыфIзэхэту къэтэджрэ мафIэр зэщIагъэстыжу. Дунейм нэхъыфIу щыIэмкIэ зэщIэлъэщIа апхуэдэ сабиигъуэр дауэ уигу къызэримынэнур?!



Си адэмкIи си анэмкIи адэшхуэ слъэгъуакъым сэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. И куэщI симыкIыу сисауэ къысщыхъунт си адэм ар ицIыхужу щытамэ, Хэку зауэшхуэм хэмыкIуэдамэ. Си анэшхуэмрэ анэш нанэмрэ схуэпсэуащи, абыхэм ядэслъэгъуахэр сигу гуапэу къокIыж. Уагъэ, щагъэ зэращIу щытауэ си сабиигъуэм си нэгу щIэкIар апхуэдиз зэман дэкIауэ си нэм, си Iэпэхэм къагъуэтыжащ. ЛъэныкъуитIымкIи сы-Зеикъуэщ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ). Си анэшыр Щомахуэхэщ, си адэм и анэр Дыгулыбгъуей ЩхьэщэмыщIхэ япхъут. Уэркъ лъэпкъым къызэрыхэкIар и напщIэм телът, илъэгъуахэр гушхуэу къыджиIэжырт. 1898 гъэм къалъхуат ар, дунейм зэхъуэкIыныгъэу къыщыхъуа куэди, къызыхэкIа лъэпкъым ехьэлIахэри, и сабиигъуэр зэрыкIуари гупсэхуу къытхуиIуэтэжырт. Иджыпсту ахэр тыншу псэуауэ къытщыхъу щхьэкIэ, бгъэнызщхьэ унэ щIэсауэ аращ, хьэку ямыIэхари зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ лэжьыгъэ ящIэм и хьэтыркIэ цIыху зрагъэцIыхуамэ, ехъулIэныгъэ гуэр далъэгъуамэ, ар и щхьэусыгъуэу тепсэлъыхьмэ сщIэркъым армыхъуамэ, гугъу дехьащ жаIэу зэхэсхакъым. Алыхьым и фIыщIэщ, лэжьыгъэми дыкъелащ, ди сабийхэри тхуэхъумащ жаIэу фIэкIа. Ахэр уи нэгум щIэтурэ, уи гум илъурэ укъыщыгъуэгурыкIуэм деж лъэпкъым узэрыхущытри нэгъуэщI зыгуэр хъу къыщIэкIынщ.

**– Нэхъыбэ дыдэу узэрыгушхуэу, щапхъэ тепхыу хэт уиIэр, Ахьмэд?**

– Жылэ щIалэ цIыкIум хуэдэу, ин сыхъумэ машинэ нэхъ ин дыдэм сису сышофёрыну арат сызыхуейр, колхозыр зыухуахэм ящыщ,

машинэ дэс си адэм ещхьу. Псэемыблэжу зэрылажьэр, къуажэри жылэри зэщIагъэхьэу, благъэр ямыгъэкIуэду, унагъуэр зыхуей хуагъазэу зэрыпсэур си дежкIэ щапхъэт. Шофёр IэщIагъэр къыхэзмыхыу щхьэ артист сыхъуныр нэхъ къэсщта жысIэу сызоупщIыжри, абы си адэмрэ си нэхъыжьхэмрэ я фIыгъэ хэлъщ. Си адэм дэслъэгъуам нэхъыщхьэу къыхэсхар IэщIагъэ пхуэхъуам узэрыхущытынырщ, абыкIэ фIыгъуэ зэрыпщIэнырщ, цIыхум, лъэпкъым ифI хэлъу къызэрыбгъэсэбэпынырщ. Iэпэгъу сщIа Iуэхум хьэлэлу срилэжьэфмэ, сытемызашэу, сымытхьэусыхэу фIы иризэзгъэхъулIэфмэ, абыхэмкIэ си адэм ещхь сыхъумэ, си дежкIэ насыпщ.

Сабиигъуэ хъуапсэу къыхэсхакъым си IэщIагъэр. Балигъ сыхъущ, Совет властыр мыкъутэж щIыкIэ дзэми къулыкъу щысщIэри, 1990 гъэм сыкъэкIуэжат. Ди псэугъуэ-Iуэху щIэгъуэти, лэжьыгъэ гуэрхэми сеплъащ. Илъэс дэкIри, къэралри лъэлъэжащ...

Дунейм къыщыхъу зэрыхьзэрийхэр лъэпкъ мащIэхэм нэхъ къажьэхоуэ. Апхуэдиз фIыгъуэр зыдэплъагъуу илъэс мин бжыгъэм къыкIуэцIрыкIа адыгэ лъэпкъым къыкIэрыпщIэр, зэрызихъуэжыр сигу къеуэрт. Апхуэдэу щыщыткIэ, абы сэбэп узэрыхуэхъун, лъэпкъым хуэгъэзауэ зы фIыгъуэ гуэр зэрыпхуэщIэн IэщIагъэ къыхэпхын хуейт. А зэманыр къыщысам сэр нэхърэ илъэсихкIэ нэхъыщIэ си къуэшыр Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкiэ и къэрал институтым щеджэрт. Арати, а еджапIэм сыщIэтIысхьащ. IэщIагъэр къызэхъулIэмэ, ар къэзгъэсэбэпу цIыхум емрэ фIымрэ сахутепсэлъыхь хъунут. Роль бгъэзащIэхэмкIэ зебгъэцIыхужыну Iэмал щIагъуэкъэ ди IэщIагъэр?! Сценэр щIым къытеIэтыкIа зы лъагапIэ гуэрщ. Абы къикIыркъым сэ зызгъэлъагэу, ауэ артист IэщIагъэм хуитыныгъэ къует цIыхум зыхуэбгъэзэну.



Сызэрынэхъ балигъым щхьэкIэу къыщIэкIынщ – япэ курсым къыщыщIэдзауэ утыку сихьащ. ПсэлъэкIэм и щэхухэм дыхуезыгъаджэ Мысостышхуэ Пщызэбий «мы Iуэтэжым телевиденэм, радиом къыщеджэ, архивым къыхэнэнщ» жиIэурэ абыхэм сигъакIуэрт, ди худрукыу щыта Шыбзыхъуэ Басир театрым щагъэув спектаклхэм щыщ теплъэгъуэхэм сыхигъэхьэрт. 1995 гъэхэращ зи гугъу сщIыр, абы лъандэрэ илъэс 30 дэкIыжащ.

СщIамкIэ сигу зэгъащ, жысIэмэ пцIы супсынущ, ауэ къыхэпха IэщIагъэмкIэ уарэзы жыпIэмэ, арэзыныгъэ хызолъагъуэ, зы махуи сыхущIегъуэжакъым. Хэлъ гугъуехьхэри солъагъу икIи къызгуроIуэ, и фIыгъуэхэри зыхызощIэ. Псори зэхэтыжу уи гур щигъэпIейтейм деж, си IэщIагъэр схъумарэт, ар къэзгъэсэбэпу си лъэпкъым иджыри зыгуэр хуэсщIарэт хужызоIэж си щхьэм. Апхуэдэу щыщыткIэ, IэщIагъэр сысейуэ къыщIэкIынщ.

**– Артист умыхъуамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэу пIэрэт къыхэпхынур?**

– Хэти сыхъунут, ауэ... Ди адэр къызэрытщхьэщымытыжрэ илъэс еплIанэ йокIуэкIри, абы лъандэрэ си IэщIагъэр сэркIэ нэхъ

лъапIэж хъуащ. Си фIэщ хъуркъым си адэм хуэдэу артист IэщIагъэр къызыгурыIуэ сыкъэзыухъуреихьхэм яхэтауэ. Мо сабиигъуэ гугъу зиIам, еджэну гъуэтыгъуэ имыхуам къыттеубгъуауэ бынитхум щIэныгъэ дигъэгъуэтат. «Лъэпкъым ухуэлэжьэныр къалэнышхуэщ, ар къыбгурыIуэу уи IэнатIэм пэрыт, гугъуехьу хэлъхэр лъэпощхьэпо зыхуумыгъэхъуу», – къызжиIэрт абы. Къуажэдэсхэм е и благъэхэм «уи щIалэр зыхэт спектакль деплъащ, телевизоркIэ тлъэгъуащ» къыщыжраIэкIэ, и лъэр жан хъурт, хуабжьу щыгуфIыкIырт. Дунейм цIыхуу тетым яхурикъуну къысщыхъурт ди адэм и лъагъуныгъэр, апхуэдизкIэ цIыху фIыуэ илъагъурти. «Фи пщэ дэлъ къалэныр никъуэ фымыщI, дэ дызыхуейIамэ сэ вжесIэнщ», – жиIэу псэуащ ди адэр. Лэжьыгъэр унагъуэм япэ изыгъэщ цIыхут, дунейм теттэкъым къыпхуимыщIэн, ущхьэхыу иумыгъэлъагъу къудеймэ. «Къым» зэхэзвмыгъэх» жиIэрт, цIыхум и щхьэм, и Iуэхум шэч трищIэжу игу зэрытемыхуэр къикIыу. Хуеймэ, цIыхум лъэмыкIын щымыIэут къызэрилъытэр. Апхуэдэу зэи зыми жиIэу зэхэзмыха куэд къыжьэдэкIырт абы.

**– Актёр IэщIагъэм, псом хуэмыдэу адыгэ лъэпкъ гъуазджэм ухуэлэжьэным, сыт нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр?**



– Си щхьэм деж щегъэжьауэ, лъэпкъым ифI езыгъэкIыну мурад зыщIа дэтхэнэми и къалэн нэхъыщхьэр зыхэслъагъуэр увыIэгъуэ имыIэу и псэм, и дунейм телэжьэн зэрыхуейращ. Мыр си IэщIагъэщи, абы срилажьэу, срипсэууэ аркъудейщ, жыпIэу унэм укIуэжа иужь IэщIагъэр зэбгъэтIылъэкI хъунукъым. Театрым дыкъыщIэкIыжри ди лэжьыгъэр духащ, жытIэу «зыдгъэункIыфIыну» дыхуиткъым. Псэху умыщIэу, щхьэзыфIэфIыгъэрэ пагагъэрэ Iуэхум къыхыумыгъэхьэу, шыIэныгъэ зыхэбгъэлъу щытмэщ щапхъэу уагъэлъэгъуэну хуитыныгъэ ущиIэнур. Дэ дынэгъуэщI цIыхуу аракъым апхуэдэу щIыжысIэр, ди IэщIагъэм къытхуигъэув пщэрылъщи аращ.



**Касонэ Алехандрэ и «ХьэжьэIужьэ» спектаклым Ахьмэдрэ (Паблэ и ролыр) Чыхумахуэ ФатIимэрэ щоджэгу.** *2018*

Зэчийм и гугъу пщIымэ, апхуэдэу зы Iэгубжьэ фIэкIа зыхэмылъыр псэемыблэжу лажьэурэ лъагапIэм нэсыфынущ. ТIэкIу щхьэхынэми, зэчиишхуэ бгъэдэлъу, абы хигъэхъуэнкIи мэхъу. ЕхъулIэныгъэ уиIэн

папщIэ уи зэчийри къэбгъэсэбэпын хуейщ, лэжьыгъэм и зэхэлъыкIэри фIыуэ къыбгурыIуапхъэщ. Дакъикъэ къэс урихьэлIэнущ щапхъэ гуэр. Ди ныбжьым, ди акъылым хуэфащэр иджыпсту тщIэмэщ къэтщтэжыфын щыдиIэнур. Къэдмылэжьыфа къызэрыдлэжьыным дыхущIэкъумэ, абы и зэран къыдэкIынукъым.

**– Сценэм къыщыбгъэщIа образхэм ящыщ дэтхэнэри фIы дыдэу къохъулIащ, Ахьмэд. Ауэ абыхэм уэ къахэбгъэщхьэхукI яхэт?**

– УпщIэр тыншщ икIи гугъущ. Ди гъащIэм, ди дунейм, ди къэIуэтэкIэм ящыщ гуэр тIэщIэкIыу дгъэзащIэ образым щыхэтлъхьэ щыIэщ. Укъэзыщ Iыху режиссёрым уи хьэл, уи зэфIэкI къилъытэу ролыр къыпхуигъэфэщамэ, зыгъэзэщIапхъэм лъысамэ, лэжьыгъэм и ныкъуэр занщIэу щхьэщыха мэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ тыншщ. Ауэ сэ езым си дунейм хэслъагъуэр, си IэщIагъэм хузиIэ еплъыкIэр цIыхухэм сэ къыздалъагъуну хуейм техуэу пIэрэ? КъызэрысщыгугъэЫу сакъыхущIэмыкIмэ, жысIэу согузавэри, абы и лъэныкъуэкIэ гугъущ.



**Ахьмэдрэ (Васков и ролыр) Къурмэн Регинэрэ Васильев Борис и «Пшэплъ даущыншэхэр» спектаклым хэтщ.** *2021*

Утыку къисхьа роль псори щхьэхуэу узытепсэлъыхь хъуну защIэщ, яхужыпIэнри куэдщ. КъыщыпхуагъэфащэкIэ, къарурэ зэфIэкIыу уиIэр епхьэлIэнурэ пщIынущ дэтхэнэри. Ауэ, пэжщ, нэхъыфIу зыкъозыгъэлъэгъуа ролхэр яхэтщ абыхэм. Апхуэдэу къыхэзгъэщхьэхукIрэ зы увыпIэ щхьэхуэ ясту зыбжанэ сиIэщи, ахэр бжесIэнщ.

Абыхэм ящыщщ Васильев Борис итха «А зори здесь тихие» повестым къытращIыкIа спектаклым хэт Васков и ролыр. Си адэ лIы ткIийр, пхъашэр, абы щыгъуэми дуней псом хурикъун хуэдиз лъа-

гъуныгъэ зи гущIэм щызыгъафIэр ТекIуэныгъэ Иным и махуэм екIуэкI парадым илъэс къэс еплъырт мэскъалкIэ и нэгум зимыхъуэжу, ауэ топым хуэдэу и нэпситIыр къыхуехыу... Сытыт сэ абы хэслъхьэфынур?! КъекIэрэхъуэкIри, Васков и образыр къыслъысащ. Зауэм цIыхум насыпыншагъэу къыхуихьыр, абы псэкIуэду зи гъащIэр игъэныр, псэууэ къэнам ар зэрызыхищIэмрэ гукъеуэу зэриIэмрэ щызэхэухуэна гуэр къэзгъэлъэгъуэну Iэмал сиIэну пIэрэ жысIэрти, мы ролым и хьэтыркIэ къызэхъулIащ.

Адыгэ зэхущытыкIэхэмрэ уебэкъуэнкIэ Iэмал имыIэу абы хэлъ Iуэхугъуэхэмрэ нэхъ къызыхэщу сыщыджэгуахэм ящыщ зыщ Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр» лирикэ драмэр. Ар си псэм езыгъэхуэбылIэхэм ящыщ къыщIэкIынщ зыми емыщхьу Заур иIа дуней зыхэщIэкIэ-дуней къэIуэтэкIэр. Дэбагъуэ Роман игъэува спектаклыр япэу щыдгъэлъэгъуам Заур утыкум къихьэри: «Си гур вгъэзэгъащ», КIэхумахуэ ФатIимэ зыхуигъазэри: «Си героиняр къэбгъэпсэуащ» – къыджиIат. Ар куэд дыдэ и уасэт ди дежкIэ.

Касонэ Алехандрэ и «ХьэжьэIужьэ» спектаклыр щигъэувым, Паблэ и ролыр къызитат Фырэ Руслан. Ар си гъащIэм ещхькъым, сэ хьэжьэIужьэу, дыгъужь шыр цIыкIуу, къэзугъуеяр сшхыжу дунейм сыщIытетын щхьэусыгъуэ си адэ-анэм я фIыгъэкIэ слъэгъуакъым. Къоплъым и фIэщ ухъун щхьэкIэ а къыбдэмыгъуэгурыкIуа Iуэхур зыхэпщIэн, къыбгурыIуэн, ар зэгъэзэхуэжауэ цIыхум и пащхьэ ипхьэн хуейщ. Ар ролымкIэ къызэхъулIамэ, си насыпщ.



Гальдони Карлэ и «Трактир гуащэ» гушыIэм щызгъэзэщIа Рипафратт и ролри ящыщщ къыхэзгъэбелджылыкIхэм. Дэнэ щIыпIи щагъэувауэ а спектаклым куэд тепсэлъыхьащи, дыдейм хуэдэу гугъэзагъэу, пьесэр зытхам хилъхьа псори хъума щыхъуауэ нэгъуэщI емыплъауэ жаIэ.

Си лэжьыгъэхэр телевиденэми, киноми, театрми хуэгъэзауэ щыщыткIэ, нэтын сыхэтами, зы адыгэ хъыбарыжь си макъкIэ къэзгъэIуами, ахэр зы фIыгъуэ гуэрщ, уи гупсысэм, дуней еплъыкIэм зрагъэужьу. Илъэс 25-рэ хъужащ «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмыр зэрытетхрэ. Абы щыгъуэ дунейм темытахэр къалъхури балигъ хъужащи, иджыри йоплъ, интернеткIэ къалъыхъуэ.

**– БгъэзэщIэну ухуейуэ нобэкIэ узыхунэмыса роль щыIэ?**

– Апхуэдэ хъуэпсапIэ сиIэкъым, уеблэмэ сегупсысыххэркъым. Еплъыт: унэ лъабжьэ уогъэтIылъ, блын дыбогъэкIуей, щхьэ тыбопIэ. Си IэщIагъэм и щхьэ тепIэну слъагъур, си дежкIэ нэхъыщхьэр роль гуэркъым, атIэ ар къэзгъэсэбэпу утыку къисхьэнумкIэ сэбэп сызэрыхъунырщ.

Ди театрым фIэкIа адыгэбзэкIэ щыпсалъэ дунейм теткъым. Аращи, апхуэдэу хэплъыхьышхуэ-хэдэшхуэ диIэкъым дэ. Ауэ ди лъэпкъ дунейм хуэгъэзауэ роль куэдкIэ зыдмыукъуэдийми, а къытлъысам и деж ди зэфIэкI псори къыщыдгъэлъэгъуэну дыхуитщи, мис аращ ди



**И адэ Сэрэбийрэ и анэ ФатІимэтрэ я гъусэу.** *2020*

ехъулІэныгъэм и хэкІыпІэр. Ар ди театрым и закъуэкъым, сыт хуэдэ лъэпкъ цІыкІум ейри аращ зэрыщытыр.

**– Сыт хуэдэ хъуэпсапІэ яхууиІэ лъэпкъым, щІэблэм, театрым?**

– Ди лъэпкъ мащІэр дунеишхуэм и зэрыхьзэрийм димыхьу хэкІыпІэ захуэ къызэрихутэфын щІэныгъэ, ІэщІагъэ, дуней еплъыкІэ, дуней тетыкІэ иІэну си хъуэпсапІэщ. Ди щхьэр тхъумэжын хуейщи, ар къыдэхъулІэу зылъагъу къэралым «мы лъэпкъым зигъэкІуэдыжыну хуейкъым, и щхьэ Іуэху зэрехуэж» жиІэу гулъытэ зыхуедгъэщІыфынри хэлъщ. Зыми ди Іуэху зэрихуэнукъым, къакІуэуи дихъумэфынукъым жысІэу аращ. Лъэпкъым ехьэлІауэ сызытепсэлъыхьри, сыщІэлъаІуэри, сызытелажьэри лъэпкъым и дамэ адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ тхъумэн зэрыхуейр аращ.

Іэмал имыІэу щІэныгъэ уиІэн хуейщ, лъэпкъым и зыужьыныгъэр абы епхащи. ЩІэныгъэр ІэщІагъэ, ІэщІагъэр лэжьыгъэ мэхъу, гуащІэдэкІым псэуныгъэм ухуешэ.

Дэтхэнэ ди зы лъэпкъэгъум и ехъулІэныгъэми ди щхьэкІэ къыдэхъулІам хуэдэу дыщыгуфІыкІыфу щытын хуейщ. Ар къыщохъулІэнур щІэныгъэрэ акъылрэ убгъэдэлъмэщ, хэлъэт пхэлъмэщ, умыщхьэхмэщ. Зыр зым и зэфІэкІым дригушхуэу, дигъэину зыщедгъэса дакъикъэм фыгъуэ жыхуэтІэр дунейм тетаи темытаи жыпІэу кІуэдынущ.

АдэкІэ щІэблэм теухуауэ жыбоІэри, лъэпкъым ди къэкІуэнур аращ. Дунейм мыхъуапсэрэ мыгугъэрэ теткъыми, ди щІалэгъуалэм дагъэгугъэфын икІи дагъэхъуэпсэфын щхьэкІэ псэемыблэжу ди щІэблэм яхэтлъхьэн хуейщ лъэпкъым къыддэгъуэгурыкІуэу ди нобэрей дунейм къэсауэ хъуар. Ахэр ди деж щыдгъэкІуэдыжыну хуитыныгъэ диІэкъым. НэхъыфІ гуэр хэтлъхьэфрэ – ди насыпщ.

Журналист гуэр къызэупщІат: «Уи сабийр дауэ зэрыбгъэсэнур?» – жиІэри. Абы сыхигъэгупсысыхьащ. ГъэщІэгъунракъэ, сэ зэ-

рызгъасэм хуэдизкІэ езыми сигъасэу къыщІокІ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ сабий къэс езым и хьэл-щэн гуэр и гъусэу дунейм къытохьэ. Ар фІыуэ щытмэ, и хьэлыр умыкъутэу хуэпхъумэн хуейщ, Іеймэ сабийм гузэрыдзэ зэрумыгъэщІынум егупсысыпхъэщ. ИтІанэ сэра зыгъасэр, хьэмэ езыра?!

Дунейм сытым дежи зэхъуэкІыныгъэ гуэр къыщохъу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псори фІы и лъэныкъуэкІэкъым, дигу иримыхь гуэркІэ зызэзыхъуэкІхэми дрохьэлІэ. Дунейр щыщыІэкІэ, мис а фІыр ем зэребэкІыным, зэрефІэкІыным дытелажьэ къыщІэкІынщ гъащІэм зи гупэ хуэгъэзауэ, фІыр зи фІэщ хъууэ дунейм тет дэтхэнэ зы цІыхури.

Театрым теухуа хъуэпсапІэм и гугъу щысщІкІэ, къыхэзгъэщынут а ІуэхущІапІэм лэжьэн зэрыщІидзэрэ пхъуэж мыхъун хабзэ, Іуэху еплъыкІэ, убзыхуауэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэр зэрыщыІэр. Абыхэм ящыщщ «лъэпкъыр къэпцІыхуну ухуеймэ, и театрым кІуэ» жыхуиІэм къызэщІиубыдэр. Ди адыгэ театрым нышІыхьэ дэтхэнэ зы гъуэгурыкІуэми ди лъэпкъыр зищІысыр къыддилъагъуну, къытхилъэгъуэну сыхуейщ. Театрыр лъэпкъым и гъуджэщ, абы дыкъызэрищыр дунейм къыкІэрымыхуу, дахэу, екІуу щытыну сыхуейщ.



ГъащІэр нэхъ кІагъэпшагъэ, нэхъ зэхэзэрыхьа хъуху, цІыхур гушыІэ, ауан нэхъ хуэныкъуэ мэхъу. Зыщытригъэун, и псэм телъ хьэлъэр щытрихын гуэрщ къилъыхъуэр. Театрым и къалэнщ цІыхум зригъэгъэпсэхуным нэмыщІ, и акъылым зригъэужьыныр, и псэр къигъэушыныр, игъэхъуэпсэныр. Дунейм пэрыту дыщыщызыгъэтын, абы хуэфащэ Іуэхухэр къызыхэщ спектаклхэр театрым щІэлъыну сыхуейщ.



**Ахьмэдрэ ипхъу цІыкІу Синэрэ.** *2025*

Театрым щІэлъыну сыхуейщ ди адыгэ зэхущытыкІэр. Абы и мызакъуэу, дэтхэнэ си зы лэжьэгъуми унагъуэкІэ, узыншагъэкІэ гукъеуэ ямыІэу, ехъулІэныгъэ щымыщІэу, я лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІэ я хъуэпсапІэ нэхъ ин дыдэхэр къайхъулІэу, я цІэр фІыкІэ къраІуэу псэуну сыхуейщ. Къапщтэмэ, сэ фІыщІэ, щытхъу лей къэслъыхъуэркъым, ауэ, зэман дэкІмэ, схузэфІэкІар къызэралъытэнур къысхуагъэфэща дамыгъэхэращ, сэ сазэрыхуэныкъуэм нэхърэ нэхъыбэу абыхэм си нэхъыжьхэмрэ си нэхъыщІэхэмрэ хуейщ.

**– Артист IэщIагъэр зрагъэгъуэтыну сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ тебгъэгушхуэнт щIалэгъуалэр?**

– Лъэпкъ хуэлажьэу артист IэщIагъэр къыхэзыхыну тегушхуэ дэтхэнэ зыми и лъэбакъуэ къэскIэ лъагъуныгъэкIэ гъэнщIауэ щытын хуейщ. Щапхъэ пхуэхъун куэдщ. IэщIагъэр къыхэпхамэ уеджэнущ, еджапIэ ущIэсыху IэщIагъэм ехьэлIа щэхуу хъуар уагъэщIэнущ. Ар къэбухрэ лэжьэн щIэбдзэмэ, нэхъыжьхэм IэщIагъэм халъагъуэ фIыгъуэмрэ зэфIэкIымрэ къыббгъэдалъхьэнущ. Ди IэщIагъэм и щэхухэр зыми едмыгъащIэу тхъумарэт жызыIэ артист щыIэкъым, дыгуфIэжу нэхъыщIэхэм ди чэнджэщ ядохьэлIэ, нэхъ псынщIэу IэщIагъэм хэгъуэзарэт, утыку ягъуэтарэт, гъуэтыгъуэ ихуарэт жыдоIэри.

УвыIэгъуэ имыIэу зытелэжьэжын, тхылъ еджэн, сымыщIэ къэсщIарэт жыпIэу хэлъэт уиIэн хуейщ. Хьэуэ, апхуэдиз дыдэу щхьэузыхь зысхуэщIынукъым, мылъку е псэукIэ теухуауэ нэгъуэщI гъащIэщ сызыхуейр жыпIэмэ, артист IэщIагъэр къыхыумыхмэ нэхъыфIщ. ФIыгъуэ хыумылъагъуэмэ, уи щхьэри къыумыгъэпцIэж, лъэпкъри къыумыгъапцIэ.

Дэтхэнэ зыми жыпкIэ Интернетыр къетхьэкI зэрыхъуам къытхуихьауэ, абы щытлъагъухэмкIэ, ди гъащIэм щымыщ гуэрхэмкIэ доплъэкI, ди лъэпкъ гупсысэм къемызэгъ гуэрхэр зэдгъэзэхуэну яужь дохьэ. Абы къикIыркъым нэгъуэщI дуней дыхэплъэн хуэмейуэ, ауэ гу зылъыдмытэжу зэран къытхуэхъухэм япэIэщIэ зытщIын хуейщ. ЩIыхухэр зэхуэзэн, зэдэуэршэрын хабзэ дахэр къэтщтэжыпхъэщ. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жиIакъэ адыгэм?! Лэжьыгъэм дыщышынэ хъунукъым, ар Iэпкълъэпкъым къыхэпхмэ, къанэр зыри зэримыщIысыр къыдгурыIуэн хуейщ.

**– Упсэу, Ахьмэд, зэман къызэрытхуэбгъуэтам папщIэ. Лъэпкъым хуэпщIэр, абы ехьэлIауэ уиIэ хъуэпсапIэ дахэхэр къызыгурыIуэн театреплъ куэд уиIэну си гуапэщ.**

*Епсэльар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

## Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

### Къу

**КъуэнтхъурейнэпцI** – Тысячелистник благородный, тысячелистник щетинистый.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удз лIэужьыгъуэщ. И пкъыр занщIэу, *см* 50-м нэсу, докIей. КъэкIыгъэм лъабжьэ ещI. Гъэгъа цIыкIухэр, къапцIий хужь зиIэхэр, Iэрамэ хъурейуэ, и щхьэкIэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэм къуэнтхъурейм ещхьу, зэгуэбза куэд яIэщ. КъуэнтхъурейнэпцIыр хъупIэхэм, дыгъафIэ джабэхэм къыщокI. Адыгэхэр ироIэзэ.

**Къуэныжь** – Жабрица.

ЛIэужьыгъуэ заулу гуэша удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэм узыщыхуэзэ къуэныжьхэр псори илъэс зыбжанэкIэ мэпсэу, лъабжьэжь быдэ ящI. И тхьэмпэхэм зэгуэбза куэд яIэщ, япкъхэр занщIэу докIей. Къуэныжьхэр хужьыфэу е гъуэжьыфэу мэгъагъэ, гъэгъахэр, Iэрамэ хъурейуэ зэхэту, удз щхьэкIэм къыпедзэ. МэкъупIэхэм, мэз лъапэхэм, джабэхэм, къырхэм къыщокI.

**Къуэрэдэрэ, къуэрэдарэ** – Можжевельник.

ЛIэужьыгъуэ заулу гуэша къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ. Абыхэм язынықъуэр гъурцщ, адрейхэр жыг лъахъшэщ. Я кхъуакIэхэр псыгъуэщ, банэм ещхьщ е зэрытхэу, къудамэм ещхьу, зэхэтщ, щабэщ. Я фэкIэ щхъуантIэщ, я пхъафэхэр гъуабжэ-фIыцIафэщ. Ботаникхэм къызэрахутэмкIэ, Кавказ щIыналъэм къуэрэдэрэ лIэужьыгъуэу блы езыр-езыру къыщокI. Уэздыгъей мэзхэм, дыгъафIэ къырхэм, мывалъэ джабэхэм уащрохьэлIэ. Къуэрэдэрэхэм я жылэхэм, кхъуакIэхэм эфир, дагъэ щIэтщ, фитонцид хэлъщ. Къущхьэхъу къурш быдапIэхэм, щыхупIэхэм къыщыкI лIэужьыгъуэ гуэрхэр адыгэхэм хущхъуэу къагъэсэбэпу щытащ, щIэгъэуэным халъхьэу.

**Къущхьэмыщх** – плод мушмулы.

КъущхьэмыщхеЙм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэрщ. И теплъэкIэ хъурей-кIыхьщ, *см* 2 – 2,5-рэ и инагъщ, цы щабэ тетщ, щымыхъум деж щхъуантIафэщ, хъуа нэужь гъуабжафэ къыщIолъадэ. Къущхьэмыщхыр адыгэхэм бжьыхьэм куэду къащып, яшх, ягъэгъу.

**Къущхьэмыщхей** – Мушмула германская.

Зи лъагагъыр *м* 4 – 6-м нэс гъурц е жыг лIэужьыгъуэщ. Тхьэмпэхэр хуэкIыхь щIыкIэщ, и щIагъымкIэ цы щабэ тетщ, *см* 5 – 10 я кIыхьагъщ, *см* 2 – 3,5-рэ я бгъуагъщ. Гъатхэм, майм, къущхьэмыщхейм гъэгъа хужь дахэхэр зырызу, тIурытIу къудамэ щхьэкIэхэм къапедзэ, *см* 2,5 – 4 я инагъщ. Пхъэщхьэмыщхьэ къыпыкIэхэр бжьыхьэм (октябрым) мэхъу. Къущхьэмыщхейм и къэхъупIэ-къежьапIэу щIэныгъэлIхэм къалъытэ Кавказыр, Европэ Ипщэр, Иранyр, Тыркур. Ди щIыпIэм куэдрэ ущыхуозэ. Къалэ паркхэми къыщагъэкI.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **5.** УпщIэ IупщIэ ... . **6.** Щехуэх и унэу ... . **8.** ... икIри, зэрыукIыр къихьащ. **10.** ... Iей щыIэ мыхъумэ, шхын Iей щыIэкъым. **11.** Пхъурылъхур ... думыгъэплъей. **12.** ... мыублэ блэ хэсщ. **14.** ... яхэтми, къахощ. **17.** Джэду ... шыпсэ умыIуатэ. **18.** Дыгъури ... , дыгъур щIэзыуфэри ... . **20.** ... мыгъуэ мэхъу. **21.** Хьэм хэсыр ... маплъэ. **22.** Дыгъужьым ишхыр и ... епшыныж. **26.** ... хуэщIэ фIыщIэ иIэкъым. **28.** Зыгъуэтыр мэгуфIэри, зыфIэкIуэдыр ... . **31.** И Iэгу ... . **32.** ФызыфI и ... хьэзырщ. **33.** Зы махуаем зумыгъэлI, зы ... зумыгъашэ, зы дзэхушэм зумыгъэхь. **34.** Зэхьэзэхуэ мэунэри, зэижитI ... . **35.** Iущым и ... ещIэж.

*Къехыу:* **1.** ... къызэуащ жери мы гъэм магъ. **2.** ... , си напIэ къызэтрихыжынукъым. **3.** И ... здынэс ищIэжыркъым. **4.** ХьэщIэ жагъуэ псы ... . **7.** ... игущ, жьэгур и псэщ. **9.** Гум ... жьэм къиIуатэркъым. **13.** Хуэмыхум ... тралъхьэ. **14.** ХьэщIэ къакIуэ щыIэ щхьэкIэ, хьэщIэ гъэкIуэж ... . **15.** ... умыщIэмэ, тенджызым ухэмыхьэ. **16.** Iуэхутхьэбзэри ... . **17.** ... нэху и жагъуэщ. **19.** ... зыхь и щхьэ йоуэж. **23.** ... шыр имыIэмэ, зы бзущ. **24.** Акъыл кIэщIыр ... кIыхьщ. **25.** Пхъэ ... къуэщIий щолъей. **27.** ... мыIуэкIи нэху щын къанэркъым. **29.** ... уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым. **30.** ПIэщхьагъей уиIэу ... умыкIуэ.

*Зэхэзылъхьар* **НЭХУЩ Данэщ**

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№2**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 6.04.26. Выход в свет 28.04.26
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 1900 экз. Заказ №770
Подписная цена на 2 месяца 106р. 2к.
Подписная цена на 6 месяцев 318р. 6к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

**«Iуащхьэмахуэ» журналым ИнтернеткIэ Iэ тевдзэну фыхуеймэ, мы QR-кодыр къэвгъэсэбэп хъунущ.**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-94-71 (жэуап зыхь секретарь, оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

ДЖЭДГЪЭФ Борис
(1938)

## КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР

Ди Къэбэрдей-Балъкъэр хэку лъапIэ,
Щхьэхуит щIыналъэ, зи гъуэгу нэху!
Ди текIуэныгъэм и хэкIыпIэ,
Уи лIыгъэм гъащIэр егъэнэху!

ЕфIакIуэ, гъагъэ, адэжь лъапсэ,
Дызэрыгушхуэ, щIыхьыр зей!
Уэрщ дыгъэ нуру псэм къыхэпсэр,
Хэку-анэ дахэ, ди дуней!

Лъэпкъ зэныбжьэгъухэм я жьэгу махуэ,
Хэку зэгурыIуэ-зэдэIуэж,
Насып дамыгъэщ Iуащхьэмахуэ,
Адэжь уэсятхэр уогъэпэж.

Уэ уегъэлъэщыр мамырыгъэм,
ДоIэт къуэшыгъэр Урысейм.
Къару къытхелъхьэ уи щIыгу дыгъэм,
Къыпоплъэ фIыгъуэр уи пщэдейм!